БУСТАН АВАРИСТАН

Т1ехь хъвана: Г1ободаса Х1усенил вас Сиражутдиница

Темир — Хан — Шура. Мух1аммад — Мирза Мавраевасул басма хана.

1908 сон.

Маг1арул мац1алде буссинабуна:

Султан Казиевас. Данде босана: К1ик1униса Нурудинил Ах1мадил вас Мух1амадица. 1992 с.

ЦЕБЕ РАГ1И

Хириял маг1арулал, т1олаздаго ц1ализе лъаледухъ, хасго руччабаз ва г1ун бач1унеб г1елалъ мунпаг1ат босизе ва диналде руссине дагъабниги кумек бук1инебин абун биччана гъаб т1ехь "Месед" абулеб коммерческий банкалъул кумекалдалъун.

Аллагьасе г1оло ккарал гъалат1азда т1асаги лъугьа. Т1адег1анав Аллагьас абун буго къур'аналъул аятал ц1алулаго, дин-т1аг1ат гьабулаго гьарурал г1унгут1алаби жинца рит1изарун къабул гьарила-ян. Гьединлъидал сахлъигун халатаб г1умру нужее Аллагьасе т1аг1ат гьабизе диналъул вацал ва яцал.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ

Алх1амдулиллагь Аллагь т1олго рецц дуе буго,
Гьалщинал ниг1матал кьун ниж хира гьарун руго,
Шарг1алъул низамалда ч1ч1айилан лъазе гьабун,
Бигьаяб таклипалда рах1аталда тун руго,
Г1азаимал раччизе к1оларел г1адамазде
Г1алимзабаз рахъарал рухссаби гьарун руго.
Х1акъикъат суннаталде х1ал к1оларел чиязе
Парг1иял г1улумал кьун г1ат1илъи гьабун буго.
Ахмадил умматалда зараралда х1инкъидал
Ункъавгоги имамас ункъго бок1он ккун буго.
Заман а г1емерлъидал г1елму т1аг1инебилан
Г1алимзабаз ц1акъ бахъун тасснипал гьарун руго.
Зах1мат х1исаб гьеч1ого алжан бокьун бугезе
Х1акъикъатгиму суннат гьелъие сабаб буго.
Гьалщинал ниг1матал кьун ниж к1одо гьаруниги
К1олебго гьеч1о Аллагь щукруялда хьвадизе.
Бигьаяб таклипалда тун дуца ругониги
Толеб гьеч1о гьаваялъ гьидаят х1ассуллъизе.
Г1ажам бугилан абун гьалда дуца абуге,
Г1амал бугел т1ухьдузул т1ок1к1араб лъин бугин гьаб.
Г1арабият ц1ализе лъаларел г1адамазе
Г1елму малъилин абун г1ажамалда бахъараб,
Как диналъул к1вар бугел рац1ц1адал г1адамазе.
Г1елму лъазе гьабизе Аллагьас маян кьураб.
Гьаб загьраталда жаниб зулал г1емераб бугеб
Г1айнул х1аяталдасан дуда т1аде бач1араб
Гьаб т1ехьалда жанисан жавгьар дуего босе.
Бах1рул къулзумалдасан къват1иб дица бахъараб
Дица нужей г1адамал г1елмуялъул т1ехь босун
Жавгьаралъул т1ут1уда т1ибит1ун цебе бугеб
Дица нуж киназулго квер г1унт1улеб бак1алда.
Гьанжелъиг1ан раг1ич1ел г1улумал хъерхъун ругел
Т1аг1атал г1ибаталда г1ашикъав гьудуласе
Гьекъезе къач1ан бугеб къеч хьвалеб маулх1аят.
Жагьлуялъул сардилъ жив х1айранлъарав чиясе
Х1инкъи гьеч1еб шагьра нух бихьизе гьабун бугеб.
Рас х1улараб х1инч1 г1адин г1одоб ккараб какида
Кваркьи гьезе бокьараб гьаб т1ехьалде балагье.
Нилъерго мац1алъ бугеб г1ажам бугонаниги
Г1ибаратал къокълъиялъ къач1арал бак1ал ругеб.
Къойил т1аде балагьун давар г1емераб гьабе
Лъач1еб лъазе гьабизе лъалесда аск1ове а.
Г1исинал лъималазул къуръан т1убараб мехалъ
Къуръан ц1али нужее суннатаб жойин бугеб.
Гьаб лъай т1алаб гьабизе т1адабин кинасдаго,
Суннатаб т1алаб гьабун т1адаб рехун теялде
Балъгояб гьава абун х1икамалдаги буго.
Г1елму т1алаб гьабизе т1олавго муслимасда
Т1адаб бугилан абун х1адисалдаги буго.

Вирдалгун х1айрутазде хадубин ирга бугеб
Пурузал т1убан вахъа суннатал г1амалазде.
Суннатал ран, какал тун, камиллъи т1алаб гьаби
Камилав г1акъиласул г1адатлъун бук1унаро.

СУАЛАЛ:

1. Иманалъул бет1ер щиб?
Лаилагьа иллаллагь Мух1аммад расулуллагь буго.
2. Иманалъул рак1щиб?
Къуръан ц1али буго.
3. Иманалъул черх щиб?
Аллагь рехсей буго.
4. Иманалъул нур щиб?
Садакъа кьей буго.
5. Иманалъул бец1лъи щиб?
Гьереси бици буго.
6. Иманалъул гьуинлъи щиб?
Вац1ц1алъи буго (каки чури).
7. Иманалъул ц1убай щиб?
Закат бахъи буго.
8. Иманалъул х1икмат щиб?
Х1инкъиги хьулги буго.
9. Иманалъул шариг1ат щиб?
Х1алал х1арам ц1ехей буго.
10. Иманалъул мугь щиб?
Г1елму буго.
11. Иманалъул пихъ щиб?
Т1аг1ат гьаби буго.
12. Иманалъул т1амах щиб?
Аллагьасукьа х1инкъи буго.
13. Иманалъул хъал щиб?
Нич буго.
14. Иманалъул нах щиб?
Дуг1а буго.
15. Иманалъул г1ет1 щиб?
Т1аг1ат бац1ц1ад гьаби буго.
16. Иманалъул рукъ щиб?
Муъминчиясул рак1 буго.
17. Иманалъул ч1ч1олеб бак1 щиб?
Суннатал какал руго.

ЛЪИК1АБ ДУГ1А

Аллагьума ах1син г1акъибатана фи умри куллигьи ва ажирна мин Хизри ддунъя ва г1азабил ахирати. Аллагьумаах1фазни бил ислами ракъидан вала тушмит би г1аддуван вала х1асидан аллагьума ас алука мин кулли хвайрин хазаинугьу биязика аллагьума латадаг1ли занбан илла гьафартагьу вала гьаман илла фараждтагьу вала дайтан къазайтагьу вала х1ажатан мин х1ава ижи ддунья вал ахирати илла къазайтагьа я арх1ама рах1имина амин.

ТАВБУ

Ашгьаду ан лаилагьа иллалагьу — дица нуг1гьи гьабула рак1 ч1ч1ун, якъинго дида лъан, дица бицула гьабизе ккун жиндие лагълъи гьабулеб щибго жо гьеч1о, Аллагь гурого, жив вати т1адав, жив цевегосев, жив нахъе хут1улев,жинца щибниги жоялдехун релъенлъи гьабуларев, живжиндаго ч1арав, щибниги жоялде х1ажатлъуларев, жив цогояв, жиндехун г1ахьаллъи гьабулеб щибго жо гьеч1ев, щибаб жоялде жиндир х1ал к1олев, жиндие щибаб жо бокьулев, ай лъугьунеб щинаб лъик1аб щинабги квешаб щинабги жинца лъугьине биччан толев, гьукъизеги к1олаго, жинда щибаб жо лъалев, жив ч1агояв, жинда кинабго жо бихьулев, х1арп гьеч1ого гьаракь гьеч1ого жив к1алъалев.

Ва ашгьаду — жеги дица нуг1льи гьабула рак1 ч1ун якъкъинго дида лъан дица бицула.

Анна Мух1аммадан — х1акъго Мух1аммад — расулуллагьи аллагьасул авараг вуго абун Халкъалъе дин малъизе т1ехьги кьун вит1арав жив вит1ухъияв, щибго гьереси гьеч1ев, жив аминияв, щибго хиянатлъи гьеч1ев, жинда Аллагьас амру гьабурав халкъалъухъе щвезабе абун бук1араб жо жинца щвезе гьабурав, цониги жо нахъ ч1ван теч1ев, пагьму фат1анат жиндие бугев, хъуплъи гьабаватлъи жиндилъ гьеч1ев, Маккаялда вижарав Мадинаялда вукъарав, Г1абдуллагь абурав инсул, Аминат абурай эбелалъул, насаб къурайшиязул, гьумер хъах1ав Мух1аммад (ссваллаллагьу таг1ала г1алайгьи васалама). Бусурманаб диналдехун хилиплъи гьабулеб жо аллагь дир рак1алде ккун батаниги, дир к1алалъ абун батаниги, дир

черхалъ гьабун батаниги, гьабулесда т1ад рекъон ватаниги дун гьелдаса пашманав вуго бет1ергьан. Дун бусурманаб диналда разияв, дица бусурманаб диналъул ах1камал къабул гьаруна.Авараг жиндалъун вач1араб щинаб жоялда дица иман лъуна. Гьеб бит1ухъеяб, х1акъаб буго абун. Дица гьелда рак1ги ч1езе гьабуна. Жакъа къоялдаса нахъе щибниги шарг1алда хилипаб жо дица гьабиларо: щибаб х1алалъ кидаго къуръан х1адисалъ абухъе вит1уда, вац1ц1адго ч1езе дир ният буго. Аллагь1 Дида т1ад бугеб чияр х1акъ батаниги дица дир х1ал к1варабг1ан хекко т1обит1ила бет1ергьан. Цойги дир хут1араб как г1адинаб, к1ал г1адинаб паризаяб, г1амал батаниги гьебги дица хекко бец1ун т1убазабила Аллагь1 Жакъалъизег1ан дидаса лъугьараб щибниги мун разияб гьеч1еб шарг1алда рекъолареб, дун муртадлъулеб щибаб жоялдасанги дир тавбу буго бет1ергьан, кинабго квешлъиги мунагьгн тун дуде вуссарав вуго аллагь1 Дица дудасан мунагьал чури т1алаб гьабула. Астагьфируллагь тубту илаллагь варажаг1ту илаллагь — эхебе чвахулеб г1ор эхедехун буссаниги дун гьаб тавбоялдаса вуссинаро бет1регьан1 Дуца дир гьаб тавбу къабул гьабе Аллагь1 Гьеб ккевезе дуца дие тавфикъги кье бет1ергьан1 Дирги дир эбел-инсулги, агьлу авладазулги мунагьал чуре Аллагь1 Кинабго лъик1гьи т1аг1аталъе дуца дие тавфикъги къе бет1ергьан1 Мун разияб х1алалда, дуца т1ад гьабураб куцалда исламалъул арканал т1орит1изеги дуца дие тавфикъ кье Аллагь1 Киналго х1арамал мункаратал жалги тун лъик1аб щинаб г1амал гьабизеги дуца тавфикъ къе бет1ергьан1 К1иябго рукьалъул маслах1атаб лъик1аб щинаб жоги дуца нижее рикъзилъун гьабе Аллагь1 Мунги дур х1абибги разияб х1алалда х1алт1изеги дуца нижее х1ал кье Аллагь1 Щайт1ан къинабизеги къуватги кье Аллагь1 Дуца нижер гьабурабги гьабаун мансурлъун гьабич1ого къабул гьабун те Аллагь1 Ахир хвелги дуца иман бугеб кье бет1ергьан1 Саг1адат шагьадатги насиб гьабун х1уснул хатиматги рикъзилъун гьабе Аллагь1 Хунтун хобги г1ат1идаб нуралъул ц1ураб наралдаса г1инц1ц1аб кье бет1ергьан1 Рахъунеб къоялдаги лъик1аб къукъадулъ рахъизеги гьаре Аллагь1 Мах1шаралъул х1исабги дуца нижее бигьа гьабе бет1ергьан1 Къиямасеб къоялъул агьвалаздасаги дуца ниж ц1уне Аллагь1 Амин1 Амин1 Амин1 Рабана атина фи ддунья х1асанатан ва филь ахирати х1асанатан вакъина г1азабаннари. Алх1амдулиллагьи раббил г1аламина аллагьума ссвалиг1ала Мух1аммадин ваг1ала али Мух1аммадин васаллим. Амина бирах1матика я арх1амаррах1имина валх1амдулиллагьи ррабил г1аламина, субх1ана ррабика ррабил г1иззати г1амма ясифуна ва саламунг1алал мурсалина валх1амдулиллагьи ррабил г1аламина.

ИМАН-ИСЛАМ

Иман-ислам лъазе гьаби гьаб халкъалда т1адаб буго.
Гьелъул т1алаб гьабич1ого г1емерав чи г1асси вуго.
Дунялалде рак1 балагьун диналъул к1вар гьабич1ого
Т1оцеве дунгоги дида хадуб халкъги буго
Нилъер хирав халикъасе халкъ бижарав саййидасе
Далил бачун лъазе кколеб къого сипат бугебила.
Гьедин гьел лъач1ев чиясда мукъаллидин абулила
Гьесул иман бегьулищин ишкал т1ахьаз рехсон буго.
Гьесул иман бегьиялъе таржих1 гьабун бук1унила
Истидлал тун г1асси вук1ин киналго рекъарал руго.
Гьеб к1иябго сипат дица далилалде ишарагун
Нахъа бугеб тартибалда баян гьабун рехсон буго.
Иманалъулъ ишкал бугев чилъун мунго вук1инаро
Иман сах1их1 гьаби дуда х1ажалдаса т1адаб буго.
Къуръан лъалел г1адамазе г1ажам ц1али бигьалъидал
Жагьилазда г1елму лъазе г1ажамадде бахъун буго.
Бишун цебе иман бицун цинги хадуб ислам бицун
Цинги хадур хиралщинал азкаралги рехсон руто.
Радал г1ужалъ бакъанида кьвариг1улел азкараде
Къуръан ц1алиялдасацин хириялин абун буго.
Иман абулеб жо авараг жиндалъун вач1араб
Кинабго жо къабул гьаби буго рак1 ч1ун,
божун, гьеб бит1ун гьабийги буго.
Шагьадат бегьизе гьаби иманалъул шарт1 буго.

ИМАНАЛЪУЛ РУКНАБИ.

Иманалъул анлъго рукну буго.

Т1оцебесеб рукну Аллагьасда иман лъей буго, Аллагьасе ч1езабизе т1адаб къого ссипат буго. Иман лъолеб дица дир Аллагьасде къоябго камилаб сипат ч1езабун т1олго камиллъаби киналго х1амдал Аллагь гуриясе гьеч1илан абун.

Т1оцебесеб сипат — бичасе вужуд вужудалъул маг1на ватизе т1алъи. Гъуд-г1уч1 батуларо ссаниг1 гьеч1они, г1алам батун лъала дида дир Аллагь.

К1иабилеб сипат — бичасе къидам къидамалъул маг1на аввал гьеч1олъи. Авал-ахир бугев Мух1таж вук1уна, азалияв вуго хирияв Аллагь.

Лъабабилеб сипат — дир Аллагьасе вах1да ният буго шарик гьеч1ого. Цо мулкалъулъ Аллагь к1иго вугони гьаб халикъаталъул хвелаан низам.

Аллагь цо вук1иналъе накълияб далил Аллагьасул раг1и буго: (Лавкана фигьима) — зобги ракьги

хьвадизе гьабулел(Алигьатун)— Аллагьзаби ругел ани (лла ллагьу) — лагьлъи гьабизе ккун, лагьлъи гьабулев цо Аллагь гурев. (Лапасадата) зобги ракьги пасалъилаан гьелги пасалъич1о, Аллагьги цо гурого гьеч1о. Гьаб аяталдасан г1акълиябги далил х1асулльула. Аллагь цо вук1иналъе г1акълияб далил. К1иго Аллагь вугони я к1иявго рекъон вук1ина, я кьалда рук1ина.

Кьалда рутони цояв бергьина цояв къела, бергьарав Аллагьлъун ч1ч1ана: к1иявго бергьинги г1акълуялъ биччаларо: к1иявго бергьани к1иявго къурал рук1уна. Цоясде х1ал ккунгут1и цоясул къей буго. К1иявго рекъон рук1инеги бегьилагури абуни дуца абе: рекъезе бегьулел г1адин гьоркьоб кьал ккезеги бегьула, кьал ккани цояв г1ажизлъич1ого рес гъеч1о, г1ажизлъизе бегьулеблъи кинан х1исаб гьабуниги Аллагьу таг1ала г1акълуялъги къабул гьабуларо цо гурони.

Ункъабилеб <u>сипат</u> — дир Аллагьасе т1олго халкъалдехун хилиплъи гьаби. Бичасда релъараб щибго жо гьеч1еб, субх1аналлагь Аллагь я дур вац1алъи.

Рак1алде бач1араб мисалгун сурат гьелдаги
Релъарав гьеч1ев бет1ергьан.
Заман макан гьеч1ев черх сурат гьеч1ев
Субх1анналлагь Аллагь я дур вац1алъи,
Цингиги <u>сипатал</u> бакъаъгун къиям
Бакъаалъул маг1на т1аса унгут1и,
Къиям щиб абуни х1ажалъунгут1и,
Сунде х1ажалъилев халкъалъул халикъ.
Анлъабилеб <u>сипат</u> бичасе къудрат
Цинги рах1манасе бугеб ирарат.
Кинабго жоялда х1ал к1вейги къудрат.
Квешабги лъик1абги бокьананиги.
Квешаб пишаялда разилъуларев,
Х1ал бихьизе квешлъи бижананиги,
Квешлъи гьабурасе г1азаб бицунев.
Ич1абилеб <u>сипат</u> г1елмугин х1аят
Х1аяталъул маг1на ч1аголъи буго.
Рухl гьеч1ев, ч1агояв, лъай жиндилъ бутев
Субх1аналлагь Аллагь, я дур вац1ц1алъи.
Цинги хадуб бугеб самг1гиму бассар,
Самг1 кинабго раг1и бассарги бихьи,
Кинабго раг1улев, т1олго бихьулев
Субх1аналлагь Аллагь я дур вац1ц1алъи.
Цинги хадуб бугеб бичасде калам,
Нилъер каламалда жиб рилъунареб,
Раг1улеб рахъ гьеч1еб, гьаракьги гьеч1еб,
Гьадинин бицине х1алги к1олареб,
Къадиравлъун вук1ин бичасул сипат
Г1алимавлъун вук1ин х1аййан ч1агояв
Самиг1ун раг1улев бассир бихьулев
Мутакаллимун жив к1алъалев вук1ин
Квешабги лъик1абги жиндий бокьулев.
Къоабилеб <u>сипат</u> мюридлъун вук1ин.
Гьаб къоябго сипат къадимаи билан.
Къойил давар гьабе дудаго лъазе.
Бет1ергьанасдехун бугеб Г1акъидат
Воре шула гьабе шайт1ан лъутизе

Гьадал КЪОЯЛГО <u>сипатал</u> Аллагьасе т1адал руго Гьадазул аздадал гьал нахъа ругел Аллагьасе бегьуларел руго.

Гьелги къого руго: гьелги гьал руго: Ватунгут1и, азалияв вук1унгут1и, жинда релълъараб жо бук1ин паналъи, х1ажалъи, г1ажизлъи, лъик1аб квешаб бокьунгут1и, жагьиллъи, ч1агояв вук1унгут1и, г1инкъав вук1ин, беццав, калам гьеч1олъи, г1инкълъи, беццлъи, к1алъаларев вук1ин, х1ал к1оларев вук1ин, жинда жо лъаларев вук1ин, жиндие жо бокьуларев вук1ин, жиндие ч1аголъи бук1унгут1и,

жиндие къудрат гьеч1ев вук1ин: гьал къоялго Аллагьасе бегьуларел жал руго. Аллагьасе дурусаб жо цо буго. Кинабго жиндие имкан бугеб жо гьаби, я гьабич1ого тей. Аллагьасе т1адал г1акъаидал к1икъоялда цо руго, къого рук1ине т1адал, къого бегьуларел, цо дурусаб.

Доб къоябго сипат т1адаб гьеч1они
Т1алъула бет1ергьан г1ажизав вук1ин.
Гьезул ззиддалдалъун сипат гьабурав
Сундалъун бегьулев Аллагь вук1ине,
Аллагь кив вугилан дуда гьикъани
Кинабго бак1алда вугин абуге.

Жиндир къудраталда к1одолъиялда
Ханлъиялда вугев дир Аллагь абе.
Азалияв халикъ хирияв Аллагь
Халкъалъул тадбиргун вугилан абе
Кивго вугин аби гьажар мазгьабин
Кулла явмин фи шан халкъалъул Аллагь
Суннаталъул агьлу воре рихxуге
Ашг1арил жамаг1ат жибго тун унге
Рулълъиг1ан къадаралъ жамаг1ат тани
Исламалъул руккен бат1алъулебин.
Г1аламалда гьабулеб пиг1лу тадбир гурелда
Цинги жиндир харбида хадув г1адан гьоларев
Жиндир х1акъикъаталъул х1ират гуреб жо гьеч1ев
Жив вати х1акъаб бугев бакъалдаса загьираб
Жинда хадув гьезелан халикъат сверданиги
Жив вилълъараб лъак1 гуреб лъаларо цоги хабар.
Г1аламалъулъ нилъер имам—имам Шапиг1 вуго.
Иг1тикъадалъулъ имам Абулх1асанил ашг1ари вуго.

Аварагас абуна (ссвалаллагьу таг1ала г1алайгьи вассалама): жиндир уммат льабкъоялда анц1ила лъабиде бикьила. Лъабкъоялда анц1ила к1иго жужах1алъуре ина абун. Гьебги суннаталъул агьлу абула Абулх1асанил ашг1ариясулниги Абумансурилниги иг1тикъаталда ругел чиязда. Гьезул мазгьабги нахъа баян гьабила инша Аллагьу таг1ала.

<u>МУН ЦО ВУГО.</u>

Кинабго жоялде жиндир г1агарлъи
Горбол щек1алдаса ц1ик1к1араб бугеб,
Жив цо вук1иналье далилльун бугев
Дунялалда бугеб сумал г1уч1цини
Далилльун ч1олареб ч1имихцин гьеч1о.
Гьал зобал рихьула ракьал рихьула
Ракьалда раккулел хурдул рихьула,
Бакъгимо моц1гимо ц1ваби рихьула
Киназго бицуна Мун цо вугилан.
Ракьалда раккунел льинал рихьула,
Рачун лъуг1уларел г1орал рихьула.
Нак1к1илъан чвахулел ц1адал рихьула.
Киназго бицуна Мун цо вугилан.
Лъеда гьорлъ пирхулел ц1аял рихьула.
Нак1к1илъан рахъунел гьаркьал раг1ула.
Гурх1ел рах1маталъул гьаракь раг1идал
Г1ундул ц1унц1удула гьаркьил ц1акълъиялъ.
К1удаб г1азабальул г1адил Мун вугин,
Х1исаб гьабунани гьелъги бицуна.
Муг1рузде балагье щобазде балай,
Щибундай ч1анаян зобазде балай.
Мусахар гьабураб ц1аялде балай,
Ц1еца рачун унел боязде балай,
Х1ал к1вараб к1удияб къудрат бихьула,
Гьебги бицардула цо Мун вугилан.
Асарал рихьула гьунар бихьула,
Гьадинан бицине хабар лъаларо.
Цоял ч1аголъула цоял хун уна.
Халикъ Мун цо вук1ин гьелъги бицуна.
Жиндир ватиялъул шаклъиго гьеч1ев,
Гьадин вугин абун хабар лъаларев,
Айна канайилан кайфа гьуваят
Вореги гьикъуге къосине гурин.
Рахьдалъ нах г1адинан вугин Аллагьан
Жагьилас абула гьикъараб мехалъ.
Гьебги г1одоб рехе г1аг1алаб жойин
Бичасе бач1унеб х1улул иттих1ад
Жиндир къудрат вати берда бихьулев,
Гьадин вугин абун нахъ рег1уларев.

Жиндие бак1 гьеч1ев, нахъ заман гьеч1ев,
Халкъ бижилалдего ханлъун вук1арав,
Цебего ватухъе гьанжеги вугев,
Субх1аналлагь Аллагь я дур вац1ц1алъи.
Бичасул заталъул пикру гьабуге,
Бичаяс бижараб халкъалъул гьабе.
Цинги къадаралъул къилкъал жибго те,
Иман лъейи гуреб гаргар гьабуге,
Къадаралде т1амун г1амалги тоге,
Г1амалалде мугь ч1ван ч1ух1и гьабуге,
Х1инкъигимо хьулги хьолбохъ ч1езабун
Хьваде т1аг1ат гьабун, воре тух ч1оге.
Мизан ц1адироялъ ц1ан бащад гьабе,
Гьеб к1иябго пиша бащад ч1ч1езабе.

ИМАНАЛЪУЛ К1ИАБИЛЕБ РУКНУ-МАЛАИКЗАБАЗДЕ ИМАН ЛЪЕЙ БУГО.

К1иабилеб иман малаикзабазда
Зобал ракьал ц1урал холел чаг1иян
Бихьин ц1улъи гьеч1ел гьава напс гьеч1ел
Гьабулеб жоялъе ч1алг1енго гьеч1ел
Бичас абуралъе хилиплъи гьеч1ел
Халикъас малъараб гьабулеб лагъзал
Кванай гьекъел гьеч1ел, г1асилъи гьеч1ел
Сагьву г1аплаталда гьорлъе кколарел.
Вах1юлъун вач1унев Жибрил малайк
Рикъзаби рикьулев Микаил малайк,
Рух1ал россзе тарав Сайид Г1израил.
Ссур пузе къач1арав хирав Исрапил
Алжанал роркьулев Ризван малаик.
Жужах1ал роркьулев Малик малаик
К1ал гьикьун рачунев Мукар гун Накир
Г1амалал ц1ехолел ракъибун-г1атил.

ИМАНАЛЪУЛ ЛЪАБАБИЛЕБ РУКНУ Т1УХЬДУЗДЕ ИМАН ЛЪЕЙ БУГО.

Лъабабилеб иман т1ухьдузде буго
Т1олго Аллагьасул каламин абун
Нусиялда ункъго хъарщигун пуркъан
Гьаб халикъаталде рещт1анин абун.
Маг1на азалияб х1арп х1адисияб
Х1акъав каримасул каламин абун
Тавратгиму Забур Инжилгун Къуръан
Нилъеде рещт1араб Къуръанин абун
Гьел киналго бичас рещт1анин абун

Гъезул ахирияб Къуръанин абун
Гьанже Къуръан гурелъ гьабураб х1укму
Кинабго халкъалъе х1арамин абун

Адамил вас Шишиде 50-го т1ехь рещт1ана.
Идрисиде-30 т1ехь. Ибрагьимиде-20 т1ехь:
Мусаде-Таврат, Давудиде-Забур, Г1исаде-Инжил,
Ах1мадиде-Къур'ъан.

ИМАНАЛЪУЛ УНКЪАБИЛЕБ РУКНУ:
АВАРАГЗАБАЗДЕ ИМАН ЛЪЕЙ БУГО.

Цинги дир рак1 ч1олеб илчизабазда
Диналде халкъ ах1ун бичас рит1арал
Бичасда гурони рик1к1ен лъаларел
Рах1ман халикъасул хириял лагъзал.
Бичас къуръаналда ц1арал рехсарал
Къоло анлъго Наби вук1аравилан:
Адамгиму Идрис, Нух1гин Ибрагьим
Альясаг1гун Исх1акъ, Яг1къуб, Исмаг1ил
Ссалих1, Закария, Аюбгун Муса, Шуг1айбгиму
Давуд, Гьарунгун Юсуп, Гьуд Лут1гиму Ильяс,
Зулкипли, Ях1ья ,Сулейман, Пузайру, Г1исагун
Юнус, Гьезул жив хирияв хатам Мух1аммад
Мусалиназ лъолеб меседалъул таж
Кинабго халкъалда жаниб нур бараб
Жавгъар якъуталъул бакараб сираж.
Меседалъ сусараб сардал гвангьараб
Сайидзабаз лъолеб г1арцул т1акъия.
Нижее баккараб шамсул маг1арип
Макка х1арамалда жиб загьирлъараб.
Меседил кьер бугеб алжаналъул нак1к1
Т1олго г1аламалда г1улумал т1олеб.
Кьерал т1ад рижулеб жавгьаралъул гъвет1
К1удал г1арипиназ г1ирпан гьурщулеб.
Анц1ила анлъц1улго азарго г1алам
Гьелда т1ад тирулев баттулил эмен
Киналго г1аламалъ рихьулев къут1бу
Х1асан Х1усеназул к1удияв Эмен.

Цо риваяталда буго аварагзаби нусиялда къолоункъ азарго рук1ана абун.
"Кашипату сажа"— абураб т1ехьалда буго Аллагьасда гурони гьезул рик1к1ен лъаларо абунги.

Аварагасул умумул хъван кодор ругони, ялъуни рокъор ругони гьев чиясул агьлу-хъизан, зуррият, боц1ц1и балагьалдаса ц1унила. Мух1аммад (ссваллагьу г1алайгьи васаллам):
— Г1абдуллагь, Г1абдулмут1алиб, Гьашим, Г1абдуманап, Къуссаййю, Килаб, Муррат, Каг1бу, Луаййу, Гъалиб, Фигьру, Малик, Назар, Кинанат, Хузаймат, Мудрикат, Ильяс, Муззар, Низар, Муг1ад, Г1аднан.

Гьесул эбелалъул умумул;
Аминат, Вагьбу, Зугъарат, Пабдуманап, Кила.

Гьесул лъимал;
Къасум, Зайнаб, Т1агьир, Умукусум, Фатимат, Рукъият
гьал анлъго Хадижатил лъимал руго.
Ибрагьимил эбел Марият йиго.
Зайнабилан абулей Х1абибасул х1урулг1ин
Жиндирго вацг1аласе Абулг1ассие кьуна.
Умаятин абулей цо яс жиндий гьаюна,
Цоги гьабураб лъимер гьит1инго гъебги хвана.
Фатимат холеб мехалъ гьелъ васиятги гьабун
Зайнабил яс Умамат Х1айдарица ячана.
Г1али холеб мехалда гьелъ васиятги гьабун
Навпалил вас Мугьират цинги гьесги ячана
Ях1ъяйилан абулев цо вас жиндийго гьавун
Ах1мадил ясалъул яс Умамат гьесда хвана.

Умукусум, Рукъият Г1усманица рачана,
Аллагъасул амру щун алжаналде гъел ана,
Х1абибасул Фатимат Х1айдарица ячана,
Лъабго васгун лъабго яс гьарун гьесда гьей хвана.
Х1асан Х1усейнгун Къасим Умукусум гьаруна
Зайнаб Рукъиятилан цойги лъимал гьаруна,
Умукусум Саййдат Г1умарица ячана,
Г1арцул гарал г1адинал лъимал жинца гьаруна,
Зульпукъар кьурав гъалбац1 Абут1алибил Г1али
Х1айдаридасан гуреб наслу нахъе хут1ич1о.
Фатиматил наслуялъ дунялго берцинлъана
Дунял ккурал акът1абал жиндасан загьирлъана.
Гьал г1ажамал рахъарав пакъир Сиражудинни
Саййдат Фатиматил щапаг1ат щвезе гьабе,
Лъаларесда лъазейилан гьабщинаб бицарасе
Цониги дуг1а гьабе къабул гьабизе гурин.
Дун г1алимав вугилан даг1ба гьабулев гурин
Мекъса батараб раг1и рег1и нухда ккезабун
Хат1ада т1ад рекъей диналъулъ бегьиларо
Дунги ножорго гьалмагъ гьелда г1айиб ч1ваялъулъ
Сагьву нисъян кколарев инсанго вук1инаро
Аллагьасул нух бит1и т1алаб гьабе киназго.

АВАРАГЗАБАЗЕ Ч1ЕЗАРУЛЕЛ СИПАТАЛ

Аварагзабазе ч1ч1езабизе т1адал жал щуго руго.
Мурсалинал ругониги рисалат буго цо. Жодохъе кьураб
жо щвезаби буго к1иябго. Гьереси бицунарел рук1ин лъабабго.
Хиянат гьеч1ел божарал рук1ин ункъабго.
Жудедасан мунагь льугьунарел ц1унарал рук1ин щуябго.
Даг1бадулев къезавулев лебалал рук1инги рик1к1ун буго цояс анлъабизе.
Гьезие бегьуларел жал гьезул аздадал руго.
Гьезие рук1ине дурусал жал жодое г1одобег1анлъи
бач1унарел пишаби руго, кванай кьижиялда релъарал жал.
Аварагзабаздасан щибго мунагь лъугьине бегьулареб
щай абуни гьел аварагзаби шариг1ат лъезе рит1арал чаг1и
руго. Цинги гьезул г1иссъян лъугъанани, г1иссъян ша-
риг1атлъун лъугьуна. Гьебги бегьулареб жо буго.

Гьезул г1ассилъи лъугьин бич1изабулел харбал.
Киналго г1алимзабаз гьел таъвил гьарун руго.
Абраразул лъик1лъаби мукъаррабинадасан
Квешлъилъун рик1к1унилан т1ахьазда бицун буго.
Ц1акъал дагьал гьаплатал гьездасан лъугьунилан.
Гьезда т1аде рачарал бичасул бадиб ч1ваял
Адам Давудидасан Юсуп Сулейманил
Гьездасанги регьич1ел нилъер г1адал мунагьал.

Гьездасан мунагьал лъугьана абун рицарал харбал
гьерсал руго, мун гьездаги божуге.

ИМАНАЛЪУЛ ЩУАБИЛЕБ РУКНУ:
КЬИЯМАСЕБ КЪОЯЛДЕ ИМАН ЛЪЕЙ БУГО.

Ахир къияматалде иман лъей т1адаб буго.
Гъайбуялда рак1 божи иманалъул цо рукну
Ахир цо къо бач1унеб хварал т1аде рахунеб
Г1адлу-низам бит1араб зулму дагьаб ццин гьеч1еб
Аллагьасе тажали жалалияб лъугьараб
Малайкзаби х1инкъулеб анбияал т1урк1араб
Авлияъзабазулги чара г1амал бух1араб.
Кваранисан, квег1исан кагътал кодере кьолеб.
Мискъала зарра г1адаб г1амал нахъе толареб
Ц1ар-ц1ар бахъун г1адамал х1исабалде ах1улеб
Х1исабалъе къурасе кварилъи ц1акъ гьабулеб,

Мизаналда бергьани к1удияб гьаркьидалъун
пуланасул вас пуланав Саг1идиян ах1улеб
Мизаналда къунани талих1 къванин гьасулин
Шакъават бергьанилан жужах1алде вит1улеб.
Сират1алъул кьодасан г1адамал рилъанхъулеб
Г1азабалъе х1акъав чи жужах1алъе вортулеб:
Шарг1 ц1унарал г1адамал г1ажаибаб куцалда
Пирхулеб пири г1адин кьода т1асан рилъунеб:
Шагьра г1адин батулеб ахираталда ссират1
Шарг1ияб нух жибго тун тируге дове гьанив.
Пири г1адинан хехго т1асан вилълъин бокьани
Сияр сулукалдалъун ц1акъ бахче Аллагьасде
Х1исаб-мизан гьеч1ого алжан бокьун батани
Къойилго х1исаб гьабе гьабураб г1амалалъул
Шарг1ияб мизаналда борце гьабураб г1амал.
Лъик1алъе шукру, квешалъе тавбу гьабе
Я кваналев гьекъолев х1алалаб х1алт1иялда
Макьу бач1ани кьижун бичасе т1аг1аталда
Гьеб гурелъуб биччараб инсанасул замана
Жужах1алъул бугилан т1ахьазда абун буго.

ИМАНАЛЪУЛ АНЛЪАБИЛЕБ РУКНУ: КЪАДАРАЛДЕ ИМАН ЛЪЕЙ БУГО.

Лъик1абниги квешабниги кинабго жо бижулев чи
 Аллагь гурев гьеч1ин абун иман лъезе т1адаб буго.
Лъик1абниги квешабниги бет1ергьанас бижаниги
Г1азабгиму кири хъвала касбу лагьасул бугилан
Лъик1аб квешаб т1аса бищи лагьзадерихъ гьабунилан
Т1аса бищаралда рекъон къадар цадахъ хьвадулила
Т1аса бищулебщинаб жо азалалда лъан бугила
Азалалде хилипаб жо халкъалда лъугьунарила
Воре т1ок1аб къадаралъулъ къил-къал бицун мун к1алъаге
Иманги лъун вук1ин гуреб гаргар гьабун бицаруге.

Иманалъе анлъго рукну буго. Гьелги цере ана
Шурут1алги ажзаалги, х1укмуги сабабги, самратги буго.
Иманалъе шурут1ал лъабго руго: г1акълу, балугъ, ихтияр
ах1заал г1емерал руго.
   Иманалъе лъабкъоялда анц1ила анлъго г1аркьел буго.
Гьезул бищун дагьаб зарар гьабулеб жо нухалдаса рехи
буго, амма гьезул г1авамазе чара гьеч1ел жал ункъго руго:
ссидкъу, вараг1, такъва, х1аяъ.
Иманалъул х1укму жиб батиялдалъун шарг1алъул
ах1камал т1алъи буго.
Иманалъул сабаб Аллагьас т1овит1и буго. Иманалъул
пайда г1авамазулъ жиндалъун Аллагьас лагь ц1уни буго.
Шарг1алъул х1удудазда.
Дица гьезул к1удияб баян гьабич1о халалъиялда х1инкъун.
Гьезул маг1наби г1алимзабаздасан ц1ехе.

АБУЛХ1АСАНИЛ АШГ1АРИЯСУЛ МАЗГЬАБ БУГО ГЬАБ НАХЪА БАЧ1ИНИЛАН АБУН БУК1АРАБ.

Бусурман вугищ мун алх1амдулиллагь
Дуда шак вуго дун шагьадат дир нуг1
Адамги дир эмен, эбелги Х1ава
Бусурман вуго дун, алх1амдулиллагь
Кида бусурманав мун вук1араван
Дуда гьикъанани, дуца абила.
Г1угьудал мишакъал русаралдаса
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь
Халкъалъул зарраби дандеги гьарун,
Дун нужер бет1ергьан вугищан абун.

Аллагь гаргадараб къо буго гьебги.
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь,
Х1абиб Мух1аммадил умматалъул дун,
Ибрагьим халилил миллат буго дир,
Муъминал щиналги дир вацал руго
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь.
Г1амалалъул имам дир имам Шапиг1,
Иг1тикъад буго дир Абулх1асанил
Дун хьихьулев Аллагь, хьул лъолеб рах1мат
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь.
Хирав бичиясда дун рази вуго,
Мух1аммад х1абиб дир авараг вуго.
Дир дин ислам буго, дун воххун вуго
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь
Мазгьабалъул имам ункъо чи вуго
Нуг1манубну сабит Анасил Малик
Идрисил Мух1аммад Х1анбалил Ах1мад
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь,
Дир имамги Къуръан, къилбаги каг1ба
Кинабго г1ассилъи дир хат1аъ буго.
Разияв гьеч1о дун, тавбу буго дир
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь.
Бет1ергьан цо вуго, зат сипаталъулъ
Жинда релълъараб жо гьеч1о мулкалъулъ,
Г1ажизлъи ссвак гьеч1о дур апг1алазулъ
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь.
Кванай-гьекъей гьеч1ев, гьапуллъи гьеч1ев,
Агьлу хъизан гьеч1ев, мукъссанлъи гьеч1ев,
Валам якунлагьу куфуван ах1ад
Бусурман вуго дун алх1амдулиллагь.
Нилъей жинда т1адаб щибго жо гьеч1ев,
Х1икмат пайда гьеч1еб жо гьабуларев,
Камалатаздалъун жив берцинлъарав,
Бет1ергьан вуго дир алх1амдулиллагь.
Г1акълуялъ биччала Аллагь вихьизе,
Накълуялъ толаро вихьунгут1изе
Амма вихьиялъе кайпият гьеч1о,
Гьадинин бицине алх1амдулиллагь.
Кинабгога г1алам лъугьанщинаб жо
Къабих1аб, къадараб, лъик1лъи, квешлъаби,
Кинабго Аллагьас бижараб буго.
Гьебги дир иг1тикъад алх1амдулиллагь
Амма апг1алазулъ ихтияр буго
Бокьараб гьабизе кверщел кьун буго.
Лъик1алда разияв, квешлъи рихунев
Бет1ергьан вуго дир алх1амдулиллагь.
Лъик1лъи гьабунилан гьабулеб кири
Жиндир пазлу буго т1адаб жо гуро,
Квешаб г1амалалъе г1азаб гьабиги,
Г1адлу буго гьесул алх1амдулиллагь.
Х1ал к1олареб таклип гьес т1ад лъоларо,

К1олареб гьабеян буюруларо.
Бигьаяб таклипгун тун руго бичасс,
Рецц бет1ергьанасе алх1амдулиллагь.
Ч1аравчиги жиндир г1ажал щун холев,
Хабал г1азаб х1акъаб ниг1матги х1акъаб,
Мункар-Накирасул суалги х1акъаб,
Гьелда дир иг1тикъат алх1амдулиллагь.
Х1абибуллагьасул миг1ражги х1акъаб,
Х1абибас рицарал т1олго умурал,
Дажжал вахъин бук1а, цогидаб бук1а,
Гьездаги рак1 ч1ола алх1амдулиллагь.
Даббатул арзилан х1айван бахина,
Ссвалат салам лъеяв Г1иса рещт1ина.
Т1аде рахъин х1акъаб, ссират1ги х1акъаб,
Мизан х1авуз х1акъаб, щапаг1ат х1акъаб.
Алжан жужах1 х1акъаб, паналъулареб,
Гьебги иг1тикъад алх1амдулиллагь.
Яъжуж маъжужилан цо халкъ бахъина,
Гьелдаги рак1 ч1ола алх1амдулиллагь.
Бакът1ерхьудасахун, бакъги баккила.
Къалъуде щведалго нахъги буссина.
Гьебги бицун буго расулуллагьас,
Гьелдаги рак1 ч1ола алх1амдулиллагь.
Г1аднуялдасахун цо ц1а бахъина,
Шамалде г1адамал жинца рачунел.
Дидани гьеб ккола машинайилан,
Гьелдаги иг1тикъад алх1амдулиллагь.
К1удиял мунагьал гьарунин абун,
Иманалдаса чи ват1алъуларо.
Г1азаб жужах1алда даимлъуларо,
Гьебги дир иг1тикъад алх1амдулиллагь.
Аллагьас купру ширк чурулеб гьеч1о,
Цогидаб чурула жиндий бокьани.
Дуг1аял раг1ула гьарараб кьола,
Рецц бет1ергьанасе алх1амдулиллагь.
Такълидияб иман сах1их1аб буго,
Амма мунагь буго пикру гьеч1елъул.
Иман сах1их1 гьаби, ислам льик1 гьаби
Квер бакъулев Аллагь алх1амдулиллагь.
Халкъалде русулал рит1иялъулъги,
К1удаб х1икмат буго бет1ергьанасул.
Т1оцевесев Адам ахирав Ах1мад,
Гьев нилъер авараг алх1амдулиллагь.
Гьел аварагзаби т1олго халкъалъул,
Хирал рук1иналда ишкалго гьеч1о.
Абубакар, Г1умар, Г1усмангун Г1али
Хадур хириял гьел алх1амдулиллагь.
Авлияъзабазул карамат х1акъаб
Гьелде инкар гьаби иг1тизал буго.
Аварагзабазул даражаялде, вали вахъинеги ресго гьеч1ебин
Вахъунин абулел агьлу ззандакъат
Гьездасаги ц1уне я рах1ман аллагь.
Хирав бичаясда маслих1ат бугеб,
Лагъасе гьабизе т1адабги гьеч1еб,
Х1арамабги рикъзи х1алалаб г1адин,
Гьелдаги иг1тикъад алх1амдулиллагь.
Х1арамаб жо жинца х1алал гьабуни
Я жинца шариг1ат г1одоб гьабуни,
Купруялде уна, иман бахъула.
Гьелдасаги ц1уне я рах1ман Аллагь.
Гьесул цоялдаса хьул къот1анани,
Макру г1азабалда божун хьвадани,

Купруялде уна иман бахъула.
Гьелдасаги ц1уне я къадир Аллагь
Нахъа капурлъизе къасд гьабунани.
Купру беццарасда я велъахъдани
Ислам бат1алъула, иман бахъула.
Гьелдасаги ц1уне я къадир Аллагь
Х1абиб Мух1аммадил анц1авго асх1аб.
Алжаналъул роххел бицарал руго.
Абубакар, Г1усман, Г1умаргун Г1али,
Жидер баркат щвайги я къадир Аллагь
Т1алх1ат, Г1абдурах1ман, Абуг1убайдат
Саг1дугимо, Саг1ид цинги Зубайри,
Хирияй Пат1имат к1иявго Х1асан
Гьездаги бицараб алжанул роххел
Хадижат, Г1айшат, Уммух1абибат,
Савдатгун, Маймунат, Уммусалимат
Жувайдатгун Х1апсат, к1ияйго Зайнаб
Сапият гьелгийин алжанул агьлу.
Цоги г1акъаидал г1емерал руго,
Г1адамазул пагьму нахъ г1унт1уларел.
Гьезулъги дир мазгьаб ашг1арил буго.
Гьесда нахъ вуго дун алх1амдулиллагь.

ДУНИЯЛ САПАР БУГО...

Дуниял сапар буго, г1ибадат базар буго,
Саг1адат т1ок1лъи буго, т1алаб гьеч1ого буго,
Ват1ан ахират буго, т1аг1ат хазина буго,
Г1амал ккурасе жазаъ, жаннатул пирдавс буго.
Г1адан дунял дирго черх, хадуб шайт1анги буго.
Дин гьабизе бокьулеб (гьукъулеб) ункъабго тушман буго.
Гьабураб г1амал холеб, г1ужбугун рияъ буго.
Г1амалго гьабич1ого, гьаплаталда черх буго,
Жакъа метер лъалареб, лъуг1улеб г1умру буго
Лъуг1улеб мехго гьеч1еб хадуб ахират буго.
Эбел-эмен хун хадуб, лъимал хун бихьун буго,
Цере-хадур гьел индал, ирга нилъеда буго.
Арасе вуссин гьеч1еб к1удияб сапар буго.
Можоро бахъи гьеч1еб нухт1адул ирга буго,
Саг1аталъ божи гьеч1еб гьалбадерил рукъ буго,
Гьомгьомизе гьоркъ ч1араб гьвет1алъул раг1ад буго
Хвел хобалъул пикру тун гьаплаталда черх буго,
Мунагьал г1емерлъиялъ рак1 биццалъулеб буго,
Дунялалъул хиялаз ахират к1очон буго.
Ахират к1очон теялъ г1амал гьеч1ого буго,
Г1амал гьеч1еб черх буго, чара гьеч1еб хвел буго.
Хвалил мехталабазул зах1малъи ц1акъаб буго,
Хобалъул бец1лъиялъул ургьел г1емераб буго.
Т1ад ч1валел къанабазул къварилъи ц1акъаб буго,
Къиямасеб къоялъул х1инкъи к1удияб буго.
Х1исаб мизан гьабизе гьир ц1акъ к1удияб буго,
Мах1шаралда нечолеб г1амал г1емераб буго.
Г1амал хъвараб кагьтазул каранда ургьел буго,
Сират1азул т1еренлъи т1ахьазда бицун буго.
Жужах1алъул г1акъуба Куръаналъ рехсон буго,
Рехсонго х1ал к1олареб х1адисалъ бицун буго.
Гьабщинаб ургьел х1инкъи х1акълъун нилъее буго,
Гьелдаса хъвасарльулеб г1амал гьеч1ого буго.
Аллагь гьапурун рах1им рах1мат г1ат1идав вуго,
Гьесул рах1мат гурого сабаб гьеч1ого буго.
Мискинав заг1ипав лагъ дунги Удурат вуго,
Бичасе х1ел-х1ел гьабун гьабулеб дуг1а буго.
Я арх1ама рах1имина мун ц1акъ гурх1улев вуго,
Алх1амдулиллагь нижер, щибаб рецц дуе буго.

<u>Х1АДИС</u>

Аварагасул х1адис буго щибаб къоялъ, къоц1ул хвел рехсани х1исаб гьеч1ого алжаналде ина абун. Гьаб нахъа бугеб туркиялда жаниб къого бак1алда хвел рехсон буго, щибаб къоялъ гьеб ах1ани х1исаб гьеч1ого алжаналде лъугьине хьул буго.

<u>ВАЙ АМАН ХВЕЛАЛЪУЛ КЬОГ1ЛЪИ...</u>

Дунялалъул гьудуллъана, гьаваялда нахъ вилъана.
Амру нагъ'ю жибго тана, вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Г1исс'яналда заман индал, зулмуялда г1умру ккедал,
Г1ибадатал дагьлъун ккедал, вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Аллагьасде мут1иг1лъич1о,
Т1аг1аталде ругьунлъич1о,
Аллагьасдаса нечеч1о,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Дунял дие берцинлъана,
Ахират к1очонго тана,
Тавбу тавпикъ дагьлъун ккана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Амруялъе к1ох1аллъана,
Нагь'юялъе к1арчанлъана,
Пакъир дир хьул халалъана
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Аллагъасул дин риххана,
Х1абибасул суннат тана,
Гьесул рак1 къварид гьабуна,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Къват1ул хабар гьуинлъана,
Гьуинаб зикру кьог1лъана
Кьог1аб щинаб берцинлъана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Аллагь дие х1алимлъана,
Х1илмуялъ мискин гуккана,
Гурх1ел бук1инилан ккана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Гьабураб гуреб батич1о
Таралда хадуб г1унт1ич1о,
Тавбу гьабун дун къач1ач1о,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Х1акъалдехун мугъ рехана,
Бат1улалда къвал жемана,
Илбисалда нахъ вилълъана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Г1ассилъиялъ рак1 ч1унтана,
Ч1алг1аде заман биччана,
Дица тедал дунги тана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи

Хвалил мехтал к1очон тана,
Хвеларев ватилин ккана,
Дунго дицаго гуккана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Дир мунагьал г1емерлъана,
Г1асаратал ц1ик1к1ун ккана,
Тавбу тана нухлъун ккана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Мункаратазда рек1ана,
К1удал мунагьал гьаруна,
Гьаваялда дун хьвадана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Бук1инарилан бук1ана,
Бач1инарилан бач1ана,
Г1емераб жо гьоркь хут1ана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.

Дунялалъул хияллъана,
Хвел-хоб к1очон к1арчанлъана,

Ахират ч1унтизе тана,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Щарал къоял лъуг1ун ккана,
Хвалил унти ч1ван вихьидал,
Сверунлъун агьлу г1одидал,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Г1агаразул курмул унтун,
Хираб хъизан сверун лъугьун,
Рух1алъ къо лъик1ан абидал,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Рухl босун берал къанщидал,
Къаркъала ц1орон хут1идал,
Ц1орораб лъеца чуридал,
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Хадуй балан ч1ужу тедал,
Ч1ич1идун лъимал г1одидал,
Жужах1алде дунги ани;
Вай аман хвелалъул кьог1лъи.
Мункар-Накир т1аде щведал,
Х1ал бихьун гаргар гьабидал,
Жавабалъе х1ал к1веч1они
Вай аман хвелалъул кьог1лъи
Т1аса г1адамал нахъе ун
Г1ажизго мискин дун хут1ун
Аллагъасул ц1об лъеч1они
Вай аман хвелалъул ъог1лъи.

Г1адамасда т1адаб буго кибру х1асад гъибат жибго тезе. Аварагас абун буго (свалаллагъу таг1ала г1алайгьи васалам) зобалазул рагьабазда хъаравулзаби ругелилан кибру х1асад гьибат бугел чиязул г1амал нахъе ч1валел. Х1асадь — абулеб жо бат1ияв чиясе бугеб ниг1мат т1аса ине бокьи буго.
Кибру — абулеб жо цояс бицараб х1акъаб жо къабул гьабич1ого нахъе ч1вай буго.
Гъибат — абулеб жо бокьулареб жоялдалъун г1адан рехсей буго, гьединго мац1ц1 гьаби тезе т1адаб буго. Х1адис буго: "ЛА ЯДХУЛУЛ ЖАННАТА"— алжаналъуве лъугьинаро "КЪАТТАТУН"— мац1ц1ихъан.

Гьарак1униса Саг1идил к1удав эмен Абубакар.
Мух1аммадил х1адисалъе Мутабах1ир вук1анила.
Гьаб халкъалъул х1исаб гьабун х1адисалде балагьидал
Г1емерисел буссурзаби г1асияллъун рик1к1анила.
Жидедаго т1ад гьабураб дин т1ок1к1ине гьабич1ого
Рух1 бахъулеб саг1аталда х1инкъулеллъун ратанила.
Цинги Абубакарица иман баян гьабунила
Иман бахъун хвезе гурин халкъалъул г1емериссела
Хадуб Г1алих1ажиявги иманалда цадахъ рехсон
Ислам их1сан суннаталъе табсир гьабун к1алъанила.
Аварагасул нухалда Аллагьасде рак1 х1еренлъун
Х1акъаб лагьлъи бокьаразе х1ал кьезелъун бук1анила.

ИМАН ЩИБ ЖО ККОЛЕБ?

Иман щибан гьикъани
Анлъго жойилан абила.
Бищун цебе рак1 ч1олеб жо,
Бати т1адав Аллагьила.
Жив цогояв шарик гьеч1ев,
Жив ч1агояв хвелго гьеч1ев,
Азалияв, абадияв, къудраталъул Аллагьила.
Балъгояб жо жинда лъалев, рак1алда бугеб бихьулев,
Киналго гьаркьал раг1улев,
Халкъ бижарав Аллагьила.
Жив вихьулев жив к1алъалев,
Жинда к1алъалев чи гьеч1ев,
Халкъалдаго кверщел бугев,
Рикъзи кьолев Аллагьила.

Жигьатун ситтатаздаса
Жиндир зат бац1ц1алъун ккарав,
Т1аса гъоркьа, цебе, нахъа,
Кваранаб квег1аб рахъ гьеч1ого,
Х1арп гьеч1ого, рахъ гьеч1ого
Раг1улеб гьаракь гьеч1ого,
Бахьи къурал г1адамазда
Алжаналда жив к1алъалев,
Халкъалъ жиндир х1исаб гьабун
Рак1алде бач1араб сипат
Х1акълъун жиндир заталдехун
Хилиплъулев халикъила.

11

К1иабизе рак1 ч1ч1олеб жо
Малайкзаби ругелила
Кваналарел, гьекъоларел,
Мунагь гьеч1ел лагьзалила.
Бихьин ц1ц1улъи жидер гьеч1ел,
Малъаралъе тари гьеч1ел,
Ахир къоялъ хун рахъунел,
Зобал ц1ун жал ругелила.
Х1абибасул нуралдасан
Киналгоги жал рижарал,
Аллагь рехсон тасбих1 гьабун
Ч1алг1ен гьеч1еб агьлуйила
Жибрил Малик цинги Микал
Маликулмат малаикзаби
Къуръаналда ц1ар рехсарал
Гьалгониял ругелила.

111

Лъабабизе рак1 ч1олеб жо
Аллагьасул каламила.
Жабраилас босун бач1ун
Зодосахун рещт1анила.
Церегусел жал рижич1ел
Бат1улаб жо жудолъ гьеч1ел,
Нусиялда ункъго пуркъан
Гьаб халкъалде щварабила.
   Жиндир х1арпал х1адисиял,
   Х1акълъун маг1на къадимиял,
   Къец гьабун чи бергьунарел
   Аллагьасул т1ахьалила.
Лъеберго Ибрагьимиде, лъабкъого Шишидейила,
Анц1го т1ехь Таврат кьезег1ан
Мусаде рещт1анила.
Цинги Таврат Мусадейила,
Хадуб Инжил Г1исадила,
Т1олгоязул сайидасде Ах1мадиде Къуръанила.
Т1олго т1ахьазул маг1наби.
Къуръаналда рач1анила.
Къурьан гурелъ гьабун х1укму
Гьаб халкъалъе х1арамила.

1V

Ункъабизе рак1 ч1олеб жо
Илчизаби рит1анила
Халкъалдаса т1аса рищун
Аллагьасде ах1изилан.
Аллагьасде г1ассилъич1ел,
Амруялде хилиплъич1ел,
Нус азарго, къо азарго,

Ункъ азарго рук1анила.
Гьезул вищун жив хирияв
Жиндий г1оло халкъ бижарав,
Халкъалдаго жив вит1арав,
Аллагьасул х1абибила.
Маккаядда жив гьавурав,
Гьенив расуллъун вит1арав
Мадинаялда вукъарав,
Бакъиг1алъул равзаялда
   Амру, нагью кодобе кьун
   Киназдего жив вит1арав.
   Кинабгоги рахъалдасан
   Т1олго халкъалдаса т1ок1ав,
Г1арабияв къурайшияв,
Гьашимияв Ах1мадила.
Къуръаналда ц1ар рехсарал
Х1акълъунго лъебергойила,
Х1акъаб калам кьун рит1арал
Лъабнусида анц1гойила.
Т1олго аварагзабазул.
Улулг1азми щугойила
Нухl, Ибрагьим, Муса, Г1иса, Мух1аммадун
Х1абибила (ссваллаллагьу таг1ала г1алайгьи. . .)
Къуръаналда ц1ар рехсарал
Аварагзабазул баян Адамгиму, Идрисила
Шиш, Нухl, Гьуд, Лут1, Салих1ила
Ибрагьим, Исмаг1илила, Исх1акъ
Яг1къуб, Юнусила, Муса, Гьарун
Щуг1айбила, Закария, Ях1ъяйила
Гьаракь берцинав Давудги
Сулайманил эменила.
Ал'ясаг1, Зулкиплийила,
Хадуб Ильяс Аюбила
Зулкъарнайни 1узайрила
Юшаг1 Лукъман, Г1исайила
Гьезул жив вищун хирияв,
Х1абибуллагь Ах1мадила.

V

Щуабизе рак1 ч1ч1олеб жо
Ахир цо къо бач1анила,
Хварал ч1аго гьарилила,
Г1арасалде ах1илила,
Х1исаб-суал гьабилила,
Лъик1аб квешаб борцилила
Сират1алъул кmоялдасан
К1их1и рикьун риччалила,

V1

Анлъабизе рак1 ч1ч1олеб жо,
Аллагьасул къадарила,
Лъик1аб г1аги квешаб г1аги
Бичас хъвараб лъугъунила.
Лагьзадерихъе кверщел кьун
Гьезул г1амал жинца бижун
Г1амалгимо жиндир такъдир
Рекъон цадахъ хьвадулила.

<u>ИСЛАМ ЩИБ ККОЛЕБ?</u>

Ислам щибан гьикъанани,
Щуго бугилан абила.
Т1оцебесеб исламалъул
Шагьадалъе бит1ийила,

К1иабизе исламалъул
Къол щуябго как байила.
лъабабизе исламалъул
закатгин ссах1 бахъийилан.
Ункъабизе исламалъул
Рамазаналъ к1ал кквейила.
Щуабизе х1ал к1ванани
Х1ажгин г1умру гъабилила.

ИХ1САН ЩИБ?

Их1сан щибан гьикъанани
Дуца лагьлъи гьабейилан
Аллагь балан вугев г1адин
Т1аг1ат бац1ц1ад гьабейила.
Дуда дов вихьич1ониги,
Мун досда вихъулевлъидал,
Вихьудаги, т1ерхъудаги,
Т1аг1ат бац1ц1ад гьабийила.

СУННАТ ЩИБ?

Суннат щибан гьикъанани
Аварагасул нухила
Къуръаналда жиб рекъараб
Х1абибасул шагьрайила

Балагъ дуде бач1аниги
Гьеб шагьраялъ мун инч1они,
Как баниги бусурманлъи
Дуда чорхолъ гьеч1ебила.

Авараг хун халифалъун
Абубакар таравила,
Цинги, Г1умар, Г1усман, Г1али
Тартибалда рук1анила.
Щуабизе анлъго моц1аль
Халифалъун Х1асанила,
Х1асанида хадуб ккараб
Халифалъи щубгьайила.
Киналго асх1абзабазул
Х1укму фатва дурусила,
Гьезул нухалда жал арал
Имамзаби рит1ухъила.
Имам Нуг1ман, имам Малик,
Имам Щапиг1, имам Ах1мад
Киназулго куллу вах1ид
Мужтагьидун Мут1лакъила.
Т1олгоязул мазгьибал
Мухтарасул нухалила.
Кинаб нухалъ мун аниги
Дур мат1лубал т1уралила.
Х1абибасул х1адисалъе
Тапсиралъул г1алимзаби
Т1олго нижер сайидзаби.
Лебалаллъун рук1анила
Дир бет1ергьан Аллагьила.
Авараг Мух1аммадила,
Бичас дида т1ад гьабураб
Дир дин динул исламила,
Мух1аммадил умматалъул,
Ибрагьимил миллаталъул
Адамил зурриялъул,
Заг1ипав лагъ дунгийила.
Дир имамги Къуръанила,

Къилбаги дир каг1байила,
Дир иг1тикъад суннатила,
Дир тушманги шайт1анила.
  Дир мазгъаб Шапиг1илила
  Шапиг1ги дир имамила.
  Авараггун цадахъ досул
  Эмен Г1абдулманапила.

АВАРАГАСУЛ УМУМУЛ:

Аварагасул умумул дуда лъазе т1адалила
Гьесул наслу агьлу хъизан лъач1ого г1уларебила
Г1абдуллагь, Г1абдулмут1алиб, Гьашим, Г1абдулманапила
  Къуссаййугин килабила
  Каг1бу дозул эменила
  Луаййугин Гъалибила
  Пигьру Малик Назарила
Кинанат, Хузайматила
Мудрикатги, Ильясила,
Музаргимо, Низарила
Хадуб Муг1ад, Г1аднанила.
Цинги х1акъаб наслуялъул
Х1акъикъат лъан к1уларила.
Умумузул ц1арал рехсон,
Авараг гьанив ч[ч1анила.
Гьездаса т1ок1 рик1к1унев чи
Бат1улавлъун гьавунила,
  Чохьол эбел Аминатгун
  Рахъдал эбел Х1алиматгун
  Киназего х1алай яч1ун
  Х1урулг1иналъ хьихьанила.
  Абулагьаб капирасул
  Кодосан жий тархъанлъарай,
  Х1амзатие садью кьурай,
  Сувайбатги йик1анила.
  Зугьаратил вагьбудила
  Аминатил эменила,
  Инсудехун эбелалъул
  Насаб жубан бугебила.
Къасимгиму, Зайнабила
Т1агьир, Уммукусумила
Пат1имат, Рукъиятила
Гьарураб тартиб гьабила
Гьал анлъалго Мухтарасе
Маккаялда гьарунила.
  Анлъазулго чохьол эбел
  Хадижатун кубрайила,
  Цинги Мадинаялда щун
  Марият жинца ячиндал
  Анлъабизе гьелъул чехьалъ
  Ибрагьимги гьавунила.
Т1оцеесей досул ч1ужу
Хадижатун кубрайила
Цинги Савдат лъабабизе
Г1аишатун г1азраила
Гьал лъабалго аварагас
Маккаялда рачанила
Т1айбаталда рачаразул
Т1оцеесей Х1апсатила.
К1иабизе т1айбаталда
Уммусалмат ячанила,
  Лъабабизе т1айбаталда
  Уммух1абибат кканила.
  Аварагас жал рачарал

Гьал анлъалго руччабазул
Х1акълъун жидер наслу насаб
Къурайщияб бук1анила.
Жувайрат, Сапиятила,
Зайнабгин, Маймунатила
Хузайматил Зайнаб рик1к1ун
К1иго Зайнаб йик1анила.
К1ияйго Зайнабил цояй
Зайдил мут1аллакъатила
Зодоб бичас магъари лъун
Ячарай х1урулг1инила.
Г1аймакиса Абубакар
Аварагасул мутаржим
Мух1аммадил умматалда
Дин-ислам малъарав сайид.
Дур т1амураб кьуч1алда т1ад
Дица гьабураб гьаб дир къед
Къадараб бугилан абун
Бихуы биччаге чорхол рухl.
Дургин цадахъ дирги назму
Къабул гъабун ц1алулелги
Х1инкъи ц1акълъараб къоялда.

<u>Ц1АЙ КВЕРАЛ ККУН Х1АБИБАСДЕ.</u>

Иман абулеб жо лъана дуда. Гьанже исламалде ирга щвана. Ислам абулеб жо щуго жо черхалъ гьаби буго.

<u>К1иябго шагьадат</u> бегьизе гьаби буго цо; <u>къол щуябго как бай</u> к1иябго; Закат бахъи лъабабго; <u>Рамазаналъ к1ал кквей</u> ункъабго; <u>Х1аж г1умра гьаби</u> щуябго.

Исламалъул т1оцебесеб шагьадат буго (ашгьаду) - рак1 ч1ч1ун лъан, нуг1лъи гьабун дица бицуна - ан лаилагьа иллаллагьу - лагълъи гьабизе ккун лагълъи жиндий гьабулев цо аллагь гурев гьеч1ин абун - ва ашгьаду- гьединго рак1ч1 ч1ун лъан, нуг1лъи гьабун дица бицуна - анна Мух1аммадан расулуллагьи - Маккаялда Аминатие гьаву-рав Г1абдуллагьил вас Мух1аммад Аллагьасул расул вуго абун (ссваллаллагьу таг1ала г1алайгьи ва салам)

Бичас нилъер иманалъе Микъго рукну гьабун буго. Гьезул цох1о камун тани, Гьесул иман т1убаларо. Т1аса хвалчен боси гуреб, Микьалъулго цо камуни, Нипакъалъул ц1ар абула.

<u>ХАБАЛЪ Г1АЗАБ БОСУЛАРО.</u>

Гьелги гьал руго; зикру хиялалдаса рак1 ц1уни; суннат ц1уни, Х1абибасул т1абиг1ат кквей, Шайхасулгун гьал-магълъи кквей, Шайих гуреб жо к1очон тей, Шайихас зикру малъи, Шайихасул г1акълуялда г1алим вугониги сверди:

<u>ИСЛАМ ЩИБ ЖО ККОЛЕБ?</u>

Ислам щибан гьикъанани
Щуго рукну бицун буго
Бищун цебе къвариг1унеб
К1иябго шагьадат буго.
Къол щуябго как бай буго
Рамазаналъ к1ал кквей буго,
Закатсах1 т1обит1и буго,
Х1ал к1варас х1аж гьаби буго.

Расуласул сипаталги
Лъазаризе т1адал руго,
Эсул наслу насаб тухум
Лъач1ого г1олареб буго.

Инсуда ц1ар Г1абдуллагьи,
Эбелалда Аминат
Х1алиматица хахарав

Халкъалъул хириявила.
Моц1рол г1адаб гъумералъул
Гъоркьохъеб черхалъулила
Хъах1лъи, баг1арлъи рекъарав,
Ролъул кьерав вук1анила.

Жидедалъун асар гьаби г1адатлъун билълъарал жал (масала) бух1ун г1адат билълъараб ц1а; къот1ун г1адат билъ-лъараб нус; г1орц1изе гьабун г1адат билълъараб квен; гьез асар жидерго т1абг1алдалъун гьабиялда рак1 ч1езе гьабуни капурлъула. Т1абг1алдалъун гурибин, Аллагьас жидель бижараб гьунар къуваталдалъунин асар гьабулеб абун рак1 ч1езе гьабурав чи капурлъиялъулъ к1иго раг1и буго. Ассах1аб раг1и капурлъиларо абун буго, амма пасикълъила; мубтадиг1лъунги вук1ина **(ВАМАН ИГ1ТАКЪАДА)**-Жинца рак1 ч1езе гьабурав чи, асар гьабуравчи Аллагь вугилан, амма Аллагьасул г1адат билъун бугилан гьездехун хурхи гуч гьабураб мехалъ гьезулъ асар бижун, асар гьа-бизе гьаби г1адат бугин аллагьасул абун гьеб асаралдаса хилиплъизеги бегьулин абун рак1 ч1езе гьабурав чи агьлу суннат вуго.

Иманалъул Ибет1ер	1	Лаила илаллагь Мух1аммад Расулуллагь	10	ТТ1риг1ат муть	Х1арамаб хГарам гьаби х1алалаб х1алал гьаби
Рак1	2	Къуръан ц1али	11	пихъ	
Черх	3	Аллагь г1емер рехсеи	12	тамах	Т1агГат гьаби
Нур	4	Бит1араб бицкн	13	XL ал	Аллагьасукьа х1инкъи
Бец1яьи	5	ГЬересибицин	14	нах	Нич
Гьуинлъи	6	Каки чури	15	r1er1	Дуг1а
Щубай	7	Закат бахъи	16	Рукъ	Бац1цГад гьаби
ХДинкъи	8	ХТинкъи хьулалда гьЗкьов вук1ин			Муъм1ючиясул рак1

ИХ1САН — аллагь балагъун вугев г1адин лагыгъи гьаби буто.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Кинабго гьадият гьал жагьилазе гьабе абе т1алаб т1адаб жо лъазе. Г1ададаги гурин бичасс рижарал, босизе лъай давла диналъул вацал. Бичас т1ад гьабураб т1аг1ат г1ибадат т1убан гьабич1есул гьеч1еб, мурувват. Гьабунщинаб г1амал лъан гьабич1есул къабул гьабей гьеч1еб гьеб гьабуралъул. Г1адатаб жойилан бараб какалъ-ул кири, щиб бук1ина рак1алъул гьудул. Гьабулеб щиналъ-ул т1адаб дурусаб, дуда лъазе гурищ т1ад гьабун бугеб.

Т1олабго рукну-шарт1 щибаб суннатаб, пасадаб, ссах1их1аб, х1арам, х1алалаб бат1а гьабич1ого ворч1и дуй гьеч1еб.
Лъангут1и бат1аго гьвеллъун ч1еларо, жагьил уммиясул эб г1айиб гуро. Лъазе х1алт1унгут1и, х1исаб ц1ангут1и, гьебин к1удаб г1айиб воре мун кант1е.
Лъалареб гьикъизе жагьилги ч1ух1ун, гьикъич1еб бицизе г1алимги ханлъун, г1адада хун унеб халкъ бихьун буго, воре ворч1и гьабе гьудул дуего.
Гьал г1алимзабиги рег1унго гьеч1о, г1адамазул ургьел эзий г1ун гьеч1о.
Дунял гьабилалде гьавас ккун буго, боц1ц1уда иманлъун адрихун руго. Дунилан абуни адингояв жо, шайт1ан-илбисалде мусаххарав жо, дирго черх к1очана чияхъ рак1 ана, муъминзаби рокьун гаргар гьабуна. Абушужаг1асул рисалаталда тартиб гьабуралда гьесул нухалда, шарг1иял ах1камал ч1аран рицани чара гьеч1ел г1адамал г1ажамалъ хвана. Г1ажамалъ жо хъвайги хиралъи гуро, хъванилан лъуг1улеб г1елмуги гуро. Киниги халкъалъул макъан бич1ч1идал хъван тана таржама ккелин цо мадар. Дирги т1инаб гьари гьал муъминазаби, нужер дуг1аялъул дийги пай щвелин

СУННАТ-АВАРАГАСУЛ НУХ БУГО.

Т1АГЬАРАТ ГЬАБУЛЕБ ЛЪИМ.

Жиндалъун жо бац1ц1ад гьабулеб лъим маун мут1лакъ буго. Маун мут1лакъ абулеб жо парзалъулъ г1амалалде бегьизе гьабич1еб жинда гьорлъе хъублъиги жубач1еб лъим абураб кьер холеб куцалда кьер-мах1 татуниги хи-сич1еб лъим буго. Гьеб лъим жибгоги бац1ц1адаб буго, жинда жоги бац1ц1ад гьабизе к1олеб буго. Гьелда ц1арги т1ехьалда т1агьур абула. Гьеб цебе бицараб лъим к1иго къуллаялде щвечГеблъун бугеб х1алалъ гьорлъе хъублъи ккани хъублъула.
Амма лага т1ураб мехалъ би т1инк1улареб капурго х1айван кканияли хъублъуларо, бокьун рехич1они. Г1акъраб г1адаб, оц-х1ут1 г1адаб, т1ут1 г1адал жал руго гьелги.
Лъим к1иго къуллаялде щвараб бугони, гьорлъе хъублъи ккани, хъублъуларо кьер, мах1, тату хисич1они. Хъубаб жоялдалъун кьер, мах1, тату хисани Киг1ан дагъаб бугониги хъублъула. Бац1ц1адаб жоялдалъун кьер, мах1, тату хисун бугони лъим абураб ц1ар т1аса ун бугони т1агьурлъиялдаса бахъуларо. К1иго къуллаялде щвараб хисун хъублъараб лъел хиси т1аса ани бац]ц1алъула. К1иго къуллаги щунусго багьдадиязул рат1ал буго. Рат1алги нававида аск1об Нусиялда къоло микьго диргьам буго. Диргьам анлъбикьун ункъго бут1аги буго. Ц1акъго бух1арабги ц1акъго ц1орорабги лъим карагьатаб буго. Кварт1икъ хьвадулеб маг1даналъул парччиялда жаниб бакъуца бух1араб лъимги карагьатаб буго. Амма нилъер Дагъистаналда гьебдаражаялде лъим кколаро.

Гьумер чурун хадуб каки чурулев чияс жиндир квер дагъаб лъеда

гъорлъ ччуни лъим босиялда къасги гъа-бич1ого гъеб лъим мустаг1мал лъугьуна, гьелъ каки чуризе бегьиларо, хъубаб жоги бац1ц1ад гьабиларо. Дагьаб лъеда гьорлъе кьер, мах1, тату гьеч1еб бац1ц1адаб жо ккани, гьелда балагьила, гьеб лъеда гьорлъе ккараб жо г1адинаб къадаралъул жиндий мах1, тату, кьер бугеб жо ккани гьеб лъел мах1, тату ц1акъ хисизе гьабила гьеб лъин тагьара-талъе бегьиларо. Хисизе гьабиларин абун ккани бегьила. Цо бак1алда г1емераб заманаялъ ч1ч1ун хисаниги зарар гьеч1о, ракьалдалъун, ц1амалдалъун хисаниги зарар гьеч1о. Амма лъим баккулеб, "лъим ч1ч1араб бак1алда бугони, бугеб маг1данияб ц1амалда релъараб г1адалъ зарар гьабиларо. Гьот1ол т1амах жаниб гьун хисаниги зарар гьеч1о, бокьун рехич1они. Бокьун реханиги зарар гьеч1о билъ-билъун ун хисизе гьабун гьеч1они. Амма пихъ жаниб гъун хисани зарар гьабила.

Г1АРАЦ-МЕСЕДАЛЪУЛ Т1АГ1ЕЛ.

Г1арац-меседалъул т1аг1ел х1алт1изе х1арамаблъун ккола, нахъелъун ц1унун тезеги х1арамлъула; Г1арац-меседалъул лъим т1аде биччарабги х1арамлъула, ц1адаб лъу-раб мехалъ боц1ц1илъун рик1к1унеб жо т1аса бортани. Гьеб к1иябго гурелъул т1аг1ел х1арамлъуларо, киг1ан багьаяб бугониги. Меседил рукъи барабги х1арамаб буго, гьит1инаб бук1а, к1удияб бук1а. Амма г1арцул рукъи абуни берцинлъиялъе г1оло бараб карагьатаб буго. Х1ажалъиялъе г1оло бараб х1алалаб буго.

Бихьинчиясе баргьич хезе суннатаб буго кваранальул рух1 килщида, бокьани квег1абалъул рухl килщида. Амма к1иго баргьич х1арамаб буго.

Амма г1арцуца Къуръан къач1азе бегьила;
ч1ужуг1аданалъе меседалъ къач1азеги бегьила.

Рухl килищ гурелда бихьинчияс баргьич хезе карагьатаб буго. Баргъичалъул наг1ли, жаниб хъатиниб гьабизе хирияб буго.

Аварагас абуна: умматалъе зах1малъийищ гьабилеб абун гуреб ани дица кинабго какалда аск1об сивак бахъе абун амру гьабилаан абун. Цоги кьуч1аб х1адис буго, сивакгун бараб к1иго ракаг1ат, сивак бахинч1ого бараб лъабкъолда анц1го ракаг1аталдаса хирияб буго абун. Сивак бахъун жамаг1аталда как бани, азаралда микьнусиялда лъабкъоялда анц1го даражаялъ ц1ик1к1уна.

Кинабго т1аг1аталъе сивак суннатаб буго, амма Къуръ-ан ц1алиялъе вегияллда аск1об, ворч1араб мехалъ к1алдиса мах1 бахъараб мехалъ ц1акъго суннатаб буго. Сивакалъе ниятги гьабила, нийт гьеч1еб г1ибадаталъул кири гьеч1о.

Аварагас абун буго г1амалазул хал гьабулебгу нияталда лъунилан сивак бахараб мехалъ гьаб дуг1аги гьабила:
— <u>Аллагьумма баййизз бигьи аснани ва щадил бигьи лис-сати ва саббит бигьи лагьати ва барикли фигьи ва асбитни г1алайгьи я арх1ама ррах1имина.</u>

Кваранаб квералъ бахинеги суннатаб буго. Къаг1идаги бурт1инкилищги гъорлъ лъун нахъияб лъабабго т1адги лъун кквела.

СИВАК ККОЛЕБ.

Сивакалъул пайдаби бигьяталда къоло ич1го рехсон руго: к1ал бац1ц1ад гьабула, Аллагь разилъула, цаби рац1ц1алъула, кири ц1ик1к1уна, рухl бахъи бигьалъула, хвалда аск1об шагьадат рак1алде щола, ризкъи г1ат1илъула, бет1ер унти ч1ч1ола, г1усал унтуларо, пассих1лъи г1акълу ц1ик1к1уна, ракl бац1ц1ад гьабула, черх ц1акъ, беразул (унти) канлъи бац1ц1ад гьабула, гьел гурелги пайдаби ругила.

Сивак бахъиялда цебе к1алдиб бугеб х1ац1ц1уги къурч1изе суннатаб буго. Сивак ц1ц1унгут1изеги суннатаб буго. Квег1аб г1иналда данде бит1ун лъезеги суннатаб буго, я ракьалда бахъунч1езе гьабун лъела, г1одоб рехун теларо. Мах1 бахъун лъугьараб мехалъ сивак чуризе суннатаб буго; рокьобалдаса халат тунгут1изеги, к1иябго рахъалъ бахунгут1изеги суннат буго. Изну гьеч1ого чияр сиввак бахинеги х1арамаб буго. Цаби-г1усал гьеч1ев чиясе цини суннат буго. Сивак бахъунеб къаг1идаги к1алалъул кваранаб рахъалдасан байбихьун бакьулъе бахина, цинги квег1аб рахъалдасанги гьебго бакьулъе бачина. Сивакги бищун хирияб Г1иракъалъул буго, цинги чамасдакил буго. К1ик1и ракгТаталда гьоркьобги бахина киг1ан т1ат1алаго ралел ругониги.

ХЬВАДИЗАРИЗЕ РЕЦЦАРАЛ ПИШАБИ РУГО ГЬАЛ:

Цо-цо мехалъ бет1ералда, черхалда нах бахин. Берада сурма бахин. Витруялда бук1инеги суннатаб буго. Михъал къунц1и, малъал къунц1и. Гьелъул тартиб т1оцебе кваранабалъул ч1ик1арулеб килищ, цинги бакьулъ килищ, цинги рухl килищ, цинги гьит1ин килищ, цинги бурт1ин килищ; квег1аб квералъулги гьит1ин килищалдасан байбихьун лъуг1изег1ан гьабила. Къвалакь бак1 бет1и, х1ал к1веч1они к1к1вай. Г1аналалъул рас т1аса ине гьаби, ама бихьиназе к1к1вай лъик1аб буго; руччабазул бет1и лъик1аб буго.

Гьадал цере рицун арал жал к1икъого къоялдаса нахъ рахъине ц1акъ карагьатал руго.

Гьал нахъа ругел карагьатал жал руго;

Бет1ералъул баг1аз к1к1вай: хъах1аб рас бет1и; мегеж бет1и, цого хьит рет1ун вук1ин, вахъун ч1ун хьитал рет1и, кваг1аб цебе бахъинеги суннатаб буго, амма мегеж к1к1вазе х1арамаб буго.

КАКИ ЧУРИ СУНДАЛЪУН БИХУЛЕБ.

Каки чури бихулел жалункъго руго: 1. Дубур гъубуралдасан мани гуреб жо бач1ин. 2. Г1акълуялдаса ин, амма роххулкъот1и г1одоб мух1кан гьабун кьижун г1акълуялдаса анияли биххуларо. Г1авраталда жаниса квер хъвай лъабабго. Х1ундудузда квер хъваялдалъун биххуларо Шагьваталъул г1орхъоде щварал бихьинчи, ч1ужу цоцада хъвайункъабго. Каки чури биххизе гьабуларел бихич1ониги жидеда хурхахучи гьабуни чуризе суннатал жал руго гьал. Диналъул мух1канлъи бокьарав чиясе г1аналалда бижараб расалда квер хъвай; шагъваталъул г1орхъоде щвеч1ей г1адамалда хъвай. Михъ-мегеж баккич1ев амрадасда хъвай. Шагъваталъул г1орхъоде щвеч1ей г1адамалда хъвай. Черх чарлъулеб унти бугев чиясда хъвай. Гьелда ц1ар т1ехьалда барасс абула. Жугьут1асда хъвай. Би ч1вай. Х1арамаб бак1алде балагъи, г1асилъулеб калам бици. Ццин бахъин. Хварав чи варччи, гьесда квер хъвай. Малъал къунц1и. Михъал къунц1и. Бет1ер к1к1вай. Гьал жал гьаруни каки чури бихуларо, амма бихич1ониги чуризе суннатаб буго. Бихулин абулел имамзаби ругелъул гьезул хилат ц1унун.

НАЗМУ.

Къуръан ц1алиялъе г1ин т1амиялъе
Х1адис бициналъе дарс ц1алиялъе
Мажгиталда жанив лъугьунев мехалъ
Каки чури бук1ин суннатаб буго.
Саг1'ю вукъупалъе зикру баялъе
Хварал г1адамазде зияраталъе
Кьижизе бокьани как ах1иялъе
Къамат гьабиялъе черх чурулесе
Черх хъуплъун бук1аго кваназе ккани
К1иабилеб жимаг1 гьабизе ккани
Цебе каки чури суннатаб буго.
Мунагь гьабунани, кеч1 ах1анани,
Кинабго г1ассияб калам бицани,
Гьесги каки чуре суннат т1убазе.

ЧУРИ БИХИЯЛЪУЛ АДАБАЛ РУГО ГЬАЛ:

Чури бихизе жанив лъугьунев мехалъ кваг1аб х1ет1е бегьила. Жанив лъугьиналда аск1об абила: (БИСМИЛЛАГЬИ АЛЛАГЬУММА ИННИ АГ1УЗУБИКА МИНАЛ ХУБУСИ ВАЛ ХХАБАИСИ) абун.

Къват1иве вахъунеб мехалъ кваранаб цебе гьабун вахъина цинги абила: (ГЪУФРАНАКАЛ Х1АМДУ ЛИЛЛАГЬИ ЛЛЯЗИ АЗГЬ-АБА Г1АННИЛ АЗА ВА Г1АПАНИ.)

Жаниве лъугьунеб мехалъ гьабулеб дуг1а к1очон тани рак1алъ абила. Аллагь бет1ергьанасул Х1абибасулниги ц1ар цадахъги босиларо; г1одов вук1араб мехалъ кваг1аб х1ат1ида х1ал биччан вук1ина. Кьилбаялдеги вуссинаро, роцги рехиларо, г1алахалда вугони гьеб к1иябго х1арамаб буго. Г1адамаздасаги рик1к1алъила гьездаса вахчизеги вахчила. Ч1араб лъелъеги чури бихиларо. Г1алахалда батараб карт1у-кьват1иялда жанибги бихиларо; гьорода бадиве балагьунги бихиларо, годек1аниб, нухдаги бихиларо, пихъ бижулеб гъвет1алда гъоркьги бихиларо. Чури бихараб мехалъ т1агьарат гьабизеги т1адаб буго, я лъедалъун, я ганч1идалъун, к1иябго данде гьаби хирияб буго.

Ганч1ида релъун буго кинабго жиндир х1урмат гьеч1еб хъублъи бахулеб жоги. Ганч1ица таг1арат гьабизе ккани шарт1 хъублъи бакьангут1и буго цо. Бат1ияб жо т1аде бач1унгут1и буго к1иябго. Добе гьанибе г1айн накълулъунгут1и буго лъабабго. К1ущалъ загаралъул бет1ер тани, гьизалъ вахъун ч1араб мехалъ цоцада хъвалеб, бак1 тани, гамач1 бегьиларо, лъабго гамач1 бук1ин ункъабго. Гьез бац1ц1ад гьабич1они бац1ц1алъизег1ан ганч1ица лъулъала, амма ганч1ал витруялда рук1ине суннатаб буго, кваг1аб квералъ гьабизеги суннатаб буго. Биччараб хъубаб жоялда мубашарат гьабизе х1арамаб буго, х1ажат гьеч1они гьеб хекко чуризеги т1алъула.

КАКИ ЧУРИЯЛЪУЛ ПАРИЗАЯЛ ЖАЛ:

Каки чуриялъул паризаял жал анлъго руго: гьумер чуриялда хурхун ният гьаби буго цо. Ниятги рак1алъ гьабизе кколеб жо буго. Гьумер чури -

к1иябго г1ук1к1рукъалгин цадахъ гьуждул чури лъабабго. Масх1у гьаби ункъабго. Х1ат1ал чури щуябго. Тартиб гьаби анлъабго.

Чорхода рихадго, гьелъул гьаваги хвезе гьабун каки чурани гьабун щинаб г1исинал мунагьал чурила.

КАКИ ЧУРИЯЛЪУЛ ШУРУТ1АЛ:

Каки чуриялъул шурут1ал щуго руго: Шарт1 абулеб жо цо жо жинда ч1олеб жо буго. Ай каки чури бегьи жинда ч1олеб жо щуго буго. Бац1ц1адаб лъим бук1ин буго цо. Лагаяда т1асан лъим билъине гьаби к1иябго. Ц1акъ лъим хисизе гьабулеб жо лагаялда бук1унгут1и лъабабго. Лъим щвезе толареб жо лагаялда бук1унгут1и ункъабго. Каки чури бихи даимав чи вугони какил г1уж щвей щуябго. К1ущ т1инк1улев чи вугони г1уж щведал гурони каки чуризе бегьуларо. Какги хекко базе ккела. Гьелъул баян х1айизалъулъ бач1ина.

КАКИ ЧУРИЯЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ.

Каки чуриялъул суннатал жал руго гьал. Т1оцебе – АГ1УЗУБИЛЛАГЬ - лъела, цинги - БИСМИЛЛАГЬ - бахъила. Гьеб бахъи Ах1мадил мазгьабалда т1адаб буго. Авалалда хут1ани каки чуриялъул гьоркьоб абила:

— Бисмиллагьи аввалагьу ва ахирату-абун. Цинги кверал чурила, гьел чуриялда аск1об ният гьабила, гьаб суннатаб ният гьумер чуриялда аск1об буго. Гьал раг1абиги абила:

— Алх1амдулиллагьи ллязи жаг1алал маа т1агьуран. Алх1амдулиллагьи г1алал ислами. Кверал чурун хадуб сивак бахъила. Цинги к1алдибе лъим босила, цинги маг1арзухъе босила; к1иябгоги лъабго ц1ураб хъаталъ т1убазе гьабила. Цин к1алдиб босун, цинги маг1арзухъе босун. Т1олго бет1ералда масх1у гьаби, г1ундузда цузе гьари, т1ехьалда гьелде испизгьар абула. Лъабц1ул гьаби, Калам тейи. Килщал рикьизе гьари. Х1ат1ил килщал гьоркьан цебе гьит1инаб килищ биччан рикьизе гьарила. Мегеж бикьизе гьаби. Гъуррат халат гьаби. Тах1жил халат гьаби. Лугби чуриги масх1уги лъулъай; килщал рикь-рикьизе гьабиги, сивак бахиги, бисмиллагь бахиги, хадуб гьабулеб зикруги гьал киналго лъабц1ул т1ат1алго гьаризе суннатаб буго. Цинги каки чурун бахъараб мехалъ абила квералги эхеде рорхун, бералги зодоре т1амун:

— Ашгьаду ан лаилагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикалагьу ва ашгьаду анна Мух1аммадан г1абдугьу ва расулугьу. аллагьуммажг1ални минаттаввабина важг1ални миналмутат1агьгьирина важг1ални мин г1ибадика ссалих1ина субх1анака Аллагьумма ва бих1амдика астагъфи-рука ва атубу илайка-абун.

Каки чурун хадуб гьел раг1аби абуни киналго лугбудаса мунагьал гьун ина, гьелъул кириялда т1ад мугьруги ч1вала, г1арщалда гьоркьеги босун къиямасеб къо ч1езег1ан ц1унун тела абун буго. Цинги хадуб свалатги бит1ила. Лъабц1ул ИННААНЗАЛНАГЬУГИ ц1алила:

Кинабго лага чуриялда аск1об абила:

— Ашгьаду ан лаилагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикалагьу ва ашгьаду анна Мух1аммадан г1абдугьу ва расулугьу абун.

Каки чурун хут1араб лъималдаса гьекъезеги суннатаб буго. Гьеб гьекъани к1икъого унтиялъе дару абун буго.

Каки чурун хадуб к1иго ракаг1ат базе суннатаб буго. Цебесеб

ракаг1аталъулъ сураталъе гьаб аят ц1алила;
— Валав аннагьум из заламу анпусагьум жаука фастагьфару ллагьа вастагьфара лагьуму ррасулу лаважадуллагьа таввабан рах1иман.

Нахъияб ракаг1аталъул гьаб аят ц1алила:
— Ваман яг1мал суан ав язлим нафсагьу сумма ястагъпири ллагьа яжидиллагьа гьапуран рах1иман - гьал аятазда хадуб лъабц1ул астагьфируллагь-абизеги рекъараб буго. Каки чури ц1и гьабизеги суннатаб буго, аввалаб каки чуриялдалъун как бан бугони, бан гьеч1они Ибнух1ажарас абуна х1арамаб буго абун. Рамалияс абуна карагьагаб буго абун.

К1алдиб лъим босулеб мехалъ абила: — Аллатъумма аг1инни г1ала тилавати китабика васаббитни бил къавли ссабити филь х1аяти ддунья ва фильахирати. Аллагьума арих1ни раих1атал жаннати. Гьумер чуриялда аск1об абила:
— Аллагьумма баййиз важгьи бинурика явма таб яззу вужугьу авлияика вала тусаввид важгьи бизулуматика явма тасвадду вужугьу аг1даика.

Кваранаб гъеж чурулеб мехалъ абила;
— Аллагьумма аг1т1ини китаби биямини ва х1асибни х1исабан ясиран.

Квег1аб гьеж чурулеб мехалъ абила;
— Аллагьумма ла туг1т1ини китаби бишимали вала мин вараи загьри.

Масх1у гьабиялда аск1об абила:
— Аллагьумма гьашини бибаракатика ва азиллани тах1та г1аршика явма ла зилла илла зиллака аллагьумма х1аррим шаг1рий ва бащари г1ала ннари. Г1ундузда масх1у гьабулеб мехалъ абила:
— Аллагьуммажг1ални миналлязина ястамиг1унал къавла паяттабиг1уна ах1санагьу.

Х1ат1ал чурулеб мехалъ абила:
— Аллагьумма саббит къадамаййа г1ала ссират1и явма тазиллу фигьил акъдаму.

ЧЕРХ ЧУРИ.

Черх чуриялда т1ад гьабулел жал щуго руго: х1айиз цо, нипас к1иго, лъимер гьаби лъабго, хвел ункъго, черх хъуплъи щуго. Черх хъуплъи к1иго жоялдалъун лъугъуна. Мани бач1ин буго цо, бихъинчиясул бук1а, ч1ужуг1аданалъул бук1а; маниялъул г1аламат буго к1анц1унк1анц1ун бач1ин, бач1унеб мехалъ лазат лъай. Цоги гьеб лъалеб г1аламат буго мани г1ат1го бугеб мехалъ буцараб ролъул ханжуялъул г1адинаб мах1 бук1ин, бакъвараб мехалъ хъах1аб ханил г1адинаб мах1 бук1ин. Гьал сипатал гьеч1они гьеб жо мани гуро. Загаралъул бет1ер я бет1ерг1анаб къадар паржалда жаниб инги буго к1иябго. Гьединго черх хъуплъула жив т1ад вегараб бусада мани батани.

Черх хъуплъарав чиясе х1арамлъулел жал руго гьал:
Мажгиталъув ч1езе х1арамлъула, гьенив жанив хьвадизеги х1арамлъула, г1узру гьеч1они.

Черх хъуплъарав чи мажгиталда жанив хут1ани я къват1ив вахъи налдалъул боц1и хвеялда х1инкъани, таямум гьабила. Амма мажгиталъул ракьалдалъун таямум гьабизе х1арамаб буго, вакъпуялда гьорлъе лъугьараб бугони.

Каки чури бихарав чиясе х1арамал жал руго гьал:
Как бай цо: къуръан ц1алиялъул сужда к1иябго: щукруялъул сужда лъабабго; рузманалъул хут1ба ункъабго; жаназаялъул как щуябго;

къуръаналда квер хъвай анлъабго, гьеб жаниб бугеб таргьа-гъамас бат1а гьеч1ого, ц1ализе хъвараб хъарщиялда квер хъвазе х1арамлъула, гьайикал-сабабалъе хъваралда квер хъвазе бегьила. Ч1орто жемун квер хъвазеги х1арамлъула, амма матах1-къайиц1агун къуръан баччизе бегьила.

Каки чурун вугин якъинлъани, бихиялъулъ щаклъи ккани, я бихун бугин якъинлъани, чуриялъул щаклъи кка-ни, якъиналда г1амал гьабила.

МАГЬАРИ ЛЪОЛЕБ КУЦ.

Магьари лъезе ккани к1иго нуг1ги ясалъул ва васасул вакилзабиги, магьари. лъолев чиги, щуявго чи вук1ине ккола. Цинги валияс абила: Дица лъадилъун кьуна дун вакиллъун гьаюрай пуланасул яс пуланав мун вакиллъун гьавурав пуланасул вас пуланасе. К1иясулго бурт1ин килщалги цуцазда цузарун кверал рачина.

Гьаб цебесеб вакилас абураб раг1иялда хурхинабун бук1ина къабул гьабиги.

Дица лъадилъун ячина мун, вакиллъун гьаюрай пуланасул яс, пуланай г1адан йилан абила лъабго нухалда бат1а-бат1аго гьабун цебе валияс хадуб вакилас.

Магьари лъеялда цебе гьаб хут1батги гьабе:

<u>Алх1амдулиллагьи васалату ва саламу г1ала расулиллагьи. Усикум ва нафсия бит1акъвалагьи. Ат1иг1у ллагьа рах1имакумуллагьи Аллагьуммагъфирлил муъминина вал муъминати вал муслимина вал муслимати ма байкал машарикъи вал магьариби куллигьим г1амматан амина. Бирах1матика я арх1ама ррах1имина валх1амдулиллагьи ррабилг1аламина.</u>

Ц1А-РИГЬИН ГЬАБИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Чорхол гьава бугев чияс лъади ячине суннатаб буго, магьа-мач1аралда х1ал к1вей батани. Уздан чиясе ункъго ч1ч1ужу, лагъас к1иго ч1ч1ужу данде гьайизеги бегьила. Бихьинчи ч1ужуг1аданалде балагьиги, анкьго бат1ияб буго; цо буго ячине бегьулей чияр ч1ч1ужу г1адамалде балагьи, гьеб х1арамаб буго; щиб бак1алде балагьаниги эл к1иялго киг1ан херал г1ажизал гьава гьеч1ел рук1аниги. К1иабилеб буго, жиндирго ч1ужуялде гьарабащалде балагьи гьеб дурусаб буго; щиб бак1алде балагьаниги, амма к1иябго г1авраталде балагьи гьей к1иялдасангоги караг1атаб буго, элъ канц1аги нахъе ч1вазе гьабила. Лъабабилеб буго, жиндирго мах1рамиял руччабазде балагьи, гьебги дурусаб буго, накабаздаги ц1ц1иналдаги гьоркьоб бак1алде балагьи хут1ун; гьеб бак1алде балагьизеги х1арамаб буго. Ункъабилеб, буго ячизе йокьарай г1адамалде балагьи, гьеб балагьи дурусаб буго, гьумер кверал г1адаб бак1 бугони. Цогидаб бак1алдеги х1арамаб буго. Щуабилеб буго унтараб бак1алъе дару гъабизе абун балагьи, гьеб балагьиги дурусаб буго, щий г1адамалдаса, щиб бак1алда бугониги. Анлъабилеб, буго нуг1лъи гьабизе г1оло, я щибниги муг1амала гьабизе бокьараб бак1алда цо гьумералде балагьила нуг1лъи гьабизе бокьараб бак1алдани нуг1лъи гьабизе х1ажалъулеб бак1алде х1атта г1авраталдеги балагьила. Анкьабилеб буго йосизе йокьарай гъарабащалде балагьи, гьелдеги накабаздаги ц1ц1иналдаги гьоркьоб бак1алде хут1ун балагьизе дурусаб буго. Гьеб анкьабго сураталъул бихьинчи ч1ужуг1адамалде балагьиялъе

бугеб х1укму ч1ужуг1адан бихьинчиясде балагьиялъеги буго.

НИКАХ1 Ч1ЧОЛЕБ ЖОЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Ц1а-ригьиналъул дарам валиясдалъунги к1иго нуг1асдалъунги гурого ч1оларо. Гьел лъабазулго щивав цоявги анлъго сипат жиндилъ х1акълъарав вук1ине ккола;

бусурманлъи цо, балугълъи к1иго, г1акълу бук1ин лъабго, узданлъи ункъго, бихьинав вук1ин щуго, г1адалав вук1ин анлъго: г1адалав вук1ине кканиги щуго шарт1 буго:

т1оцебесеб к1удияб мунагьалда рек1унгут1и буго: к1удиял мунагьалги щалин гьикъани гьездасан ккола как тей: как г1уждаса бахъи, цебе бахъине гьаби, г1узру гьеч1ого закат бахъунгут1и, зина гьаби, х1акъ гьеч1ого чи ч1вай, бихьинасда кушлъи гьаби, мехтел-гьекъел, гьересияб нуг1лъи гьаби, балугьлъун тун къуръан к1очон тей, Аллагьасул рах1маталдаса хьул къот1и, Аллагьасул макруялда божи, эбел-инсуе г1акъуба гьаби, риба кванай, ятимасул боц1и кванай, рамазан моц1алъул г1узра гьеч1ого к1ал биччай, лъик1алдалъун амру гьаби тей, мункаралдаса нагьйу гьаби тей, питнаялда х1инкъанани гуреб х1акъ гьеч1ого буссурманчиясда кьаби, г1адамазда гьоркьов пасадлъиялда хьва-ди, мац1ц1 гьабун бугониги, кагьат хъван бугониги, гьеб гуреб щиб пишаялдалъун бугониги гьел гурел цоги-цоги-далги руго, к1иабилеб шарт1 щибниги гьит1инаб муна" гьалда даимлъунгут1и буго. Гьит1инал мунагьаздасанги руго х1арамаб бак1алде бер балагьи, г1аврат цебе рехизе гьаби, живго вук1унеб бак1алда бугониги х1ажат гьеч1ого:

лъабго къоялдаса ц1ик1к1ун бусурман чиясдаса барщун ч1ч1ей диналъе г1оло гуреб, ч1ух1ун вилъинин, черхалъулъ, рет1елалъулъ х1ажат гьеч1ого чорокаб, нажасаб жо г1амалалде бегьизе гьаби, гьит1инаб лъимер мажгиталде лъугьине гьаби, мух1ч1азда х1ай, къали х1ай, т1ама х1ай, гьоркьоб жо лъун лъеч1ебг1ан мехалда караг1атаб буго т1амур бачи, чагур-чагъана бачи, гьезухъги гьезда релъараздаги г1енеккун ч1ей, гьел гурел цоги-цогидал руго, гьединал гьит1инал мунагьаздасаги ц1униги мунагьалда даимлъани к1удияб мунагьалде бахун бахуна, гьединго дамлъичТониги бахуна, мунагь г1емер гьит1инаб жолъун бихьаниги элдаса вохханиги, элъухъ к1вар гьеч1ого вук1аниги жив къосиялъе сабаблъун эб бук1иналдаса гьапуллъаниги гьеди-гьединал цоги-цоги жалаздалъунги. Лъабабилеб шарт1: буссурманаб диналъулъ иг1т1икъад саламатав вук1и буго; ункъабилеб шарт1: щим бахъараб мехалда кушлъиялъулъ ккеялдаса божарав черх квегьизе кколев вук1и буго. Масала, гьересияб раг1и бициялдаса, гъибаталъул раг1и бициялдаса, цоги гьединаб жоялдаса ц1унун ч1езе к1олев вук1и буго; щуаби леб шарт1: жиндир заманаялъулъ, жиндир бак1алъулъ, жинда релъарал, жиндир къадруялъул чаг1и хьвадулеб х1алалда хьвади буго,

бет1ер г1иц1го, черх г1иц1го къват1иве вахъунев чи, гьеч1они къот1нов кваналев чи г1адалав гьеч1они. Гьединго гьабизе х1алалаб бугониги г1одобег1анаб къабих1аб пиша гьабулев чи вугони, лълъар ч1ч1ей г1адинаб, гьисс-к1урщ лъухъай г1адинаб, дабагъ гьаби г1адинаб, гьевги г1адалав чи гуро: палх1асил гьел рехсарал щурут1ал жин-.дилъ т1урач1ев чи жиндирго яц-яс росасе кьезе валилъунги бегьиларо, щибниги бак1алда нуг1лъунги бегьиларо, гьединав чи валилъун вук1унги нуг1лъун тунги лъураб магьари бегьиларо: никах1 бац1ц1иларо магьари лъелалде цебе бац1ц1адго тавбуниги гьабуни гурони, тавбу кканиги лъабго шарт1 буго: гьабураб кушлъиялда рек1екълъи цо:

гьеб кушлъиялдаса вахи к1иго: т1ок1ав элде вуссинаро абун къасд гьаби лъабго, г1иддаялъулъ йигей г1адамги ссарих1аб к1алъай гьабун абизе бегьиларо дагьабго бакку-бахи гьабун г1идда лъуг1араб мехалда ячизени

бегьила.

РАЧИЗЕ Х1АРАМАЛ РУЧЧАБАЗУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Ячизе х1арамай г1адам анц1ила микьго йиго: анкьго насабалъул рахъалъ, анкьго какил рахъалъ, насабалъул рахъалъ х1арамайги какил рахъалъ х1арамайги киг1ан эхедег1анай йик1аниги эбелги йиго: киг1ан г1одоег1анай йик1аниги ясги йиго, имсул яцги йиго, вацасул ясги йиго, яцалъул ясги йиго; дурцлъиялъул рахъалъ х1арамай лъадул эбелги йиго, долъие гьаюрай лъадул ясги йиго инсул, лъадиги йиго, васасул лъадиги йиго, гьел гурелал лъабго лъадигун данде гьаризе х1арамал руго: лъадул яцги, лъадул инсул яцги, лъадул эбелалъул яцги.

БЕРТИН ГЬАБИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Лъади ячиялъул бертин гьабизе суннатаб буго. Гьеб бертиналъ ах1ун тун инеги т1адаб буго, т1оцебесеб къоялъ мискинзаби тун бечедал чаг1и ах1улел ратич1они, я эб бертин гьабулеб рокъоб мункараб жо батич1они, я эб рокъов жиндие лазат бахъи кколеб чи ватич1они.

СОРДО БИКЪИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Цоялдаса ц1ик1к1ун лъади йигей чияс гьезда гьаркьоб сордоялъулъ барщалъи гьабизе т1адаб буго. Гьезие гьабулеб рикьиялъул бищун дагьаб заманаги цо сордо-къо цо цоялъе. Гьелдаса дагьаб замана гьабизе бегьуларо, г1емераб замана гьабизе лъаб-лъаб сордо буго. Гьелдаса г1емераб замана цоцоялъе гьабизе бегьиларо, эл разилъич1ебг1ан мехалъ, разилъанани цо-цо моц1ги гьабизе бегьила. Жиндир гуреб сордоялда цоялда т1аде инеги бегьиларо. Гьелда цо зах1матаб унти ч1ван я гьелда т1аде гьаратаращ бегьиялда х1инкъани гурого гьединаб х1ажат ккани бегьила. Цо-цо къоялъ к1игояй данде гьаюн вега-вахъине х1арамаб буго. Сапаралда унев мехалда цадахъ цояй ячине бокьани можоро т1амун ячине ккела. Цоги т1аде ячарай лъади йигони анкьго сордо-къо бат1агьабизе т1адаб буго: гьеб заманалда жаниб жив рузман жамаг1аталъе вахъине, унта-щокълъарасде ваккизе, хвелин бугеб бак1алде инеги х1арамаб буго эй разилъич1ого, лъади жинда мутиг1лъич1ого, лъадиялъе жиндехун хилиплъигьаби росасе загьирлъараб мехалда т1оцебе россас гьелъие ваг1за гьабила. Эб ваг1заялъ асар гьабич1они россас элдехун вега-вахъи тела, гьединги юссинч1они адаб малъиялъул нухалда кьабила: гьединай мут1иг1лъи гьеч1ей ч1ужуялъе нафакъа кисваги ккеларо.

БОЦ1И КЬУН Ц1АР Т1АМИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ

Лъадиялъул рахъалдасан бугеб жиб макъсудлъун бук1унеб жиндир лъалеб г1ивазалда ч1ч1ужу бат1а гьайизе бегьула: гьедин бат1а гьаюрай ч1ч1ужуялде, к1иабизе магьари ц1и гьабич1ого вуссизеги бегьуларо, гьедин бат1а гьайизеги яц1ц1адаб, мехалдаги, хъубаб мехалдаги бат1алъи гьеч1ого бегьула.

Ц1АР Т1АМИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ;

Ц1ар т1амиялъул ссагьа к1иго бат1аяб буго: ссарих1гьун бугеб ссагъа жиндилъ загьир ц1ар т1амиялъе гурого бегьулареб бук1уна. Гьелъие ниятги къвариг1унаро: гьединаб ссагьаялдалъун ц1ар т1амурав чияс жиндир мурад ц1ар т1ами бук1инч1о, цоги мурад бук1ана абун абиялъе г1оло къабул гьабиларо кинаятлъун бугеб ссагъа ц1ар т1амиялъеги, цогидалъеги бегьулеб бук1уна гьединаб ссагьаялъулъ ниятги къвариг1уна, ц1ар т1амиялде ният гьабич1они ц1ар ккеларо, жинда ват1йу гьабурай ч1ч1ужуялъул х1айизалъулъ нипасалъулъ йигеб мехалда ц1ар т1амизеги х1арамаб буго, элъие г1иддаялъул замана

халалъулеб бук1иналъе г1оло, гьединго жинда ват1йу гьабурай лъимер бук1ине бегьулей ч1ч1ужуялъул рах1му бац1ц1алъи лъач1ого яц1ц1адаб мехалдаги ц1ар т1амизеги х1арамаб буго: балики нахъа лъимер батун рак1 бух1изе бегьила, гьеб к1иябго гуреб сураталъулъ ц1ар т1амизе х1арамлъи гьеч1ого щибниги жоялда хурхизе гьабунги ц1ар т1амизе бегьула, эб жинда хурхине гьабураб жо батараб мехалда ц1арги ккола. Жинца т1амун ц1ар кколарев чиги, ункъго вуго: гьит1инав чиги, жиназ ккурав чиги, кьижарав чиги, мехтарав чияс т1амураб ц1арни ккола, эсие амру биццат гьабун.

Ц1АР Т1АМУРАЙ Г1АДАНАЛДЕ ВУССИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Цо чияс жиндир лъадиялъул я цо, я к1иго ц1ар т1амун г1идда лъуг1изег1ан эв нахъе вуссине бегьила, вусси х1акълъизе ккани эс абизе ккела: дица мун нахъеги лъадилъун абун. Я гьелда релъараб цоги раг1иниги гьедин нахъего жинде вуссине бегьулей г1адамалъул вуссилалде г1идда лъуг1ун ккани, к1иабизе ц1ияб дарам гьабун гурого элда вуссине бегьуларо: гьедин ячани жиндир хут1ун бук1араб ц1аралда гурони гьей егиларо лъабабго ц1ар т1амун т1амурай ч1ч1ужу йигони элдеги вуссине бегьиларо щуго шарт1алдалъун гурони: жиндасан г1идда лъуг1и цо, цогидасе эй ин к1иго. Гьев к1иабилес элда ват1йу гьаби лъабго: гьес лъабабго ц1ар т1амун гьесдаса т1ей ункъго, гьесдаса т1алъараб г1идда лъуг1и щуго.

РОССАС ЖИНДИР ЛЪАДИ ЯЧИНЕ БЕГЬУЛАРЕЙ Г1АДАМАЛДА РЕЛЪЛЪИНЕ ГЬАБИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Россас жиндир лъадиялдехун мун дир эбелалда релъарай йиго х1арамлъиялъулъ абун гьелда хадуб ц1ар т1амизе г1анаб замана жинца элъул ц1ар т1амич1ого я цоги сабабалдалъун бат1алъи ккеч1ого абуни, нахъеги элде вуссаравлъун лъугьуна. Кафаратги т1ад лъола элъул кафаратги г1узру г1айиб гьеч1еб муъминаб бет1ер тархан тей буго. Гьелда х1ал к1веч1они к1иго моц1алъ т1ат1алго к1ал кквей буго. Гьелдаги х1ал к1веч1они лъабкъого мискин чиясе лъабкъого муд росулъ г1емер квваналеб т1аг1амалдаса кьей буго. Гьедин кафарат т1обит1ич1они элда ват1йу гьабизеги бегьуларо. Эбелалда релъине гьайиялъул х1укму эбел г1адин кидаго ячине х1арамай г1адамалда релъине гьайиялъеги буго, гьединго лъадиялъул загьирал лугбаздаса ц1униги, лагаялда релъине гьабунаниги бат1алъи гьеч1о гьелъиеги гьабго рехсараб х1укму буго.

ХАХИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Ич1го сон т1обаралдаса нахъе ч1ужу г1адамалъ жиндирго рахь щибниги лъимада хахизе гьабуни гьеб хахараб лъимер элъул лъимерлъун ккола. Гьелъул росги гьеб лъимадул эменлъун ккола к1иго шарт1алдалъун. Гьеб лъимер к1иго сон т1убач1еб бук1ин цо, щуц1ул бат1а-бат1аго хахи к1иго, насабалдалъун г1агаразул рачизе х1арамлъулезда релълъарал хахиялдалъун г1агарлъаразулги, рачизе х1арамлъула гьелъул баян цебеги ана.

ЧЕРХ ЧУРИЯЛЪУЛ ПАРИЗАЯЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ:

Ният буго цо, ният гьабила гьадинан: "Дица ният гьабула паризаяб черх чуризе, я паризаяб черх чури т1обит1изе". кинабго рас черхалде лъим щвезе гьаби к1иябго; т1аса хъуплъи ине гьаби лъабабго; амма ниятги черхалъул чурулеб жоялда хурхун бук1ине ккола.

<u>ЧЕРХ ЧУРИЯЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ:</u>

Къиблаялде вуссин. Бисмиллагь бахъи нияталда хурхине гьабун, ниятги кверал чуриялда хурхине гьабун. Амма парчиялъ хъабаялъ черх чурулев вугони, ният т1агьарат гьабиялда аск1об гьабизе рекъараб буго.
Нахъа квер хъвани каки чури бихунгут1изе. Амма цин нияталда цебе хъуплъи, чороклъи т1аса ине гьабила. Цинги черх чурилалда цебе хъуплъи чороклъи т1аса ине гьабила. Цинги черх чурилалда цебе каки чурила; чури бихун бугони паризаяб ниятги гьабила. Бихун гьеч1они черх чуриялъул суннатаб каки чуризе абун гьабила. Цинги бет1ералде лъим т1ела, цинги кваранаб рахъальул цебесеб рахъ чурила, цинги кваранабалъул нахъияб рахъ чурила, гьединго кваг1аб рахъги чурила. Кинабго льаб-лъабц1ул гьаби, рас бикьизе гьаби, льабц1ул кибего квер щвезе гьаби, черх чурун т1убазег1ан рак1алдаса ният ине тунгут1и, гьеб каки чуриялъе суннатаб буго.

Рос хун г1иддаялъулъ гьеч1ей я х1аж бухьун их1рамалъуль гьеч1ей г1адамалъе суннатаб буго, х1айиз-нипасалдаса черх чурулеб мехалъ, жиндир паржалда жаниб мехик1 хут1ин г1адаб мах1 берцинаб жо гьабизе, цо квас-квас г1адаб жоялдаги щван цинги гьеб чуризе кколеб бак1алда лъела. Паржалда жаниб гьеб льеч1ого тезе карагьатаб буго. Аваргас гьадин амру гьабун буго.

Мани бач1ун черх чурулев чиясе цин цебе чордезег1ан к1ущизе суннатаб буго. Нахъоги мани бач1ун чордезе ккун-гут1изе черх чурун хадуб каки чуриялъул азкаралги суннатал руго.

Черх чуриялъул карагьатал жал руго гьал: Лъим исрап гьаби, льим т1ей, лъабгоялдаса ц1ик1к1ине гьаби.

Черх хъуплъарав чиясе кваназе, лъим гьекъезеги кьижизеги, нахъойги жимаг1 гьабизеги караг1атаб буго. Т1агьаратги гьабун каки чурун гурони.

Цо жимаг1 гьабун чурараб каки цоги жимаг1 гьабиялдалъун гурони цогидаб жоялдалъун бихуларо.

Лъимал квешал ничадаб гьеч1ел льугьиналъе сабаб жимаг1 гьабиялда аск1об умумул Аллагьасдаса гьапуллъи буго. Жимаг1 гьабиялда аск1об х1абибасдасан рач1арал азкарал теялдалъун бук1ина абун буго. Кашпуялъул агьлуялъ абун буго мунагьаздаса тавбу гьабун гурони жимаг1 гьабуге абун. Хасго лъимер ургьибе кколеб г1ужалда ц1акъго вац1ц1адалъун гурони жимаг1 гьабуге абун буго. Ургьиб лъимер лъугьунеб г1ужги х1айизалдаса ч1ужу яц1ц1алъараб г1уж буго. Г1абдулвагьаби шиг1ранияс абун буго какилъ г1адин Аллагь рак1алде ч1езе гьавула жинца жимаг1алда аск1об абун. Гьес абун буго жимаг1 гьабиялда аск1об эбел-эмен ругеб суратaлда лъугьине гьабуна лъимал абун.

Аваргас абуна: ч1ужуялда аск1ов вегулеб мехалъ абуни: <u>Бисмиллагьи. алдагьумма жаннибна щайт1ана ва жанниби щайт1ана маразакътана</u> абун. <u>Факъузия байнугьума валадун.</u> Цинги гьел к1иязего лъимер лъугьани "<u>Лам язурругьу щайт1ану</u>-Шайт1аналъ зарар гьабиларо гьеб лъимаде.

Х1ара ч1ван лъимер гьабизе ч1ужу унтараб мехалъ гьелда аск1об гьаб аят ц1алила суннатаб:

<u>Инна раббакумуллагьу ллязи.</u> абураб аят ахаде щвезег1ан. Аллагьу лаилагьа иллагьуваги къулъ аг1узабиги ц1алила. Гьаб дуг1а г1емераб ц1алила: <u>Лаилагьа илаллагьул г1азимул х1алиму лаилагьа илла ллагьу раббул г1аршил г1азиму лаилагьа иллаллагьу раббу самавати ссабг1и ва раббул арзина ва раббул г1аршилкариму.</u> Гьадаб дуг1аялда ургъалил дуг1а абула. Ургъел ккарав чияс г1емер ц1алани ургъел т1аса ине буго.

Ургъел ккарав чияс: аллагьу лаилагьа илла гьуваги амана ррасулуги ц1алани т1аса ина. Лъимер гьабизе к1оларей ч1ужуялда гьаб мугьру

бани бигьалъила. Цоги х1ал бихьараб жо: лъимер гьабизе к1оларей ч1ужуялъул бет1ералдаса дагьал расал т1ун гьелъул кьекен гьабуни лъимер гьаби бигьалъила.

— Изасамауншакъкъатлъ — лъимер гьабизе к1оларей г1адамалда бани бигьалъила. Цоги х1ал бихьараб жо: ургьиб лъимер хварай г1адамалъе борхьица тараб хъалалъул кьекен гьабуни лъимер рехила.

Ч1ужуялъе лъач1ого г1аладул рахь кьуни цинги гьеб гьекъон хадуб гьелда жимаг1гьабуни лъимер гьабуларей ч1ужуялъе лъимер гьабила.

Ч1ужуялъ вас гьавизе бокьани гьей къинай лъугьарай мехалъ лъабабилеб моц1алъ бугониги, гьей кьижарай мехалъ гьелъул чехьалда кверги лъун абила:

Аллагьумма инкунта хадакъта хадкъан фи бат1ни гьазигьил маръати факаввингьу закаран лаусаммигьи ахТмада ав Мух1аммадан бих1акъкъи хТабибика ва на-биййика ва расулика (свалаллагьу гТалайгьи васалам). Фаиннака таг1даму вала аг1ламу таг1ламу иннака анта г1аламул аг1ламу иннака анта г1алламул гьуюби рабби ла тазарни фардан ва анта хвайрулварисина.

Цинги вас гьавураб мехалъ я Мух1аммад, я Ах1мад ц1арги лъела. Т1оцебесеб сордоялъ ч1ужуялда тТаде лъугь-араб мехалъ гьелъул нодо кквела. Цинги гьал раг1абиги абила:

Аллагьумма инни ас алука хвайрагьа ва хвайрама жабалтагьа г1алайгьи ва аг1узубика мин шарригьа ва шарри мажабалтагьа г1алайгьи баракаллагьу ликулли вах1идин минна лиссах1ибигьи. Гьал раг1аби х1айван бичун босараб мехалъ абизе суннатаб буго. Гьелъул нодоги гьежги ккун.

ХЪУБАЛ ЖАЛАЗУЛ БИЦЕН...

Хъубал жалазул бицунеб фаслу буго гьаб (алхамду) —жа буго цо.
Ч1аг1аги буго к1иго. Гьой, болъонги гьаб к1иялъулго т1инч1ги, биги, хьвердги, рец1ги, капурго хвараб жоги, лаг1араб жоги, гъвесги, к1ущги, мазюги, гьебги шагьват багъарараб мехалъ бач1унеб бакъияб жо буго. Гьан кунареб жоялъул рахьги хъубаб буго. Г1адамил хут1изег1ан. Къижарав чиясул к1алдисан чвахараб хисараб лъимги хъубаб буго. Ургьисан бук1ин якъинлъани болъонил, гьвел маниги хъубаб буго, цойгидал х1айваназул — мани бац1ц1адаб буго. Капурго хвараб г1анк1оялда жаниб батараб хоноги бац1ц1адаб буго, т1ад хъал къан бугони. Рахь гуреб жо квинч1еб жоялъул жоги бац1ц1адаб буго. Г1азил къвач1адал кунги бац1ц1адаб буго, кьер, мах1, тату хисич1еб бугони. Ч1агояб х1айваналдаса бат1алъараб жоги хъубаб буго, гьан кунеб жоялъул рас милъирни гуреб. Х1айваналдаса рас бет1изе х1арамаб буго, гьелда унтулеб бугони; унтич1они карагьатаб буго. Гьадал хъубал жалазул рац1ц1алъулел жал: — жа бац1ц1алъула раг1игун цадахъ гъорлъе жо рехич1ого къанц1алъун сверани, капурго хвараб жоялъул т1онги бац1ц1алъула дабагь лъугьиналдалъун. Бух1иялдалъун ракул рахъу бац1ц1алъуларо.

ХЪУБЛЪАРАБ ЖО БАЦ1Ц1АД ГЬАБИ.

Цо жо хъуплъани болъон, гьвеялдалъун анлъц1ул чуризе ккела, гьезул цо чури ракьалдалъун бук1ина, хирияб цебесеб ракьалдалъун бук1ин буго. Рахь гуреб жо квинч1еб бихьинлъимадул к1ущалдалъун хъублъараб жоялде т1аде лъим щвани г1ела. Амма кинабго бак1алде щвейги, к1ущалдаса г1емераб бук1инеги шарт1 буго. Гьадаб цебе бицараб жо гурелдалъун хъуплъараб жо т1ад бихьулеб асар бугони т1аса инабизе ккела. Кьерниги, мах1ниги т1ад (хут1ани) (бихьулеб асар бугони) зарар гьабиларо. Т1аса инабизе зах1малъани, амма к1иябго хут1ани бегьиларо.

Амма тату т1ад бугони бегьиларо нахъе инабизе ккола. Т1ад бахараб

хъуплъи бералда бихьулареб, жиндий кьер, мах1, тату гьеч1еб бугони, т1асан лъим билъине гьабуни г1ола. Амма хъубаб бак1 бац1ц1алъизе ккани, жинда т1аде бегьи шарт1 буго. К1иго къулаялде щвеч1еб лъеда т1аде хъуплъи бегани лъим хъуплъула.

МАСХ1У ГЬАБИ.

Мачуязда масх1у гьабизе ккани лъабго шарт1 буго. К1иябго мачу каки чурун хадуб рет1и буго, цо. Х1ат1азул чуризе кколеб бак1 бахчулел рук1ин к1иябго. Лъабго сордо-къоялъ жиндир х1ажатазулъ мусавир хьвадизе бегьу-лел рук1ин лъабабго. Рокъов вугев чияс цо сордо-къоялъ х1аваижазулъ хьвадизе бегьулел рук1ине ккола. Т1аде т1ураб лъим жаниб баккуларелги рук1ине ккола. Амма карт1ихъан баккараб лъеца зарар гьабиларо. Рокъов вугев чияс масх1у цо сордо-къоялъ гьабила. Сапаралда вугев чияс лъабго сордо-къоялъ гьабила. Масх1уялъул заманаялда бай бихьани каки чурун мачуял рет1ун хадуб чури бахаралдаса байбихьун бук1ина. Рокъоб масх1у гьабурав чи сапаралде вахани ялъуни масх1у гьабурав мусафир рокъов хут1ани, цо сордо-къоялъ гурони масх1у гьабиларо. К1иго мачуял т1ад ругони гьоркь ругел масх1уялъе бегьулелги ругони т1асиял мачуязда масх1у гьабун тезе бегьиларо; гьоркь ругел бегьуларел ругони бегьула. Мачуял хъубал ругони масх1у бегьуларо. Мачуял рахъани масх1у бат1уллъула, ялъуни мачу бихъун чуризе кколеб бак1 цебе лъуни, черх хъублъананиги бат1уллъула. Масх1уялъул замана т1аг1аниги я т1аг1индал щаклъаниги бат1уллъула.Гьеб гьабулеб суннатаб къаг1идаги квег1аб квер эгъеялда гъоркь лъела; кваранаб килщазул бут1рузда лъела. Цинги килщалги рикь-рикьизе гьарун кваранаб квер нахъехун ц1ала; кваг1аб квер цебехун ц1ала. Масх1у гьабун тезе цо-цо бак1алда суннатаб буго. Масх1у гьабиялда щаклъани гьаби хирияб буго. Гьединго руго цогидал рухсабиги. Цо-цо бак1алда масх1у гьабизе т1алъула.

Х1ат1ал чуризе г1олареб лъим бугони цогидал лугбиги чурун масх1у гьабун тела. Ай масх1уялъул шурут1ал ру-гони гьоркьа х1ат1ида масх1у гьабун г1еларо, т1адехун рахъалда гьабизе ккела. Т1аса мачуял рахъани х1ат1ал гурони чуризе ккеларо.

ТАЯМУМ ГЬАБИ.

Таямум гьабизе ккани щуго шарт1 буго:
Сапаралдалъун бугониги унти-щокълъиялдалъун бугониги, г1узру бати цо.

Какил г1уж щвей к1иябго. Г1уж щвезег1ан гьабураб таямум какий бегьиларо.Т1алаб гьабун лъим шунгут1и лъабабго.Лъим г1амалалде бегьизе гьабизе г1узрулъи ун-къабго. Бац1ц1ададаб ракь бук1ин щуябго. Лъимги ракьги щвеч1они г1ужил х1урматалъе г1оло как бала. Нахъа бец1изеги т1алъула. Лъим батунгут1и якъинлъани лъимго т1алаб гьабич1ого таямум гьабила.
Лъим батизе бегьулеб бак1 бугони г1уж щвараб мехалъ лъим т1алаб гьабила. Гох1де вахъине ккела, к1к1алабахъе лъугьина, дове аниве балагьила, ясиндир гьалмагълъиялда бараб ах1и раг1улеб бак1алда хьвадила. Гьелда ц1ар х1адулгъавс абула. Гьениб лъим батич1они таямум гьабила. Сапаралда решт1арал г1адамал жидер х1аваижазулъ хьвадулеб бак1алда лъим бук1ин якъинлъани, гьенивеги ине т1алъула.

Гьелъул къадар анлъ азарго гали буго, абуна цо баг1азас, гьелдаса рик1к1ада гурони лъим гьеч1они таямум гьабила. Какил г1уж бук1аго лъеде щвей лъани, как нахъе бахъине хирияб буго. Жиндир черх буциялда х1инкъани ялъуни какил г1уж борч1иялда х1инкъани, лъим т1алаб гьабич1ого таямум гьабила. Амма х1аддулгъавсалда лъим бук1ин якъинлъани г1уж борч1улеб бугониги таямум бегьиларо.
Каки чуризе г1олареб лъим батани г1урабг1ан бак1алда гьеб г1амалалде бегъизе гьабила, цинги таямум гьабила. Жиндир багьаялда бичулеб лъим батани гьеб босизе ккела. Жинда цадахъ бугеб х1урмат бугеб х1айван къечеялда х1инкъун вугони таямум гьабила. Лъим хъвазе х1инкъараб лагаялда бугони унтич1еб щинаб чуризеги ккела. Унтараб бак1алъе г1оло таямумги гьабизе ккола. Амма каки чуриялъе г1оло гьабулеб таямум ругьун бугеб лагаялде щвараб мехалъ гьабизе ккола. Черх хъублъараб чияс гьабулеб таямумалъе тартиб гьеч1о, кида гьабуниги бегьила. Цинги гьеб лагаялда т1ад къараб жо батани бахъизе ккела. Бахъани, зараралда х1инкъани лагаялъул къват1иб баккараб сах1их1аб бак1 чурила, т1ад къараб жоялда т1ад лъимги бахина. Каки чурулев чияс гьеб т1ад къараб лагаялда щвараб мехалъ таямумги гьабила. Гьеб къараб жо каки чуриялда къан гьеч1они как бец1ила. Х1ажаталдаса т1ок1аб къадар ккун бугони каки чурун къан бугониги бец1ила. Таямум гьабулеб лагаялда бугони каки чурун къан бугониги т1ок1аб къадар ккун гьеч1ониги, ай мут1лакъго бец1изеги ккела. Квачалда х1инкъун таямум гьабун бараб-ги бец1ила. Лъим бати г1емераб бак1алда таямум гьабун барабги бец1ила. Г1асияб сапаралда таямум гьабун барабги бец1ила.

ТАЯМУМАЛЪУЛ ШУРУТ1АЛ.

Таямумалъул шурут1ал анц1го руго. Ракьалдалъун бук1ин буго цо. Ракь бац1ц1адаб бук1ин к1иябго. Ракь г1амалалде бегьизе гьабураб бук1унгут1и лъабабго. Жинда гьорлъе ханжу гьелда релъараб жубангут1и ункъабго. Ракьалде къас гьаби щуябго. Кинабго пар-зулг1айбалъе таямум гъаби анлъабго. Жиндир гьумералдаги к1иябго гьежалдаги к1иц1ул кьабун ракь бахи анкьабго. Цинги авалалда бугеб хъублъи т1аса ине гьаби микьабго. Киб бугониги бат1а гьеч1о черхалда хъуплъи бук1аго, таямум бегьиларо.
Таямумги гьабун как бала, цинги хадуб бец1изеги ккела. Таямум гьабизег1ан цебе къиблат лъай т1алаб гьаби ич1абго. Къиблаялъул ижтигьад гьабизег1ан цебе таямум бегьиларо. Г1уж щвараб мехалъ гьаби анц1абго. Кинабго парзулг1айналъе ц1ияб таямум гьабизе ккела. Цо таямумалъ к1иго парз базе бегьиларо.

ТАЯМУМАЛЪУЛ АРКАНАЛ:

Таямумалъул арканал щуго руго. Ракь накълу гьаби цо. Ният гьаби к1иябго. Ниятги гьадин гьабила: Дица ният гьабула каки чуриялъул х1ажалъулеб жо х1алаллъиялъе паризаяб таямум гьабизе, ниятги ракь накълу гьабиялъул авалалда хурхун бук1ине ккела. Гьурмал баг1азалда масх1у гьабизег1ан гьеб даим гьабизе ккела. Гьурмада масх1у гьаби лъабабго. Г1ужда гьаби ункъабго. Тартиб гьаби щуябго.

ТАЯМУМАЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ:

Бисмиллагьи — бахъи. Кваранаб рахъ цебе гьаби. Х1ур т1ерен гьаби, т1ат1алго гьаби. Килщал рикьизе гьари, ав валаб накълуялда аск1об баргьич бахъи. К1иабилеб накълуялда аск1обни т1адаб буго масх1у такрар гьабунгут1и къилбаялде вуссин. Хадуб к1иябго шагьадат бегьизе гьаби.

ТАЯМУМ БАТ1УЛ ГЬАБУЛЕЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ:

Каки чури бихизе гьабулеб жоялъ таямумги хвезе гьабула цо. Лъим х1адурлъи к1иябго. Таямумги гьабун как балаго т1аде лъим бач1ани, бец1изе кколеб как бугони, таямумги хода, какги хола. Бец1изе кколареб как бугони каки чурун базе (ккела) как бихи лъик1аб буго.

Х1айиз т1аса арай г1адамалъ россасе х1алаллъиялъе таямум гьабун бугони жимаг1 гьабулеб щинадухъ таямум гьабизе ккеларо.

РУЧЧАБАЗУЛ КАК ХВЕЯЛЪУЛ БИЦЕН БУГО ГЬАБ:

Гьезде щолеб жоялда х1айиз абула. Ч1ужу г1адамалде х1айиз бач1ине бегьулеб заманаялъул бищун дагьаб ич1го сон буго. Ич1гоялде щвезег1ан бач1ани гьеб жо х1айиз гуро. Гьелъул заманаялъул бищун дагьаб цо сордо-къо буго.

Цо ч1ужуялда бач1унеб бихьани, цинги гьеб цо сордо-къоялде щвеч1ого къот1ани гьеб х1айиз гуро. Сордо-къоги къоло ункъго саг1аталъул къадар буго, тарал какал рец1изе ккела. Гьелъул бищун г1емераб замана анц1ила щуго сордо-къо буго. Г1емерисал руччабазул г1адат билъараб анкьго, анлъго къо буго. К1иго х1айизалда гьоркьоб кколеб заманаялъул бищун дагьаб анц1ила щуго сордо-къо буго. Гьелдаса дагьалде бач1унеб би бихьани гьеб х1айиз гуро. Анц1ила щуго къоялдаса бач1унеб би ц1ик1к1ани анц1ила щугоялъулъ ккараб х1айиз буго, гьелдаса ц1ик1к1араб истих1азат абула гьелда, гьеб ц1ик1к1араб заманаялда как тезе бегьиларо.

Руччабазда т1адаб буго жидеда х1айиз щолеб замана ц1ехон лъан рук1ине, чан къоялъ яц1ц1алъич1ого хут1ула моц1алъул авалалдайищ жинде х1айиз бач1уна, ахирал-дайиш бач1уна абун. Щай абуни, нагагь мустах1азатлъун лъугьани жиндир заман къадарги лъач1они, заг1ипаб ц1акъабги бат1а гьабизе к1веч1они, гьей г1адамалда мустах1айират абула. Гьелде т1аде ц1акъаб зах1матаб амру бач1уна, гьелда ккунгут1изе лъан йик1а. Гьеб гьелде бач1унеб амруги щиб абуни, гьей мустах1айираталъ цони-ги как тезе бегьиларо. Кинабго какий черх чуризеги кке-ла; к1иго моц1ги анлъго къоги к1алалъулги квезе ккела. Цинги гьей мустах1азаталъ жиндир парж чурила, жаниб квас-квасги лъела, я гьелда релъарабниги лъела. Бица бух1изе гьабун зарар кколеб гьеч1они, я к1ал ккун гьеч1они, гьедин бугони т1ад ч1орто къан лъела. Цинги жаниб лъураб квас-квасалъ бач1унеб би кквеч1они тГаджоги къан цинги каки чуризе хехлъи гьабила. Амма г1уж щун хадуб гуро^и каки бегьиларо. Цинги как базе хехлъи гьабила. Какил маслах1ат гурелъе г1оло как нахъе бахъани нахъойги квас-квас ч1орто ц1и гьабизе ккела. Амма какил маслах1аталъе г1оло балагьизе бегьула; как ах1улеб раг1ани гьелъие жаваб гьабулей ч1езе бегьула. Кинабго какалъе каки чури ц1игьабизеги квас-квас ч1орто ц1игьабизеги ккела. К1ущ чвахен

ч1оларев чиясеги гьебго х1исаб буго.

Х1айиз щварай г1адамалъ как — К1ал толеб мехалъ ният гьабуни Аллагьасул амруялда нахъ йилъун толеб буго дица абун гьабурабг1ан кири хъвала. Гьей х1айиз щварай ч1ужуялъе х1арамлъула черх хъуплъарав чиясе хГарамлъулеб жо, к1алги х1арамлъула. Х1айизалъулъ йигей ч1ужуялда ц1ар т1амизеги, накабаздаги, ц1ц1иналдаги гьоркьоб бугеб бак1алдасан мунпаг1ат босизеги х1арамлъула, амма жимаг1 гьаби гурияб мунагь буго.

Нифасалъул бищун дагьаб цо лазат буго. Лъимер къват1ибе лъугьунеб мехалъ бач1араб гурони бихьуларелги рук1ина. Нифас абулеб жо лъимер гьабун хадуб бач1унеб жо буго. Гьелъул г1емераб замана лъабго къо буго. Пемерисел руччабазул к1икъого къо буго.

Цинги руччабазда т1адаб буго х1айизалъул бугониги гьеб гуриялъул бугониги жал жинде х1ажалъулел жал лъазе гьаризе жиндаго лъалеб гьеч1они лъалесда гьикъун россабаз малъизе ккола, я жалго гьикъизе риччазе ккола, риччангут1и х1арамаб буго.

КАК БАЙ.

Исламалъул к1иабилеб рукну как буго. Гьелъул бицен буго гьаб. Как абулеб жо абулел раг1аби, гьабулел пишаби руго нияталда хурхараб аллагьу акбаралдалъун гьорлъе лъугьунеб, саламалдалъун гьорлъаги бат1алъулеб.

Как т1адаб буго г1акъилав, балугъав, вац1ц1адав чиясда. Капурчиясда как бец1изе т1алъуларо буссурманльарав мехалъ. Амма муртадасдани бец1изе т1алъула. Гьит1инав чиясги бец1изе кколаро; мажнунасги к1к1отен бач1арав чиясги ккеларо; мехтарав чиясни ккела бец1изе. Цинги валиясда т1адаб буго, жинда кодоб бугеб лъимада амру гьабизе как бай, к1ал кквей абун. Анкьго сонался щварав мехалъ, анц1иде щварав мехалъ кьабила.

Цоги лъимада бищун цебе лъазе гьабизе т1адаб буго, авараг Мух1аммад вуго абун, Маккаялда гьавурав Мадинаялда вукъарав. Гьит1инав чи балугъалде щвани как бухьинег1ан къадар г1ужалъулги бук1аго гьеб г1ужил как-ги т1алъула, гьелда цебехун бугеб какги т1алъула, цоцаде босизе бегьулеб бугони. Как базе нахъе ч1валеб жо Т1аса ани, масала, ч1ужуялдаса х1айиз ани как бухьинег1ан къадар г1ужалъулги бук1аго, гьеб какги т1алъула. Гьелда цебе бук1араб какги т1алъула, данде босизе бегьулеб бугони. Бакъанил какил г1ужалъул как бухьинег1ан къадар бук1аго г1узру т1аса ани, къаде какги базе т1алъула. К1к1отен бач1арав чиясул, мажнунасул гьезда релъаразул х1исабги гьебго буго, к1иябго парз базег1ан къадаралда вигьун саламатлъун хут1ани.
Гьединго буго г1ужилъе лъугьингун т1аде г1узру бач1аниги, ай каки чурун, как базег1ан къадар г1ужалъул ккезе щвани данде гьабизе бегьулеб бугони, цебехун бугеб какги т1алъула. Ай к1иялъулго къадаралъ нахъа рег1ани. Г1узру гьеч1ого хут1араб как бец1изе, нахъе бахъизе бегьуларо. Г1ужил какалда цебе бец1изеги суннатаб буго. Масала, г1уж иналда х1инкъич1они тартиб гьабизеги суннатаб буго. Рогьалил как цебе бец1ила къаде какалда, къаде как бакъанилалда. Г1исинал лъималазда как гуребги диналъул умурал; сивак бахъи, жамаг1аталде ин г1адинал жал тогеян х1инкъизе гьарун амру гьабила.(ва филь х1адиси) — х1адис буго: (акриму авладакум) — нужеца ножорго лъимал к1одо гьаре (ва ах1сину адабагьум) — нужеца гьезул адабги берцин гьабе-абун.

Ва мах1афизал инсану фи муддати ссибба. Ядуму давама ннакъши фи я бисил х1ажар. Гьит1инаб мехалда малъараб адаб. Ганч1ида бик1к1араб хатЫадин ч1олеб. Цоги х1адис буго: хъизан жагьиллъиялдаса к1удияб му-нагьалдалъун лагъас къиямасеб къоялъ аллагьасда данде ч1вай гьабиларо абун.

КАКИЛ Г1УЖ: — къаде какил г1уж г1уч1 бахъунч1езабун лъала.
МАСАЛА: — бит1араб бак1алда цо г1уч1 бахъун ч1езе гьабила.
Цинги гьеб г1уч1алъул раг1ад зоб бакьулъе бакъ щвезег1ан къокълъулаго биляьина, зоб бакьулъе бакъ щвараб мехалъ халалъизе бай бихьула. Цинги гьеб замана къаде какил г1уж буго. Цинги халалъулаго ина, цинги гьадаб къо бащалъуда бук1араб раг1адалде т1аде бахун ч1ч1араб г1ужг1ан раг1ад лъуг1изег1ан къаде какил г1уж буго. Гьелдаса халалъизе байбихьараб г1уж бакъани какил буго. Къалъизег1ан бук1аралдаса т1аде к1иго г1уч1 г1анасеб къадаралъ раг1адалъул лъугьинег1ан бакъани какил ихтияраб г1уж буго.

Рии ч1овулъ бакъани какил г1уж марк1ач1о как ах1изе лъабго саг1атгуй бащадалдасацин ц1ик1к1араб къадар бук1аго щола. Гьеб заманаялъ бакъ ц1акъго эхедег1ан бук1уна. Г1емерал г1адамазул къаде как бакъанил какил г1ужалда ккола. Воре, тохлъуге г1уч1 ч1ван х1исаб гьабе.

Цинги марк1ач1ул г1уж бакъ т1ерхьаралдаса щафакъул ах1мар т1ерхьинег1ан бук1уна. Амма каки чурун как ах1ун къимат гьабун, г1аврат бахчун щуго ракаг1ат базег1ан къадар гурони гьеч1о. Мух1канлъи бокьарав чияс хехлъи гьабе. Цинги богол какил г1уж буго рогьел базег1ан. Цинги рогьалил г1уж буго бакъ баккизег1ан ихтияраб г1уж ракьалде гвангъи рехизег1ан буго. Как базе г1олареб къадаралде ккезег1ан, как нахъе бахъизе х1арамлъула. Богол какда цебе кьижизе карагьатаб буго. Хадуб гаргадиги карагьатаб буго. Лъик1аб бицун гьоболасул рак1 гьеялъени гуреб. Кинабго как жиндир г1ужил авалалда базе хирияб буго. Аварагас абуна; бищун лъик1аб г1амал авалалда бараб как буго абун.

Какил ракаг1ат г1ужда ккани, гьелда г1ужда бараб как абула. Цониги ракаг1ат г1ужда ккеч1они гьеб бец1ун как буго. Какил г1уж лъач1они лъазег1ан ц1акъ бахила жиндир как цебе ккун бук1ин лъани ц1и гьабила. Карагьатут-тах1рим буго зоб бакьулъе бакъ бахараб мехалъ жиндий сабаб цебе ккеч1еб как базе рузман къоялъни гуреб рогь-алил какалда хадуб хочол къадаралъ бакъ бахинег1ан, бакъ т1угьиллъиялда аск1обги т1ерхьинег1ан. Амма цебе ккараб сабабалъе г1олон балеб какги карагьатаб гьеч1о. Масала каки чуриялъул суннат базе бегьила бакъ-моц1 кквей, ц1ад гьариялъул какги бегьила. Тасбих1алъул ис-тихаралъул какалда релъараб бегьуларо. Амма Макка х1арамалдани бокьараб как бокьараб мехалда базе бегьила.

Жамаг1ат щвей якъинлъани как нахъе бахъизе суннатаб буго; нак1к1 бугеб мехалъги нахъе бахила г1уж щвей якъ-инлъизег1ан.

Паризаяб какие бец1ун балеблъиги, как ах1иги къимат гьабиги суннатаб буго. Цо жамаг1ат бахун ун как балеб бак1алде гьеч1о. Руччабазе как ах1и суннатаб гьеч1о, къамат гьаби суннатаб буго. Живго цох1о как балев чиясеги как ах1и суннатаб буго, будунасул как раг1ун бугониги, гьесул какица ах1ун ун гьенив как балев чилъун гьеч1они. Амма жамаг1ат какдаса бахун батани гьаракь бахине гьабич1ого ах1изе хирияб буго. Цоялда къокълъизе карагьатаб буго. Как ах1улеб раг1араб мехалъ жаваб гьабизеги суннатаб буго. Гьеб тезе карагьатаб буго. Гьелъие гьабулеб жавабги будунас абураб жо аби буго. Ункъабго х1аййа г1алаялъени лах1авла вала къуввата илла биллагь абила-ассалату хвайрун минаннавми-абураб мехалъ-ссадакъта вабарирта-абила. Къаматалъеги жаваб будунас абураб абила: амма къадкъамати ссвалат-абураб мехалъ: (акъамагьаллагьу ва адамагьа ва жаг1алани мин ссалих1и агьлигьа)-абун абила. Гьеб кТиялъулго цояб гьабун тезе бокьани как ах1иялдаса къимат гьаби хирияб буго.
Г1ободияс как ах1иялдаги къаматалдаги гьоркьоб гьабулеб бук1араб дуг1а буго гьаб, ай къаматалда цебе гьабулеб, жинцаго данде гьабураб:

(Аг1узубиллагьи минащщвайт1ани рражими. Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими алх1амдулиллагьи раббилг1аламина аллагьуммассвалли г1ала сайййидина Мух1аммадин ва г1ала али сайййидина Мух1аммадин ва саллим. Аллагьумма амитна муъминина муслимина мувах1х1идина вах1шурна муъминина муслимина мувах1х1идина вах1фазна фиддарайни. Аллагьумма ссах1их1 иг1тикъадана вакаммил иманана ва таммим исламана ва къавви якъинана. Аллагьумма факъкъигъна фи ддини ва загьидна фиддунья варзукъна. Ризванал акбари ва х1уснал хатимати вах1фазна мин суил хатимати ва ннирани варзукъна шапаг1ата набийййина Мух1аммадин г1алайгьи ссвалату васаламу. Аллагьумма я мукъаллинал къулуби саббит къулубана г1ала диника ват1аг1атика вар-зукъна г1илмал х1акъикъати ва г1илма т1т1арикъати ва г1илма шшариг1ати ва г1илмал маг1рифати варзукъна г1илман нафиг1ан ва г1амалан мутакъаббалан ва ризкъан т1айййибан ва тавбатан нассух1ан вагьвирли валивали-дайййа ванссурна г1алал къавмил кафирина)

Как ах1ун хадур гьарулел дуг1аби гьалги руго:
(лаилагьа иллаллагьу Мух1аммадун расулуллагьи. Аллагьумма рабба гьазигьи ддаг1вати ттааммати ва ссалатил къаимати ати Мух1аммадана лвасилата валфазилата вабг1асгьу макъаман Мах1муданллязи-ва г1адтагьу иннака ла тухлипул миг1ада ашгьаду ан лаилагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикалагьу ва ашгьаду анна Мух1аммадан г1абдугьу ва расулугьу разиту биллагьи раббан ва бил ислами динан ва би Мух1аммадин расулан ва бил къуръани имаман ва бил каг1бати къиблатан Аллагьуммактуб шагьадати гьазигьи филь г1иллийййина ва аштьир г1алайгьа малаикатакал мукъаррабина ва анбияакал мурсалина ва г1ибадака ссалих1ина вахтим г1алайгьа биамина важг1ал ли г1индака г1агьдан туфинигьи явмал къиямати иннака ла тухлифул миг1ада Аллагьумма инни ас алукалг1афва валг1афията вал муг1афата фиддинива ддунья вал ахирати. Аллагьумма заввижни минал х1урил г1ини) — Гьаб дуг1а ц1алани г1арщалда гьоркьан кагъат бач1унила жу-жах1алдаса божи бугеб. Гьадаб дуг1аялда хадуб рогьалил как бугони гьал раг1абиги абила: —Гьаза идбару лайлика ва икъбалу нагьарика. Аллагьуммагьфирли: абила. Как ах1иялдаги къамат гьабиялдаги гьоркьоб Аллагьу лаилагьа ц1алани к1иябго какда гьоркьоб гьабуни мунагь хъваларо. Как ах1аралдаса как базе балагьулеб къадар бащадаб жуз къуръаналъул ц1ализег1ан къадар буго. Гьелдаса т1ок1лъи ками суннаталъул хилаф буго. Г1ужил авалалда дагьал чаг1игун бараб как нахъе г1емералгун баралдаса хирияб буго.

<u>КАК АХ1ИЯЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ:</u>

Къилбаялде вуссин, к1иябго ч1ик1арулеб килищ г1ундузда жаниб къазе гьаби, вахъун ч1ч1ун ах1и, х1аййа г1ала ссвалат —абураб мехалъ кваранаб рахъалде гьумер буссине гьаби, керен жибго тун х1аййаг1алалфалах1 — абураб мехалъ кваг1аб рахъалде вуссин таржиг1 гьаби, гьеб щиб абуни ункъабго аллагьу акбаралда хадуб шагьадаталда цебе к1иц1ул шагьадат бегьизе гьаби буго. Какйй гьабулеб жаваб какйй калимаялда хурхун бегьуларо, какил раг1аби цебе ккезег1ан ч1езе ккела. Таржиг1алъеги жаваб гьабила раг1ич1ониги. Какйй жаваб гьабила х1урупал рич1ч1ич1ониги. Какйй жаваб гьабизе Къуръанал ц1али тела, зикру балесги г1елмуялде вуссарасеги гьельие жаваб гьабила будунас таржиг1 тани раг1арав. мужибас гьабила, ай как ах1и раг1арав.

Ч1ужуялъ— изаажабатил азана — какий жаваб гьабуни — авил икъамата — я къаматалъе жаваб гьабуни — кана бикулли х1арфин алфу алфи даражатин. Гьелъие кинабго х1арп рик1к1ун азарц1ул азарго даражат бук1ина. (Валирражули зиг1фу залика) Бихьинчиясе гьедиг1ан т1адеги ц1ик1к1ине гьабила.

Жимаг1 гьабулес, чури бихулесги жаваб гьабила жидер х1ажат т1убараб мехалъ. Имамлъиги как ах1иги агьлулъун вугев цо чияс гьабизе суннатаб буго.

БУДУНАСУЛ ШУРУТ1АЛ:

Будунасул шурут1ал г1уж лъалев вук1ин, мумаййизлъун вук1ин, бихьинав вук1ин. Как ах1иялъул шурут1ал тартиб гьаби, т1ат1алаго ах1и, жамаг1аталъе ах1улеб бугони, жамаг1аталъул г1адамада раг1изе гьаби. Жиндийго ах1улеб бугони жиндир напсалда раг1изе гьаби, г1уж щвей, амма рогьалил как радакь ах1изе бегьула г1араб моц1алъ бугеб.

<u>Как ах1иялъул карагьатал жал пасикъас ах1и.</u> каки чури бихарав черх хъуплъарав чияс ах1и, гьоркьоб калам гьаби, гьит1инав чияс ах1и, г1одовук1ун ах1и, къилбаялде вуссинч1ого ах1и. Гьал карагьатал руго къаматги как ах1иялда релъун руго.

БУДУН:

Будун божарав, аллагьасе г1оло гьабулев, гьаракь к1удияв, гьаракь берцинав, вук1ине суннатаб буго. Къаматалдаги как бухьиналдаги гьоркьоб к1иго ракаг1ат базег1ан къадар ккани къамат ц1и гьабила.

КАКИЛ АХ1КАМАЗУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

<u>Паризаяб как щуго буго:</u>
Къаде как буго цо, элъул г1ужил авалги зоб бакьусан бакъ гьет1араб мех буго, эб гьет1и лъазе кканиги бит1араб бак1алда бит1араб т1ил эхетун хал гьабуни лъала. Элъул раг1ад къокълъулеб бук1ун халалъизе бай бихьи нилъеда лъараб мех бук1уна: Гьеб г1ужил авалги бук1уна: элъул ахирги кинабго жоялъул раг1ад жиндаго барщалъараб мех бук1уна: К1иабилеб бакъанида как буго: элъул г1ужил авалги гьеб къаде г1ужил ахиралда бук1уна. Раг1ад т1аде ц1ик1к1ине бай бихьараб мех буго элдаса бай бихьун, элъул г1ужги бакъ т1ерхьинег1ан бук1уна. Лъабабилеб марк1ач1уде как буго. Элъул г1ужги бакъ т1ерхьаралдасан щапакъул ах1мар т1ерхьинег1ан буго: шапакъул ах1мар абулеб жоги бакъуда нахъа бук1унеб баг1арлъи ккола. Ункъабилеб — богол как буго, элъул г1ужги щалакъул ах1мар т1ерхьаралдасан бит1араб хъах1лъи лъуг1изег1ан гьоркьоб замана ккола, бит1араб хъах1лъиги щобазда т1ибит1араб бук1уна; элда цебе бук1унеб царал могъ г1адинаб хъах1лъини гьересияб бук1уна. Щуабилеб — рогьалил как буго; элъул г1ужти гьеб бит1араб хъах1лъи баралдаса нахъе бакъ баккизег1ан гьоркьоб бугеб мех буго; гьел рехсарал г1ужазулъ как базе бищун хирияб кири ц1ик1к1араб мехги гьезул щибалъул авал буго: х1атта жеги г1ужго щвелалде цебе каки чурун х1адурго ч1ч1ун г1уж щвараб саг1аталда как бани гьелъул кири бищунго ц1ик1к1араб буго; жамаг1ат гьабизе кват1улеб бугони, гьеб жамаг1аталъухъцин балагьич1ого г1ужил как авалалда г1уж ц1унун жиндиего бай хирияб буго; гьеб хиралъи жиндие бугеб гьеб авалги бащадаб саг1ат т1олго г1ураб гъеч1еб г1адаб заманаялъ бук1уна, ц1ик1к1ун бук1унаро.
<u>Анкьил къоязда п1арал:</u>
ах1ад, итни, талат, арбаг1, хамиз, рузман, шамат.

Моц1азда ц1арал:

Мух1аррам, ссафар, рабиг1ул аввал, рабиг1ул ахир, жамадул ула,

жамадул ахир, ражаб, щаг1бан, рамазан, щаввал, зулкъиг1идат,

зилх1ужат.

Аллагьас т1ад щай къараб как к1иго ракаг1аталъул байилан, къаде как, бакъанил как, боголил как ункъо ракаг1аталъул байилан марк1ач1ул как лъабго ракаг1аталъул байилан:

1. Аллагьас вижиялъе г1оло адам авараг к1иго жоялдалъун къаркъалаялда, рух1алда. Къаркъалаялъе шукру гьабун цо ракаг1ат, рух1алъе шукру гьабун цо ракаг1ат.
2. Къаде, бакъани, богоде ункъо ракаг1ат т1ад къана аллагьас адам вижиялдалъун ункъо жоялдаса; лъедасан, ракъудасан, ц1адудасан, гьородосан.

Гьаб ункъабго жоялъе шукру гьабун ункъ-ункъ ракаг1ат т1ад къана къаде, бакъанил, богоде какил.

3. Лъабго ракаг1ат т1ад къана аллагьас адамилъ биччаялдалъун лъабго жо; г1акълу цо, рак1 к1иго, иман лъабго, цо-цоялда данд бит1ун шукру гьабун лъабго ракаг1ат т1ад къана марк1ач1ул какил.

<u>КАКИЛ АРКАНАЛ АНЦ1ИЛА ЛЪАБГО РУГО;</u>

Цо-цо т1ехьалда анц1ила анлъго рик1к1ун руго. (Ал аввалу) <u>Т1оцебесеб рукну</u> — рак1алъ как базе къасд гьаби буго. Гьеб рек1ел къасдалда ният абула. Рак1 гъапуллъун к1алалъ лафз аби г1еларо, гьеб как абун рехсезеги ккела. Парзалде бакку-бахи гьабила. Паризаяб бугони г1ужилъ бай, бец1ун байги рехсела. Аллагьасде г1унт1изе гьаби суннатаб буго. Къилбаялде вуссин абизеги ракаг1аталда рик1к1инеги, к1алалъ лафз абизеги суннатаб буго. Ният: Аллагьу акбаралда хурхун бук1ине ккела. <u>К1иабилеб рукну</u> — Аллагьу акбар аби буго: Жиндир напсалда раг1изе гьабун. Гьаб раг1изе гьаби киналго к1алалъ лафз абулел арканазулъ шарт1 буго. Кверал эхеде рорхиги суннатаб буго. Гьелъул къаг1идаги къилбаялде руссине гьарун, дагьал килщалги рикьизе гьарун килщазул бут1рулги къилбаялдехун гьет1изе гьарун рорхула. Гьел кверал рорхиги — Аллагьу акбаралда байбихьиги цадахъ бук1ина кверазул рорхиги Аллагьу акбарги цадахъ лъуг1изе гьабила.

Бихьиназ килщазул бут1рул г1ундузда т1асияб рахъалда ращалъизег1ан рорхила; руччабаз каранде рорхила; я бихьиназ г1адин рорхила, гьелъул халиф буго. <u>Лъабабилеб рукну</u> — х1ал к1олев чи вугони вахъун ч1ей буго. Мугъги бит1изе гьабун к1иябго х1ет1еялда гьоркьобги цо рокьобалъул къадар тун. Гьеб к1иябго къилбаялдеги руссине гьарун вит1ун ч1езе к1веч1они вит1ун ч1ела. Гьединги к1веч1они к1вараб гьабила. Амма суннатаб какие вахъун ч1езе ккеларо. <u>Ункъабилеб рукну</u> — алх1ам ц1али буго. Жинда х1ал к1олев лъазе гьабизе рес рекъолев чияс Бисмиллагьги алх1амалъул аят буго. Гьелъул хlарп бат1аяб х1арплъун сверизе гьабуни бегьуларо. Гьелъул анц1ила ункъабго къараб бак1ги ц1унизе ккела. Гьелда гьоркьоб дагьаб бугониги зикруцин ккезе бегьиларо. Масала, чинхъарав чияс алх1амдулиллагь абуни нахъойги алх1ам ц1и гьабизе ккела.

—Бисмиллагьи- дица аллагьасул ц1аралдалъун байбихьу-ла, (аррах1мани) дуниялалда жинца квешасеги лъик1асеги ниг1мат кьолев, (аррах1ими)-ахираталда хасго муъминасе кьолев, (алх1амду) - щибаб рецц щив чияс, щиб бак1алда, щиб жо беццун, щиб рецц гьабун бугониги, (лиллагьи) — аллагьасе буго. (Раббилг1аламина) — кинабго г1алам жинца хьихьулев, гьезул бет1ергьашгьун жив вугев, (аррах1мани) - дунялалда жиндир лъик1лъи квешасдеги щолев, (аррах1ими) —

ахираталда муъминасда гурх1улев, (маликияв миддин) — къиямасеб къоялъул ханлъун жив вугев, (иййаканаг1буду) — нижеца лагълъи гьабулеб дуй буго Аллагь, (Ваиййаканастаг1ину) — нижеца квер бакъи т1алаб гьабулебги дудасан буго. (Игьдинассви-рат1алмустакъима) — дуца ниж бит1араб нухда т1орит1е, дуца ниж дур шарг1алъул нухдасан кьуризе тоге.

Къиямасеб къоялъ жужах1алда т1асан лъолеб ссвират1алъул кьо дунялалда нилъ т1асан рилъараб шарг1алъул нухин абун буго.Шариг1ат ц1унарав чиясда шагьра г1адин батула; ц1унич1ев чиясда хвалчадул бал г1адин батулила. Бер ч1вайгун лъалила г1адамада дунялалда жал т1асан рилъараб жидецаго гьабураб нух бук1ин (ссвират1аллязина анг1амта г1алайгьим) — дуца жидее (г1илмун нафиг1 ваг1амалун ссалих1) — кьурал аварагзабазул нухалда т1орит1е Аллагь! (гьвайрил магъззуби г1алайгьим) — жидеда дур ццинги бахъинч1ел. (Валаззваллин) — жал бит1араб нухдасанги къосинч1ел.

Цо чияс абун буго — < Иййаканаг1буду — аллагьасдаса гъапуллъун абуни капурлъила абун. Щуабилеб рукну — рукуг1алде ин буго. Жиндир к1иябго кверги накабазда лъун жиндир мугъги бет1ерги хъарщи г1адин битТизе гьабун, накабиги рахъун ч1езе гьарун, накабиги х1ат1алги рокьобалъул къадаралъ цоцадаса рик1к1ад гьарун как бухьунеб мехалъ г1адин квералги эхеде рорхун ина рукуг1алдеги. Аллагьу акбаралдаги кверал рорхиялдаги байбихьиги цадахъ бук1ина, жиндир кверал к1иябго гьежалда данде бит1араб мехалъ г1одове къулила, анлъго алифалъул къадаралъ аллагьуги ц1ан жив ч1ч1олеб бак1алда акбар лъуг1изе гьабила; цинги лъабц1ул (субх1анаррабиял Яазими ва бих1амдигьи) — абила, цо абун тезе карагьатаб буго.
Живго цох1о вугев чияс я нахъа ругел рази ругони т1аде ц1ик1к1ине гьабила: — (Аллагьумма лака ракаг1ту ва бика аманту валака асламту хamar1a лака самг1и ва бассари ва маххи ва г1азми ва г1ассаби ва мастакъаллат бигьи къаддами лиллагьи рраббил г1аламина). Анлъабилеб рукну — иг1тидал буго. Гьебги рукуг1алдаса вохи буго. Эхеде ворхулеб мехалъ'эхеде рорхила. Эхеде ворхиялда байбихьиги кверал рорхиялда байбихьиги цадахъ бук1ина. Лъуг1иги цадахъ ккезе гьабила. Эхеде ворхиялда аск1об абила; (самиг1аллагьу лиман х1амидагьу) — абун. Цинги вахъун ч1араб мехалда абила; (раббана лакалх1амду мильа самавати ва мильал арзи ва мильа ма шиъта мин шай ин баг1ду) — Живго цох1о вугони я нахъа ругел чаг1и разилъани т1аде ц1ик1к1ине гьабила; (агьлас-снаи валмажди ах1акъкъума къвалалг1абду ва куллуна лака г1абдун ламаниг1а лима аг1т1айта вала муг1т1ия лима манаг1та вала банкъаг1у залжадди минкажадду).
Цинги магьдина суннатаб буго рогьалил как бугони (аллагьуммагьдини фиман гьадайта ва г1афини фиман г1афайта ва таваллани фиман таваллайта ва барикли фима аг1т1айта ва къини шарра ма къазайта фа иннака такъзи вала юкъза г1алайка ва иннагьу лаязиллу ман валайта вала яг1иззу ман г1адайта табаракта раббана ва таг1алайта фалакал х1амду г1ала ма къазайта астагьфирука ва атубу илайка вассаллаллагьу таг1ала г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва ссах1бигьи васаллам).
Имамас магьдина ц1алулеб мехалъ нахъа ругел чияз амин абила. Фаиннака такъзиялдаса бахъараб имамасда цадахъ ц1алила амин абиларо ссвалатги имамасда цадахъ бит1ун хадуб аминги абила. Анкъабилеб рукну — к1иц1ул сужда гьаби буго. Гьелъул шарт1ги х1алхьезе ч1ч1ей буго. Нодоги накабиги жаниса квералги, жаниса

х1ат1ил килщалги г1одор хъвайги буго. Гьезул баг1азниги г1одоб хъвач1они как бегьуларо. Жиндир нодоялъул бак1лъи сужда гьабулеб бак1алда лъазе гьабизе ккела. Сужда гурелъе г1олон бет1ер г1одоб ч1вангут1изеги буго. Шарт1 гьаб нахъияб шарт1 иг1тидал рукуг1алъеги шарт1 буго. Масала, иг1тидалалда вугев чи г1одов ккани ккаралъусанго сужда гьабизе бегьиларо, т1аде вахъине ккела. Сужда гьабизе жиндир бет1ераб рахъ нахъияб рахъалдаса г1одобег1ан бук1инеги ккела. К1иябго бащалъаниги сужда бегьиларо. Жинца барччараб жив вагъаригун багъарулеб жоялдаги сужда бегьиларо, (Васунанугьу) Суждаялъул суниатал жал т1оцебе к1иябго наку г1одоб лъела. Цинги кверал лъела, цинги нодо мег1ер. Мег1ер г1одоб лъеч1ого тей карагьатаб буго. Гьаб тартиб тезеги карагьатаб буго. К1иябго х1ат1ида гьоркоб рокьо-балъул къадарги тела. Бихьинчи гьодорго вук1ина. Сужда рукуг1аталъулъ ч1ужу данде къан йик1ина. Жиндир кве-ралги гьуждуда данде рит1ун дандеги къан къилбаялдеги руссине гьарун лъела. Цинги, " Субх1анараббиял аг1ла вабих1амдигьи " — абила лъабц1ул ялъуни анц1ила цойи-де щвезег1ан, амма цо абун тезе карагьатаб буго. Жнвго цох1о вугони, я нахъа ругел чаг1и разилъани, гьаб абизе суннатаб буго:
— Аллагьума лака сажадту вабика аманту ва лака асламту сажада важгьия лиллязи халакъагьу вассаввaрагьу ва шакъкъа самтГагьу ва бассарагьу бих1авлигьи ва къувва-тигьи фатабаракаллагьу ах1санул халикъина.

Микьабилгб рукну — к1иябго суждаялда гьоркьов ?1ч1ей буго. Гьаб рукнуги иг1тидалги жидель регьарал азкарал гьаризегТан къадаралдаса ц1ик1к1ине гьаруни как бат1уллъула. Ифтирашалда ч1ч1езеги суннатаб буго. Гьебги кваранаб х1ет1еги бахъун ч1езабун, килщалги къилбаялде руссине гьарун кваг1аб х1ет1еги бегизе гьабун, х1ат1ил хинк1ида т1ад роццги лъун г1одов ч1ч1ей буго. Жиндир к1иябго кверги накабазда гТагарлъухъ лъела, данде килщалги къан къилбаялдеги рит1ун гьаб к1иябго суждаялда гьокьоб г1адинаб х1алхьизе ч1ч1ей. Кинабго жиндаса эхеде рахъунеб суждаялда хадубги суннатаб буго. Т1аде вахъунеб мехалъги жаниса кверaлги г1одор ч1ван вахъина.

Ич1абилеб рукну — аттах1иййату ц1али буго. Анц1абилеб рукну — ссвалат бит1и буго. Анц1ила цоабилеб рукну — гьеб к1иябго цТализе г1одов вук1ин буго. Цебесеб аттах1ияту бутони доб цебе бицун араб ифтираталда вук1ина, нахъияб бугони таварукалда ч1ч1ела. Гьебги кваранаб х1ет1е бахъун ч1ч1езе гьабун жаниса килщалги г1одор цузе гьарун къилбаялдепи руссине гьарун, кваг1аб х1ет1еги кваранаб рахъалде баккизе гьабун рохукъот1иги кваг1аб рахъалда г1одобе биччан ч1ч1ей буго.

Амма сагьвуялъул сужда гьабизе бугони нахъиялдаги ифтират гьабила. Цинги к1иябго квер накабазда лъела, кваранаб данде къан, ч1ик1арулеб килищги биччан тун. Гьезул бищун нахъияб гьодалда гьоркь бурт1ин килщил бет1ерги лъун, цинги — Иллаллагьу абураб мехалъ эхеде борхила т1аде вахъинег1ан, я салам кьезег1ан бортун тела. Эхеде борхулеб мехалъ гьелда балагьизегисуннатаб буго, гьоркь бахъун бугониги т1аде балагьила.
— Аттах1иййату — раг1иййатаз жодор ханзабазе гьарулел к1одолъаби.
— Алмубаракату — жал ц1убарал, — Ассалавату — ралел какал, — АтЫаййибату — лъик1ал г1амалал, — лиллагьи
— Аллагьасе руго, — Асаламу — балагьаздаса вац1ц1алъи
— г1алайка- дуда решт1аги, Аюогьа ннабиййу — ва гьав Мух1аммад авараг, ва рах1матуллагьи — аллагьасул рах1матги рещт1аги, ва баракатугьу — аллагьасул баракатги решт1аги. — Асаламу —

аллагьасул салам, — Г1алайна — нижеда лъейги. Ваг1ала г1ибадиллагьи ссвалихlина, — Аллагьасулги г1адамазулги х1укъукъул т1уразе гьарун ч1арал чияздаги лъеги. — Ашгьаду — дида якъинлъун лъала, лъаралда рак1ги ч1ола, т1асанги жанисанги дун нахъги вилъуна, дица бицивеги бицуна. — Ан лаилагьа иллаллагьу — аллагь цо гурони гьеч1о. — Ва ашгьаду — нахъойги дица гьадабго х1алалъ якъинлъун лъан бицуна. — Анна Мух1аммадан расулуллагьи —
Мух1аммад аллагьасул илчи вуго абун. — Аллагьумма — я дир Аллагь! — ссвали, — дуца ссалат решт1ине гьабе. — Г1ала саййидина. Нижер к1удиясда. — Мух1аммадин. — Мух1аммадида. — Ваг1ала али саййидина Мух1аммадин.
— Нижер саййид Мух1аммадил агьлуялдаги. — (Камасс-валайта г1ала саййидина Ибрагьима ва г1ала али саййидина Ибрагьима ва барик г1ала саййидина Мух1аммадин ва г1ала али саййидина Мух1аммадин кама баракта г1ала саййидина Ибрагьима ва г1ала али саййидина Ибрагьима фил г1аламина иннака хГамидун мажидун).

Ибрагьимгун цадахъги саййидина абизе хирияб буго. Мух1аммадгун. цадахъ суннатаб бугеб г1адин.

Цинги хадуб гьаб дуг1аги буго.

— Аллагьумагьфирли ма къаддамту вама аххарту вама асрарту вама аг1ланту вама асрафту, вама анта аг1ламу бигьи минни антал мукъаддиму ва антал муаххиру лаилагьа илла анта астагьфирука ва атубу илайка я мукъал-либал къулуби саббит къалби г1ала диника.
—Анц1ила к1иабилеб рукну — Асаламу г1алайкум варах1матуллагь! — аби буго. Байбихьи къилбаялде вуссун вук1аго гьабила, жиндир хьибилалда вугев чиясда к1аркьен бихьуледухъ дове-гьаниве вуссина.

Жиндир кваранаб квег1аб рахъалда ругел чиязе салам кьеялдаги ният гьабила. Кьурал чияз буссине гьабиялдаги нииййат гьабила, гьединго малайкзабазе буссурманал жиназе кьеялдаги нииййат гьабила. Как балев гьеч1ев чиясеги суннатаб буго какие салам кьурав чиясе буссине гьабизе. Аввалаб саламалда аск1об какилъа ват1алъиялда къасд гьабила. Г1абдулвагьаби шиг1ранияс абуна: рак1алъ аллагьасдасан какилъа вахине изнуги т1алаб гьабила. Гьеб адабалда рекъараб буго абун. Цойги; ц1акъ г1адамал гъапуллъулеб жо, х1атта г1алимзабицин рокъоре лъугьунеб мехалъ салам кьунгут1и аллагьасги аварагасги гьелдалъун амруги гьабун бук1аго:
Къвалаллагьу: (ва изада халтум буютан фасаллимут1ала анфусикум ва къвала ннабиййу (ссвала ллагьу таг1ала г1алайгьи васалам) ва изадахалта байтака фасаллим г1алайгьим яксуру хвайру байтика.
— Анц1ила лъабабилеб рукну — тартиб гьаби буго; бокьуя тани как хвела, сагьвиллъун тани тараб рукнуялда хадуб ккараб г1адада хвела. Цинги тараб рак1алде щвани жинда релъаралдалъун вегьизег1ан гьеб гьабила. Суждаялда рак1алде щвани алх1ам тей, хекко гьеб ц1ализе т1аде вахина. Амма суждаялда вугев мехалъ рак1алде щвани рукуг1 хут1и, гьелде вахун г1еларо, т1аде вахун ц1идасан рукуг1 гьабизе ккола. Жинда релъаралде щвараб мехалъ рак1алде щвани, гьелдалъун т1убазе, гъоркьоб гьабун араб жо г1адада хвела.

Как бухьун хадуб дуг1адул ифтитах1 ц1ализе суннатаб буго гьелъул машгьураб гьаб буго:
— (Важжагьту важгьия лиллязи фат1ара самавати вальарза х1анифан муслиман вама ана минал мушрикина инна ссвалати ва нусуки ва мах1 яйа ва мамата лиллагьи раббилг1аламина ла шарикалагьу ва бизалика умирту ва ана минал муслимина.)

Гьаб нахъа бугеб абунги тезе бегьула:
—Алх1амдулиллагьи х1амдан касиран т1аййибан мубаракан фигьи , ялъуни гьаб абила:
— Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи вала илагьа иллаллагьу валлагьу

акбар.
Имам рукуг1алде иналде алх1ам лъуг1унгут1иялда х1инкъанидуг1ал ифтитах1 ц1алиларо, рак1алде щвеч1ого аг1узубиллагь абун батани гьеб ц1алиялъе г1уж уна. Как балеб мехалъ лъик1аб рет1ел рет1инеги суннатаб буго. Ч1ужу г1адамалъе лъабго рет1ел рет1инеги суннатаб буго; горде, к1аз, хъабул. Цо рет1елалъулъ бихьинчиясеги карагьатаб буго. Как балеб мехалъ х1ободехун къададехун цебе г1анса т1ил эхетизеги суннатаб буго. Гьеб цебе жо цояб хьибилалда гьабизеги суннатаб буго. Какилъе тирхун к1к1вах1 тун дунялалъул хиял тун лъугьинеги суннатаб буго.
Малаикзабазе цабзазда гьоркьоб бугеб жоялдаса рихараб жо гьеч1илан буго. Жиндир ца, цаби, к1ал т1аг1амадцаса бац1ц1ад гьабизеги суннатаб буго. Сивак бахъизеги суннатаб буго. Аллагьасде рак1 балагьун вуц1ц1ун вагъарич1ого ч1езеги суннатаб буго. Цо х1адис буго; аллагьас как къабул гьабулебго аллагьасде рак1 буссарал чиязулин абун. Цо х1адис буго как г1емераб буго севак гурони мунпаг1ат гьеч1еб абун. Кинабго аллагьасде рак1 балагьич1ого бараб как г1акъуба г1аза балде г1агараб буго.
Кваранаб х1ет1еялъул килщал хасго бурт1ин килищ добе — гьанибе кьуризе гьабич1ого тезеги суннатаб буго. Как лъуг1изег1ан сужда гьабулеб бакГалда балагьи даим гьабизеги суннатаб буго. Амма килищ эхеде борхиялда, ай аттах1иййатуялъул шагьадаталъул иллаллагьу абила аск1обни гьелде балагьила бахъун бугониги.
Какилъ дове-гьаниве балагьизе карагьатаб буго; зодов балагьаниги аллагьас беразул канлъи бахъун иналда х1инкъа абун буго; рет1ел, т1имугъ квезеги карагьатаб буго; жиндир надалда бахараб х1ур бац1ц1инеги карагьатаб буго. Сужда гьабизе нахъе ч1валеб х1алалъ гьеч1они цого х1ат1ида ч1езеги, цояб х1ет1е цебе гьабизеги к1иябго данде цун ч1езеги; каки чури х1алакун как базёги, жимаг1 киналде щавкъ ккараб мехалъ как базеги. Цебесеб к1иябго ракаг1аталда сурат ц1алич1ого тезеги карагьатаб буго. Цебесеб к1иябго ракаг1аталда ц1алич1ого хут1ани, ай имам цевеккун нахъиязулъ ц1алила. Цебесеб аттах1иййату халат гьабизеги гьелъулъ дуг1а гьабизеги, нахъиялда хадуб дуг1а гьабич1ого тезеги балъго ц1алулеб жо т1атун ц1ализеги карагьатаб буго. Амма аск1ор ругел чиязе зарар балеб бугони х1арамаб буго.

Хабалалъулъ как базеги, х1амамалъубги, рет1ел бахъулеб бак1алдаги ,щай абуни, щайт1аби руссунеб бак1 буго гьеб. Т1адниги, гъоркьниги, цебениги ч1ч1араб жо бугониги дие зарар бук1инаро абурав чиясул къабул гьабуларо. Макьу бергьараб мехальги карагьатаб буго. Г1уж халат бугони ворч1иялдаги божани, бадивехун вуссарав чи вугев мехалъги, т1аде гьорчо, их бач1иналда х1инкъараб бак1алдаги карагьатаб буго.

<u>КАКИЛ ШУРУТ1АЛ:</u>

Какил шурут1ал анц1ила к1иго руго:
Какил шарт1алъул маг1на как бегьи жиндалъун ч1ч1олеб жо абураб маг1на буго.
<u>Т1оцебесеб</u> — бусурманлъи буго. <u>К1иабилеб</u> — г1акълу — лъай бук1ин буго. <u>Лъабабилеб</u> — г1уж щвей лъай буго. Г1уж лъазе к1веч1они гьеб якъинлъизег1ан нахъе бахъила. <u>Ункъабилеб</u> — къилбаялда вуссин буго. Амма х1инкъи ц1акълъараб мехалъни вуссине ккеларо. Х1алалаб сапаралда суннатаб какиеги вуссине ккеларо. Амма как бухьулеб сужда рукуг1 гьабулеб мехалъни вуссина. Суннатеб как чода т1адги базе бегьила, амма бухьунеб мехалъ къилбаялде вуссине ккела. <u>Щуабилеб шарт1</u> г1аврат бахчи буго. Бихьинчиясул г1аврат накабаздаги ц1иналдаги гьоркьоб бугеб бак1 буго. Гъараващ гурей ч1ужу

г1адамалъул г1аврат к1иябго кверги гъумерги тун нахъаб бак1 буго. Ч1ужуялъул х1ат1ил эгъе баккун, бугони, ялъуни бот1рол цониги рас баккун бугониги как хвела ункъабго мазгъабалда. Гъороца г1аврат цебе лъезе гьабуни, алъуни т1аде хъуплъи бач1ани цинги хехлъи гьабун рет1елалъул т1асияб рахъалдасан гурдел лъоросан г1аврат бахчани хъуплъиги нахъе рехани, как хвеларо.

Рет1елалъул т1асияб рахъалдасан гурдил лъоросан г1аврат бихьани бегьуларо. Г1аврат бахчизе жо щвеч1они т1ад х1арщ бахине ккела. Т1ад рет1араб жоги жинда гъорлъан черхалъул кьер лъалареб бук1ине ккела. Анлъабилеб шарт1 как балеб куц лъай буго, гьелъул парзги суннатги бат1а гьабизе лъай буго. Анкьабилеб — каки чурун вук1ин буго. Микьабилеб хъуплъиялдаса рик1к1алъи буго: рет1ел, черх, бак1. Т1ад бугеб рет1ел хъубаб бак1алда хъвалеб бугони как бегьуларо. Бат1иясул рет1елалда хъуплъи хъван бихьани лъазабизе ккела. Как бан хадуб рет1елалда хъуплъи хъван батани, как бан хадуб бахъинеги бегьич1они доб хъуплъи» как ц1и гьабизе ккела; амма нахъа бахъинеги бегьани ц1и гьаби суннатаб буго. Гьал рицун арал щурут1ал какилъе лъугьиналде ратизе кколел руго: лъугьун хадуб какил ункъго шарт1 буго. Т1оцебесеб шарт1 бокьун к1алъай жибго тей буго. К1иго хlарп какилъ загьирлъани я маг1на бич1ч1улеб цониги загьирлъани как хвела. К1иабилеб шарт1 бокьун фиг1лияб рукну т1ок1 гьабунгут1и буго. Фиг1лияб рукну т1ок1 гьаби буго аттах1иййатуялда вук1арав чи накабазда цебе бак1алда бет1ер данд бит1изег1ан цеве къули. Суннатаб г1одов вук1ин гьабизе къулун вугониги гьелъги как хола. Лъабабилеб фиг1лун фат1иш жибго тей буго. Махсаро-хоч1алъе лага багъаризе гьабуни, я лъабц1ул т1ат1алаго багъаризеги гьабуни как хола. Как бухьиналда аск1об к1иябго кверги бет1ерги цадахъ, я цебенахъаги багъаризе гьабуни как хвела. Ункъабилеб шарт1 как бихулеб жо кьей буго.

Г1усазда гьоркьоб къараб жо я ахту къурч1ани лъан бокьун, я бокьун кванани, я лъач1ого г1адаталдаса г1емераб квани к1ал бат1уллъула.

Цо чи ай имам сагьвиллъун нахъа вугесе субх1аналлагь абизе бокьани зикруялде къасд гьабизе ккела. Г1иц1го имамасда бич1ч1изеялъе г1оло абуни как хола. Къавлияб рукну г1узрулъун ух1 абуни как хвеларо, бакъан берцинлъиялъе г1оло гьаракь бахъине г1оло абуни хола. Х1алцен г1емерлъани киг1ан бергьун ккезе к1веч1ониги гьелъги как хола; амма как базег1ан замана гьелдаса вац1алъун унеб гьеч1они гьесиени г1афву бук1ина. Имамас ух1 гьесдасан к1иго х1арпги загьирлъани гьесдаса ват1алъизе кколаро гьесул г1узру бук1ине бегьила. Амма гьесул х1алахъ г1узру бук1унгут1иялда т1орит1ел гьабуни ват1алъизеги ккела.

Сагьвуялъул сужда суннатгун муаккадатун буго. Какил баг1аз тани гьелги микьго руго авалаб аттах1иййату ц1али буго до. Гьеб ц1ализе г1одов вук1ин к1иябго. Магьдина ц1али лъабабго. Гьелъие вахъун ч1ч1ей ункъабго. Гьеб к1иялдаго хадуб ссвалат бит1и шуябго. анлъабго. Ахирисеб аттах1иййатуялда хадуб агьлуялда ссвалат бит1и анкьабго. Магьдинаялда хадуб агьлуялде ссвалат бит1и, микьабго Гьазул цо тани сужда гьабила. Бокьун гьабуни как холеб жо сагьвулъун гьабуниги сужда гьабизе суннатаб буго. Сагьвулъун гьабуниги как холеб жо суждалъ бицунаро. Г1емераб гаргар сагьвулъун какилъ ккани как хола. Фиг1лияб рукну сагьвулъун т1ок1лъаниги я гьединго къокъаб рукну хола лъаниги сужда гьабила алх1амниги суратниги я аттах1иййату ссвалат магьдина бак1 гуреб

Бак1алда ц1алани сужда гьабила. Гьадал рицарал жалазул т1олго ц1али бат1а гьеч1о баг1аз ц1али бат1а гьеч1о. Аттах1иййаталъул цебесеб аттах1иййату к1очон т1аде вахъун ватани цинги рак1алде щвани г1одо вук1инаро вук1ани как хола. Х1арамаб бук1ин лъан вук1ани х1арамаб бугеб к1очон я х1арамаблъи лъач1ого вук1ани хвеларо. Амма рак1алде щвейгун хехлъи гьабун т1аде вахъине ккела. Гьеб к1иябго суратaлда сагьвуялъул суждаги гьабила. Амма имамасда нахъ вилъарав чи вугони г1одо вук1ине ккела, вук1инч1они как хвела. Т1аде вахъун ч1елалде авалаб аттах1иййату тей рак1алде щвани нахъ вуссина, сухдаги гьабила. Т1аде вахъиналде г1агарлъун вук1ун ватани. Гьебго х1исаб буго магьдина тун г1одов вук1ун ватаниги. Г1одов вук1аго рак1алде щвани т1аде вахъинаро, вахъани как хвела. Г1одов вук1иналде рак1алде щвани нахъа вуссина рукаг1алъул х1аддалда щун вук1арав ватани сагьвуялъул суждаги гьабила. Как балев чи щаклъани ункъо ракаг1атдай бана лъабго ракаг1атдай бана абун якъинлъун ункъо г1езе цо ракаг1ат т1аде бала, сагьвуялъул суждаги гьабила. Щаклъи т1аса ун якъинлъун ракаг1аталг1ей лъач1они нахъа ругел чиязул раг1и фиг1луялде балагьиларо. Гьединго сужда гьабила щаклъун рукну т1ад гьабуниги. Сужда гьабунадай, рукуг1 гьабунадай абун щаклъани сужда рукуг1 гьабила. Сагьвуялъул суждаги гьабила. Щаклъун рукну ракайат гьабуни цинги салам кьелалде щаклъи ун бит1ун бук1ин якъинлъани гьеб мехалъги сужда гьабила. Салам кьун хадуб парз теялда щаклъани гьелъ асар гьабуларо.

Амма какил ниятазда как бухьиналъул аллагьу акбаралда щаклъани как ц1и гьабизе ккела. Имамасда нахъ вугев чиясул сагьву имамас баччула. Имамас салам кьей рак1алде ккун маъмумасги салам кьуни, цинги кьунгут1и баянлъани нахъойги к1иабизеги кьела. Маъмумасде рак1алде щвани аттах1иййатуялда вук1аго рукну хут1ани ракаг1ат базе вахъина. Имамас салам кьун тун хадуб суждаги гьабиларо. Амма маъмум сагьвулъани имамас салам кьун тун хадуб гьеб имамас барччуларо, нахъа сужда гьабила. Имамасда цадахъ ракаг1атал щвеч1ев чияс имамасул саламалъухъе салам кьуни цинги рак1алде щвани т1адеги вахъун жиндирго какги т1убазе гьабила, хадуб суждаги гьабила.

Имамасул сагьву маъмумасдеги бач1уна, ай имам сагьвиллъулеб мехалъ гьесда цадахъ вук1инч1ониги гьес сужда гьабуни маъмумасги гьабизе ккола, тани как хола. Сагьвиллъарав имамас сужда гьабичТого тани салам кьун хадуб маъмумасе гьабизе суннатаб буго. Цинги цо чи сагьвулъарав имамасда нахъ вилъани нахъ вилъиналдего сагьвилъун ватаниги имамасда цадахъ сужда гьабила. Цинги жиндирго какил ахиралдаги гьабила, Имамас гьабич1ого таниги. Сагьвиялъул суждаги салам кьелалде цебе гьабила. Сагьву киг1ан г1емераб бугониги. Сужда какил г1адин к1иц1ул гурони гьабиларо. Амма цо баг1адас абуна сагьвиялъул суждаялъул гьал раг1аби абила абун: Субх1ана манла ясгьу вала анаму абадан — абун.

Бокьун салам кьуни сужда борч1ила. Сагьвилъун салам кьуни гьоркьоб заманаги халалъани гьеб мехалъги борч1ила. Замана халалъич1они сужда гьабила, какиялъе вуссарав чилъунги лъугьина нахъойги какил салам кьела.

<u>РАГЪДА КАК БАЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:</u>

Рагьулъ х1инкъи бугеб бак1алда как балеб къаг1ида лъабго буго:

1.Т1оцебесеб — буго тушман къилбаялъул рахъалдехун гьеч1ого цогидаб рахъалдехун вугеб сурат. Гьедин ругеб бак1алда имамас чаг1и рикьун к1иго къокъа ч1ч1езе гьабила, цояб къокъа

гьаравуллъи ккун тела, цояб къокъаялдалъун жамаг1ат гьабун как бала, къокъ гьабун балеб какилъ цо ракаг1ат т1убараб мехалда гьеб къокъаялъ имамасдаса бат1алъиялде ниятги гьабун жидейго цоги ракаг1атги бан т1убазе гьабила. Т1убан тун гьеб къокъа гьаравуллъи кквезе ина, гьаравуллъи ккун рук1араз имамасда хадур рилъун как бала, имамги к1иабилеб ракаг1аталъе вахъун ч1ч1аралъувго вук1ина, эл т1ад г1унт1изег1ан. 2. К1иабилеб ракаг1ат эзгун бараб мехалда имам аттах1иййатуялда ч1ч1ела, хадур ругез жидерго цоябги ракаг1ат бан т1убазе гьабила, цадахъ саламги кьела, к1иабилеб буго тушман къилбаялъул рахъалдехун вугеб сурат. Гьедин вугеб бак1алда имамас к1иго хва гьабила, руц1ц1алазго жамаг1аталде ният гьабун какги бухьила. Имамас сужда гьабураб мехалда имамасда цадахъ цояб хваялъ сужда гьабила: цояб хваялъ балагьи ккун ц1уни гьабила. Имам к1иабилеб ракаг1аталде вахъараб мехалда балагьи ккун бук1араб хваялъги сужда гьабила, гьабун суждагун имамасда нахъ г1унт1ила: к1иабилеб ракаг1аталъул суждаялъулъ цебе ц1уни гьабураб: имамасда цадахъ сужда гьабила, нахъисаз балчгьи кквела, имамас сужда гьабун лъуг1араб мехалда элги нахъ г1унт1ила, цинги руц1ц1алазго аттах1иййатуги ц1ц1алун цадахъ салам кьела. Лъабабилеб буго ц1акъго рагь боркьараблъун бугеб сурат. Гьедин ругеб бак1алда щивав цояс как бала бегьа-бегьараб х1алалда рек1ун баниги, лъелго баниги къиблаялдехун руссаниги руссинч1ониги, цояв цоясда нахъ вилъиялде ниятги гьабуниги гьабич1ониги, гьабураб бак1алдаги имам цевехун кканиги нахъехун кканиги рукуг1 сужуд гьабизе къаг1ида кканиги ккеч1ониги: къаг1ида ккеч1еб бак1алда ишараги гьабун цебесаб к1иябго сураталъулъги как балеб мехалда ярагъ кодоб баччизе суннатаб буго. Нахъасаб сураталъулъ т1адаб буго кьвагьулаго кьабулаго вагьу-лев вук1ина: ярагъ бидул ц1уни тохлъараб бак1алда г1одоб лъела как лъуг1изег1ан тохлъи ккеч1они бидул ц1уралъубго кодоб кквела.

КЪУРЪАН Ц1АЛИЯЛЪУЛ ШУКРУ - СУЖДА...

Къуръан ц1алиялъул шукруялъулги суждаялъулги бицен буго гьаб. Къуръан ц1алиялъул сужда суннатаб буго; ц1алулесеги раг1арасеги, какилъ вугесеги сужда гьабила; жинцаго ц1алулеб бугони я жиндир имамас ц1алун гьес сужда гьабуни, имамас гьабун маъмумас гьабич1ого тани маъмумасул как хвела; имамас гьабич1ого гьабуниги хвела. Сужда гьабизе г1оло какилъ бугеб аят ц1алани сужда гьабизе бегьиларо, гьабуни как хвела. Какалъ сужда гьабулеб куц аллагьу акбарги абун сужда гьабизе къасдги гьабун г1одов ина, эхедеги аллагьу акбар абун вахъина кверални хьваг1иларо хадуб х1алхьизеги ч1еларо. Какилъ гьеч1ев чияс ниятги гьабила как бухьиналъул аллагьу акбарги абун квералги хьваг1ун г1одове ина; суждаги гьабун аллагьу акбарги абун эхеде ворхун салам кьела суждаялда лъабц1ул (Субх1ана раббиял аг1ла ва бих1амдигьи), абила. Какил шурут1ал гьаб суждаялъеги шарт1 буго. Кинабниги сужда гьабулеб бак1 къуръаналда анц1ила ункъо буго. Амма ссадалъулъ бугеб сужда шукруялъул сужда буго, ният гьадин гьабизе ккела: (Дица ният гьабула шукруялъул сужда гьабизе аллагьасе аллагьу акбар.) Гьаб сужда какилъ гьабизе бегьиларо, лъан гьабуни как хвела. Шукруялъул сужда гьабизе суннатаб буго ниг1мат т1аде бач1араб мехалъ; т1аса балагь аниги

араб мехалъ. Масала, вас гьавуни, я х1алалаб боц1и щвани, я гьанкъи ц1аялдаса ворч1ани, я балагь щварав чи вахъани, я г1ассилъи загьир гьабулев чи вихьани. Балагь щварав чи вихьараб мехалъ гьабулеб балъго гьабила; г1ассияв чи вихьарав мехалъ гьабулеб загьир гьабила. Гьев г1иссяналдаса вуссине зараралда х1инкъич1они.

Гьеб к1иябго гуреб сужда х1арамаб буго. Аллагьасе гьабуни Аллагь гуресе г1оло гьабуни капурлъула.

Витруялда хадуб сужда гьабуни гьадинаб кири бук1ина абун батулеб жо т1ахьазда гьеч1еб жо буго, гьеб гьабуге.

Суннатаб как к1иго тайпаялда буго. Цо жиндие г1уж бугеб буго. Гьеб хут1ани бец1изе суннатаб буго. К1иабилеб жиндие г1уж гьеч1еб буго. Г1уж бугебги к1иго къисмуялда буго. Жиндие жамаг1ат суннатаб гьеч1еб буго цо. Гьелдаса буго рогьалил какда цебе балеб к1иго ракаг1ат, гьелда хадуб хвел хобалъул пикруги гьабун кваранаб хьибилалда вегизе суннатаб буго, рее рекъеч1они гьоркьоб калам кквезеги гьабила. Амма дунялалъул калам карагьатаб буго. Цо баг1азас веги т1адаблъунги гьабуна.

(Иза ссвалла ах1адукум).

Нужер цояс бараб мехалъ (ракг1атайййил пажри). Рогьалил какил суннат (пал язт1ажиг1 г1ала жанбигьил ам'яни). Кваранаб хьибилалда вега. Хьибилалда вегараб мехалъ гьал раг1абиги абила: (Аллагьума рабба Жабраила ва Микаила ва Исрапила ва Г1изрияила ва Мух1аммадин .ссвалаллагьу г1алайгьи васаллама ажирни минаннари). Лъабц1ул (Аллагьумма инни ас'алука г1илман нафиг1ан ва ризкъан васиг1ан ва г1амалан мутакъаббалан).

Рузман къо бугони лъабц1ул гьал раг1абиги абила, ай какалдаги суннаталдаги гьоркьоб (астагьфируллагьал г1азима ллязи лаилагьа иллагьувал х1аййал къаййума ва атубу илайгьи).

Шайхул исламиттурмузияс абун буго... Дида Аллагь г1емер макьилъ вихьана, дица абуна я рабби я дир аллагь, дун иман т1аса иналда х1инкъула.

Цинги гьес дида амру гьабуна рогьалил какил суннаталда хадуб лъабц1ул гьал раг1аби абе абун:(Я х1аййу я къаййуму я бадиг1а самавати вальарзи я залжалали вал икрами ас'алука ан тух1йия къалби бинури маг1рипатика абадан я аллагьу, я Аллагьу, я Аллагь.)

Х1анапил мазгьабалда рогьалил какил суннат хадуб базе бегьуларо. Хилапалдаса ворч1изе х1ал к1ванаг1ан т1алаб гьабе.

Къаде какда цебе ункъо ракаг1ат хадубги ункъо ракаг1ат. Амма муаккатаб хадубги цебеги к1и-к1и ракаг1ат буго; марк1ач1уда цебеги к1иго хадубги к1иго, богол какда цебеги к1иго, хадубги к1иго ракаг1ат, гьелда хадубги витруги буго. Гьелъул бищун дагьаб цо ракаг1ат буго. Бищун г1емераб анц1ила цо ракаг1ат буго. Я лъабго бала, я щуго бала, я анкьго бала. Х1анапияздa аск1об лъабго ракаг1ат витруялъул т1адаб буго.

Раватибазул бищун хириябги витру буго. Ворч1иялда божарав чиясе сардилъ ралел каказда хадуб базе тезе суннатаб буго. Тагьажжуд балев чиясги гьелда хадуб бала. Радакье вахъун витру бани тагьажжудальулги кири щола к1ал кковулъ балеб витруялъе жамаг1атги суннатаб буго. Моц1 бащалъаралдаса байбихьун магьдинаги ц1алила.

Гьездаса буго зух1аялъул какги гьелъул бищун дагьаб к1иго ракаг1ат буго. Бищун г1емераб анц1ила к1иго ракаг1ат буго. Бищун хирияб микьго ракаг1ат буго. Аварагасул х1адис буго: к1иго ракаг1ат зух1аялъул бани гъапулал чияздаса хъваларо.Ункъо ракаг1ат бани аллагьасе х1ел-х1ел гьабулел чияздаса хъвала. Анлъго ракаг1ат бани аллагьасде мут1иг1ал чияздаса хъвала. Микьго ракаг1ат бани алжаналда кверщел батарал чияздаса хъвала. Анц1го ракаг1ат бани гьеб къоялъ гьарурал мунагьал хъваларо. Анц1ила к1иго ракаг1ат бани алжаналъуб рукъ бала.
Зух1аялъул какил г1уж щола хочол къадаралъ бакъ борхигун гьелъул т1аса бищараб г1уж къойил анкьил бут1а араб мех буго. Гьелда хадуб гьабулел дуг1абиги гьал руго. — (Аллагьумма бика ух1авилу ва бика уссавилу ва бика укъатилу. Аллагьумма инна ззух1аа ззух1аука вал багьаа багьаука валжамала жамалука валкъуввата къувватука валкъудрата къудратука валг1исмата г1исматука. Аллагьумма инкана ризкъи самаи фаанзилгьу ваинкана фи филь арзи фа ахрижгьу ва инкана мутаг1асиран фа ясиргьу ва инкана х1араман фат1агьгьиргьу ва инкана баг1идан факъаррибгьу бих1акъкъи зух1аика ва багьаика ва жамалика ва къувватика ва къудратика атини ма атайта г1ибадака ссалих1ина.)

Цинги к1иго ракаг1ат тах1иййат буго. Гьелъул г1уж уна бокьун г1одов вук1ани, сагьиллъун вук1ани унаро замана халалъич1они каки чури гьеч1ого мажгиталъув лъугьине карагьатаб буго, Г1одов вук1ине лъугьунев вугони. Каки чури гьеч1ев чи мажгиталъуве лъугьани я бугев лъугьун тах1иййат базе къаг1ида ккеч1они ункъц1ул гьаб абила: — Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи валаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар. Мажгиталъувеи лъугьарав чиясда лъабго тах1иййат буго, т1оцеве аварагасде ссалават бит1и буго, цинги жиндир ругел чинзе салам кье тартибги гьабун. Тах1иййаталъе нииййатги гьабила гьаб мажгиталъуб как базе аллагь к1одо гьавун.

К1иабилеб къисму жамаг1ат суннатаб буго. Гьебги к1иябго г1идалъул как буго, бакъ-моц1 кквеялъул какги буго. Ц1ад гьариялъул таравижалъул какги буго; гьезие жамаг1ат суннатаб буго.
Суннатал какадаса аввабияназул какги буго. Гьелъул бищун дагьаб к1иго ракаг1ат буго, цинги къойииде щвезег1ан буго бокьани.

Марк1ач1ул какда хадуб анлъго ракаг1ат бани гьездаса гьоркьоб квещаб раг1и абун к1алъазеги, к1алъач1они анц1ила к1иго соналъ гьабураб т1аг1аталда бащалъула. Т1ибраниясул риваяталда буго гьесул мунагьги чурила ралъдал полопг1ан г1емераб бугониги абун.

Суннатал какал г1емерал руго. Сапар бухьараб мехалъ к1иго ракаг1ат базе суннатаб буго. Гьениса вуссараб ме-халъги гьебги мажгиталъуб хирияб буго. Х1амамалъуса вахъараб мехалъги к1иго ракаг1ат базе суннатаб буго т1оцебесеб сордоялъ ч1ужуялде т1аде лъугьараб мехалъги к1иязего к1и-к1и ракаг1ат базе суннатаб буго, магьари лъеялда цебеги, черх чурун хадубги, тавбу гьабилалда цебеги, гьабун хадубги Г1абдулвагьаби шаг1раниияс абуна: гьит1инаб мехалдаса бахъараб мунагь лъугьунщинахъе тавбуялъул как балаан дица абун. Цинги тасбих1алъул как буго аварагас жиндир инсул вац Г1абасида лъазе гьабун бук1араб. Гьесие гьелъул к1удияб кири бицун буго. Я Г1абас, абунила х1абибас эсда ралъдал полопг1ан г1емераб бугониги гьеб как бани дур мунагьал чурила, х1ал к1вани къойиил бай, к1веч1они анкьидасан цо бай, гьединги к1веч1они моц1идасан бай, г1умруялда жаниб цониги бач1ого тоге. Имамусубунияс абуна гьелъул хиралъи раг1ун хадуб гьеб как теларо диналъул к1вар гьеч1ев чияс гурони абун - Имам Гъазалица абуна их1яалда къад бани ункъабго ракаг1ат цадахъ бала. Къаси бани к1и-к1и ракаг1ат бала абун.

Щиг1ранияс абуна мунагъазул ц1урал чияз базе лъик1аб как буго абун. Гъеб балеб къаг1идаги ункъго ракаг1ат бала, гъадин ниятги гьабун:

— Дица ният гьабула тасбих1алъул как базе суннатаб аллагьасе аллагьу акбар. Цинги важагъту ц1алила, цинги алх1ам ц1алила, цинги суратальe ракаг1аталъулъ алгьакуму ц1алила, нахъиялда валг1асри, лъабабилелда къульяаюгьал кафируна ц1алила, цинги къулгьу ц1алила, цинги алх1ам, сурат ц1алун хадуб анц1ила щуц1ул:

— Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи валаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар абила. Цинги рукуг1алде ина, гьенибги анц1ул абила. Цинги эхеде ворхила, гьенибги анц1ул абила, ай сужда рукуг1алъул азкарада хадуб, цинги суждаялде ина, анц1ул абила: к1иябго суждаялда гьоркьобги анц1ул, к1иабилеб суждаялдаги анц1ул, цинги гьениса эхеде ворхила аллагьу акбарги абун. Т1аде вахиналда цебе гьенибги анц1ул абила, цинги аллагьу акбарги абич1ого т1аде вахина алх1ам ц1ализе. Т1ибраниясул риваяталда буго гьесуд мунагьги чурила ральдал полопг1ан г1емераб бугониги абун.

Ункъабго алх1амалда хадуб анц1ила щуц1ул абила цогидал бак1азда. Анц1ул — анц1ул абила атах1иййатуялда цебеги анц1ул абила, хадуб абуниги бегьула. Т1ибраниясул диваяталда буго саламалда цебе гьаб дуг1аги ц1алила абун: — Аллагьумма инни ас'алука тавфикъа агьлилгьуда ва аг1мала агьлил якъини ва муна сах1ата агьли ттавбати ваг1азма агьли ссабри ва жидда агьлил хашяти ва т1алаба агьли ррагъбати ваттаг1аббуда агьлил вараг1и ва г1ирфана агьлил г1илми х1атта ахавака. Аллагьумма инни ас'алука г1илман юх1жизуниг1ан маг1ассика х1атта аг1мала бит1аг1атика г1амалан астах1икъкъубигьа ризака ва хаттауна ссих1ака биттавбати хавфан минка ва х1атта ухлисса лаканнассих1ата х1аяан минка ва х1атта атаваккала гГалайка фил умури куллигьа х1усназаннин бика субх1ана халикъиннури.

ИСТИХАРАТАЛЪУД КАК БАЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Истихараталъул какги суннатаб буго. Истихаратальул как базе абун ниятги гьабун к1иго ракаг1ат бала. Цебеселъулъ сураталде къульяаюгьал кафируна ц1алила; нахъиялъулъ къулгьу ц1алила. Цинги салам кьун хадуб гьаб дуг1а ц1алила, цинги жиндахун рак1 г1ат1илъараб гьабила рак1 цояб рахъалде г1ат1илъич1они анкъиде щвезег1ан балагьила, гьеб мехальги рак1 цо х1алалдаса сверич1они нахъе бахъине рес рекъолеб бугони нахъе бахила. Рекъолеб гьеч1они бокьараб гьабизе ихтияр буго. Гьадалда хадуб гьаб дуг1аги гьабила: (Аллагьумма инни астахирука биг1илмика ва астакъдирука бикъудратика ва ас' алука м инфазли калг1азими фаиннака такъдиру вала акъдиру ватаг1ламу вала аг1ламу иннака анта г1аламул гьуюби. Аллагьумма инкунта -таг1ламу анна гьазал амра хвайрун лифидини вамаг1аси ваг1акъибати амри ва г1ажилигьи ва ажилигьи факъдиргьу ливаясиргъу ли сумма барикли фигьи ваин кунта таг1ламу анна гьазал амра шшаррун лифидини вамагГаши ваг1акъибати амри ваг1ажилигьи ваажилигьи пах1рипгьу г1анни вассрипниг1ангьу вакъдир лиялхвайра х1айсукуна сумма раззини бигьи).

Анна гьазал амраян абураб мехалъ жиндир х1ажат рак1алдеги щвела. Цинги тагьажжуд буго гьеяъул ракаг1атазе г1орхъи гьеч1о. Г1адат билъарав чиясе гьеб тезе карагьатаб буго.

Сардилъ ворч1ани цинги жиндаги: (Лаилагьа иллал-лагьу вах1дагьулла шарикалагьу лагьулмулку валагьул х1амду вагьува г1ала кулли шай ин къадирун. Алх1амдулиллагьи ва субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи ва лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбару, вала х1авла вала къуввата илла биллагь). — абун.

Цинги дуг1а гьабуни къабул гьабила. Цинги т1адеги вахъун как бани гьебги къабул гьабила. Ибнух1ажарил г1аскъаланияс абун буго. Гьелъул кири бицинч1ого тана сипат гьабун к1олареб бугелъул.

Ункъо ракаг1ат бани зух1аялъул рузман къоялъ жиндир г1умруялда цих1ин щибаб ракаг1аталда анц1ул алх1ам ц1алила. Анц1-анц1 къулгьу,

къульаг1узаби, къульяаюгьалкапируна — ц1алила, анц1ул аллагьу лаилагьа иллагьуваги ц1алила. Алх1амал ц1алун хадуб, цинги салам къун хадуб лъабкъоялда анц1ул астагьфируллагь абила, гьедиг1анго субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи абила. Г1азималде щвезег1ан гьедин ункъо ракаг1ат бани аллагьас гьелдаса зоб — ракъалъул агьлуялъул г1адамазул ва жиназул квешлъи борхила. —Альфарзу афзалумин наплин къаин касура. Фима г1ада арбаг1ан хузгьа х1укат дураран бад'усалами азанун маг1т1агьа ратина. Къубайла вакътин ва ибраун лиман г1асуран.

ЖАМАГ1АТ ГЬАБУН КАК БАЙ.

Жамаг1ат гьабун как бай фарзукифаят буго. Рокъор ругел узденал бихьиназе исламалъул г1аламат х1асиллъулеб куцалда гьеб ч1езе гьабизеги т1адаб буго. Бихьинал гурезеги суннатаб буго. Бихьиназеги мажгиталъуб хирияб буго. Мажгитги г1емерав чи данделъулеб хирияб буго. Как бухьиналъул аллагьу акбаралъул кири щола имамас как бухьун бахъараб мехалъ как бухьиналде машгъуллъани. Жамаг1аталда нахъ рег1ула имамас салам кьелалде хадув г1унт1ани. Рукуг1алда вук1аго, я ахираб аттах1иййатуялда вук1аго ханив лъугьунев чи лъани дагьав тархъизе суннатаб буго г1адан бат1а гьавич1они, амма гьеб к1иябго гуреб бак1алда тархиларо. Цо как барав чиясе жамаг1атгун бан бугониги, цоги хамаг1ат щолеб бугони как ц1и гьабизе суннатаб буго.

Жамаг1ат тезе рухса гьеч1о, гьеб тезе бегьулеб г1узру батич1они. Масала, ц1акъ балеб ц1ад бугони, я сардилъ бахъараб гьури, ц1акъаб х1ащ, ц1акъаб ц1орой, ц1акъаб бух1и, гьединго унти загьираб вакъи къеч, каки чури х1алакин, налъуласдаса х1инкъи, бец1изе х1ал к1олеб гьеч1они, гьалмагьлъигун цадахъ сапаралда къач1ан вук1ин, г1агарав чи хвалилъе лъугьун, гьесда аск1ов вук1ин, унтарав чиясда аск1ов вук1ин, гьев къач1алев, гьесул рак1 гъезабулев жив гурев чи гьеч1они. Залимасда-са х1инкъи, квешаб мах1 бугеб жо кванай, имамас макъсудлъун бугеб суннат тей, т1охазул гонгал къват1азухъе чвахулел рук1ин, гъел г1узраби ругони жамаг1ат тезе рухса буго.

Жиндир как бат1уллъи лъалев имамасда нахъ рилъине бегьуларо.

Масала, имам каки чури бихун вук1ин лъани гьесда хадуб как бегьуларо. Имамасул как хвеялда маъмумасулиг1тикъад бугони гьесда хадубги как бегьуларо. Масала, Щапиг1ияв г1аяраталда квер хъварав х1анапиясда нахъ вилъине бегьуларо. Х1анапиясул каки чури бихуларо г1авраталда квер хъвани. Щапиг1иясул иг1тикъад гьесул каки чури бихиялда бугелъул, Щапиг1ияв гьесда нахъ вилъине бегьуларо. Гьединго къилбаялъулъ бук1а, каки чурулеб парччиялъулъ бук1а ижтигьад хилиплъарал чаг1и цоцада нахъ рилъине бегьуларо. Амма парччи к1иго лъаб-го бугонияли бегьула. Имамасул парччи хъубаблъун ч1еч1они. Щапиг1ияв г1авраталда квер хъварав я бичарав х1анапиясда нахъ зилъани бичарасда нахъ вилъарасул как бегьула, г1авраталда квер хъварасда хадуб бараб бегьуларо, щай абуни маъмумасул иг1тикъадалда аваласул бегьун буго, к1иабилесул бегьун гьеч1о. Имамасда хадув вугев чиясда хадубги бегьуларо к1иабизеги как ц1игьабизе кколев чиясда хадуб бегьуларо.

Алх1амалъул цониги х1арпалъениги ташдидалъениги зарар гьабулев чиясда алх1ам лъалев чи нахъ вилъине бегьуларо, амма жиндаго релъаравни нахъ вилъине бегьула. Ч1ужуялда хунсаялда бихьинчи нахъ вилъине бегьуларо. Каки чурун как балев, таямум гьабун балесда нахъ вилъине бегьула, ц1и гьабизе кколеб как гьеч1они. Мачуязда Масх1v гьабун балесда хадубги бегьула вахъунч1ун как балев г1одо вук1ун балесда хадубги, гьит1инав чиясда хадубги бегьула. Как бан хадуб жиндир имам ч1ужуйигин лъани, ц1игьабизе ккола. Каки чури бихарав чи

вук1ин лъани, я черх хъуплъарав чи вук1ин лъани как ц1и гъабизе кколаро. Амма какилъ лъани, ват1алъиялде къасги гъабун ват1алъила. Амма чури бихарав имамас маъмумасул сагъву баччуларо, рукуг1алда нахъ рег1иялдалъун алх1амги баччуларо. Гъединго как ц1и гъабизе ккеларо балъгояб хъуплъи имамасул рет1ел черхалда бугеб лъани. Амма загъираб бук1ин лъани как ц1и гъабизе ккела. Загъираб хъуплъи щиб абуни, лъик1 пикруги гъабун маъмум балагъани гъесие бихьизе бегъулеб жо буго.

Имамасда т1алъула жиндир рет1елалда загъираб хъуплъи батани маъмумасда лъазабизе гъес как ц1игъабизе. Балъгояб хъуплъи бугесги маъмумасул сагъву (дида т1ехьалда бихьана кибали рак1алда гъеч1о гьит1инав чиясги сагъву алх1ам барччуларо абун). Маъмумасда имамасул каки чурун бук1унгут1и гъесда хъуплъи бук1ин лъан бугони, цинги к1очон тун нахъ вилъун ватани как ц1игъабизе ккела.

ЖАМАГ1АТ БЕГЬИЗЕ ККАНИ...

Жамаг1ат бегьизе ккани анкьго шарт1 буго:

Т1оцебесеб имамасда деве маъмум ккунгут1и буго цо. К1иявго ващад вугони жамаг1аталъул кири щоларо. Цох1о маъмумасе суннатаб буго имамасул кваранаб рахъалда дагъав нахъе къан ч1езе, жиндир х1ат1ил килщал имамасул эгъеялдаса нахъе кколеб куцалда. Цинги т1аде цоги чи вач1ани кваг1аб рахъалда ч1ела. Цинги я имам цевег1ан къала, я гьал к1иялго нахъег1ан рилъина, гьал нахъе рилъин хирияб буго. К1иго чи вугони к1иявго данде рит1ун нахъа ч1ела. Цо ч1ужу йигони гьейги нахъа ч1ела. Руччабазе имамлъи гьабулей ч1ужу мухъи бакьулъ ч1ела. Къамат гьабизе будун лъугъун хадуб суннатаб какалда байбихьизе карагьатаб буго мухъал рит1изаризе, мухъал т1убазаризе гьоркьоб бак1 гьеч1ого цоцада гъуждул цузарун ч1езеги суннатаб буго. Гьедин гьабич1они жамаг1аталъул кири борч1ула. Маъмумасе живго цох1о ч1езе карагьатаб буго. Бак1 батани мухъилъ лъугьина, батич1они какги бухьун мухъилъа чи ц1ала. Гьесиеги суннатаб буго нахъе ц1араб мехалъ вач1ине. К1иабилеб шарт1 имамасул хьвади маъмумасда лъай буго. Я живго вихьун, я жинда хадуб бугеб мухъ бихьун, *я* гьаракь par1y и.

Лъабабилеб шарт1 имамги маъмумги цо бак1алда данделъи буго, к1ито ригьда жанир ругони цоцаде рилъине нух бук1ин шарт1 буго, я имам, я имамасда нахъ рилъарал чаг1иниги рик1к1иги шарт1 буго. Имам маъмумасда гьоркьоб бук1унеб шарг1ияб къадарлъабгонат1 буго, мухъазда гьоркьобги гьебго къадар буго.

Ункъабилеб шарт1 имамасда нахъ вилъиналде къасд гьаби буго.

Гьаб къасд гьабич1ого тани, я гьабиялда щаклъани нахъги вилъани имамасухъ балагьиги халалъани как хвела. Жинцаго как балаго т1аде жамаг1ат бач1ани к1иго ракаг1атги бан саламги кьун цинги жамаг1аталде лъугьина. Щуабилеб шарт1 к1иябго какил г1амалал рекъон рук1ин буго.

Бец1ун балеб, г1ужда балеб какалда хадуб базе бегьила, суннат парзалда хадуб бук1и бегьила, парз суннаталда хадубги бегьила.

Амма суннаталда хадуб баялдаса паризаяб как жибго жиндаго бай хирияб буго.

Амма ц1игъабун балеб как суннаталда хадуб базе бегъуларо.

Ашгъабилеб шарт1 имамасдехун хилиплъи гьабунгут1и буго, хилиплъи пах1ишияблъун бугони суннатаб жалазулъ гьесдехун хилиплъи гьабуни как хвела. Имамас къуръан ц1алиялъул сужда гьабуни маъмумас тани, я имамас тун маъмумас гьабуни, я авалаб аттах1иййату имамас маъмумас ц1алани как бат1уллъула.

Анкьабилеб шарт1 имамасулалдаса как бухьи нахъа ккей буго. К1иго пиг1лияб рукнуялъ цеве нахъа ккеч1ого имамасда нахъ вилъинги буго. Как бухьин имамасда цадахъ ккани, я цебе ккани, я х1арамаблъи лъалаго к1иго пиг1лияб рукнуялъ цебе ккани, как хвела. Я г1узру гъеч1ого к1иго т1убараб пиг1лияб рукнуялъ нахъа ккани. Масала, имам рукуг1алде ун т1адеги ворхун суждаялда г1одов къулана гьанжеги маъмум вахъун ч1ун вуго, гьесул как хвела. Цо т1убараб пиг1лияб рукнуялъ имамасда цеве ккезе х1арамаб буго. Имамасда маъмум г1узруялдалъун нахъ ккани. Масала, алх1ам ц1али, г1антавчи вугони, я алх1ам ц1алиялда щаклъун к1иабизеги алх1ам ц1алулев хут1ани, я мунапикълъунги вугев х1алалъ важагьту ц1алулев хут1ани мапикъ абулевчи алх1ам ц1ализег1ан къадаралда имамасда цадахъ ч1езе щваравги вуго. Гьел чиязе рухса буго лъабго рукнуялъ нахъа ч1езе гьелдаса нахъа кколеб бугони, я ват1алъиялде къасд гьабила. Я имамасда хадув к1анц1ила, имамас салам кьун тун хадуб ракаг1аталги г1езе гьарила.
Амма масбукъилан абуни алх1ам ц1ализег1ан къадаралда имамасда цадахъ вахъун ч1езе щвеч1ев чи вуго гьесие суннатаб буго сундего вуссинч1ого алх1ам ц1ализе лъугьине цинги гьесул алх1ам ц1алун лъуг1ич1ого имам рукуг1алде инч1ого ч1ани ракаг1ат борч1ила. Имам суждаялде къулизег1ан алх1ам лъуг1изабулев ч1ани как хвела. Как бухьун хадуб важагьту аг1узубиллагьалде вуссун вук1аго имам рукуг1алде ани гьелде вуссун ч1арабг1ан къадаралъ алх1ам ц1алулев чТела. Цинги гьел суннатазул ц1аларабг1ан къадарги алх1амалъул ц1алун рукуг1алда имамасда хадув гъуни ракаг1ат щвела; щвеч1они щвеларо. Цинги гьеб алх1амалъул къадар ц1алулев маъмум вук1аго имам рукуг1алдаса ворхани рукуг1алдаги инч1ого гьесда цадахъ ч1ела, рукуг1алде ани как хвела. Имамас салам кьун хадуб жиндирго ракаг1атги нахъ рег1изе гьабила.

Щуабилеб ракаг1ат базе сагьвиллъун имам т1аде вахъани гьесда хадур рилъине бегьуларо ракаг1ат камун бугонити, гьев г1езабизеги нахъ вилъун вахине бегьуларо, живго вахина нахъ вилъинч1ого.

Ракаг1атал г1урав чи вугони, я гьевгин салам кьезе ч1ела, я ват1алъун жинцаго салам кьела.

Маъмумасда лъани имам лъабабилеб ракаг1аталда аттах1иййатуялда ч1олев вук1ин, я щаклъани лъабабилебдай имам ч1олев вугев ункъабилебдай абун нахъ вилъинаро.

Я жинцаго ват1альун как т1убазе гьабила, я т1адеги вахъун гьев т1аде вахъинег1ан, я салам кьезег1ан ч1ела.

ИМАМ:

Имамлъи гьабизе бищун лъик1ав вали вуго жиндир вилаяталъул бак1алда; цинги бак1алъул бет1ергьанчи вуго; цинги какил ах1камал лъалев чи; цинги къираат сах1их1авчи; цинги вараг1 бугев чи; цинги лъик1ав; цинги г1адамазда гьоркьов лъик1аб рехсей бугев чи; цинги рет1ел бац1ц1адав; цинги пиша лъик1ав, цинги гьаракь берцинав, цинги сурат берцинав. Киналго ращадал ругони, даг1баги ккани можор рехила. Лагъ вугониги г1адил рекъарав вуго пакъир вугони пасикъасдаса.

Мусапирасдаса мукъим рекъарав вуго. Гьит1инасдаса балугъав рекъарав вуго.

ЖАМАГ1АТАЛЪУЛ СУННАТАЗУЛ БИЦЕН БУГО ГЬАБ:

Къамат гьабун гурони т1аде вахъунгут1и суннатаб буго. Мохъал ращад гьари. Гьелдалъун амру гьаби. Гьеб имамасе ц1акъго суннатаб буго. Мохъал рит1изе гьариялдалъун мурад цересел мохъал т1орач1ого нахъиязда байбихьун, хут1и буго. Ч1арал г1адамал цоязул курмул цоязул курмада ращад гьарун ч1ейги буго. Гьоркьоб ругел бак1алги рорцизе гьарун гьедин гьарич1они карагьатаб буго. Ибнух1ажарасда аск1об жамаг1аталъул кири щоларо. Бихьиназул мохъазул бищун хирияб т1оцебесеб буго, цинги, к1иабилеб, цинги лъабабилеб.

Руччабазул мохъазул бищун хириябги руччаби жалго жидедаго ругони бихьиназул г1адин буго.

Бихьиналгун ругони гьездаса рик1к1адабг1ан хирияб буго.
Пасикъ имамлъун ккезе карагьатаб буго, гьединго суннат гьабич1ев чиги, бидг1иявчиги. Масала, гьажарасда хадуб как базе карагьатаб буго. Бидг1ияв чи абула абулх1асанил, ашг1ариясулги, Абулмансурилги иг1тикъадалда гьеч1ел чиязе гьезул иг1тикъадги цебе ана.
Х1алалаб халатаб саларалда вугев чиясе к1и-к1и ракаг1ат бан къаде какги бакъанил боголилги как къокъ гьабизе бегьула. Как къокъ гьабизе бегьулеб сапаралда хут1арабги къокъ гьабун бец1изе бегьула. Сапаралда бец1улеб бугони. Халатаб сапарги к1иго гьоркьохъеб къойил нух буго. Я сордо-къоялъул нух буго. Нат1ил х1исаб гьабуниги нусиялда микьазарго нат1 буго. К1иго гьоркьохъеб къойил нухалде к1иго марх1ала абула. Лъабго марх1алаялде щвеч1еб нух бугони как т1обазе гьаби хирияб буго. Сапар лъабго марх1алаялде бахун бугони къокъ гьаби хирияб буго.

Сапаралда байбихьи росдал раг1ал таралдаса байбихъун бук1уна.
Сапаралде байбихьараб бак1 тун жанив лъугьани нахъ вуссуда сапар лъуг1ула. Сапаралде вахъарав чияс цо бак1алдаункъо къоялъ ч1езе къасд гьабуни, гьеб бак1алде щвеялдалъун гьесул сапар къот1ула. Цо ч1араб бак1алда жиндир х1ажат жакъа т1убала метер т1убала абун гьелде балагьун вугони анц1ила микьго сордо-къоялъ къокъ гьабила. Амма ункъо къоялдаса гурони жиндир х1ажат т1убангут1и лъани къокъ гьабизе бегьуларо.

КАК КЪОКЪ ГЬАБИЯЛЪУЛ Х1АКЪАЛЪУЛЪ...

Как къокъ гьабизе ккани микьго шарт1 буго. Хекко толеб бугони халатаб сапар буго цо. Сапар х1алалаб бук1ин к1иябго. Масала, кьезе мех щвараб налъи бугони сапаралъул рухсаби бегьуларо налъи киг1ан дагьаб буго-ниги налъуласул изну гьеч1они гьединги буго х1алалаб сапаралде вахъаравчи бец1аликье кканиги гъесиеги сапаралъул рухсаби бегьуларо. Лъабабилеб шарт1 жиндир ният к1иго марх1ала бук1ин лъалеб бак1алда бук1ин буго. Кив уневали лъаларев свердилев вук1унев чиясул сапар бегьуларо киг1ан халат сверданиги Киб бугебали лъалареб бикъараб жо т1алаб гьабизе цо чи вахани, гьес как къокъ гьабизе бегьуларо. Цинги цо бак1алде щвараб мехалъ сапар Г1олеб бак1алде къасд гьабуни гьеб бак1 гьесул сапаралъул авал буго. Ункъабилеб шарт1 как бухьиналда аск1об къокъ гьабиялде къасд гьаби буго. Щуабилеб шарт1 как бухьиналъулъ гьабурав шарт1алдехун хилиплъи гьабулеб жо как т1убазег1ан гьорлъе ккунгут1и буго. Какил щаклъи ккани къокъ гьабизедай дица ният гьабуна т1убазабизедай гьабуна абун, ялъуни къокъ гьабундай яги т1убазабундай лъик1 абун щакдарани т1убазабизе ккела.
Анлъабилеб шарт1 как т1убазабулев я сапаралда вук1иналъулъ щаклъи бугев чиясда нахъ вилъунгут1и буго. Амма цо чи мусафир вук1ин лъани т1убазабизедай ният гьабун буго къокъ гьабундай буго абун щаклъи ккани, цинги гьесда хадуб как бухьани къокъ гьабун гъев жиндир имамас

къокъ гъабуни гьесги къокъ гъабила. Анкьабилеб шарт1 кинабго какилъ сапар даимлъи буго. Къокъ гъабун балев вугев чи мукъимлъун лъугьани т1убазабизе ккола.

Микьабилеб шарт1 как къокъ гъабиялъул шурут1алги ч1ч1ун как къокъ гъабизе бегъиялъул баян лъай буго, лъач1они бегъуларо. Зарар гъабулеб гьеч1они сапаралда к1ал кквей хирияб буго; лъабго мархlаялде щвеч1еб нух бугони как т1убазабийги хирияб буго.

Халатаб сапаралъул рухсаби ункъо руго: как къокъ гъаби до: к1ал беччей к1иябго: лъабго къоялъ масх1у гъаби лъабабго: как данде гъаби ункъабго.

Къокъаб сапаралъул рухсаби: рузман тей, рек1унеб жоялда т1ад суннат бай; таямум гъаби; гьелдалъун парз т1аса ккей.

КАК ДАНДЕ БОСИ...

Как данде босизе бегъула: къаде как бакъани какде босизе бегъула. Марк1ач1ул богол какде бегъула; богол марк1ач1ул какде бегъула. Амма ригь-ригъалда бай хирияб буго. Гьеб бегьиялда шакдари ккарав чиясе хут1изег1ан данде босун жамаг1ат щолеб бугониги данде боси хирияб буго. Нахъияб цебеселде босизе ккани ункъо шарт1 буго:
цебесеб как цебе гъаби цо. Цебесеб какилъ нахъиябгун цадахъ данде гъабун базе абун ният гъаби к1иябго. К1иялдаго гьоркьоб замана халалъунгут1и лъабабго. К1иябго какалда гьоркьоб хех гъабун к1иго ракаг1ат базег1ан къадар ккани бегъуларо. Нахъияб как бухьинег1ан сапар даимлъи ункъабго. Нахъияб как бухьиналде рокъове щвани данде гъабизе бегъуларо. Цебесеб как нахъиялде босизе ккани к1иго шарт1 буго: авалияб какил г1уж бук1аго нахъиялде босизе къасд гъаби цо; гьедин къасд гъабич1ого г1уж инег1ан как нахъе бахъани г1асиллъула. К1иябго как т1убазег1ан сапар даимлъи к1иябго. Цебесеб нахъиялде босараб мехалъ суннат буго тартиб гъаби; т1ат1алаго гъаби авалабалъулъ данде гъабун базе абун ният гъаби.

Унтарав чиясда т1адаб буго къойил щуябго как базе шурут1ал арканал т1уразе гъабун. Как бат1ул гъабулеб жоялдаса рик1к1алъизеги т1адаб буго, жинда х1ал к1вараб куцалда х1ал к1веч1они г1одов вук1ина, вегун бала, бераз ишара гъабила, рак1алда арканал хьвадизе гъарила. Унти ц1а-каналъе г1оло данде гъабизе бегъила, т1аса бищараб буго. Жиндийго маслах1ат бугеб рахъалде дандеги гъабила.
Рузман т1алъула г1акъилав, балугъав, узданав, бихьинав рузман балеб бак1алда ч1ч1арав чиясда. Я бит1араб бак1алда бугеб х1алалъ рузман балеб росдал раг1алдасан гъабураб гьаракъ борхатаб чиясул гьаракь жинде щварав чиясдаги т1алъула, гьединаб гьаракыи гьури гьеч1еб ме-халда жиб гъабулеб. Сапаралде вахъарав чиясда рузман т1алъуларо. Сапар халатаб бугони, амма рогьел базег1ан росдал раг1ал тезе ккела. Рогьел бан хадуб рузман къоялъ сапар х1арамаб буго, нухда базе къаг1ида ккoлеб гьеч1они. Амма рузман балеб росдал раг1алдасан гъабураб к1удияб гьаракь раг1улеб бак1алде сапаралде вахъарав чиясдаса рузман т1аса кколаро бит1араб бак1лъун бугеб х1алалъ. Г1асияб сапаралде вахъарав чиясдасаги т1аса кколаро рик1к1ада бугониги.

Рузманалъул какил цогидал какил шурут1азде т1адеги ц1ик1к1араб щуго шарт1 буго: Т1оцебесеб к1иябго ракаг1ат г1ужилъ ккей буго. К1иябго хут1баги к1иябго ракаг1атги базег1ан къадар г1ужил нахъе хут1ун гьеч1они къаде как бан тела. Рузман балеб бук1аго г1уж ани къаде каклъун сверизе гъабун ункъо ракаг1ат бала, ниятги ц1игъабизе ккеларо.
К1иабилеб шарт1 росулъ бай буго; росда къват1иб как къокъ гъабизе бегъулеб бак1алда рузман бегъуларо. Лъабабилеб шарт1 жинда цадахъ цебе рузман ккунгут1и буго цо росулъ к1иго бак1алда рузман базе бегъуларо, ц1акъго к1удияб бук1ун цо бак1алде данделъизе зах1малъун ругони.
Ункъабилеб шарт1 к1икъого узденав г1акъилав ват1ан ккурав чи вук1ин

буго. Жал камилал гьелгуниял чияз жамаг1ат гьабун байги буго. Гьев к1икъогоявго чи хут1маги гьабулеб мехалъ г1енеккарал гьеб раг1аралга рук1ине ккела.
Щуабилеб шарт1 рузманалда цебе к1иябго хут1ба ккей буго.

Хут1баялъул арканал шуго руго:

Аллагьасе х1амд гьаби цо. Свалат бит1и к1иябго. Т1акъваялдалъун васият гьаби лъабабго; гьаб лъабабго к1иябго хут1маялъулъ рехсезе ккела. К1иябго хут1маялъул цоялъулъ аят ц1алиункъабго. Нахъиябхут1маялъулъ муъминзабазе дуг1а гьаби шуябго.

Хут1баялъуд шурут1ал ич1го руго:

Х1ал к1олев чи вугони вахъун ч1ей цо. Г1араб мац1алъ бук1ин к1иябго. Завалалда хадуб бук1ин лъабабго. К1иябго хут1баялда гьокьов х1алхьизе ч1ей ункъабго. Камилав к1икъого чиясда раг1изе гьаби щуябго. Т1ат1алаго гьаби анлъабго; х1адасалдаса вац1алъи анкьабго: г1аврат. бахчи микьабго: рузманалда цебе гьаби ич1абго.
Хут1баялъе гьал раг1аби абуни г1ела:
— Алх1амдулиллагьи раббил г1аламина васаллаллагьу г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва асх1абигьи ажмаг1ина усикум г1ибадаллагьи заийййая аввалан битакъваяллагьи таг1ала ва т1аг1атигьи фаттакъугъу ва ат1иг1угьу иннагьу маг1ал мугтакьина. Аг1узубиллагьи минащщвайт1ани рражими. Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими ва лиман хафа макъама раббигьи жаннатани фаби аййи алаи раббикумма туказзибани ажарани аллагьу таг1ала ва иййакум миннари ва гъапаради валакум вагьувалгьапуру ррах1иму амина.
Г1одов вук1унеб бак1: Алх1амдулиллагь ва ссалату ва саламу г1ала саййидина Мух1аммадин расулиллагь усикум ва нафсия битакъваяллагьи ат1иг1уллагьа рах1имакумуллагьу аллагьуммагьпирлил муъминина вал муъминати ажмаг1ина инна ллагьа вамалаикатагьу юссаллуна г1ала ннабиййи я аййугьа ллязина амату ссваллу г1алайгьи васаллиму таслиман.
Хат1ибас минбаралда аск1ор ругел чиязе салам кьезе суннатаб буго. Цинги т1аде вахъараб мехалъ кваранаб рахъалдасан г1адамаде, вуссун салам кьела. Как ах1улеб мехалъ г1одов ч1езеги суннатаб буго. Хут1ба фасах1атаб къокъаб бич1ч1улеб бук1ин хут1ба гьабулев чи киг1ан квералъ ккураб г1анса-т1илалда релъаралде ч1ван вук1ин суннатаб буго. Рузманалде вач1унев чиясе черх чуризе суннатаб буго. Гьеб тезе карагьатаб буго. Гьелъие г1ужги щола рогьарал-даса бай бихьун.
Хъах1аб рет1ел рет1и, берцинаб мах1 гьаби, т1аса гьиз, рас, малъ инаби, нухда унеб мехалъ пикру зикруялда ин, бигьа гьавун ин; хут1ба гьабулев мехалъ г1енеккун ч1ей. Раг1улеб бугони зикруцин жибго тун хут1ба гьабулев хат1иб вугеб мехалъ жанив лъугьарав чиясе ташмит гьа-бизеги суннатаб буго. Гьебги щибан абуни г1аккарав чияс алх1амдулиллагь абураб мехалъ ярх1амукаллагьу аби буго. Ваягьдиякаллагьу абун гьессие бусинеги гьабизеги суннатаб буго. Суратул кагьфи г1емераб ц1ализеги суннатаб буго; аварагасде ссвалат г1емераб бит1изеги суннатаб буго рузман къоялъ.
Рузман къоялъ анкьц1ул абуни: Аллагьумма ссвали Дала Мух1аммадин г1абдика ва набиййика ва расулика набиййил умиййин - абун гьесул ункъого соналъул мунагьал чурила. — Аллагьумма ссвали васаллим ва барик г1ала саййидина Мух1аммадин набиййил камили ва г1ала алигьи ссалатан ла нигьаята лагьа кама ла воагьаята ликамалика ваг1адди камалигьи - гьаб ссвалат цин абуни анц1 азарго ссвалат бит1арабг1ан кири бук1ина.

Гьал байтал рузманалда хадуб теч1ого ц1алани иманалда хвела, воре ц1акъ миллат гьабе:
Илагьи ластумил пирдавси агьлан вала акъва г1ала нарил х1ажими Фагьабли тавбатан вагьфир зунуби Фаиннака гъафируззанбил г1азими.

Свалатазул бищун хирияб ссвалат гьаб буго: — Аллагьумма свалли афзала салаватика г1ала саийидина Мух1аммадин г1абдика ванабиййика ва расулика Мух1аммадин ва алигьи вассах1бигьи васаллим таслиман касиран ва зидгьу шарафан ва такриман ва анзилгьул манзилал мукъарраба г1индака явмал къиямати.

Рузман сордоялъ дуг1а г1емераб гьабизе суннатаб буго жаваб гьабулеб саг1аталда данде ч1ваялде хьуллъун. Г1адамада т1асан гали бегьизе карагьатаб буго, амма цере ругел чияз гьоркьоб бак1 тун бугони карагьатаб гьеч1о. Рузман т1адав чиясе к1иабилеб как ах1ун хадуб даран-базаралда релъаралде машгьуллъизе х1арамаб буго.

Рузманалъул к1иабилеб рукуг1алда нахъ рег1ани рузманалда нахъ рег1ола. Цинги имамас салам кьун хадуб т1аде вахъун ракаг1атги бала. Рукуг1алда нахъ рег1ун цониги ракаг1ат щвеч1они гьесул рузман бегьуларо. Аттах1иййатуялда имам вугеб мехалъ т1аде щвани рузман базе абун ниятги гьабун гьорлъе лъугъина. Салам кьураб мехалъ т1адеги вахъунункъо ракаг1ат бан къаде каклъун т1убазе гьабила.

Рузманалда хадуб алх1ам, къулгьу, къульаг1узаби анкьц1ул — ц1алила ва гьез жиндир гьарунщинал мунагьал чурила. Жиндир дин, дунял, агьлу-хъизан ц1унаравлъунги вук1ина. Гьел ц1алун хадуб ункъц1ул гьаб дуг1аги ц1алила:

Аллагьумма я гьаниййу я х1амиду, я мубдиййу, я муг1иду, я рах1иму, я вадуду агьнини бих1алаликаг1ан х1арамика ва бит1аг1атикаг1ан маг1сиятика вабифазлика г1амману сивака. Абут1алибил маккиялдасан накълу гьабуна гьаб дуг1аялда г1емераб ц1алун т1ад ч1ч1ей гьабуни, аллагьас гьесие г1ей гьабила х1исаб гьеч1еб рахъалдасан ризкъи кьела.

Аварагасде ссвалат бит1изе ц1акъ хирияб буго гьал рехсарал бак1азда какие жаваб гьабун хадуб. Дуг1аялда цебе, бакьулъ, хадуб. Магьдинаялда хадуб. Г1идалъул Аллагьу акбаразда гьоркьоб. Мажгиталде лъугьараб мехалъ. Гьениса вахъараб мехалъ. Диналъул вацгун данделъараб мехалъ ват1алъараб мехалъ, сапаралде вахараб мехалъ, вуссараб мехалъ, как базе т1аде вахъараб мехалъ, ай сардилъ базе, къуръаы лъуг1араб мехалъ, ургьел ккараб мехалъ, х1адис ц1алиялда аск1об, г1елму зикру щвезе гьабиялда аск1об, лъараб жо к1очон тараб мехалъ, г1инзунибе салах1 ц1алиялда аск1об, каки чурун хадуб. Гьал бак1азда свалат бит1и муаккадаб буго.

Имамасда хадуб цониги ракаг1ат ккеч1ев масбукъас рузманлъун бугони, къаде каклъун ункъабго ракаг1ат бала.
Цинги гьесда имамасда хадуб ракаг1ат щварав масбукъ вихьани как тун гъесда нахъ вилъине т1алъула, щай абуни рузман т1адав чиясул как бегьуларо.

Цин аллагьу акбар абила. Цинги лъабц1ул астагьфируллагь аллагьумма анта саламу ва минка саламу табаракта я залжалали вал икрами.
Бисмиллагьи ллязи лаилагьа илла гьува ва ашгьаду ан лаилагьа илагьува ррах1ману ррах1иму, аллагьумма азгьиб гГаннил гьамма валх1азан лаилагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикалагьу лагьул мулку валагьул х1амду вагьува г1ала кулли щай ин къадирун.
Бакъанидаги, марк1ач1удаги, рогьалидаги юх1йи ва юмитуги зияда гьабун анц1ул абила сах1их1аб х1адис буго гьедин гьеб абуни Исмаг1ил аварагасул лъималаздаса анц1го лагь тархаравг1ан кири бук1ина абун. Цоги кирабиги рицун руго.
Цинги, (Аллагьумма ламаниг1а лима аг1т1айта вала муг1т1ия лима манагГга вала янфаг1у залжадди минкал жадду лах1авла вала къуввата илла биллагьил г1алиййил г1азими лаилагьа иллаллагьу вала наг1буду илла иййагьу лагьу ниг1мату валагьул пазлу валагьу ссанаул х1асану лаилагьа иллаллагьу мухлиссина лагьуддина валав каригьал кафируна).

Цинги алх1ам д1алила, цинга аллагьу лаилагьа иллагьува ц1адила. Цинги: къулгьу, къульаг1узаби ц1алила. Цинги: лъабц1ул: астагьфируллагь-алг1азима ллязи лаилагьа иллагьувал х1аййал къаййума ва атубу илайгьи. Цинги анц1ул: астагьфируллагь. Цивги субх1аналдагъ, цинги алх1амдулиллагь, цинги алагъу акбар лъебералда лъаб-лъаб нухалъ, амма аллатъу акбар-лъеберадца ункъго нухалъ абила. Цинги: Лаилагьа иллаллагьу вах1дагьулла шарикалагьу лагьулмулку валагьулх1амду вагьува г1ала кулли шай ин къадирун. Цинги: 100 зикру цинги марк1ач1ул как бугони, я рогьалилниги бугони анкьц1ул: Аллагьумма ажирни миннари, цинги гьаб: — Аллагьумма инни аг1узубика миналжубни ва аг1узубика ан урадда ила арзалил г1умури ва аг1узубика мин питнати ддунья ва аг1узубика мин г1азабил къабри. Аллагьуммагьфирли зунуби ва хат1аййа я куллагьа, аллагьумманг1ашни важбурни вагьдини ли ссалих1ил аг1мали вал ахлакъи иннагьу лаягьди лиссалих1игьа вала ясрифу саййиагьа илла анта, аллагьу м мажг1ал хвайра г1умури ахарагьу вахвайра г1амали хаватимагьу важг1ал хвайра аййами явма алкъака, аллагьумма инни аг1узубика миналкупри вал пакъри— (ялда хадуб) субх1ана раббика раббил г1иззати г1амма ясифуна васаламун г1алал мурсалина валх1амдулиллагьи раббил г1аламина.

Рогьалил как бугони вал факъриялда хадуб гьал раг1абиги абила: — (Аллагьуммабика ух1авилу вабика уссавилу вабика укъатилу, аллагьумма инни ас'алука г1илман нафиг1ан ваг1амалан мутакъаббалан ва ризкъан т1аййибан субх1ана раббика).

Гьаб дуг1аялда хадуб анц1ул халатаб зикруги ах1ун, анц1ул свалатги бит1ун гьельул кири х1абибасе, гьесул агьлу, асх1абзабазе, щайихзабазе кьолеб г1адат бук1ана г1ободиясул. Гьеса нахъ вилъин бокьарас гъебги гьабе. (Вассваллаллагьу таг1ала ва барик г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва сах1битьи ва саллам ва разиял-лагьу таг1ала г1ан садатина асх1аби расулиллагьи ва Данил маша ихил кирами амина).

ДУГ1А.

Алх1амдулиллагьи раббилг1аламина. Аллагьумма ссвалиг1ала Мух1аммадин ва г1ала али Мух1аммадин вассалим.

Я рабби дир бараб как, гьабураб кинабго г1амал дуца къабул гьабе аллагь. Къабулаб мун разияб г1амалалъе тавфикъги дуца кье аллагь. Къабул гьабич1ого дир бадибги ч 1ваге аллагь. Я рабби дирги дир эбел-инсулги, дида г1илму-дин малъарал устарзабазулги, дида дуг1а бухьаразулги киналго мунагьалги дуца рахче Аллагь. Дур ц1об — рах1маталдасаги дуца ниж мах1рум тоге Аллагь! ДУНЯлалъул балагьаздасаги ахираталъул г1акъубат г1азабалдасаги дуца ниж тархан те аллагь! К1иябго рукъалъул лъик1лъи дуца нюкее насиб гьабе Аллагь! Кинабго нижер х1ажат дуца нижее т1убазабе Аллагь! цинги: салаватги бит1е, фатих1аги т1аме.

Г1арабалъ абизе бокьани гьадинги гьабила:

(Аллагьумма раббана атина фиддунья х1асанатан вакъина г1азабаннари. Аллагьумма инни ас алука минлахвайри куллигьи г1ажилигьи ва ажилигьи ма г1алимту мингьу ва ма лам аг1лам ва аг1узубика миншшари куллигьи г1ажилигьи ва ажилигьи ма г1алимту мингьу ва ма лам аг1лам. Аллагьумма инни ас алукал жаннати ва ма къараба илагьи мин къавмин ав г1амалин. Ва аг1узубика минанна-ри ва ма къараба илайгьа мин къавлин ав г1амалин. Аллагьумагьфирли ва ливадаййа ва лимаша ихи фи ддини ва ли жамиг1и умматин Мух1аммадин свалаллагьу г1алайгьи ва г1ала алигьи ва сах1бигьи ва саллим).

Х1инкъи ц1акълъиялъул как рее рекъараб х1алалда бала бокьани рек1ун, бокьани решт1ун къилбаялде вуссунги вуссинч1огоги. Гьеб как базе бегьула кинабго х1алалаб рагьдаса лъутиялда аск1об, ц1алиялдаса, ихалдаса, бац1-тушманасдаса лъутиялда аск1обги, муг1сир вугони налъу-ласдаса лъутиялда аск1обги; гьалмагълъиялдаса ват1алъиялда х1инкъаниги базе бегьула.

Бихьинчиясе к1азил къвач1адал рет1ел рет1ине х1арамаб буго. Гьединго х1арамаб буго т1ад базеги, Дарай бугониги гурбендо бугониги ч1ужуялъе х1алалаб буго. Амма къадада бигьизе ч1ужуялъеги х1арамаб буго. Амма дарай гурбендуялъул юргъан т1адги бан ч1ужугун вегизе бихьинчиясе х1арамаб буго. Дарайдал квербац1ги х1арамаб буго. Гьединго бихьиназе х1арамаб буго: (аль-музаг1фару) — ц1акъ мач1аб, (вальмуг1ассфару) ц1акъ баг1арабги. Гьадаб кинабго ч1ужуялъе х1алаллъулебго;
гьебги рет1ун къват1ие яхъун хинца берцинлъи загъир гьабич1они буго. Хъирис, нац1 бан х1ажалъи ккани бихьиназеги бегьула.

Ч1ух1ун х1ат1ил хинк1идаса г1одоб рет1ел халат гьабуни х1арамлъула. ч1ужуялъе гурде х1ат1ил хинк1идаса нат1ил къадаралъ халат гьабизе буго.

Капурго хвараб жоялъул т1ом-т1ехь т1ад рет1ине х1арамлъула, как балеб мехалъцин. Мумаййизлъун вугев гьит1инав чиясдацин гьеб рет1ине бегьуларо. Хъубаб рет1ел рет1ун мажгиталъув ч1езеги х1арамаб буго. Мумаййиз абулев чи гьит1инав чи вуго живго кваналев, живго гьекъолев, жинцаго т1агьарат гьабулев.

Г1идалъул как суннатун муаккадатун буго. Гьелъие г1уж щола бакъ баккигун, завалалде бакъ щвезег1ан гьелъул г1уж унаро. Амма хочол къадаралъ бакъ борхизег1ан нахъе бахине суннатаб буго. К1иябго г1идалъул сордо т1аг1ат г1ибадаталдалъун ч1аго гьабизе суннатаб буго. Гьелъулъ гьабизе бищун рекъараб тасбих1алъул как бай буго. Цо х1адис буго: (Ман ах1'я лайлатайил г1иди) - г1идалъул к1иябго сордо ч1аго гьабун: (ах1 яллагьу къалбагьу) Аллагьас гьесул ракl ч1аго гьабила:
—Явма ямуту фигьил къулубу — Рак1ал холеб къоялъ г1емерисеб сордоялъ вахъун ч1ч1ани т1олго сордо ч1аго гьаби лъугьуна. Г1идалъул къоялъ черх чуризе суннатаб буго. Гьелъие сордо бащалъаралдаса байбихьун берцинаб рет1ел рет1инеги, гьуин мах1ал гьаризеги какде унеб мехалъ цояб нухалъ инеги нахъ вуссут1а бат1иялъ вуссинеги суннатаб буго. Амма унеб нух халатаб бук1ине лъик1аб буго. К1ал биччаялъул какда цеве кваназеги суннатаб буго. Къурбаналъул какда хадуб кванала. Гьелда цебе кваназе карагьатаб буго, долда цебе кванач1ого ч1езе карагьатаб буго. Какде унеб мехалъ бигьаго инеги суннатаб буго.

Аллагьу акбар бачин к1иябго г1идалъул какалъул г1аламат буго. К1ал биччаялъул аллагьу акбар к1ал биччан сардилъе лъугьаралдаса байбихьун бачина; къурбан хъвеялъул такбир х1ажи гурес г1арапаб къоялъ рагьаралдаса байбихьун бачина. Амма х1ажияс къурбан хъолеб къо къалъаралдаса байбихьун бачина. Рещт1араб бак1алда, рокъоб, къват1иб, къаси-къад гьаракьги биччан бачина. Амма ч1ужуялъ гьаракь борхиларо. Гьелъул мут1лакъалъул бачин к1иябго къоялъ имамас как бухьинег1ан буго. Амма къурбаналъул каказда хадуб бачунеб такбир аййаму ташрикъазул ахирияб къоялъул бакъани какда лъуг1изе гьабила, суннатал каказда хадубги бачина.

Такбиралъул бищун хирияб ссигьаги гьаб буго:
(Аллагьу акбар, аллагьу акбар, аллагьу акбар лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар, аллагьу акбар, валиллагьилх1амду, аллагьу акбар кабиран валх1амдуллагьи касиран ва субх1аналлагьи букратан ва ассилан ланлагьа илла.члагьу вала наг1буду илла иййагьу мухлиссина лагьу длина валав каригьал кафируна, лаилагьа иллаллагьу вах1дагьу ссадакъа ваг1дагьу ва нассара г1абдагьу ва аг1азза жундагьу ва гьазамал ах1заба вах1дагьу лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар.)

<u>**Хадуб свалат бит1изеги суннатаб буго**</u>.

Г1идалъул каказе ният гьадин гьабила: дица ният гьабула къурбан хъвеялъул г1идалъул как базе имамасда хадуб суннатаб аллагьасе аллагьу акбар. Дица ният гьабула к1ал биччаялъул г1идалъул как базе имамасда

хадуб суннатаб аллагьасе аллагьу акбар. Цинги важагьту ц1алун хадуб цебесеб ракаг1аталда анкьц1ул аллагьу акбар абила. Нахъияб ракаг1аталда щуц1ул абила гьоркьо-гьоркьоб:
—Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи валаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар, абила. Бищун цебесеб аллагьу акбаралда цебеги нахъияб такбиралда нахъаги абиларо, гьадаб Субх1аналлагьи. Цинги как бан хадуб къурбан хъвеялъул г1ид бугони хадуб такбир бачина.

Цинги хатиб вахъина, цинги будунас доб цебе араб ссигьаялдалъун такбир бачина? цинги хат1ибас ич1ц1ул аллагьу акбар, цинги хут1ба гьабила. К1иябго хут1баялда гьоркьобги анкьц1ул абила, цинги хут1ба лъуг1араб мехалъ как баркизе, къурбанал хъвезе рахъина, гьелда хадуб азкарал гьабиялъул хабар бегъич1о. Жамаг1ат гьабун балеб гьеч1они хут1баги суннатаб гьеч1о. Руччабазеги базе буго, г1идалъул как хут1ани бец1ун базе бегьула. Гьадин базе лъач1они къаде какил суннат г1адин такбираталги абич1ого базеги бегьула. Воре гьедин банги бач1ого тоге агьлу-хъизаналъулго, амма какилаб доб цебе бицараб къаг1ида буго.

<u>БАКЪ — МОЦ1 ККВЕЯЛЪУЛ КАК БАЙ.</u>

Бакъ — моц1 квеялъул какил к1иго ракаг1ат буго. Къаде какил суннат г1адин ниятги гьабила: дица ният гьабула бакъ кквеялъул как базе суннатаб Аллагьасе Аллагьу Акбар. Гьелъул камилалъул г1одобег1анаб цо-цо ракаг1аталда жаниб к1и-к1и рукуг1 зияд гьаби буго. Масала; как бухьина цинги алх1ам ц1алун рукуг1алде ина, цинги эхеде ворхила, гьанжеги алх1ам ц1алила, нахъеги рукуг1алде ун эхеде ворхун суждаялде ина. Цо-цо ракаг1аталъулъ к1иго алх1ам ц1али рукуг1 бук1уна.

Моц1 кквеялъул какил алх1ам т1атун ц1алила. Бакъ кквеялъул какил лъабго ц1алила; нахъа хут1баги гьабила. Бакъ кквеялъул какил г1уж уна бакъ биччан тани, я бакъ т1ерхьани. Моц1 кквеялъул какил г1ух уна, моц1 биччан тани -я бакъ баккани. Бакъ баккилалде цебеккун т1ерхьун иналдалъун г1уж унаро.

К1иго ракаг1ат суннатаб буго къаде какил суннат г1адинан дунял баг1арараб, ц1акъ гьури бахъараб, гьел гурелги зодосан г1аламатал загьирлъараб мехалъ. Амма жамаг1ат гьабиларо.
Бакъ — моц1 ккураб мехалъ хекко как базе т1алаб гьабе. Гьелъул кири щвезе данделъул зикру дугГаги гьабуни, гьабеян абич1еб гьабун, гьабеян абураб тун рахъунге.

<u>Ц1ад гьариялъул как.</u> г1идалъул как г1адин бала: Дица ният гьабула суннатаб ц1ад гьариялъул как базе абун, ниятги гьабила. Цинги хадуб хут1баги гьабила г1идалъул х1ут1баг1адин. Амма долъул аллагьу акбар абулеб бак1алда алъул: астагьфируллагьа ллязи лаилагьа иллагьувал х1аййалкъаййуму ва атубу илайгьи: абила. Цебеселъулъ ич1ц1ул, нахъиялъулъ анкъц1ул, цин цебе имамас амру гъабила ункъо къоялъ к1ал ккве абун. Цинги ункъабилеб къоялъ рахъина басрияб рет1елгун, херал чаг1игун, х1айваналгун цинги как бала хадуб хут1баги гьабила. Ибну Г1абасица абуна зоб гъугьалеб мехалъ, пири пирхулеб мехалъ абуни: субх1ана ллязи, юсаббих1у рраг1ду бих1амдигьи валмалаикату мин хифатигъи — абун цинги гьесда пири щвани дица бец1ила абун.

Ц1ад балеб мехалъ г1аврат гуреяб черх загьир гьабизеги суннатаб буго; ц1адал лъеца каки чуризеги черх чуризеги суннатаб буго.
Пирхулеб пириялдаги рехулеб ц1аялдаги хадуб балагьизеги лъияб гьеч1о.
Гьеб к1иябго бихьараб мехалъ абила:
— Лаилагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикаллагьу суб-бух1ун къуддусун — абун. Ц1ад балеб мехалъ абила:
—Аллагьумма ссаййибан ва саб'ян нафиг1ан — лъабц1ул абила; ц1ад балеб мехалъ г1емераб дуг1а гьабизеги суннатаб буго. Дуг1аялъ жаваб гьабулеб г1уж абун буго. Ц1ад г1емерлъун зарар гьабураб мехалъ абила:
(Аллагьумма х1авалина вала г1алайна. Аллагьумма г1алал акама ва ззараби ва бут1унил авдияти ва манабити шшажари, аллагьумма сукъйа

рах1матин вала сукъйа г1азабин вала мах1къин вала балаин вала гьаркъин.) Ц1ад бан хадуб гьаб абизе суннатаб буго: Мут1ирна бифазлил ллагьи ва рах1матигьи — абун.

Как т1адаб бук1иналда инкар гьабун как тани капурлъула; к1ух1аллъун тани, я как бан какил шарт1ниги тани гьев ч1вазе ккола. Как бай амру гьабила, бач1они хвалчен кьабила. Как тейги рух1 бахъи мекъса ккеялда х1инкъи бугел жаладаса, буго. Дин гьабулев чиясе как толев чиясулгун гьалмагълъи гьабунгут1изе рекъараб буго, къечон гьесие лъим кьезе бегьуларо, къечон хва абун тела. Гьесулги къват1ул гьвелги х1урмат бащадаб буго. Гьединал чиязул хабалги рик1к1ада г гьаризе рекъараб буго, пасикъзабазул хабал абун ц1арги тун.

ВАЙ АМАН ХВЕЛ...

Хвел г1емер рехсезе суннатаб буго.
Тавбу гьабун ч1езин т1аде щвелалде
Хасго унтарасе ц1акъго суннатаб
Къач1ан ч1ч1ун вугелъул ахираталде
Дару гьабизеги суннатаб буго.
Мугь ч1вазе к1веч1они таваккалалде
Хвалде хьул лъейги карагьатаб жо.
Зарар бач1инч1они жиндир диналде.
Хвел т1аде бач1арав мух1тазирасул
Рак1 гьесизе гьаби шагьадаталде.
Амма аск1ор рук1ун зикру бай гуреб
Шагьадат бит1еян амру гьабуге.
Кваранаб рахъалде, я чехьа т1аде
Вуссун ч1езе гьаве гьев къилбадлде.
Хирав аллагьасул гурх1елал рицун
Хьул ц1акълъизе гъабе магьфираталде.
Бичасул ц1обалде бугеб хьул гуреб
Воре гьев виччаге хьул къот1иялде
Лагъасда рак1алде ккараб х1алалде
Ватилевин аллагь щведал хобалде.
Цо ч1ортоги босун нилъуги бухьи
Берал къанщизаре мех бахъилалде
Чорхолъ ц1а бук1аго бигьа бук1унин
Гъеж-квер битТизабе цоцаде босун.
Т1аса рет1ел бахъун т1аде жо рехе
Чехьалда цузабе дагьаб бак1аб жо
Гьел щинал умурал хьвадизаризе
Гьесда жив гурх1улев мах1рамияв ч1ч1а.
Цинги хехлъи гьабе пакъир чуризе
Налъигун васият хекко т1обит1е
Цинги мискин чуре ц1ороpаб лъеца
Х1ажалъи кканани бух1арабги т1е.
Кваранаб накалде мугьги ч1вазабун
Гурх1елалда лъухье пакъирасул чехь
Цинги чехьа т1аде вегизе гьавун
Кверда ч1орто жемун т1агьарат гьабе
Цинги бат1ияб жо квердаги жемун
Каки чурилалде мегТер к1ал бац1п1е
Цинги мегеж сапнапа чурун
Цо гьоркьоги босун к1иябгоги хай.
Цинги кваранаб рахъ, цинги квег1аб рахъ
Цебесеб рахъ гьаб тартибалда
Квег1аб хьибилалде вегизе гьавун
Кваранаб хьибилгун нахъа рахъ чуре.
Цинги кваранаб рахъ гъоркьеги гьабун
Квег1аб хьибил нахъияб рахъгун.
К1ала гьоркье хварав вегизе гьави

Х1арамин абуна Ибнух1ажарас.

Гьаб кинабго чури лъабц1ул гьабизе
Лъик1абилан буго доб мангьажалда.
Гьаб т1олго бицараб патх1угин мангьаж
Ишкал дуе ккани дозде балагье.

ЖАНАЗА КЪАЧ1АЙ.

Хварав чиясул берал къанщич1ого хут1ани цо чияс к1иябго гьеж ц1ани, цогияс к1иябго х1ат1ил килщал ц1ани, к1иялго цадахъ, берал къанщила.

Лъабабго нухалда ахирияб хулулеб лъелъ капур гьабизе суннатаб буго. Гьеб гьабич1ого тезе карагьатаб буго. Гьелъ хабалъа х1ут1-хъумур нахъе ч1валин буго. Х1ал к1ванаг1ан чурулел чаг1и балагьич1ого рук1инеги суннатаб буго. Аммаг1авраталде балагьизе х1арамаб буго. Хъорщода т1ад лъуралдаса чурун вахъинег1ан бадиб квер-бац1 г1адинаб жо бухьине суннатаб буго. Авараг чурулев щуго чи вук1анила, щуясулго бадир ч1артал рухьун рук1анила. Т1аде цо к1аз г1адинаб жо рехун гьелда жанив чуризеги суннатаб буго. Т1ад ч1орто хун гурони квер хъвангут1изеги суннатаб буго. Росас жиндир ч1ужу чуризе бегьула, ч1ужу ялъ жиндир рос чуризеги бегьула хварав чиясда аск1ор чияр гурел руччаби гьеч1они, я чуризе г1узрулъани. Масала: лъим щвеч1ого, я вух1ун хун вук1ун, чурани т1ут1ун унев вугони таямум гьабила.

Ч1агояв чиясда рет1ине бегьулеб жо мусруялъеги бегьула. Амма ч1ужуялъ дарай базе карагьатаб буго. Бихьинчияce лъабго пардав хирияб буго, лъабалъго черх бахчулеб х1алалда. Ч1ужуялъе бищун камилаб щуго рет1ел буго. Т1ажу цо накабаздеги ц1иналдаги щвараб. Цинги горде гьуждуздаса х1ат1ил хинк1иде щвараб. Цинги бет1ералда чараб к1аз, цинги кибегу щвараб к1иго мусру. Цинги т1адеги гьоркьобеги мах1 берцинал жалги щван т1ад лъела.

ЖАНАЗАЯЛЪУЛ КАК БАЙ...

Жаназаялъул какил анкьго рукну буго:
Т1оцебесеб-ниййат гьаби, гьебги гьадин гьабила: Дица ниййат гьабула гьав пуланав чиясе жаназадул как базе паризаяб аллагьасе аллагьу акбар. К1иабилеб рукну ункъо такбир аби буго. Лъабабилеб — алх1ам ц1али. Ункъабилеб — х1ал к1олев чи вугони вахъун ч1ч1ей. Щуабилеб рукнуги к1иабилеб такбиралда хадуб ссвалат бит1и. Анлъабилеб рукну — лъабабилеб такбиралда хадуб хварав чиясе дуг1а гьаби. Гьеб дуг1аги гьале: — (Аллагьум-магъфирлагьу варх1амгьу). Ч1ужуялъе — гьа — бихьиназе — гьум — руччабазе — гьунна-(Аллагьуммагьфирли х1аййина ва маййитина ва шагьидина ва гьаибина вассагь-ирина ва кабирина ва закарина ва унсана. Аллагьумма ман ах1яйтагьу минна фа ах1йигьи г1алал — ислами ваман тавафайтагьу минна фатаваффагьу г1алал имани). Анкьабилеб рукну — салам кьей буго. Ункъабилеб аллагьу акбаралда хадуб гьаб дуг1аги гьабила:
—Аллагьумма латах1римна ажрагьу вала таптина баг1дагьу вагьфирлана валагьу. Цинги салам кьун хварав' чиясе дуг1а гьабила; гьал раг1аби ах1изе х1алалда рекъараб буго ц1акъ пикруги гьабун х1елх1елалда рик1к1ине:

Я хирияв аллагь халкъалъул сайид
Дур гьоболлъун анин цо мискинав лахъ
Жиндирго бокьараб агьлу-хъизан тун
Г1ат1идаб дунял тун дагьал къоял тун.
Т1аде щвараб къадар къабулги гьабун
Къокъун ун решт1ана бец1аб хобалда
Щварав гьоболасул гъумер бух1уге
Х1алимасул пиша гурелъул аллагь.
Гьесий дуца г1азаб гьабунаниги

Г1адлу буго аллагь дурго бац1ц1адаб
Г1апву ц1обалдалъун балагьаниги
Дурго лагъ вуго гьев гьоболлъухъ щварав.
Мун цо вугин абун шагьадат бит1ун
Мух1аммад дур расул вугин мук1урлъун
Закаталги рахъун какал т1орит1ун
Хьвадилев вук1ана дуда лъик1 лъала.
Гьесий г1азаб кьоге гьапуввун карим
Дур г1азаб х1ехьезе х1ал нижер гьеч1ин
Гьесда т1аде мукар-накир вач1индал
Дур аллагь авараг щиван гьикъидал
Данде бицунелъи к1ал бак1лъун ккани.
Х1ужат малъе аллагь гьари дир дуда
Эбелгиму-эмен лъималададаса
Лагъасда дур гурх1ел бергьарав аллагь
Хьул бугин гьаб нижер жамаг1аталъул
Бук1инебин абун дудасан г1апву
Нихерго г1ассилъи г1емер бугелъул
Ничги т1ад буго дуда гьардезе
Х1илму бергьарав хан мунлъидал вугев
Ничадго рач1ана дур гьапуялде
Цогиязул гьапу къакъан ратула
Къанцини толаро рахан рук1уна
Дур гьапу къаларев къадирав аллагь
Къварилъи гьабуге гьав пакъирасе
Рокьобалъ жиндир лагъ жинде вач1ани
Гьулач1алъ векерун данде вач1унев
Купру г1иссяналда г1умру арав чи
Тавбугин вач1ани къабул гьабулев
Х1илмуги ц1ик1арав ц1обал г1ат1идав
Г1азизав бат1ергьан мунагьал чуре.

Хварав чи чурун хадуб гурони как базе бегьуларо, чуризе г1узрулъани как баларо. Жинди как балев чи гьит1инав чи вугони лъабабилеб аллагьу акбаралда хадуб гьаб дуг1аги гьабила:

—Аллагьуммажг1алгьу фарат1ан лиавабайгьи васалафан ва зухран ва г1изатан ваг1тибаран ва сакъил бигьи мавазинагьума вафригьи ссабраг1ала къулубигьима.

<u>Жаназа бихьараб мехалъ</u> гьал раг1аби абизе суннатал руго:
— Аллагьу акбар, аллагьу акбар, аллагьу акбар гьазама ваг1аданаллагьу ва русулугьу ссадакъаллагьу ва русулугьу вама задагьум илла иманан ва таслиман. Как балеб мехалъ хварав чи бихьинчи вугони квег1аб рахъалдехун бет1ер гьабун лъела, имамги бот1родег1ан къан ч1ела.
Ч1ужу г1аксалда лъела роххул къотиялда данде вит1ун имамги ч1ела. Жаназаялда цадахъ рилъунея чаг1и цере рилълъине хирияб буго.

<u>ХАБАЛЪ ЧИЛЪЕЙ.</u>

Хобалъул гъварилъиялда ункъо нат1гун бащадаб бук1ине хирияб буго, гьежалъул нат1алдалъун, цинги лах1дуялъув лъела къилбаялдеги вуссине гьавун, бет1ераб рахъалъ хобалда жанивеги ц1ала. Гьев жинца вукъулев чияс абизе суннатаб буго: Бисмиллагьи ваг1ала милати расулиллагьи ссваллаллагьу г1алайгьи васаллам. Гьаб абуни хабал г1азаб т1аса борхила абун буго.

Ракьалда к1аркьен цузабизеги суннатаб буго. Гьоркь къоно лъун я мег1ели гьабун бет1ер дагьаб эхеде борхизе гьабизеги. Вукъун хадуб хварав чиясул хабалъе раккизеги х1арамаб буго, г1узру гьеч1они туризег1ан.

Эбел-инсул хабаде зиярат гьабуни я гьел к1иязулго цояздениги гьабуни рузман къоялъ х1аж гьабураб г1адинаб кири бук1ина.

Эбел-инсуе г1акъуба кьолев чи вук1ун ватани, цинги гьел хун хадуб

гьезде зияраталъ хьвадун, дуг1а гьабун, къуръан ц1алун лъугьани гьезие лъик1ал рук1арал чиясдаса хъвала.
Хобаладе щвараб мехалъ гьезие анц1ила цо къулгьу ц1алун кьуни гьеб хабалада вугев чи рик1к1ун мунагь чурила. Хобаладе щвараб мехалъ гьал раг1аби абила: — (Ассаламу г1алайкум дара къавмин муъминина ва инна иншааллагьу бикум лах1икъуна. Аллагьумма латах1римна ажрагьум вала тафтина баг1дагьум).

Гьел хварал г1адамада зигара гьабизеги суннатаб буго. Гьелъие т1ахьазда бугеб къаг1идаги гьаб буго: Аллагьас дуй кири ц1ик1к1ине гьабеги, дур сабруги берцин гьабеги, дур хварав чиясул мунагьалги чураги.

Хобалъул ракьалде т1аде анкьц1ул инна анзалнагьу ц1алун гьеб ракь хобалда жаниб бани хабал г1азаб кьеларо.

Хварав чиясде г1оди бегьулин абун буго.
Керен-бет1ер бет1араб гьаракь цадахъ гьеч1они.
Маг1аби рик1к1инч1они г1адатал гьарич1они
Г1ажам къаг1ида гьабун къулдуби рет1ич1они
Керен-бет1ер бит1арав дирчи гурилан абун
Мух1аммадил х1адисал х1алхьег1ан рицун руго.
Керен-бет1ерги бет1ун бичасда г1ассилъуге
Г1одун х1ал г1оларищ рак1 бух1арав чиясе
Гьаркьал гьарун к1анц1оге бичасул цин бахъулин
К1анц1ани дирги дуг1а мунго хун к1учагиян
Пиц1ил ц1урал гурдалгун хъорсол гужгатал рет1ун
Т1ад рахунин буго маг1у гьабурал чаг1и.
Жужах1алъуре рит1ун т1аде наг1ана решт1ун
Мухъал гьарун толила жужах1алъур ах1т1олел.

Хварав чиясул агьлуялъе цо сордо-къоялъ квен къач1азе суннатаб буго мадугъалзабаз божарал чияз гьезда кванай абун лъик1аб бицинеги суннатаб буго! Хварав чиясул агьлуялъ кваназе г1адамал ах1и цо сордо-къоялъгьеб г1адамал инги квешаб бидг1а буго. Хварав чиясе т1алкъин гьабизе суннатаб буго.

<u>Гьаб г1ажам Т1алкъинги Г1ахьалч1иса Муртазаг1алих1ажиясул буго:</u>

Я муъминав диналъул вац
Дунял тарав бичасул лагъ
Рик1к1ун кьурал къоял т1аг1ун
Къадаралде щварав пулан
Паризаяб хвел т1аде щун
Хабалъе мун лъугьун вуго.
Хабалъ бук1унеб к1ал гьикъи
Гьанже дуе х1акълун буго.
Гьанже дуе т1аде щолел
Аллагьасул к1иго расул
Мункарилан Накирилан
Жив к1иясдаго абулел
Дуе пайда гьабуларел
Зиян гьабизе к1оларел.
Аллагьасул амруялде
Мут1иг1аллъун жал хьвадулел.
Цинги дуда гьез гьикъулеб
Дур аллагь авараг щиван?
Щиб диналда мун хваравин
Хит1аб гьабун гаргардулел.

Цинги дуца жаваб гьабе
Гьел бичасул русулазе
Виххич1ого х1инкъич1ого
Х1ал хисизе биччач1ого.
Гьаб кинабго халкъ бижарав
Халкъалъего ризкъи кьолев
Ч1агоявги хвезарулев
Халикъин дир аллагьилан.
Дин малъизе жив вит1арав
Жиндихъе вах1ю рещт1арав
Къурайшияб тухумалъул
Мух1аммадин авараган.
Исламги дир дин бугилан
Дунги гьелда хваравилан
Шагьадат бегьизе гьабун
К1алъай Мукар Накирасда.
Дир имамги Къуръанилан
Къиблаги дир каг1байилан
Как к1ал закат х1аж г1умраги
Паризаяб г1амалилан.
Муъминзаби вацалилан
Муъминатал яцалила
Аллагьасда жиб рихараб
Малг1ун щайт1ан тушманилан.
Алжан жужах1 х1акъабилан
Свират1 мизан кьуч1ч1абилан
Къиямасеб къо бач1инги
Щаклъи гьеч1еб амруйилан.
Гьадин дуца жаваб кьуни
Жаннат дуе х1асуллъулеб
Жавабалъе х1ал к1веч1они
Х1исаб-мизан зах1малъулеб.
Аллагьас мун ч1езавиги
Бит1араб калимаялда
Киналго муъминзабиги
Ч1езе гьарулеб куцалда.
Цинги дуда салам лъеги
Дур мадугьалзабаздаги
Иманалда т1орит1арал
Т1олго муъминзабадаги.
Аллагьасул къот1и батун
Къадар нужеде щваниги
Гьебго нужер нухалдайин
Хадурго нижги рач1унел.
Ракьалдаса рижарал нилъ
Ракьалде руссунел руго
Ахир т1аде рахъунелги
Ракьул чохьониса руго.
Ракьалда т1ад бугебщинаб
Паналъулеб х1акъаб буго
Х1акъав бет1ергьан гуреб жо
Нахъе хут1улеб жо гьеч1о.
Инна лиллагъ аллагьасе
Лагълъиялъе рижун руго
Ахир гьесде руссинч1ого
Рорч1изе бак1 нилъей гьеч1о

Г1АРАБ Т1АЛКЪИН...

Я г1абдуллагь ибна аматиллагьилкарим узкурма харажта Г1алайгьи мин дари ддунья ила дарил ахирати шагьадата ан лаилагьа иллаллагьу ва анна Мух1аммадан расулуллагьи (сваллаллагьу таг1ала г1алайгьи васаллам) ва аннал жанната х1акъкъун ва аннаннара х1акъкъун ва аннал

баг1са х1акъкъун ва аннасаг1ата атиятун ларайба фигьа ва анна ллагьа ябг1асуман фил къубури ва аннака разита биллагьи таг1ала раббан ва бил ислами динан ва би Мух1аммадин набиййан ва расулан сваллаллагьу г1алайгьи васаллама ва бил къуръани имаман ва бил каг1бати къиблатан ва бил муъминина ихванан ва бил муъминати ахаватан.

Гьаб раг1и лъабц1ул абизе суннатаб буго. Ч1ужу йигони: я аматаллагь абила. (ка) — абулеб бак1алда (ки) — абила, (та) — абулеб бак1алда (ти) абила.

Закат бахъизе т1алъула къого мискъал меседалда бет1ергьанлъарав чиясда. Парцулги нусго диргьамалда бет1ергьанлъарав чиясда т1алъула.

К1иялъго жинда кодоб сон сверани. Мискъал абулеб жо лъабкъоялда анц1ила к1иго ахат1арадаса къот1араб гьоркьохъеб пурч1инадул мугь буго. Диргьам абулеб жо к1икъоялда анц1го пурч1инадул мугь буго, мугь цо бикьун к1иго бут1аги буго. Гьеб к1иялъулго бахъулеб къадарги анц1ил бут1аядъул ункъил бут1а буго. Т1ок1лъаралъулги х1исаб гьабун бахъила.
Анц1го диргьам анлъго мискъал буго. Анц1го мискъал анц1ила ункъо диргьамги к1иго анлъил бут1аги буго.

Бакъанида дуг1а гьабулаго гьал суратал ц1алула:

1. Бисмиллагьи...
2. Алх1ам...
3. Алиф лам мим
4. Аллагьу лаилагьа...
5. Г1амма...
6. Къулгьу... (3 нухалъ яти 11 нухалъ)
7. Къульаг1узул фалакъ...
8. Къульаг1узул ннаси...
9. Къабул гьабеян дуг1а...

АЛХ1АМ.

Аг1узубиллагьи миналщщайт1ани ражими. Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Алх1амдулиллагьи раббил г1аламина. Аррах1мани ррах1ими. Маликияв миддин. Иййа канаг1буду ва иййа канастанг1ин. Игьдина ссират1аль мустакъим. Ссират1аллязина анг1ам таг1алайгьим. Гъвайрилмагьзуби г1алайгьим валаззваллин. Амин раббил г1аламин.

Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Алиф лам мим. Заликал китабу ла райба фигьи гьудан лилмуттакъина. Ллязина юъминуна билгьвайби ва юкъимуна ссвалата ва мимма разакънагьум юнфикъуна. Ва ллязина юъминуна бима унзила илайка ва ма унзила мин къаблика ва бил ахирати гьум юкъинуна. Улаика г1ала гьудан ммин раббигьим ва улаика гьумулмуфлих1уна. <u>Ва илагьукум илагьум вах1идун лаилагьа</u> илла гьува ррах1ману ррах1ими. <u>Аллагьу лаиллагьа</u> илла гьувал х1аййул къаййумму. Ла таъхузугьу синатун ввала навмун ллагьу ма фи самавати ва ма фил арзи манзаллязи яшфаг1уг1индагьу илла биизнигьи яг1ламу ма байна айдигьим вама халфагьум вала юх1ит1уна бишай ин мин г1илмигьи илла бима шаа васиг1а курсиййугьу самавати валь арза вала яудугъу х1ифзугьума вагьувалг1алиййул г1азиму. Аллагьу лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар, валидлагьил х1амд.

Г1АММА.

Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Памма ятаса алуна. Паниннабаилг1азими, Ллязи гьум фигьи мухталифуна. Калла са яг1ламуна сумма калласа яг1ламуна. Алам нажг1алил арза мигьадан. Валжибала автадан. Вахалакънакум азважан, важаг1ална навмакум субатан. Важаг1ална ллайла либасан. Важаг1ална ннагьара маг1ашан. Ва банайна фавкъакум сабг1ан шидадан. Ва жаг1ална сиражан вагьгьажан. Ва анзална миналмуг1ссирати ма ан сажажан. Линухрижа бигьи х1абан ва набатан. Ва

жаннатин алфафан. Инна явмал фассли кана микъатан, Явма юнфаху фиссури фатаътуна афважан. Ва футих1ати ссама у факанат абвабан. Ва суййиратил жибалу факанат сарабан. Инна жагьаннама канат мирсадан. Лит1т1агьина ма абан. Лабисина фигьа ах1къабан. Ла язукъуна фигьа бардан вала шарабан. Илла х1амиман ва гьасакъан. Жизаан вифакъан. Иннагьум кану ла яржуна х1исабан. Ва казабу биаятина киззабан. Ва кулла шай ин ах1ссайнагьу китабан. Фазукъу фалан назидакум. Илла г1азабан. Инна лилмуттакъина мафазан. Х1адаикъа ва аг1набан. Ва кава г1иба атрабан. Ва къаъсандигьакъан. Ла ясмаг1уна фигьа лагьван вала киззабан. Жазаан мин раббика г1ат1аан х1исабан. Рабби самавати валь арзи ва ма байнагьума ррах1мани ла ямликуна мингьу хит1абан. Явма якъуму ррухlу вал Малаикату ссаффан ла ятакалламуна илла ман азиналагьу ррах1ману ва къвала ссавабан. Заликал явмулх1акъкъу фаман ша а ттахаза ила раббигьи ма абан. Инна анзарнакум г1азабан къарибан. Явма янзурулмаръу ма къаддамат ядагьу ва якъулул кафиру ялайтани кунту турабан.Садакъаллагьул г1алиййул г1азиму.

Лаилагьа иллаллгъу валлагьу акбар.

"КЪУЛГЬУ"

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Къулгьуваллагьу ах1ад. Аллагьу ссамад. Лам ялид валам юлад.
Валам якунлагьу куфуван ах1ад.
Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими.
Къуль аг1узу бираббилфалакъ. Мин шаррима халакъ ва мин шарри гъасикъин иза вакъаба. Ва мин шарри ннаффасати филг1укъади. Ва мин шарри х1асидин иза х1асада.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Къульаг1узу бираббил ннаси. Маликиннаси илагьи ннаси. Миншаррил васвасил ханнас. Аллязи ювасвису фи ссудури ннаси. Минал жиннати ваннаси. Лаилагьа иллаллагьу Мух1аммадан расулуллагьи ссвалаллагьу таг1ала г1алайгьи васаллам. Амин, амин, амин!

Гьалда хадуб къабул гьабеян гьарун дуг1а гьабизе ккола.

Шагьадат гьадин бит1ула:
Ашгьаду — дида якъинлъун лъала, лъаралда рак1ги ч1ч1ола, т1асанги жанисанги нахъги вилъуна, дица бицинеги бицуна.
— ан лаиллагьа — Аллагь цо гурони гьеч1о — абун.
илла ллагьу ва ашгьаду — нахъеги дица гьадабго х1алалъ якъинлъун лъан бицуна.
анна Мух1аммадан расулуллагьи — Мух1аммад аллагьасул илчи вуго абун (илчи — дин малъизе вит1арав чи).

Аварагасде свалат гьадин бит1ула:
Аллагьумма ссвали г1ала саййидина Мух1аммадин ва г1ала али саййидина Мух1аммадин ва саллим.

Радалиса гьабулеб дуг1адулъ — Г1амма ц1аличlого гьаб Ясин ц1алула.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

ЯСИН: Валкъур анил х1аким. Иннакаламинал мурсалин. Г1ала ссират1ин мустакъим. Танзилал г1азилил ррах1им. Литунзира къавман маунзира абаугьум фаум гьафилюн. Лакъад х1акъкъал къавлю. Дала аксаригьим фагьум ла юъминун. Инна жаг1ална фи аг1накъигьим агьлалан фагьия илал азкъани фагьум мукъмах1ун. Ва жаг1ална мин байни айдигьим саддан ва мин халфигьим саддан фа агьшайнагьум

фагьум ла юбссирун. Васаваум г1алайгьим а анзартагьум ам лам тунзиргьумла юьминун. Иннама тунзирумани ттабаг1а ззикра ва хашия ррах1мана билгьвайби фабаширгьу бимагьфиратин ва ажрин карим. Инна нах1ну нух1йилмавта ва нактубу ма къаддаму ва асарагьум ва кулла шайин ах1ссайнагьу фи имамин мубин. Вазриб лагьум масалан ассх1абалкъар яти изжа агьалмурсалюн. Из арсална илайгьи муснайни факаззабугьума фаг1аззазна бисалисин факъвалю инна илайкум мурса-люн. Къвалю ма антум илла башарун мислуна вама анзала ррах1ману мин шай ин ин антум илла такзибун. Къвалю раббуна яг1ламу инна илайкум ла мурсалун. Ва ма г1алайна илла балагьулмубин. Къвалю инна тат1аййарна бикум лаин ллам тантагьу ланаржуманнакум ва лаямасан-накум минна г1аззабун алим. Къвалю т1аирукум маг1акум а ин ззуккиртум бал антум къавмун мусрифун-.Ва жа а мин акъссалмадинати ражулун ясг1а къвала якъавмитта-биг1улмурсалин.

Иттабиг1уман ла яс алюкум ажран ввагьум мугьтадун. Ва ма лия ла аг1будуллязи фат1арани ва илайгьи туржаг1ун. А аттахизу мин дунигьи алигьатан ин юридни ррах1ману бизуррин ллатугьни г1ани щафаг1атугьум шай ан ввала юнкъизун. Инни изанллафи звалилин мубин. Инни аман-ту бираббикум фасмаг1ун. Къвиладхулил жанната къвала ялайта къавми яг1ламун. бима гъафарали рабби ва жаг1алани миналмукрамин. Ва ма анзална г1ала къав-мигьи мин баг1дигьи мин жундин минна ссамаи ва ма кунна мунзилин. Инканат илла ссайх1атан вах1идатан фаизагьум хамидун. Я х1асратан г1алалг1ибади ма яьтигьим мин ррасулин иллаканубигьи ястагьзиун. Алам ярав кам агьлакна къаблагьум минал къуруни аннагьум илайгьим ла яржиг1ун. Ва инкуллун лламма жамиг1ун лладайна мух1зарун. Ва аятун ллагьумул арзулмайтату ах1яйнагьа ва ахражна мингьа х1аббан фамингьу яькулюн. Ва жаг1ална фигьа жаннатин мин нахилин ва аг1набин ва фажжарна фигьа миналг1уюни. Лияъкулю мин самаригьи ва ма г1амилатгьу айдигьим афала яшкуруна. Субх1аналлязи халакъалъазважа куллагьа мимма тунби-тудьарзу ва мин анфусигьим ва мимма ла яг1ламуна. Ва аятун лагьумул лайлу наслаху мингьуннагьара фаизагьум музлимун. Ва щщамсу тажри лимустакъаррин лагьа залика такъдирул г1азизил Налим. Валкъамара къадарнагьуманазила х1атан г1адалг1уржунил къадим. Ла щамсу ян-багьи лагьа ан тудрикал къамара валаллайлу сабикьун-нагъари ва куллун фи фалакин ясбах1уна. Ва аятун лагьум анна х1амална зурриййатагьумфильфулкилмашх1уни. Ва халакъна лагьум мин мислигьи ма яркабуна. Ва иннашагь нугърикъгьум фала ссарихалагьум валагьум юнкъазууна. Илла рах1матан мивна ва мата г1ан ила х1инин. Ва иза къилалагьумуттакъу ма байна айдикум ва ма халфакум лаг1аллакум турх1амуна. Ва ма таътигьим мин аятин мин аяти раббигьи илакану г1ангьа муг1ризин. Ва изакъила лагьум анфикъумимма разакъакумуллагьу къвалалязина кафарулиллязина аману анут1г1иму ман ллав шауллагьу ат1г1амагьу ин антум илла фи звалалин мубин. Ва якъу-люна мата гьазалваг1ду ин кунтум ссадикъина. Ма янзуруна илла ссайх1атан ва х1идатан таъзугьум вагьум яхиссимуна. Фала ястат1иг1уна тавсиятан ва ла ила агьдигьим яржиг1уна. Ва нуфиха фи ссури фа изагьум минал аждаси ила раббигьим янсилюна. Къвалу явайлана ман баг1асана мин маркъадина гьаза ма ваг1ада ррах1ману ва ссадакъал мурсалюна. Инканат илла ссайх1атан вах1идатан фаизагьум жамиг1ун ладайна мух1заруна фал'явма ла тузламу нафсун шай ан ввала тужзавна илла ма кунтум таг1малун. Инна асх1абал жаннати льявма фи щугъулин факигьуна. Гьум ва азважугьум фи зилалин г1адал араики мутакиуна. Лагьум фигьа факигьатун ввалагьум мма яддаг1уна. Саламун къавлан мин раббин ррах1имин. Вамтазул явма аййюгьалмужримуна. Алам аг1гьад илайкум ябани адама ан лла таг1буду щщайт1ана иннагьу лакум г1адуввун мубинун. Ва аниг1будуни гьаза ссират1ун мустакъимун. Ва лакъад азалла минкум жибил-дан касиран афалам такуну таг1къилуна. Гьазигьи жагьаннамуллати кунтум туг1адуна. Исславгьал явма бимакунтум такфуруна. Альявма нахтиму г1ала афвагьигьим ва тукаллимуна айдигьим ва ташгьаду аржулугьум бима кану яксибуна.

Валавнашау лат1амасна г1ала аг1ййунигьим фастабакъу ссират1а фа а1ma юбсируна. Валавнашау ламасахнагьум г1ала маканатигьим фамастатГаг1у музиййан вала яржиг1уна. Ва ман нуг1аммиргьу нунаккисгьу фильхалкъи афала яг1къилюна. Ва ма г1алламнагьу

щщигlра ва ма янбагьи лагьу ингьува илла зикрун ва къур'анун мубивун. Лиюнзира манкана хlаййан ва яхlикъкъалкъавлу гlалалкафируна. Авалам ярав анна халакъна лагьум. Мимма гlамилат айдина ангlаман фагьум лагьа маликуна. Ва заллалнагьа лагьум фамингьа ракубугьум ва мингьа яъкулюна. Валагьум фигьа манафигlу ва машарибу афала яшкуруну. Ва ттахазу мин дуниллагьи алигьатан лагlаллагьум юнсаруна. Ла ястатlигlуна нассрагьум вагьум лагьум жундун мухlзарун. Фала яхlзунка къаблагьум инна нагlламу ма юсирруна ва ма югlлинуна. Авалам ярал инсану анна халакънагьу мин нутlфатин фаиза гьува хас-симун мубинун. Ва ззарабалана масалан ва насил ахалкъагьу къвала ман юхlйил гlазима ва гьия рамимун. Къуль юхlйигьаллязи аншаагьа аввала марратин ва гьува бикулли халкъин гlалимун. Ллязи жагlала лакум минашшажарил ахзари наран фаиза антум мингьум тукъидуна. Авалайса ллязи халакъа самавати валь арза бикъадирин гlала ан яхлукъа мислагьум бала вагьува льхалакъулгlалиму. Иннама амругьу иза арада шайан ан якъула-лагьу кун фа якуна. Фасубхlаналлязи биядигьи малакуту кулли шай ин ва илайгьи туржагlуна. Ссадакъаллагьу тагlала ва баллагьа расулугьу набиййул карим. Аллагьумман фагlна бигьи ва бариклана фигьи валхlамдулиллагьираббил гlаламина ва настагьфируллагьал хlаййал къаййума.

ЗАКАТАЛЪУЛ БИЦЕН.

Сундул базар гьабуниги базаралъул боцlиялда закат тlалъула. Гьелда гьеб тlалъизе ккани шартl сон свери буго цо. Соналъул ахиралда гlорхъоде щвейги буго кlиябго. Кинабго соналъул къояз гlорхъоде щун букlине кколаро. Соналъул ахиралда гlорхъоде щваниги закат тlалъула. Базаралъул боцlцlи соналда жаниб гlарцуде сверани гьеб гlарацги гlорхъоде щвечlеб бугони цинги гьелъухъ цоги базаралъе боцlцlи бичун босани соналда байбихьи къотlила кlиабизе бичун босаралда соналда байги бихьила. Амма гlарцуде босараб мехалъ гlарац гlорхъоде щвараб бугони сон къотlиларо. Цинги соналъул ахиралда базаралъул боцlцlул къимат гьабила жинца бичун босараб жоялдалъун гlарац бугониги цинги багьа чlчlараб гlарац-меседалъул анцlил бутlаялъул ункъил бутlа бахъила. Базаралъул боцlцlи гlарац — месед гурелъухъ босун бугони гlемераб хьвадулелъул багьа гьабила. Кlиябго бащад хьвадулеб бугони цоялдалъун багьа гьабун гlорхъоде щолеб бугони цоялдалъун щолеб гьечlони щолелдалъун багьаги гьабун закат бахъила. Базаралъул боцlцlиялда гlорхъоде бахъараб гlарацалдалъун бетlергьан лъани гьеб базаралъул соналъул байбихьи гlарцуда бетlергьан лъа-ралдаса букlина. Амма гlорхъоде бахинчlеб гlарцудалъунниги я базаралъул боцlцlи гуреб хур милкалдалъун бетlергьанлъани базаралъе боцlцlи бичун бо-саралдаса бай бихьун букlина. Ай соналде бай бихьи. Кьезе боцlцlи бугевчиясда божал щвараб налъи бугони, гьесда гьеб бихьизеги кколеб бугони гьелъул закат сон сверигун бахъизе тlалъула. Амма бахъизе щолареб налъи бугони пакъирасда букlун я бечедасданиги букlун жиндие нугlзал гьечlеб щолареб букlун гьелъул закат кодобе щун хадуб гурони бахъизе тlалъуларо. Биларааб хlалица ккураб гlарцудаги тlалъула, амма кодобе щун хадуб гурони бахъизе кколаро.

ЗАКАТ ТlАЛЪУЛА...

Закат тlалъула ихтиярaлдалъун бетlер бахъи жиндилъ бугеб жоялда бетlергьан лъани, гlорхъодеги щвани, гьелъул гlорхъиги щуго вускъу буго, вускъуги лъабкъого сахl буго. Гьелъул тlорщелалги баянал руго.

Хур пихъалъул закаталъул баян буго гьаб;

Хасдада закат тlад лъеялъул щуго шартl буго: буссурманлъи, узданлъи, тlубараб милк букlи, гlадамас бекьун бижулеб жо букlин, нахъе цlунизе бегьулеб жо букlи, хlисабалде щвараб букlи, элъул хlиссабги лъабкъого къали буго. Шаргlияб нухалда элда

т1алъула анц1го къали, гьелдаса ц1ик1к1аралъулги гьебго х1всабалда т1алъула. Пихъил закат т1алъеялъе шарт1 ункъо буго — буссурман-лъи, т1убараб милк бук1и, х1исабалде щвей, элъул х1исабги хасдал г1адаб буго, бат1алъи гьеч1о закат т1алъулеб пихъги, ц1ибилги, чамасдак1ги буго: т1ок1аб гьеч1о.

<u>Базаральул матах1алъулги маг1диналъулги хазинадулги закаталъул баян буго гьаб:</u>

Базаральул матах1алъулги закат т1алъиялъул шарт1 щуго буго: г1арац меседалъул т1алъиялъе бицараб гьел шурут1ал т1уран ратани лъаг1ел т1убараб мехалда матах1алъул къимат гьабила г1арцухъ босун батани г1арцуде гьабила, меседихъ босун батани меседида гьабила, гьабураб къимат х1исабалде бахани г1арцуде къимат гьабуралъул г1арцул г1адин бахила, меседида къимат гьабуралъул меседил г1адин бахила. Т1оцебесеб эб матах1 босулеб г1арац — месед х1исабалде щвараб бук1инеги ккеларо лъаг1ел бараб мехалда матах1алъул къимат я жибго я х1ассиллъараб г1арац — месед батани эбги данде къан х1исабалде щваки, щвараб саг1ат анц1ил бут1адул ункъил бут1а закаталье г1алъила, бац1ц1ад гьабун тун капур заманаяльул х1исаба;еде щвараб къадар бокьун щвараб къадар бокьун тараб хазинаялъул батани, элдасаги щуйил бут1а нахъе бахъич1ого гъеб саг1аталдаго закаталъул агьлуялъе кьезе т1алъула.

<u>К1АЛ БИЧЧАЯЛЪУЛ ЗАКАТАЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:</u>

К1ал биччаялъул закаталъул х1акъалъулъ лъазе т1адаб буго: гьеб т1алъизе ккани ункъо шарт1 буго буссурманлъи цо, узданлъи к1иго, рамазан моц1алъ бищун нахъасеб къоялъ бакъ щинк1и лъабго, жиндиегоги жиндир напакъаялда ругезеги г1идалъул сордо — къоялда кваназе г1уралдаса т1ок1аб жо батани ункъо. Гьел шурут1ал т1урарав чияс жиндирго черхалдасага, жинца напакъа кьезе кколел чияздасаги росулъ г1емераб кваналеб жоялдаса ссах1 бахъила.

<u>ЗАКАТАЛЪЕ МУСТАХМКЪАЛ ЧИЯЗУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ;</u>

Закаталъе мустах1икъал чиязул микьго бат1ияб тайпа буго: цо пакъкрзаби руго, пакъир чиги кинав чи абуни щибго жо гьеч1ев я бук1инабизе гьунар гьеч1ев, я бугев вугониги жиндие х1ажалъулеб къадаралда барщалдеги. щолареб жо бугев чи вуго, масала лъаг1елалъ цо анц1го гьурущ жиндие х1ажалъулев чи вугони цо лъабго — ункъо г1адинаб гурого жинда батулебги гьеч1они гьев чи пакъир чи вуго, к1иабилел мискинзаби руго: Мискин чиги кинав чи абуни жиндир боц1и бугев я жив гьавудизе к1олев вук1анига, к1ваниги т1олго жиндий х1ажатлъулеб къадаралде щоларев щвезе г1агарлъулев чи вуго. Масала, жиндие цо анц1го гъурущ х1ажалъулев чи вугони анкьго — микьго г1адинаб гурого жинда батулебги гьеч1они гьев чи мискин чи вуго.

Лъабабилел; закат бак1аризе, элъул т1алаб гьабизеги имамас, дибирас тарал чаг1и руго г1алимзаби абун абулел, ужратулмисли жидей х1акълъулел.

Ункъабилеб; нилъер диналде руссарал, ният заг1ипал чи руго, иманалда рак1ал ц1акъ гьариялде х1ажатал: Щуабилел; т1ад боц1ц1и къот1ун тархан тарал чаг1и руго. Эбги боц1и бихьизе жиндир х1ал к1вейги гьеч1ел. Анлъабилел; т1ад налъи бугел чаг1и руго. Анкьабилел; гьазаваталде рахарал чаг1и руго, Имамасдасан харж гьеч1ого, жидей бокьун. Микьабилеб; х1алалаб сапаралда ругел чаг1и руго. Жидей г1ураб жо кодоб гьеч1ел гьел руц1алго ратичТони, ратизег1ан ц1унила.

<u>К1АЛ БИЧЧАЯЛЪУЛ САХ1...</u>

К1ал биччаялъул сах1 т1алъула г1идалъул сордо-къоялда т1ок1аб кваназе жо бугев чиясда жиндиего жиндир напакъа т1адал чиязеги. Гьелъие ниятги гьадин гьабила:
Дица ният гьабула к1ал биччаяльул закат т1обит1изе аллагьасе. Гьебги т1алъулебго к1ал биччан сордоялъул бакъ т1ерхьиналдалъун т1алъула.

Масала, бакъ т1ерхьун хадуб гьавураб лъимадаса бахъизе т1алъуларо. Гьеб т1ерхьун хадуб хварав чиясдаса т1алъула. Гьел рахъарал сах1алги какде инег1ан цебе жиндир агьлуялда кодобе кьезе суннатаб буго. Бахъун тей гуро фукъагьаазул раг1иялдалъун мурад гьеб къо инег1ан гьеб т1обит1ич1ого тезеги х1арамаб буго.

Г1иял закат, к1икъого квасул жал ругони цо г1орк1к1ен ккела. Ц1ани ругони, к1иго сон бараб жо бахъизе ккела. Цинги нусиялда къоло цо жоялдаса к1иго бахъила. Ц1е к1инусияддаса т1аде жо ц1ик1к1аниги лъабго жо бахъизе ккела. Цинги ункънусида бахъаралдаса щибаб нусидаса цо — цо бахъила. Унтараб г1айибаб бахъизеги бегьуларо. Амма г1ияда закат т1алъизе ккани шарт1 кинабго соналъ даимаблъун бук1ин буго, бет1ергьанас хер бан гурони бет1ер бахъи гьеч1они т1алъуларо. Закат хехлъи гьабун бахъизе т1алъула. Боц1иялда таваккун лъугьун, рес рекъон хадуб нахъе бахъун боц1и г1адада хвани. Гьелъие ниятги гьадин гьабила: дир боцГул паризаяб закат буго — абун.

К1АЛАЛЪУЛ ХАБАР.

Рамазаналъул к1ал кквезе т1алъула, Щаг1бан моц1 камиллъиялдалъун, я цо г1акъилав чияс бакъ т1ерхьун хадуб, моц1 бихьун нуг1лъи гьабиялдалъунниги дибирасда аск1об. Гьеб к1алги т1алъулебго гГакъилав балугьав чиясдаго буго, х1айиз нипасалда йигей ч1ужуялда хут1изег1ан. Цо росулъ моц1 бихьани гьезулгун мат1лаг1 цолъарал чиязулгун к1ал кквезе т1алъула. К1алазул шурут1азул т1оцебесеб нbackят буго; гьебги к1ал паризаяб бугони сардилъ гьабизе ккола. Суннатаб к1алалъе завалалда цебе гьабуниги г1ола. К1ал баян гьабизеги ккела. Рамазаналъул я назруялъул абун я капараталъул абун. Нияталъул камилаб къаг1идаги: Дица ният гьабула метер к1ал кквезе гьаб соналъул рамазаналъул парз т1обит1ун алдагьасе г1азза важаллаабун буго. К1иабилеб шарт1 жамаг1аталдаса рик1к1алъи буго; гьединго мани бахиялдасаги рик1к1алъизе ккела. Бокьун жимаг1 гьабуни я ч1ужуялда къочун, я гьелда хъвани, я жиндирго кверaлдалъун мани бач1ани к1ал хола.

Ункъабилеб шарт1 — бокьун лаг1иялдаса рик1к1алъи буго, лаг1ани к1ал хола; к1очон тун, я лаг1и бергьун лаг1ани холаро.

Щуабилеб шарт1 — бусурманлъи буго.

Анлъабилеб шарт1 — х1айиз — нипасалдаса рац1ц1алъи буго.

Жинда ургьибе т1ут1 я нухлул хlур ани к1ал биххуларо. Гьединго жиндир маг1даналда бугеб х1ац1ц1у аниги холаро, амма х1ац1ц1у къват1иб тун нахъа къурч1ани, я ц1ик1ун биччизе гьабун гьелда бугеб реччел къурч1ани к1ал хола. Гьединго к1ал хола къаси к1ал хъуплъун бугони би бач1ун, я хъубаб жо кванан, цинги гьеб чурич1ого хут1ун къад х1ац1ц1у къурч1аниги хола.

Каки чурулаго к1алдибе босараб лъим ургьиб борч1ун ккани мубалагьат гьабулаго ани к1ал хола. Мубалагьат гъабулев гьеч1ого ани холаро. Жиндир цабзада гьокьоб кванил асар хут1ани цинги гьелда хъвараб х1ац1ц1у къулч1ч1ани к1ал хода. Гьеб бац1ц1ад гьабизе х1ал к1олеб бугони, Лъач1ого кванани, я лъач1ого жимаг1 гьабуни к1ал хвеларо. К1ал хулулаго ургьибе араб лъим ункъабизе к1алдиб босулаго анани, я каки чуриялъе г1оло босулеб гьеч1огунниги ани, к1ал хола.

Г1идалъул къоялъ к1ал кквезе бегьуларо. Аййаму тташрикъазул лъабабго къурбанаб къоялда хадуб ругел къоязги бегьуларо, рамазаналъул щакаб къоялъги бегьуларо. Г1акъилав, балугъав чиясда гурони к1алги т1алъуларо. Амма т1адаб буго анкьго сон бараб мехалъ лъималазда к1ал кквезабун амру гьабизе, х1ал к1олеб бугони, анц1го сон бараб мехалъ кьабизеги.

Моц1 бихьараб мехалъ абизе суннатал раг1аби руго гьал:

(Аллагьу акбар аллагьумма агьиллагьу г1алайна бил амни вал имани васаламати вал ислами ва ттавфикъи дима тух1иббу ва тарза раббуна ва раббуки ллагьу аллагьу акбар вала х1авла вала къуввата илла биллагьи

адлагьумма инни ас'алука хвайра гьаза шшагьри ва аг1узубика миншаррил къадари вамин шаррил мах1шари).

Цинги к1иц1ул гьал раг1аби абила: (Гьилалу хвайрин ва рушдин). Лъабго къо бан хадуб бихьани, гьал раг1аби абила: Аллагьумма инни аг1узубика миншарри гьазал гьа-сикъи). Унтарав чиясе к1ал биччазе бегьула, загьираб зах1малъи к1ал кквеялдалъун бач1унеб бугони. К1ал ккуни гьалаглъиялда х1инкъарав чиясеги бегьула, х1атта гьесда т1ад бец1и буго. Халатаб х1алалда сапаралде вахъарав чиясеги бегьула. Амма сапаралда вугев чиясе зарар бегьич1они кквезе лъик1аб буго. Ният гьабич1ого хут1ун я цоги жоялдалъун рамазаналъул к1ал хвани, гьев чи къойилъ кваназе бегьуларо; х1айиз щварай ч1ужуги г1адамада бихьун кванаге.

К1АЛАЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ...

К1алалъул суннатал жал руго гьал:
Марк1ач1ул мех щвей якъинлъун хадуб к1ал биччазе хехлъи гьабизе суннатаб буго. Лъабго чамасдак1алда бугониги гьелги щвеч1они, лъабц1ул лъим къурч1ила. К1ал биччан хадуб гьаб абизеги суннатаб буго: Аллагьумма лака ссумту ва г1ала ризкъика афт1арту. Аллагьумма загьаба ззамау вабталлатил г1урукъу ва сабатал ажру иншааллагьу я васиг1ал фазлиигьфирли. гьабги абулаан аварагас:
- Алх1амдулиллагьи ллязи аг1анани фассумту ва разакъани фаафт1арту.
К1ал ккурал чиязе к1ал биччазе жо кьунани цох1о чамасдак1 бугониги к1ал ккурал чиязе г1адинаб кири бук1ина. Радакь рахъинеги суннатаб буго. Черх хъуплъарав чиги рогьиналде чордаризе суннатаб буго. Гъибат, бугьтан, гьереси, квещаб раг1и тезеги суннатаб буго, гьез к1алалъул кири хвезе гьабула абун кьуч1аб х1адис буго. гьедин мах1алъ чорхол лазатал шагьаватал тезеги суннатаб буго. ч1ужуялда къочи гьелъулгун махсара тезеги суннатаб буго. Амма мани бач1иналда х1инкъани ч1ужуялъулгун махсару х1арамаб буго. К1ал ккурав чиясе завалалда хадуб сивак карагьатаб буго. Садакъа иг1тикаф лъик1ал г1адамал г1емер гьаризеги суннатаб буго. Хасго нахъияб анц1илъ ц1акъго хирияб буго. Лайлатул къадриялда данде ч1ваялде хьул лъун.

ЛАЙЛАТУЛ КЪАДРИ...

Лайлатул къадри дуй лъазе бокьани
Бицинин раг1уде г1ин т1аме гьудул
Рузман талат къоялъ моц1 бихьанани
Къоло анкьабилеб лайлатул къадри.
Гьат1ан арбаг1 къоялъ моц1 бихьанани
Къоло ич1абилеб бук1инин буго
Хамиз къо моц1алъул авал бугони
Къоло щуабилеб воре ц1акъ бахъе
Шаматалъ моц1 бихьун к1алал ккунани
Къоло лъабабилеб воре тохлъуге -
Итни къо моц1алъул авал бугони
Къоло цоабилеб лайлатул къадри.
Гьаб х1алалда элъул свери бук1унин
Суфизабаз бицун т1ахьазда буго
Соналъул сардазул бищун хирияб
Сордойилан буго лайлатул къадри
Амма мавлидалъул сордо хирабин
Хилат бицун буго мавагьибалда
Г1аламалъул пахру хайрул анбиялъ
Халкъалда загьирлъун нур бараб сордо
Дирги рак1алда г1емер бач1уна
Гьелдаса хирияб сордо гьеч1илан.

Къад кьижун, сардилъ рахъине квер бакъи т1алаб гьабе, радакь рахъун, къад к1ал кквезе квер бакъи т1алаб гьабе абун аварагасул х1адис буго. Радал кьижани мискинлъила, зух1аялъул г1ужалда кьижани т1абиг1ат бак1лъила. Къалъул г1ужалда кьижани г1акълу ц1ик1к1ина; бакъанида кьижани гьалаглъила; г1емераб кьижиялда ч1ч1ани дунялалъеги ахираталъеги зарар к1удияб буго; гъаплат г1емерлъила; т1абиг1ат хисила; булгьам унти, савдаъ унти г1емерлъила; маг1ишат заг1иплъила; к1алдиса мах1 бахъина квешаб; чохьонир х1ут1ал г1емерлъила; беразул канлъи дагьлъила; жимаг1алъе гьунар дагьлъила; мани пасалъила. Гьелдалъун лъимер лъугьани унтараб бук1ина. Амма бакъанил г1ужалда кьижиялъул пасалъаби г1емер руго; иман г1акълу бахъиялдацин х1инкъи буго.

К1алъалареб к1ал кквезе карагьатаб буго.

К1ал ккул моц1алъ к1ал жимаг1 гьабун хвезе гьабурав чиясда, кафарат т1алъула, жимаг1 х1айваналда гьабун бук1и бат1а гьеч1о. Ккураб к1ал жимаг1 гьабун хвезаби бат1а гьеч1о, жимаг1 гьабулаго рогьел бан гьелда даимлъун к1ал кквезе лъугьине тунгут1и бат1а гьеч1о. Гьесда т1алъулеб кафаратги лагъ тархи буго. Гьев щвеч1они т1ат1алаго лъабго моц1алъ к1ал кквела. Цох1о гьоркьоб хут1ани к1иябго моц1 ц1игьабизе ккела. Гьелдаги х1ал к1веч1они, лъабкъого мискин чиясе лъабкъого муд кьезе т1алъула. Амма к1ал ккун вук1ин к1очон тун, я к1ал биччазе рухса бугев мусафир вук1ун, жимаг1 гьабун хвезе гьабуниги т1алъуларо; жинда жимаг1 гьабурай ч1ужуялдаги т1алъуларо, жимаг1 гурибалдалъун фасад гьабуниги т1алъуларо. Рамазан моц1 гурелъул к1ал фасад гьабуниги т1алъуларо. Назру гьабун бугониги т1алъуларо. Кафаратги пасад назру гьабураб рик1к1ун такрарлъула. Гьединго кафарат т1алъуларо сордойилан ккун жимаг1 гьабуни, цинги къолъун загьирлъаниги.

Цо чи хвани т1ад к1ал бец1изе бук1аго, бец1изе ресги рекъеч1ого, к1ал рик1к1ун муд бахъизе т1алъула, ялъуни цо чияс гьесие г1оло к1ал кквела. Гьединго к1ал рик1к1ун муд бахъизе т1алъула, лъимада х1инкъун к1ал биччарай хахулей ч1ужуялдаги, къинай ч1ужуялдаги, гьедиыго к1ал биччарайги.

Рамазан моц1алъул к1ал, ресги рекъадго т1аде рамазан бач1инег1ан бец1ич1ого хут1ани бец1изеги т1алъула, к1ал рик1к1ун мудги т1алъула. Гьединго сон рик1к1унги. Цо к1алалде к1иго — лъабго сон бец1ич1ого т1аде щвани, сон рик1к1ун муд бахъила. Анц1го соналъ анц1го к1ал бец1ич1ого тани, нусго муд т1алъула.

<u>СУННАТАБ К1АЛ... М-али</u>

Суннатаб к1ал кквеялъул бицунеб паслу буго гьаб:

Аварагас абуна — (ман ссама явман фи сабилиллагьи) — аллагьасул нухалда цо къоялъ к1ал ккуни (ба г1адаллагьу важгьагьу г1ани ннари) — аллагьас гьесул гьумер ц1аялдаса рик1к1ад гьабила. — (Сабг1иииа харифан) — лъабкьоялда аыц1го соналъул нухалъ. Итни, хамис къояз к1ал кквезе суннатаб буго. Аллагьасде гьабураб г1амал бахунел къоял руго абун буго гьел.

Г1арапаб къоялъ к1ал кквезеги мух1аррам моц1алъул ич1абилеб — анц1абилеб къо кквезеги суннатаб буго. (Къвала Ннабиййу ссваллаллагьу...) — аварагас абуна:

ссияму явми г1арафата) — г1арапаб къоялъ к1ал ккуни (ах1гасибу г1алаллагьи). —Дираллагьасдехьуллъола (ан юкаффтара саната лляти къаблагьу ва саната лляти къаб-лагьу ва саната лляти баг1дагьу) — цебе арабги нахъиябгик1иябго соналъул мунагьал аллагьас т1аса ккезе гьарила абун. (Вассияму г1ашураа) — г1ашурадул къоялъ к1ал ккуни гьебги мух1аррам моц1алъул анцТабилеб къо буго. (Ах1тасибу г1алаллагьи ан юкаффира саната лляти къаб-лагьу) — Дир аллагьасде хьул лъола, цебе араб соналъул гьит1инал мунагьал чурила абун.

К1ал биччараб моц1алъул анлъго к1ал ккуни даимго к1ал ккураб г1адинаб кири бук1ина. Щибаб моц1алъул анц1ила лъабабилеб, анц1ила

ункъабилеб, анц1ла щуаби-лебги къоялъ к1ал ккевезе суннатаб буго. Гьезда хъах1ал къоял абула. Рокъоб кунеб жо батич1еб къоялъги к1ал ккевезе суннатаб буго. Бат1а гьабун рузман, шамат, гьат1ан къоялъ к1ал ккевезе карагьатаб буго. Амма цо ккун, цо биччалев чиясени карагьатаб гьеч1о.

Ч1ужуг1адамалъе росасул изну гьеч1ого суннатаб к1ал ккевезе х1арамаб буго. Амма г1арапаб къоялъги г1ашурадул къоги ккевезе х1арамлъуларо. К1алккул моц1алъ иг1тикаф г1емер гьабизе суннатаб буго. Гьебги дица ният гьабула иг1тикафалда ч1езе абунниятги гьабун мажгиталда ч1ч1ей буго. Хасго рамазаналъул ахирияб анц1илъ г1емераб гьабизеги ц1акъго хирияб буго.

Х1АЖ Г1УМРА ТЮБИТШ.

Х1ажги г1умраги паризаяб буго. Х1аж т1алъиялъе шу-рут1ал буссурманлъи, г1акълу, узденлъи, х1ажалде ине х1ал к1вей, нухалда божин. Аварагас абуна (ман х1ажжа х1ажжатан) — цо х1аж гьабуни (адда парзагьу) — жиндир парз т1обит1арав чи вуго (ваман х1ажжа саниятан) — к1иц1ул х1аж гьабурав чи (даяна раббагьу) — аллагъасда налъи ккарав чи вуго (ваман х1ажжа саласан) — лъабц1ул х1аж гьабурав чи (х1аррама ллагьу шаг1рагьу ва баша рагьу г1аланнари) — аллагьас гьесул расги черхги жу-жах1алъе х1арам гьабула. Ай жиндир тавбуялдаги даимлъ-ани.

Х1ажалъул арканал анлъго руго.

Х1аж бухьин цо. Гьеб бухьиналъе заман щола щаввал моц1 бихьаралдаса байбихьун. Пумруялъе кинабго сон г1уж буго. Х1аж бухьунеб Маккаялъул агьлуялъе макка бу-го.Машрикъалъул агьлуялъе зату Г1иракъ буго. Мадина-ялъул агьлуялъе зальх1улайпат буго. Шамалъул агьлуялъе х1ужфат буго. Цинги цогидал чиязе гьезда дан-де бит1араб бак1 буго. Пумра бухьунеб бак1 х1арамалда къват1ивехун вугев чиясе х1аж бухьунеб бак1 буго. Х1арамалда вугев чи х1иллуялде вахине ккела. гьениве вахинч1они жу хвезе т1алъула. Гьединго жу хвезе т1алъула х1ажалъул микъат жибго таниги. Пузруялдалъун тун бук1а, г1узруго гьеч1ого тун буго.

Маккаялда вугев чи "Х1аж" гьабизе ижараялъе ккуни, жиндаса х1аж гьабулев чиясул микъаталда ине ккела, инч1они жу хвезе т1алъула.

Ният гьадин гьабила: Рак1алъ, к1алалъ лафз абизе сун-натаб буго.

— Дица ният гъабуна х1аж гьабизе, дун гьелда гъорлъеги лъугьана алагьасе г1оло. (Лабайка, аллагьумма лабайка ла шарика лака лабайка анналх1амда ва ннигl1мата лака вал-мулка лака).

Юиабилеб х1ажалъул рукну г1арапалда ч1ч1ей буго. Гьениб г1емераб зикру-дуг1а гьабизеги суннатаб буго. Аварагас абун буго: Бищун лъик1аб дуг1а г1арапаб къоялъ гьабураб дуг1а буго. Дицаги дида цере рук1арал аваргза-базги абуралъул бищун хириябги:

— Лаиллагьа иллаллагьу вах1дагьула шарикалагьу лагьулмулку валагьул х1амду вагьува г1ала кулли шай?ин къадирун) — абураб раг1и буго. Гьаб дуг1аги гьабила:

— (Аллагьуммажг1ал фи къалби нуран, ва фи самг1и нуран ва фи бассари нуран аллагьуммашрах1ли ссадри ва ясир-лиамри).

Лъабабилеб — х1ажалъул рукну т1авап гьаби буго. Ункъабилеб рукну ссафамарваялда гьоркьоб хьва-ди буго.

Щуабилеб — бет1ералъул расал т1аса инаби буго. Анлъабилеб — г1емерисезул тартиб гьаби буго.

Х1аж бухьиналде цебе черх чуризе суннатаб буго. Къаг1ида ккеч1они таямум гьабила. Маккаялде льугьи-налдеги черх чуризе суннатаб буго. Цинги х1аж бухьарал-даса гьаракьги биччан лабайка бачина, хасго г1емер бачине суннатаб буго ах1валал хилиплъиялда аск1об. Рек1унеб решт1унеб мехалъ г1емер бачина г1адамал гъорлъ жубарал сордо бач1араб, рагьараб мехалъ; радакь г1ужалъ каказда хадуб г1емер бачина.

Амма ч1ужуялъ гьаракь борхиларо.

Гьелъул бачунеб куцги х1аж бухьинадда аск1об цебе ана. Цинги цо г1ажаибаб жо бихьараб мехалъ абила: — (Лабайка инналг1айша г1айшул ахирати).

Лабайкалда хадуб ссвалат бит1изеги суннатаб буго. Цинги ссвалаталда хадуб гьаб дуг1аги гьабила:

—(Аллагьумма инни ас'алукал жанната ва ризвана ва аг1узубика мин г1азаби ннирани).

Маккаялде лъугьиналъул суннатал жал руго гьал:

Аллагьасул рукъ бихьараб мехалъ квералги цере ккун абила:

Аллагьумма зид гьазал байта ташрифан ва таг1зиман ва такриман ва магьабатан ва зид ман шаррафагьу ваг1аззамагьу мимман х1ажжагьу ваг1тамарагьу ташрифан ва такриман ва таг1зиман ва бирран. Аллагьумма анта саламу ва минка саламу фах1аййина раббана бисалами).

Цинги бани шайбатил к1алт1уялъусан масжидул х1арамалде лъугьина, цинги т1авафул къудум гьабила. Амма г1арапалда ч1ч1ун хадуб Маккаялде лъугьарав чиясе т1авафулкъудум гьеч1о: амма паризаяб т1авафалда гьор-лъени лъугьина.

Т1АВАФАЛЪУЛ Х1АКЪАЛЪУЛЪ...

Т1авафалъул т1адал жал руго микьго: Каки чури бук1ин цо. Рет1ел бац1ц1ад бук1ин к1иябго. Паврат бахчи лъабаб-го. Квег1аб хьибилалда каг1баги гьабун шазирваналдаги хъвач1ого хьвади ункъабго. Анлъц1ул хьвади щуябго. Х1ажаральул авалалдаса байбихьи анлъабго. Жиндир квег1аб хьибил х1ажарул асвадалда данде бит1изе гьаби анкьабго.Мажгиталда жаниб бук1ин микьабго.

Т1авафалъул суннатал жал руго гьал. Х1ал к1олевчи вугони вилъун гьаби. Т1авафалъул авалалда х1ажарул асвадалда хьвай, гьелда уба гьаби, гьелда нодо цузе гьаби. Уба гьабиялдаса гГажизлъани квер хъван гьелда уба гьабила. Квер хъвазеги х1ал к1веч1они ишара гьабун гьелда салам гьабила. Яманияб рукнуялдаги квер хъвазе сунна-таб буго кверда уба гьабизеги, амма рукнуялда уба гьаби-ларо квер хъвазе к1веч1они. квералъ ишара гьабила, кверда убаги гьабила. Кинабго т1авапалъул авалалда аби-ла: х1ажарул асвадалдаги вуссун балъго абила бат1иясда лъазе гьабулеб гьеч1они. (Бисмиллагьи аллагьу акбар. Аллагьумма иманан бика ва тасдикъан бикитабика ва ва-фаан биг1агьдика ваттибаг1ан лисуннати набиййика Мух1аммадин ссваллаллагьу...) — к1алт1у бугеб рахъалдасан вилъунеб мехалъ абила: (Аллагьумма албайту бай-тука валх1араму х1арамука вал амну амнука ва гьаза макъамул г1аизибика минаннари) ...Ва гьаза — абураб мехалъ Ибрагьимил макъамалде ишараги гьабила. К1иябго яманияб бок1оналда гьоркьоб абила: — Аллагьумм ати-на фиддунья х1асанатан ва филъахирати хГасанатан ва къина г1азабаннари) — абун бокьараб дуг1аги гьабила.

Лъабабго цебесеб т1авафаялъулъ гьелун вилъинеги сун-натаб буго, цоцаде галабиги г1агар гьарун гьелила, гьелу-леб мехалъ бихьинчиясе иззт1ибаг1 суннатаб буго. Гьбги масала, бакьулъа чухъа кваранаб къвалакь кквела. Гьелъ-ул к1иябго раг1алги квег1аб гьажалде рехила, гьелун вилъунеб мехалда абила: Аллагьуммажг1алгьу х1ажжан мабруран ва занбан магьфуран ва сагГян мапгкуран). Ам-ма сагГю нахъа бугеб т1авафалъулъ гурони гьелун вилъи-не гьеч1о. Т1авап т1ат1алаго гьабизеги суннатаб буго. Т1аваф гьабун хадуб Ибрагьимил макъамалда нахъа к1иго ракаг1ат базеги суннатаб буго.

Цинги т1авафги гьабун суннатги бан хадуб х1ажарул асвадалда уба гьаби суннатаб буго, гьелда хъвалелде цебе замзамалдеги ун лъим гьекъела, бет1ералдаги т1ела; цинги Бабуссафаялъусан лъугьун ссафа марваялда гьоркьов хьвадизе къват1ив вахъина; гьелда сагГю абула. Гьелъул шарт1 ссафаялдасан байбихьи цо. АнкьцГул хьвади к1иябго. ТГавафул къудумалданиги рукнулъун бугеб т1авафаялданиги хадуб бук1ин лъабабго, Марваялда лъугГизе гьаби ункъабго. Ссафамарваялде цо логол къа-даралъ т1аде вахъинеги суннатаб буго. Гьениб вахъараб мехалъ

абила: Аллагьу акбар, аллагьу акбар, аллагьу ак-бар валиллагьил х1амду, аллагьу акбару г1ала ма гьадана валх1амдулиллагьи г1ала ма авлана лаилагьа иллаллагьувах1дагьула шарикалагьу лагьул мулку валагьул х1амду юхТйи ва юмиту биядигьил хвайру вагьува г1ала кулли шай'ин къадируд). Цинги бокьараб жо гьарила. Хьваду-леб бак1азул авалалдаги ахиралдаги вилъина бакьулъ бак1алда бихьинчи гьелила.

Парапалда ч1еялъул т1адаб жо г1арапаб мег1ералъул ракьалде вач1ин буго. Гьениб ч1олеб г1ужги г1арапаб къо-ялъул завалалдаса бай бихьун къурбанаб сордо рогьи-нег1ан буго. Бакъ т1ерхьиналде г1арапалдаса нахъе вилъани нахъойги сардилъ гьенив т1ад вуссинч1они жо хъвезе суннатаб буго.

Пумраялъул арканал щуто руго: их1рам цо; т1аваф к1иябго; сагГю лъабабго; бет1ер к1к1вай ункъабго; тартиб щуябго.

Х1АЖАЛЪУЛ Т1АДАЛ ЖАЛ...

Х1ажалъул т1адал жал щуго руго, Микъаталдасан хГаж бухьин. Муздалипалда сордо бай. Минаялда сардал рорч1и. Жумратазда ч1имхал ре^1ч1и. Т1авапул вадаг1 гьаби щуго г1уна.

Арканаздаги т1адал жалаздаги гьоркьоб бат1алъи рукну тани х1аж бегьуларо. Т1адаб жо тавн г1ак1а ккола.

Х1АЖАЛЪУЛ СУННАТАЛ ЖАЛ...

Х1ажалъул суннатал жал руго гьалги. Х1ажги г1умраги бат1а - бат1а гьабун бухьин. Цин х1аж т1убазе гьабун, цинги х1иллуялдеги ун г1умру бухьина. Гьелъул бищун хириябги жаг1ранат буго. Ижрамалда вугеб мехалъ лабайк бачин, амма т1авап сагГю гьабулеб мехалъ жидерго аркарал гьарила ч1имхал реч1ч1иялда аск1об аллагьу акбар абила. Ч1имхал реч1ч1иялъеги шурут1ал руго тартиб гьаби цо, анкьго ч1имих бук1ин к1иябго, кквералъ рехи лъабабго, гамач1 бук1ин ункъабго, рехулеб бакТалде щвей хГакълъи анлъабго, ч1имхал рехиялдаса г1ажизлъани чи ч1ч1езе гьа-вила.

Х1АРАМАЛ ЖАЛ...

Х1аж бухьун хадуб бокьараб рет1ел рет1ине х1арамлъула. Бихьинчиясе бот1рол баг1аз, ч1ужуялъе гьу-мер бахчизеги х1арамлъула, гьединго х1арамаб буго рас, малъ къот1изеги, гьуин мах1 гьабизе, чан ч1вазе, ч1ужуялда магьари лъезе, къочун къвал бан гьелъулгун махсара гьабизе, бет1ер-мегежалда рас бахине, жимаг1 гьабизе. Гьел жалазул цониги жо гьабуни г1ак1а ккола. Амма бокьун жимаг1 гьабуни г1ак1а кьун гГоларо х1аж пасалъула. Магьари лъуниги г1ак1а ккеларо. Амма магьари лъей щоларого жимаг1 гьабуни, гТумраги пасалъула. Гьеб жимаг1алдалъун бихьинчиясда т1алъула щуго сон бараб варани х1ал к1веч1они цо баракъат, гьелдаги х1ал к1веч1они анкьго г1иялъажо, пасалъунилан х1аж тезеги бегьуларо, т1убазабизе ккела, хекко бец1изеги ккела, х1аж суннатаб бук1ун батаниги.

Х1ажалъул г1одоре т1олел биязул бицунеб паслу буго гъаб. Х1ажалъул т1адал жалазул цониги тани, я мукърин мутаматиг1лъун вугони къурбаналъе бегьулеб жо хъвезе т1алъула. Гьелдаса г1ажизлъани анцТго к1ал кквезе т1алъула; лъабго къурбанаб къоязда цебе ругел къоязулъ кквела. Амма г1арапаб къояздаги цебе рук1ине суннатаб буго. Анкьго жиндирго ват1аналда кквела. Лъабабго к1ал х1ажалда кквеч1ого хут1ани бец1ун кколеб мехалъги лъабалдагоги, анкьалдагоги гьоркьоб кколеб бук1араб къадар гьоркьоб кквезабизе т1алъула.

Ункъабго къурбаналъул къоялги гьокьор кквезе гьари-ла.

Х1арамалъул чан ч1вазе, гьениса гьвет1-хер къот1изе х1арамлъула. К1удияб гьвет1 къот1ани оц, г1ак1а ккола, я анкьго г1иял жал ккола. Гьвет1алъул анкьил бут1аялде г1агараб жо

къот1ани цо г1иялъа жо хъвезе ккола.

Х1АЖАЛДЕ УНЕЗДЕ ГЪАБУРАБ ЩИГ1РУ.

Нужей нух бит1аги диналъул вацал Дун рак1алде
щвезе щиг1ру гьабизин Нух бит1ун руссаял вай
х1ажизаби Х1ажалъул арканал баян гьаризин.

Х1ажалде унилан пайда щоларо
Гьабулебщинаб жо мух1канлъич1они
Т1аг1ат гьабунилан хайирго гьеч1о
Т1ахьаца малъухъе гьабун гурони.

Х1ажалъул арканал анлъго жо буго Их1рамгиму
вукъун т1авафгин шаг1ю Бет1ералъул расал
къот1изе ккейи Их1рам цебе гьабун т1олгоялдаса.

Т1авафалда нахъа саг1ю ккезабун
Т1авап гьабилелде бет1ер к1к1ваялде
Парапаталда ч1ей цебе кезабун
Гьеб х1алалда гьаби тартибги буго.

Х1ажалъул т1адал жал щуго ругелин Щал гьелан
гьикъани бицун бихьизин Т1оцебе х1аж бухьин
микъаталдасан Сордо базе ккейи муздалифалда.

Минаялда сардал рорч1изе ккейи
Жумратазда ч1имхал реч1ч1изе т1алъи. Т1арамагьадисеб тТавапул
вадаг1 Т1обазе лъик1 гьабе гьебги т1адабин.

Цинги г1умруялъе ругел арканал
Вукъуф хут1изег1ан цохТого руго
Г1умруялъе т1адал г1ак1а кколел жал
Танг1им тейи гуреб цоги жо гьеч1о.

Арканал камуни хГаж бегьуларо. Х1аракат ц1акъ гьабе диналъул
вацал Т1адал жал хут1ани г1ак1а кколебин Памал бад1ц1ад гьабе
вай х1ажизаби.

Т1авафалъе т1адаб жо микьго буго
Цоцин камун тани х1аж бегьуларо
Каки чурун рук1ин черх бац1ад бук1ин
Рет1елалда хъуплъи хъвазе тунгут1и. Т1авап гуребалъе гали бахъани

Гьелдалъунги т1авап бегьуларебин. Паврат загьирлъизе воре
биччаге Гьебги т1авафалъе шарт1лъун бугебин.

Кваг1аб рахъалде каг1баги гьабун
Х1ажрул асвадалда байига: бихьун
Шазирваналда черх хъвазе теч1ого
Гьединиму кколеб т1аваф гьабизе.

Далиласде т1амун тГавап танани Анкьц1ул сверизе дуда лъач1они
Гьелъги т1аваф холин т1аваф ц1акъ гьабе. Х1арамалда жаниб
свердизе ккейи

Гьебги т1авафалъе шарт1лъун бугебин.
Х1абибас малъухъе дин гьабич1они
Кколевин мун мекъса х1аракат гьабе.

Х1аж бухьараб мехалъ х1арамлъулел жал Вореги гьаруге
гьездаса ц1уне. Бокьун гьабунани мунагь кколебинЛъач1ого
гьабуни г1ак1а кколебин Г1алимзабаздасан лъай тТалаб гьабе.

Бокьун рет1ел рет1и гьуин мах1 гьаби
Х1алалай лъадуе махсара гьаби
Расгин малъал къот1и т1аде нах бахин.
Х1ат1алгиму бет1ер бахчизе гьаби

Бокьун жимаг1 гьаби т1аса бищани Г1ак1а кьун г1оларо х1аж
пасалъула. Гьелдасаги ц1уне хириял вацал. Цинги саг1юялъе
ругел шурут1ал

Гьелги рициниму г1ин т1амун бихье.
Т1авафалда хадуб гьабизе ккейи
Сафаялдасан байбихьизе ккей
Марваялда саг1ю лъуг1изе гьабе

Лъабавго имамас шарт1лъун гьабуна. Халкъгун вукъуфалье
ругел шурутГал Т1аваф саг1юялде рутел дуг1аби Дица рехун

танин халалъилаан.
Гьалмагь забазухъе камуларебин
Кодой босун ц1але кинабго г1ужалъ.
Х1ажалъул суннатал г1емерал руго
Пажамалъ рицине дир х1ал к1оларо

Х1абиб разилъизе бокьун батани Тоге гьикъич1ого г1алимзабазда. Чанги чи вуссараб Маккаялде ун Т1алъич1еб х1аж т1алъун т1ад г1ак1аги ккун

Г1акъуба ц1акъ бихьун пайда щвеч1ого.
Гьел г1адамасдаса рик1унгут1изе
Т1аде лъик1 балагье манасикалде
Манасик лъаларел жагьилзабазе
Дицаги рицана дагьал раг1аби. Пажам бугин абун г1адада тоге
Парабалдасайин дица босараб. Гьанже цо васият гьабун бихьизин
Бихьарасда г1адин жо лъаларебин. Хьвадизе кколеб куц малъун бихьизин Малъараб гьабурав мекъса кколарин. Воре даг1ба — райи г1емер гьабуге

Гьарараб жо кьеян т1ахьаз бицунин. Воре варани чи къварид гьавуге Къварилъи гьелдалъун г1емер бач1унин. Нуж кваналеб мехалъ балагьун тоге Гьезие кьураб жо садакъа бугин. Гьардухъабазда гьорлъ рак1ал квешлъуге Х1ал к1вараб жоги кьун разилъун рит1е. Х1ижазалъул агьлу воре какуге

Гьебги г1амал бугин х1ажилзабазул. Воре дие дуг1а камизе тоге Дица гьарила нуж руссинег1ан. Вореха аманат диналъул вацал Х1ажгин г1умра т1убан т1асан бихьидал. Т1оцебе гьабилеб цинги зиярат Бищун аллагьасда рак1 г1агарлъулеб Инев х1абибасде х1елх1едилагун.
Х1абибасда ине къват1ив лъугьиндал Къойилго бит1илеб г1емерго ссвалат Мадинаялъул ракь бихьараб мехалъ Аллагьан ах1илеб шапаг1атилан. Росолъе лъугьине хиял гьабидал Чурилеб дуца черх гьабилеб бац1ц1ад. Щ1ияб рет1ел рет1ун гъуин мах1 гьабун Гьанже вилъинев мун гьев х1абибасде.

Бабуса^1амалъул к1алт1асан лъугьун Равзаталде лъугьун ралел суннатал. Угь гьадинаб ниг1мат дие щвеч1илан Щукру ц1акъ гьабилеб бет1ергьанасде.

Гьадинаб давлаго киндай щванаян
Щущан бераз т1олеб бух1араб маг1у.
Гьаяже лъугьинев мун гьев х1абибасде
Х1ат1иде балагьун маг1у т1олаго.

Кьелеб дуца салам аварагасде Лугби соролаго г1ет1 чвахулаго. Цо дагьаб гьоркьег1ан галиги т1амун Гьабулеб зиярат Абубакарий.

Эсдаго гьоркьег1ан дагьавги вшгьун
Кьелеб дуца салам султ1ан Пумарий.
Цинги т1ад вуссинев аварагасде
Аллагьасда цере квералги рит1ун

Аман х1абибилан ахГилеб дуца. Х1исабалъул къоялъ шапаг1атилан. Гьанже бицинимо цо дагьаб хабар Дуйго пайда щвезе г1ин т1амун бихье.

Т1оц.еве щвелев мун Истамбулалде
ХТабибасул гьобол бичасул вали
Анссазалу бет1ер т1агьа цТунарав
Аюбил ансари ватилев дуда.

Жаг1парил хоб бугеб Истамбулалда Чирахъал ракараб бец1аб бак1алда Аварагасул вац Х1алиматил вас. Шайбатилги бугеб гьениб зиярат Юшаг1ил хоб бугеб Истамбулалда.

Лукъмангун Даниял Искандаралда
Имам Шафиг1гиму имам Буссири
Мисриялда бугеб гьезул зиярат.

Пат1иматил Х1абиб Х1усейнил бет1ерМисриялда бугеб цо Мажгиталда

Гамаги жибго тун жинда бихьидал
Халкъалъулго эбел ХГаваде щведал
Дурго х1ажат гьаре эбел Х1авада.
Гьарараб къабуллъи щаклъи гьеч1ебин Маккаялде щведал щукру ц1акъ гьабе Щванин Х1абибасул росулъейилан Каг1ба рукъ бихьидал дуг1а лъик1 гьабе Гьеб бихьидал дуг1а къабулаб бупан.
Маккаялда ругел зияратазул
Бицун х1ал к1оларо г1емерал руго
Г1емерав а гьудул Муг1аллаялде
Дуего даража бокьун батани. Щва гьудул къойийилго Хадижатихъе Дудего бач1унеб х1ал лъан бук1ине. Х1абибасул эбел Аминагихъе Инч1ого вук1унге зияраталде.
Х1ат1ал гьорозег1ан т1аде вахъарав
Т1аг1ат г1емер гьабун сардал рорч1арав
Х1абибасул хТужра дуда бихьидал
Х1еле аллагьасде щапаг1атилан.

Х1АЙВАН ХЪВЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Жиб хъвезе х1алккараб жо габунисан хъвела, х1ал к1веч1еб т1урараб г1и г1адинаб жо бугони гъелъул хъвей х1алккараб бак1алда жиб хвезабулеб рутьун гьабиялда-лъун бук1уна. Камилаб хъвей х1асуллъизе кканиги мукъ-улукъ къот1изеялдалъунги, рисси къот1иялдалъунги к1иябго тунду къот1иялдалъунги х1ассуллъила мукъу-лукъгин рисси къот1ани, чараго гьеч1еб жо буго гьеб к1иялдасаго киг1ан дагьабниги къадар къот1ич1ого хут1ани хъвараб жо х1алалдъуларо жиб ругьун гьабурабхсинца ругьун гьабулеб гьве г1адинаб, хьергъу г1адинаб жоялдалъун жинда чан гьабураб жо кваназе х1алаллъула, ругьунаб бук1иялъул шарт1гиункъо буго: бет1ергьанас жиб биччараб мехалъ багьарун унеб бук1ин цо, бет1ергьанас нахъе ч1вараб мехалда нахъе ц1ан ч1ч1олеб бук1и к1иго: жинца чан ч1вараб мехалда элдаса щибго жо •кванан гут1и лъабго, гьеб рехсараб жо жиндасан цо нухал-да гуреб такрарлъун бук1и ункъо: гьел рехсарал жаздаса цониги шарт1 гьелъ ккураб жо х1алаллъиларо бет1ергьан т1аде г1унт1ун хъвезе щванани гурого, жинца жо къот1улеб, жиб рек1араб, махгГадинаб, бахь г1адинаб го-жоги малъги гуреб жоялдалъун жинда ругьун гьабураб жо бугони жиб хвеялде къасдги гьабун гьеб жо х1алаллъила рек1ей гьеч1еб т1ухьил гулла г1адинаб жоялдалъун жинда ругьун гьабураб жо бугони, рек1араб жоялъгин цадахъ гьабураб бугониги гьеб жо хъвезе щвеч1ого х1алаллъиларо, щай абуни х1арамаб рахъ билъине гьабун кинавго буссурман чиясги, буссурман ч1ужуялъги, жал буссурманал жидее ругел лъималазги хвараб жо х1алаллъила, гьединго жиназ ккурасс хъварабги, мехтарас хъварабги х1алаллъила, гьединго нилъергун рач1и — рахъи бегьулел китабияз хъвараб жоги х1алалъила, бецас-ги, мехтарасги, жиназ ккурасги хъвезени карагьатаб буго, мужикъас хъварабги хъанчие, бакъуе, моц1рое, ц1адуе лагълъи гьабулес хъварабги, муртадас хъварабги, жо х1алаллъиларо: жинца хъвараб жо х1алаллъулев чияс гьаб г1и хъвараб г1и буго абуни гьеб кваназе х1алаллъила. Хъварав чи буссурманавдай, капуравдай абун лъач1они гьеб жо кваназе бегьиларо, амма буссурбазул шагьар г1адинаб буссурбаби г1емераб бак1батани, х1алаллъизеги бегьила: Ургьиб бугеб т1инч1алъе эбел хвеялдалъун хвел х1ассуллъула, амма ч1аго батани хъвезеги ккола: ч1агояб х1айваналдаса бат1алъараб тТураб жо нажасаб буго рас хут1ун.

КВАНАЗЕ Х1АЛАЛЛЪУЛЕБ ЖОЯЛЪУЛ БАЯН;

Г1арабияз лъик1аблъун бихьараб щинаб шарг1алъ х1арам гьабураб гуреб х1айван кваназе х1алаллъула. Г1арабияз хъубаблъун бихьараб щинаб шарг1алъ х1алал гьабураб гуреб х1арамлъула. Жидеца т1аде к1анц1ун ч1ван ч1аго х1айваназул ва роржунел жалазул гьан кваналеб жанаварал, малъ-гозо бег1ерал, жидеца малъаздалъун чан гьабулел щинал жалги х1арамал руго. Жив вакъарав, черх гьалаглъиялда х1инкъарав, кваназе х1алалаб жоги гьеч1ев, жинца хъвараб х1арамаб жоялдаса жиндир рух1хвасарлъулеб къадар кваназе бегьулеб жоги к1иго буго:

Ччуг1аги, гарц1ги, гьединго кваназе х1алалаб биги к1иго буго: т1улги, къерч1ги...

КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ:

Къурбан хъвей суннатун муаккадатун буго. Къурбан хъвезе бокьарав чиясги, жиндир агьлуялъги расги, малый т1аса ине гьабич1ого тезе суннатаб буго. Зулх1ужаялъул анц1илъ цо рукъалъул агьлуялъул цо напакъаялда ругел чаг1азда гьоркьоса цояс къурбан хъвани, киназего кири щола. Назруялдалъун гурони къурбан хъвезеги т1алъуларо. Амма гьаб къурбан буго дир абун абуни т1адаблъун ккола. Киг1анго жинда т1адаблъун ккей лъала-рев чияс абуниги хъунтун гьес гьелъул гьан кваназеги х1арамлъула. Суннатаб къурбан буго дир гьаб абураб майна бук1анаян абиялъе г1оло эбги къабул гьабиларо. Гьаб кинаб жо абун гьикъарасе жаваб кинха кьелебин абуни, г1идалъул къоялда хъвезе бокьараб жо буго абун. Хъолеб мехалда гьаб дир къурбан дуца къабул гьабе бет1ергьан абун абураб г1адинаб раг1и к1варич1о, элдалъ-ун тТалъи х1ассуллъиларо. Чиясдасан къурбан хъолеб бу-гони хиндир квералъ хъвезе суннатаб буго: хъвезе лъик1 лъалеб батани. Ч1ужуг1адамалдасанниги, мадугьаласда-санниги хъолеб бугони хъвезе вакил гъавизеги суннатаб буго. Гьедин вакил -гьабулеб бакГалда живго бет1ергьанасул ниятги г1ела. Вакил гьабун хъолеб бак1алда бет1ергьан аск1ов ч1езеги суннатаб буго. Къур-баналъе г1ей гьабулеб жоги г1иялъажоялдасан цо льаг1ел бараб жо буго: ц1ел жоялдаса к1иго лъаг1ел бараб буго, варанияльул жинсалдаса щуго сон бараб буго: гГака — оцалъул жинсалдасан к1иго сон т1убараб буго: гГака-оцги вараниги анкьгоясдасанги хъвезе бегьула, анкьасулто щи-бав цояс жинди жиндир бут1аялдаса садакъаде кьела. Къурбаналъе г1ей гьабулареб жоги анц1ила ункъго буго:

пояб берда загьирго т1ад нак1к1 лъугьараб жо цо: бецаб жо к1иго: кваназе нахъе кколеб рекъаб жо лъабго: х1атта эб рекълъи хъвезе г1одоб т1амураб мехалда х1ассуллъараб бук1аниги: гьанае зарараб, загьираб куцалъ унтараб жо ункъо: х1алакъаб, куц бигьараб жо щуго: вехьлъи гьабулеб бак1алда х1айранго чЫолеб жо анлъго: жаннб тир — тирдулеб г1адалаб жо анкьго: киг1ан дагьаб бук1аниги ха-си бугеб жо микьго: къинаб жо ич1го: къинлъун г1емер заман бач1еб жо анц1го: киг1ан т1инго бук1аниги Дин къот1араб жо анц1ила цо: г1ин гьечГого, я г1инзул баг1аз гьеч1ого бижараб жо анц1ила к1иго: киг1ан гьит1инго бук1аниги магь къот1араб жо анц1ила лъабго; райи кваназе мукъсанлъи, кколеб х1алалдацаби ррортараб жо анц1ила ункъо: гванзаб жоялъги, лълъарго гьеч1еб жоялъги, бук1ун бекаралъги, г1ин хъалхьаралъги, г1ин бихъаралъги, раг1и кваназе мукъсанлъи гьеч1еб х1аладда цаби рортаралъги г1ей гьабила. Эб хъвезе бегьулеб г1уясги г1идалъул как баралдаса нахъе ташрикъалъул къоязул нахъасеб къо-ялъ бакъ т1ерхьинег1ан бук1уна. Хъвеялда аск1об суннатаб жоги ич1го буго: хъолев чняс Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими аби буго цо: аварагасде салават бит1и к1иго:

'хъолев чиги къурбан хъолеб бак1ги къилбаялде бусси лъабго: бисмиллагьалда цебениги нахъаниги аллагьу ак^ бар аби ункъо: камилабги лъабц1ул аби буго: аллагьу ак-бар, аллагьу акбар, аллагьу акбар, валиллагьил х1амд — абун. Къабул гъабеги абун дуг1а гьаби щуго: гьеб дуг1аги гьабе:Бисмиллагьи аллагьуакбар, аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъаббал минни абун нус лъухьун бег1ер гьаби анлъго: нус цун лъулъай анкьго: мекъаб хьибилалда бегизе гьабун кваранаб х1ет1е хут1ун нахъидал мах1ал рухьи микьго. Назру гьабураб къурбаналъул гьан, назру гьабуравчияс жинцаго щибниги кваназе бегьуларо: нагагь кванани, квараб къадар бец1ила. Элъул буц1алабго гьанги т1омги, х1атта лъарги садакъаде кьела. Суннатаб къурба-налдасани лъабил бутТаялде щвезег1ан кваназе суннатаб буго. Лъабил бут1а жинцаго квани нахъисеб цояб лъабил бут1а, бечедазе садакъаде кьела, цояб лъабил бут1а мис-кинзабазе садакъаде кьела. Къурбаналъул щибниги жо гьанниги, расниги,

т1омниги бичизе х1арамаб буго, ужра-ялъе кьезе х1арамаб буго. Суннатаб къурбаналъул дагъаб-ниги къадар г1емерго къо бух1араб гуреб цониги мискин пакъирасе г1ат1го кьезеги т1адаб буго. Амма бищун хирияб цо лукъмат, к1иго лукъмат жинца кванан нахъисеб т1олабго садакъаде кьей буго: лъабго бут1а гьабун к1иго бут1аялдаса дагьаб кьунгут1иги суннатаб буго. Чиясдаса къурбан хъолеб бугони, досул изну гьеч1ого бегьиларо:

хварав чиясдасанги бегьиларо жинцаго васият гьабун ба-тич1они.

ПАКЪИКЪАТАЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Гьабураб лъимадаса гьабун анкьабилеб къоялъ гьесие напакъа т1адав чияс жиндирго боц1удаса г1акъикъ хъвезе суннатун муаккар буго. Боц1ул бет1ергьанаб жиб хвараб лъимер батани, батиялъе г1оло валиясги цогидасги эб лъи-мадул боц1удасан хъвезе бегьиларо, акьабилеб къоялъги бакъ баккилада аск1об хъвезе суннатаб буго. Эб анкьабилеб къоялъ г1акъикъ хъунтун нахъа лъимадул бет1ер к1к1вазеги суннатаб буго, гьеб бот1рол расги ц1ц1ан гъелда данде ккараб меседниги садакъаде кьезеги суннатаб буго. Анкьидаса нахъе бахъиялдалъун гьелъул г1ужги борч1иларо балугълъизег1ан. Напакъа т1адавчияс хъвезе бегьила: балугълъунтун нахъа жинцаго хъвезеги бегьила васасдасан к1иго хъвезеги суннатаб буго, ясалдасан цо хъвезе суннатаб буго. Кьуч1ч1аб раг1иялдалъун цо г1и къурбаналъеги г1акъикъалъеги хъвезе бегьила, гьединго г1емералго лъималаздасанги цо г1и бегьила. Пакъикъалъе камилаб лъимер бихьун г1акъикъ хъвей буго. Рехсараб х1алалда г1акъикъалъул гьан пакъирзабазеги мискинза-базеги кьела. Гьелъул цо бох г1ат1гу ч1арахъаналъега кье-ла. Цогидаб гьан кишмиш г1адинаб, яги гьоц1о г1адинаб •гъуинаб жогин цадахъ бегьила. Гьеб гьан бертналъ г1адин г1адамал ах1ун кваназабич1ого бикьила. Гьелъул ракьаги бекиларо, лугби саламатав вук1иналъе тапаул гьабун г1акъикъалъе хъолеб жоялда релъараб бук1ине ккола, ам-ма г1акъикъалъул гьанадаса бут1а г1ат1гу кьезе т1адаб гьеч1о, къурбаналъул г1адин. Гьабураб мехалда лъимадул кваранаб г1инзунибе как ахГизе, мекъаб г1инзунибе къам-мат гъабизе суннатаб буго, кваранаб г1инзунибе инна ан-залнагьу ц1ализеги суннатаб буго. Чамасдак бугониги цогидаб гъуинаб жо бугониги, ч1амун лъимадул к1алдиб жаниб харангинуб лъулъазеги суннатаб буго. Ункъабилебкъоялда ц1ар лъезеги суннатаб буго, элдаса цебехун нахъ-ехун лъезеги бегьила: х1атта эб лъимер хваниги бегьила:
жеги рух1го гьеч1ого гьабуниги жоги лъезе бегьила.

ДАРАН — БАЗАРАЛЪУЛ Х1АРАМАЛ ЖАЛ...

Даран базаралъул х1арамал жалазул бицунеб буго гьаб. Балугьав,, г1акъилав чиясе бегьуларо щибго жоялда гьорлъе лъугьине. Гьелъул х1алалалабги, х1арамабги бат1а гьабизе лъан хадуб гурони. Аварагас абуна: т1алабул г1илми — г1елму т1алаб гьаби — (паризатун) — паризаяб буго (г1алакулли муслибин). — кинавго бусурманав чи-ясда (вамуслиматин) — кинайго бусурман ч1ужуялдаги, ай жинде х1ажалъулеб жоялъул ах1камал лъазе гьаризе т1адаб буго.

Масала: базаралда гьорлъе лъугьине ккани, гьелъул <шу-рут1ал) х1алалаб, х1арамаб льазе т1алъула, даран паса-лъулел жал гьелъул арканал шурут1ал лъазе т1алъула;

лъач1они х1арамаб рибаялда гьорлъе ккола

.Аварагас абуна: (Атгажирусcдукъу) —вит1арав даран -чи (Юх1сарул явмал къиямати) — къиямасеб къоялъ вахъина (Маг1ассидикъина вапппугъадаи) — ссидикъзаби шагьидзабигун цадахъ. Дарамалъул арканал лъабго руго:

жиб бичулеб, жиндихъ бичулебжо буго цо; бичулев босу-лев чи к1иябго; бичана босана абурав ссигьа лъабабго. Бичулев босулев чиясул щуго шарт1 буго: балугълъи, г1акъиллъи сапагьаталдалъун х1ужру ч1вач1ев вук1ин х1ал гъабунгут1и. Гьит1инав чиясулгун хьутин бачарав х1ажру ч1варав чиясулгун гьабурав даран данде бач1унаро. Х1ал гьабурав

чиясулги бегьуларо. Амма мех-телалдалъун г1асилъарав мехтарав чиясулни бегьила, къуръаналда релъараб бичулеб бугони исламги шарт1 буго щуабилеб. Жиб бичулеб жоялъул шарт1 бац1ц1ададаббук1ин, я бац1ц1алъизе бегьулеб бук1ин буго цо; капурго хвараб жо, хъубаб нах бичизе бегьуларо. Хъубаб жо шарг1ияб даранги гьабун бичизе х1арамаб буго. Амма х1адалъи ккани квер накълу гьабизе бегеула. Гьеб гьабу-леб къаг1идаги гъадин буго- Хъубаб жоялда т1ад квер бугев чияс абила: дица гьаб рак1агщаса дир х1акъ т1аса ккезе гьабуна цо гьурущ гГарацалде къабул гьабуна дицагиян • цоясги абила. Шарг1ияб мунпаг1ат бугеб жоялъун бук1ин к1иябго. Мунпаг1ат гьеч1иб х1ут1 — хъумуралда релъараб жо бичизе бегьуларо. Гьединго к1иго ролъул мугь пандур, хъумузалда, зурмаялда реяъарал жал ричизе бегьуларо. Жиб кодобе кьезе х1ал к1олеб букГинги буго лъабабго. Билараб, х1алица ккураб жо бичизе бегьуларо. Гьеб к1иябго нахъ буссине гьабизе х1ал кГоларев чиясе, гьедин-го гьоркьлъани лъураб жоги бичизе бегьуларо муртагьи-насул изну гьеч1ого. Баиг1асул милклъун букГинги буго ункъабго. Чияр жо бичизе бегьуларо бет1ергьанасул изну ялдалъун, я гьесул вакиллъиялдалъун гурони. Бичулеб жо к1иявго даран чиязда лъалеб бук1инги буго щуябго.

Ссигъаяъул шурут1ал ункъо руго.

Ссигьа абулеб жо бичана-босана абураб раг1и буго к1иябго раг1уда гьоркьоб бат1аяб калам ккунгут1и буго цо. Халатаб вуц1ун ч1ч1ей ккунгут1и буго к1иябго. Лапт1ги маг1наги рекъон ккейги буго лъабабго. К1иябго лапт1 раг1изе гьабиги буго ункъабго.

ДАРАМ БИХИЗЕ БЕГЬИЯЛЪУЛ ВАЯН БУГО ГЬДБ.

К1иявго дарам гьабурав чияссе мажлис бихизег1ан дарам бихизеги бихич1ого тезеги ихтияр буго. Эв к1иясго кьоялде щвезегТан ихтияр шарт1 гьабизега буго: гьелдаса эхеде гьабизе бегьиларо: гьабуни дарам бат1уллъила. Би-чун босараб хоялда цебеккунго бук1и лъалеб г1айиб бата-ни, босарасе ихтияр буго нахъ буссинабизе, бокьараб мехалда, гъеб босараб жо.

ГЪОРКЬЕ ЖО ЛЪЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Бичизе бегьулеб жо налъуе гьоркь лъезеги бегьула. Гьоркье лъураб жо налъул бет1ергьанасда аск1об хванани эс бец1изеги ккеларо, эсул такьсиралдалъун хвараб бук1ани гурого налъи т1убан щвезег1ан гьесда кодоса гьеб-гн бахъиларо.

НАЛЪУЛАВ ЧИЯСДЕ Т1АМИЯДЪУЛ БАЯН.

Масала, цо чиясе дуца анц1го гьурущ кьезе бугони гьелда жинс релъараб, навг1 релъараб, гьелдаго барщадаб цогвдас дуеги кьезе бугони, дов дуца кьезе бугев чи дуе кьезе бугесда т1амизе бегьила, мун разилъундосги къабул гьабун к1иябго налъуе кьезе замана барщадаб батани. Жинде т1амулев чини разилъизе ккеларо. Гьеб т1амурав чиясул зикъат налъудаса бац1ц1алъула.

НАЛЪУЕ ГЪОКЬЕ Ч1ЕЯЛЪУЛГИ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Жиб къадар лъараб налъуе гьоркье ч1ч1езе бегьила, элъул къадар лъараб мехалда хГакъалъулъ бет1ергьанасги бокьарасдаса т1алаб гьабизе бегьила. Налъи жив гьоркье ч1ч1арав чияс бихьани гьевги жиндаса гьоркье ч1ч1арасде вуссила, гьесул изнуялдалъун

гьоркьеги ч1ч1арав налъиги бихьарав ватани. НАЛЪУЛАСДА ГЬОРКЬЕ Ч1Ч1ЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Чиял х1акъ тГад бугев *чи* х1акъ бихьизе щвараб мехалда вак1аризе абун гъесул черхалдалъунги чи гьоркье ч1ч1езе бегьула, гьев вак1арун кодове кьураб мехалда жив гьоркье ч1ч1арав чиги гьеб минаталдаса вац1ц1алъула.

ПАХЬАЛЛЪИ ГЬАБИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Данде ч1ч1ун г1ахьаллъи гьабиялъул щуго шарт1 буго. Пахьаллъи хиб къапараб хьвадулеб г1арац меседалъулъ бук1и цо: гьеб к1иябго жинсалъулъ, навг1алъулъ рекъараб бук1и к1иго: г1ахьаллъи гьабулел чияз боц1и жубай лъаб-го: щивав цояс жиндир гьалмагьасе тассаруп гьабизе изну кьей ункъо: зарарги хайирги жиде жидер боц1ул къадарал-да бук1и щуго: жидер щивав цояс бокьараб мехалда г1ахьаллъи пасху гьабизеги ихтияр буго.

Цояв хванани г1ахьалльиги хода. К1иго г1ахьаллъи гьа-бураб мехалда эзул лъабабилевги аллагь вук1уна. Цояс-ниги хиянатлъи гьабуни аллагь гьоркьоса вахъула, цинги баракатги уна.

ВАКИЛ ТЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Щивниги инсанас жиндирго напсалдалъун тассаруп гьабизе бегьулеб жоялъулъ вакил тезеги живго чияс ва-киллъун ч1ч1езеги дурусаб буго. Жинца вакил гьавурасги, жив вакил гьавурасги, бокьараб мехалда вакиллъи бихи-зеги бегьула. Вакилги жинца кодобе босараб жоялъулъги жинца гьабулеб тассарупалъулъги аминияв вуго. Гьесул такъсир гъеч1ого хвараб жо эс бец1изе ккеларо, мухь баян гьабич1ого кьолеб замана бищич1ого мут1лакъго вакил гьавурав чи вугони эсги щибго жо бича-хисизе бегьиларо: лъабго шартГалдалъун гурого: живда барщадаб мухь бук1и цо: Подобеяб гьеч1ого кодоса кодобе бук1и к1нто, бичу-леб, хьвадулеб гГарацниги меседниги мухьдае бук1и лъабго: вакилас жинцаго жиндиего хо бичизеги бегьиларо, жив вакил гьавурав чияс зарараб жоги бец1изе бегьиларо, эсул изнуялда лъун гурого.

ЩАРАПАЛЪЕ ЖО КЬЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Жиндир г1айн нахъе хут1иялда цадахъ жиндалъун мун-паг1ат босизе бегьулеб щинаб жо ц1арагIалъе кьезе бе-гьула, замана ц1анги ц1ач1огоги: ц1араг1алъе кьураб жоги жиндихъе ц1араг1алъун кьурав чияс бец1изе кколеб бук1уна, хванани хвараб, къоялъул къиматалдалъун.

Х1АЛИД ЖО ККВЕЯЛЪУЛ БАЯН;

Чияр жо х1аллид ккурав чияс, чияр жо буссине гьабизе ккола:элъие ккараб мукъсашгьи бугони, эбги бец1изе ккола, жиндилъ хут1араб замана. бихьун ужратул мишлуки т1алъула, жинда аск1об эб хванани, бецГизеги ккола. Мис-лияб жо батани мислу кьезе ккола, батичГони ккураб къоялдаса хвараб къоялде щвезег1ан ккарал къиматазул бищун ц1ц1ик1араб къимат кьезе ккела.

ИЖАРАЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ;

Ижара абулеб жо цо лъалеб г1ив&залдалъун жиб х1алалаб, жиб макъсудлъун бук1унеб, жиб лъалеб мун-паг1аталда ижаб къабул бегьизе гьабун гьакъд гьаби буго. Жиндир г1айнги хут1иялда цадахъ жиндалъун мунпаг1ат босизе бегьулеб жо, ижаралъе кьезе бегьула, я замана парз гьабун, к1иявго г1акъд гьабурав чиясул цояв хвеял-далъунги. Ижара бат1улльуларо хварасул бак1алда жин дир варис ч1ч1ола. Ижаралъе кьураб г1айн хвеялдалъун ижара хода: ижара чиясда рец1елги бук1унаро жиндир такъсир гъеч1ебг1ан мехадда.

ЖАПАЛАЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЪАБ.

Билараб жо буссине гьаби г1адинаб: цо пуланаб г1амал гьабунани гьаб къадар кьела абун цо лъалеб г1ивазалдалъун шарт1 гьабунани, гьелда жаг1алат абун абула. Эб буссине гьабураб мехалда гьабуравчиги эб г1ивазалда мустах1икъавлъун лъугьула.

ВАКЪПУЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЪАБ:

Вакъпу абулеб жо жиндир г1айнги нахъе хут1иялда ца-дахъ жиндаса мунпаг1ат босизе бегьулеб цо муг1аййанаб боц1и х1алалаб нухалде буссизе гьабун ч1ч1езе гьаби буго. Бича-хисиялдаса жиндилъ щибниги тассарруп гьабиялда-са нахъе ч1ван *эб*™ нахъе бахъич1ого таг1ликъ гьабич1ого гьаб х1алалда ч1ч1олеб ссагьаялдалъун бук1и шарт1 буго. Гьаб х1алалда гьеч1еб нахъа батулеб жоялъе вакъпу гьа-бизеги бегьиларо: вакъипасс гьабураб шарт1 бугони эб шарт1ги ц1унила, шарт1 гьабич1еб бак1 бугони шарг1алда рекъараб г1урпалда бец1ила.

АМАНАТ ГЬАБУН ЖО ТЕЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЪАБ.

Цо чияс жиндир боц1и ц1уни т1алаб гьабун цогидасда аск1об аманатлъун тани гьев жинда аск1ов толев чияс къабул гьабизе суннатаб буго. Жиндир ц1унизе х1ал к1олеб бугони, жиндирго черхалда боржелги бегъани, гьес гьеб боц1и хванилан бец1изеги ккеларо: жинца к1арчамлъи гьабич1ебг1ан мехалъ, амма ц1унизени ккела: жинда релъараб ц1унулеб х1алалда, жинда рекъараб бакГалдалъун бет1ергьанас нахъе босизе т1алаб гьабураб мехалда, гьесухъе щвезе теч1ого жиндаго аск1об хвани, гъеб мехалда бец1изе ккела.

ВАСИЯТАЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЪАБ.

Васият гьабизе бегьила жиб лъалеб жояддалъунги, лъа-лареб жоялдалъунги, гьаб х1алалда батараб жоялдалъун-ги, эбги гьабила, бут1адасан хал гьабила лъабил бутГадасан ц1ик1ани, ц1ик1араб къадар варисзабаз къабул гьабиялда ч1ела, варисасе гьабун васиятги ч1ч1еларо, нахъидал варисзабаз къабул гьабич1ого, эб къабул гьабийги хун тун, нахъа бук1ине ккела. Васиятги гГакъилав балугъав, ихти-ялралда вугев чияс гьабизе бегьула. Жиндие васият гьабу-леб жоялъулъ г1ассилъи батунгут1иги шарт1 буго. Гьеб жиндие васият гьабулеб жо гГаммаб рахъ гуреб батани, жиб лъалеб бук1и, жинца бет1ергьанлъи гьабизе бегьулеб бук1и, эбги шарт1 буго, жив буссурманав, балугъав, г1акъилав, гГадилав, узданав, аминияв вук1и бугони, г1ажизав гурев гьев чи вассиюлъун гьавизеги бегьула, налъи т1обит1изе бугони васият билълъине гьабизе бук1аниги, г1исинал лъималазул амруялде балагьизе бук1аниги.

РИБАЯЛЪУЛ БИЦУНЕБ БАЯН БУГО ГЪАБ.

Чи ч1вай, зина гьабиялда хадуб рибаялдаса к1удияб мунагь бугеб жо гьечГо. Риба чиясул рухl бахъи мекъса ккеялда х1инкъи буго. Аварагас абуна: (ЛагГаналлагьу)

— аллагьасул наг1ана батаги (акиларриба) — рибакунев чиясе (вамукилагьу) гьеб кьолев чиясеги (вакатибагьу)

— гьеб хъвалев чиясеги (вашагьидагьу) — гьеб гьабулеб мехалъ аск1ов вугев чиясеги гьелъие нуг1лъи гьа-бич1ониги. Риба хьвадула г1арац г1арцухъ бичиялъулъ, месед меседалъухъ бичиялъулъ, гьединго риба хьвадула т1орщел т1орщалихъ бичиялъулъги, жинс жинсалъухъ бичулеб бугони, ай жибго жиндихъго бичулеб бугони лъабго шарт1 ч1ч1ани гурони бегьуларо. К1иябго ц1алеб ц1ан, борцунеб борцун, бащад бук1ин буго цо. Боржал ц1ангут1и к1иябго. Даран гьабураб бак1алда т1ад квер лъей лъабабго. Цо жинс бат1ияб жинсалъухъ бичизе ккани. Месед г1арцухъ бичулеб бугони я бут1а ролъухъ бичулеб бугони, к1иго шарт1 бук1ине ккола. Даран гьабураб бак1алда к1иясго кодобе боси цо; боржал ц1ангут1и к1иябго, амма т1ок1лъи ками бегъула. Гьединго риба хьвадула

кинабго кунеб жоялъулъ пихъ бук1а, гьан бук1а.

Ханжу ханжуялъухъ, гьединго ханжу чадихъ, хараб хинк1алъухъги бичизе бегьуларо. Щай абуни бащад гьа-бизе х1ал к1оларо. Гьединго риба буго мунпаг1ат т1аде ц1араб къарзги.

К1иго шагьидахъ цо шагьи босаравчи, цо ургьалихъ к1иго ургьел босаравчи вуго.

Къарзалъе жо кьезе суннатун муаккаратун буго. Мус-лимил х1адис буго (маннаффасаг1ан ахигъи къурбатан мин къураби ддунья) — дунялалъул ургьел жиндир муъ-минав вацасдаса т1аса босани — (налпасаллагьу г1ангьу) — къурабатан мин къураби явмил къиямати) — къияма-себ къоялъул ургьел аллагьас гьесда т1аса босула. (Вал-лагьу фи г1авнил г1абди ладамал г1абду фи Давни ахигьил муслими) — аллагьу таг1ала г1азда ва жалла — жиндир лагъасе квер бакъулев вук1уна жиндир вацасе квер бакъ-улев лагъ вугог1ан мехалъ. Садакъаде жо къеялдасаги къарзалъе кье хирияб бугилан абулел чаг1и руго. Къарзалъе ссигьаги шарт1 буго;

Дица дуй гъабжо къарзалъун кьуна гьалда релъараб дуца диего нахъе бусине гьабизе къабул гьабуна дицаги — ян цояс бусине гьабила. ШартГ гьабичГони, ц1ик1елгун цадахъ нахъ бусине гьабиги суннатаб буго.

АВАРАГАС НАГЬ'Ю ГЬАРУРАЛ ЖАЛ.

Аварагас нагь'ю гьабуна бакъ баккизег1ан цебе къижи-ялдаса, вахъун ч1ун льим гьекъеялдасаги, вахъун ч1ун кванаялдасаги, кунеб— гьекъолеб жоялде пуялдасаги, бо-.-гол какда цебе кьижиялдасаги, хадуб калам гьабиялдаса-ги, пер-ражипер собо квиналдасаги, бух1араб квен квиналдасаги, барщиялъул г1аламатал загьирлъизег1ан пихъ бичия-вдасаги, гьой бичараб мухьалдасаги, чол цоги-далги х1айваназул х1анал рахъиялдасаги, ц1унц1раги, най-ги, гьодгьодги, итаркГоги ч1ваялдасаги, даруде къверкъ чГваялдасаги, милъиршо ч1ваялдасаги, ч1ч1араб лъелъе к1ущиялдасаги, гьединго. буго билъунеб лъимги, раг1адалдаги, бакъалдаги гьоркьов г1одов вукГиналдасаги, лъим гьекъолеб парчи-хъабаялда жаниб х1охьел биччаял-дасаги, ч1ужуялъул бетГер к1кГваялдасаги, к1иго ч1ужуялда гьоркьосан вилъиналдасаги. Гьединго нагью гьабуна цебеса квин нахъе босизег1ан нахъе вахъиналда-саги, вахъун ч1ун кГущиялдасаги, россабазул изну гъечГого руччаби к1алъаялдасаги к1иго г1одор рук1арал чиязда гьоркьов лъугьиналдасаги, рахь беч1ч1улеб х1айван хъвеялдасаги, г1адамасул гьури борчГараб мехалъ релъиялдасаги, ракьаялдалъун т1агьарат гьабиялдасаги нагью гьабуна АВАРАГАСУЛ ВАСИЯТАЛ...

Аварагасул васиятал руго гьал жал гьаруни пакъру т1ад гьабулел, т1ад рет1ел гьеч1ого чури бихи, черх хъуплъун букГаго кванай, кванил рекелаби къабих1 гьари, ражипе-ралъул, жибго пералъул хъал бух1и, кГудиял чиязда цере лъугьин, эбел-инсуде жидерго ц1аралдалъун ах1и, х1арщудалъун кверал чури, рукъалъул рагьумах1уялда г1одов вук1ин, хъуплъи чурич1ого тей, черхалда тГадго рет1ел букъи, квенчГелалъ гьумер бац1ц1ин, жибго цох1о пер кванай, рокъоб къуруладул бусен тей, рогьалил какда хадуб мажгиталъуса хекко къватТив вахъин, базаралдаса нахъ вусин ахиралда гьаби, пакъирзабаздаса чед бикъун боси, эбел-

инсуй квешаб дуг1а гьаби, г1иц1ц1 толох1ошго веги, ц1араг1 чурич1ого тей, пун чирахъ свине гьаби, ки-набго жоялда байбихьулеб мехалъ бисмиллагъ бахъич1ого тей, ч1ортоялъ рукъ лъухьи, нуц1ида нахъа рукъ лъухьа-раб жо тей, цабзадалъун малъал къот1и.

ЦЕРЕ ГЬАРУН АРАЛ МУНАГЬАЛ...

Цере гьарун арал мунагьал чуризе бегьулел лъик1лъаби руго гьал. Черхалда рихадго каки чури имамас алх1ам цГалун лъуг1араб мехалъ гъесда цадахъ амин аби, зух1аяъул к1иго ракагГат бай, рузманалъе салам кьун хадуб дове гьанив вусинч1ого къулгьу, къулаг1узаби, алх1ам анкь-анкьц1ул ц1али, тасбих1алъул как таравих1 бай, лай-латул къадруялъул сордо борч1и, рамазаналъул к1ал кквей, г1арапаб къоялъул к1ал ккаей, байтулмукъадасал-дасан х1аж гьаби. Ибрагьимил макъамалда нахъ к1иго ра-каг1ат бай, пикру х1исабги гьабун каг1ба рукъалъухъ балагьи, суратул х1ашриялъул ахир ц1али, жиндир лъима-лада къуръан малъи, ралъдал к1икъого карачел рик1к1ин, кинабго карачелалъе аллагьу абун к1икъого галиялъ бе-цавги хадув ц1ай, бусурманав вацасул х1ахаталъе хьвади, гьеб т1убач1ого хут1аниги, гъурбаталда вугев унтарав чи-ясде ваккизе ин, диналъул вацасул квер босиялда аск1об свалатги бит1ун гьал раг1аби аби (раббана атина фи ддунья х1асанатан ва фил ахирати х1асанатан ва къина г1азабаннари).

Цинги мунагьал рахъулеб жо тавбу буго. Тавбуялъе шурут1ал руго гьарурал мунагьазда рак1 бух1и, т1ад ругел х1укъукъал т1орит1и, гьел мунагьазде т1ок1алъ вуссун-гутТизе ният гьаби.

ТАВБУ-рак1 бух1и.

Тавбуг1аги аллагь дун пашманлъана Дица гьарунщинал мунагьаздаса. Рак1 бух1ана аллагь дун х1асратлъана, Дун дуде вусана щибаб квешлъи тун, Нусабго лагаялъ гьарурал щинал Бералъ-г1иналъ бук1а, х1ет1-малалъ бук1а, Квералъ, к1алалъ бук1а, г1авраталъ бук1а, Паси-пасикълъулеб дун капурлъулеб Киналго мунагьал гьариялдаса Пашманав вуго дун хирияв аллагь. Рьибат-бугьтан бук1а зулму х1ал бук1а Х1ал к1олаго тараб г1ибадат бук1а, Как к1алальул ккараб тасамах1 бук1а, Жах1да илбис бук1а, х1ал хъуплъи бук1а, Х1арамаб лъалаго боц1и ккей бук1а, Кинабго, щибабго квешлъи рехунтун Квешлъи гьабулесда т1ад рекъеч1ого Дун дуде вусана гьапурун рах1им Дида т1ад гьабураб къол щуябто как Бец1ун бала аллагь биччан танщинаб. Дир боц1уда т1адаб хирияб закат Хекко т1обит1ила хут1ун батани. Дида т1ад хут1арал чияр х1укъукъал Х1алаллъи босила рази гьарила. Нахъа мунагьазде дун вусинаро Дида т1ад гьабураб паризаяб как Бет1ер къот1аниги гьебги теларо. Ккараб щинабг1аги карагьат тела Гьаб тавбуялдаса дун вусинаро. Эхебе унеб лъим нахъ бусаниги Хвалчаца къот1къот1ун вуссвусаниги Диналъул ах1камал тТаде росана Щайт1аналъул нухал рехунги тана. Гьаваялда хадув дун лъугьинаро Бидг1ияб щинаб жо нахъе рехана Х1акъаб динул ислам къабул гьабуна Къабул гьабе аллагь гьанже дир тавбу. Тавпикъ кье дир аллагь дур т1аг1аталъе Т1овит1е бет1ергьан бит1араб нухде Ризкъилъун гьабеги х1уснул хатимат.

ЧIВАГЕ АЛЛАГЬ НИЖ НАХЪЕ...

Т1олго г1алам хьихьарав Паламалъулго сайид.

Пайибни к1удаб буго ниж дуде г1ассилъизе Чан к1удиял ниг1матал, г1ажаибал х1икматал Дуца нижей ч1обого ч1алг1инег1ан кьун ругел. Беразе канлъи буго, кваназе т1аг1ам буго Т1аг1унареб г1емераб г1уюназул лъим буго. Черхалъе ссих1ат буго, сундего х1ажат гьеч1о Х1абибуллагь ах1мадил умматлъун гьарун руго. Г1ат1идаб дуньял буго диналъе рег1ув руго Пузруялъе бак1 гьеч1о гьаваялда нахъ руго. Дуе бац1ц1адаб шукру гьабизе ккеч1ониги К1алниги ч1ун теларо дур ниг1матал рик1к1ина. Дуй г1ибадат гьабизе гьаваялъ теч1ониги Гьарделаро к1анц1ила к1удияб гьапудухъе Каримилан ах1ила х1елх1ел гьабун к1алъала Дирго заг1иплъи бицун зигардила дун дуда. Дуда к1алт1е вач1арав ч1обогуяв гьардухьан Ч1ваге аллагь нахъеян хьат цебе ккун гьарила. Дур хиралъиялх1аги хирияв нижер бет1ергьан Дуде

г1асилъиялда дунгоги рази гьеч1о. Дур к1одолъиялх1аги к1удияв дир сайид Г1исс-ян дуде кканиги мунгин х1абиб вокьула. Нижерго заг1иплъиялъ г1исс-янал лъугьаниги Дир хирияв сайиди малг1ун щайт1ан рихуна Пассияб агьлуйилан г1азаб дуца гьабуни Малг1ун гьеб щайт1аналъул мугьзал ч1оло бит1ила Гьабе нижее г1апву г1азабалдаса ц1уне Ц1аялдасан рорч1изарун алжанал насиб гьаре.

КАК Т1АЛЪУЛЕЛ ЧИЯЗУЛГИ СУННАТАЛ КАКАЗУЛГИ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Как т1алъиялъул шурут1ал ункъо руго: буссурманлъи цо, балугыгьи к1иго, г1акълу бук1и лъабго, ч1ужуг1адам х1айзалдаса, нипасалдаса яц1ц1алъун йик1и ункъо.

Паризаяб какилъ г1адин жидель жамаг1ат гьабизе бе-гьулел ц1ик1к1ун хириял суннатал какал щуго руго:

к1иябго г1идалъулги, к1иябго бакъ-моц1 кквеялъулги, ц1ад гьариялъулги паризаял каказда нахъ рилъарал рати- 189 —

тах1ияталъул как баледе цебецин мажгиталъуве лъугьа-рав чияс аварагасде ссалат бит1ила, цинги тах1ияталъул как бан тун, жиндир ругел чиязе салам кьела, гъеб тарти-балда бегьизе гьабулеб тах1ият буго, гъеб лъабабго авва-биназул как бала марк1ач1ул какидаги, богол какидаги гьоркьоб, гьеб г1ужалъ бец1изе бугеб как бец1аниги авва-биназул кири х1асуллъила, эзул дагьаб къадарги к1иго ракаг1ат буго: г1емердинаб балеб анлъго ракаг1ат буго, бищун г1емераб кього ракаг1ат буго: тасбих1азул как бала анкьида жаниб цоц1ул, бажарич1они моцТруда жанибниги цоц1ул, эдинги бажарич1они лъаг1елалда жанибниги цоц1ул, эдинги бажарич1они г1умруялда жанибниги цоц1ул бала: элъулги ункъо ракаг1ат буго, бокьани ц1оц1ул салам кьун бала, бокьани къоц1ул салам кьун бала. Щибаб ракаг1аталъулъги лъабкъоялда анц1ила щуц1ул: субх1аналлагьи ,валх1амдулиллагьи вала илагьа иллаллагьу валлагъу акбар — абила. Анц1ила щуц1ул алх1амалда хадуб абила: анц1ц1ул ру-куг1алъулъ абила: анц1ц1ул иг1тидалалъулъ абила:

анц1ц1ул цебесаб суждаялъулъ абила: анц1ц1ул к1иябго суждаялда гьоркьоб абила: анц1ц1ул к1иабилеб суждаялъ-улъ абила, анц1ц1ул к1иабилеб суждаялдаса т1аде вегулаго аллагьу акбар абун тун хадуб х1алхьезе ч1ч1араб бак1алда абила: эхеде ворхине вугони ворхиналда цебе абила: ат-тах1ияту ц1алилалда цебе абила. Истихаралъул как бала цо амруялда жаниб гьабий теялъулъ, маслах1атаб жоялде т1овит1изе бокьани элъулги к1иго ракаг1ат буго, цебесаб ракаг1аталъулъ алх1амалда хадуб: — ва раббука яхлукъу ма яшау ва яхтару макана лагьумулхиярату субх1аналлагьи ва таг1ала г1амма юшрикуна ва яг1ламу ма туккину ссудуругьум ва ма юг1линума вагьуваллагьу ла илагьа илла гьувалагьул х1амду фил ула вал ахирати вабал абун жидеда абулел суннатал каказул къоло к1ито ракаг1ат буго. Ругьла какида цебе к1иго, къаде какда цебе ункъо, нахъаги ункъо: бакъани какда цебе ункъо, марк1ач1ул какда цебе к1иго, нахъаги к1иго: богол какда цебе к1иго, нахъаги к1иго. Гьезда гьокьоса анц1го ракаг1ат суннатун муаккарат буго, к1иго ругьла какда цебе, к1иго къаде какда нахъа, к1иго марк1ач1ул какда нахъа, к1иго богол какда нахъа. Гьел рехсарал гурелги таъкид гьарурал суннатал жал ункъо руго: т1оцебесеб богол какда нахъа балеб витру буго, элъул дагьаб къадарги цо-цо ракаг1ат буго: г1емераб къадар-анц1ила цо ракаг1ат буго, гьоркь-охъеб жиб г1емердинаб балеб къадар лъабго ракаг1ат буто:

к1иабилеб къаси вахъун балеб как буго, щиб къадар буго-ниги. Лъабабилеб ззух1алъул как буго, элъул бищун дагьаб къадар к1иго ракаг1ат буго: бищун ц1ик1араб къадар анц1ила к1иго буго, гьоркьосеб къадар ункъо, анлъго, микьго буц1ц1альулго бищун хирияб къадар микьго ракаг1ат буго. Ункъабилеб таравих1азул как буго: эзулги къого ракаг1ат буго. Цойги суннатал каказдаса руго: маж-гит к1одо гьабияльул как, аввабиназул как, тасбих1азул как, истихараялъул как. Мажгит к1одогьабиялъул бала мажгиталъуве лъугьарав чияс жамаг1ат гьабиялда машгь-уллъич1они я ратибат борч1иялда х1инкъич1они, х1инкъани ратибат бала, тах1ияталдеги ният гьабун к1иялъулго кири щвезе, элъул г1ужги мажгиталъуве лъугьаралдаса г1одов ч1езег1ан букТуна. Подов ч1ани г1уж борч1уна, лъач1ого сагьвиллъун хекко рак1алдаги ватани борч1уларо, вахъун ч1ун базе бегьула: хекко батани тах1ият бач1уго г1емер мехалъ вахъун тах1ият базе къаг1ида ккеч1они анкьц1улго: — субх1аналлагьи валх1амдулилагьи вала илагьа филлаллагьу валлагъу ак-бар — абуни тах1ияталъул бак1алда ч1ела. Гьеб лагьул х1укму ва илайгьа туржаг1уна абураб аят ц1алила, к1иабилеб ракаг1аталъулъ алх1амалда хадуб- ва макана лимуъминин вала муъминатин иза къазза ллагьу рас-улугьу амран ан якуна лагьумул хиярату мин амигьим ва ман яг1си ллагьа ва расулагьу факъад ззвалла ззалалан мубинан — абураб аят ц1алила, ялъуни цебесалъулъ къулъ яаюгьалкафирун, нахъасалъулъ къулгьуваллагьу ах1ад — ц1алила, цинги салам кьунтун гьаб дуг1а ц1алила:

— аллагьумма инни астахирика биг1илмика ва астакъди-рука бикъудратика ва ас алука мин фаззликал г1азими фа иннака такъдиру вала агЬламу ва анта г1аламул гьуюби, аллагьумма ин кунта тагЬиму анн гьазал амра хайрун ли фи ди ни ва ддунья йа ва маг1аши ва г1акъибати амри г1ажилигьи ва ажилигьи факъдиргьу ли ва ясиргьу ли сумма барикли фигьи я кариму ва ин кунта таг1ламу анна гьазал амра шаррун ли фи ди ни ва ддунья я ва маг1аши ва г1акъибати амри г1ажилигьи фассрифгьуг1анни вассрифни г1ангьу вакъдирлил хайри х1айсу кана тумма арзини бигьи я кариму аллагьумма инна г1илмал гьвайби г1индака ва гьува мах1жубун г1анна вала аг1ламу ма ахтаругьу ли нажи лаким антал мухтару ли фаинни фавваззату илайка макъалида амри ва ражавтука лифакъира ва факъати фа аршидни ила ах1абил умури илайка ва аржагьа г1индака фа иннака тафг1алу ма ташау ва тах1куму матуриду — цинги жиндир х1ажатаб жоги рехсон жиндирго рек1ехъ г1енеккун рак1 жинде ц1араб жо гьабила цониги рахъалде рак1 ц1ц1ан батич1они жеги ц1и гьабун бала.

Радал бакъанида гьаризе хириял, соналъул авалалда, ахиралда гьабулел, сапар моц1алъул ахир арбаг1алъ балеб какалъул, щаг1бан ращалъараб мехалъ гьабулеб дуг1аялъул, гьел гурелги г1емерал пайдаби жаниб ругел т1ехь буго гьаб. Рогьалилъ гьал рагТаби абуни:

— Аллагьумма инни ассбах1ту ушгьидука ва ушгьиду х1амалата г1аршика ва малаикатака ва жамиг1а халкъика аннака анта ллагьу ллязи лаилагьа илла анта вах1дакала шарикалака ва анна Мух1аммадан г1абдука ва расулука -бакъанида абулеб бугони:

— Асбах1ту — абулеб бак1алда — амсайту — абила, ункъц1ул абуни жужах1алдаса тархила. Гьаб дуг1а Хизри Ильясил дуг1а буго.

— Фатх1улмаликил мажид — абураб т1ехьалда буго радал бакъанида лъабц1ул гьаб дуг1а ц1алани, гьебги гьаб буго:"

— Бисмиллагьи ма ша аллагьу ла ясукъул хайра илла ллагьу, бисмиллагьи маша аллагьу ясрифу суа иллал-лагьу, бисмиллагьи машааллагьу ла х1авла вала къуввата илла биллагьил г1алиййил г1азими.

АВАРАГАС АБУНИЛА...

Аварагас Пат1иматида васият гьабунила рогьалилъ бакъанилъ гьалраг1аби абе абун: Я х1аййу я къаййуму бирах1матика астагьису фааcслих1ли шаъни ку ллагьу вала такилни ила напси т1арпата г1айнин).

Аварагас абунила: рогьалилъ лъабц1ул (аг1узубиллагьи самиг1илг1алимиминащщвайт1анирражими) абун, цинги лъабц1ул — (лав анзална гьазалкъурьана) ц1алани ахаде щвезег1ан аллагьас гьесде льабкъоялда анц1 азар малаик вакил гьавила гьесие дуг1а гьабизе, гьесде ссвалат бит1изе гьеб къоялъ гьев хвани шагьидлъунги хвела. Бакъанида абуни рогьинег1анги гьебго х1исаб буго.

Аварагас абунила: радал бакъанида лъабц1ул (Бисмиллагьи лах1авла вала къуввата илла биллагьил г1алиййил г1азими) абуни ункъоялда анц1ила ич1го унтиялъе дару бук1ина гьел унтабазул бищун г1одобег1анаб ургьел буго.

Аварагас абунила: радал бакъанилъ анкьц1ул (х1асбияллагьу лаилагьа иллагьува г1алайгьи таваккалту вагьува раббул г1аршил г1азими) абун абуни аллагьас гьев дунялалдаги ахираталдаги, жиндир мурадлъун бугеб жо-ялде щвезе гьавила.

Аварагас Барраида амру гьабунила. Вегулеб мехалъ абе абун: Рабби ин къабиззта напсии фарх1амгьа ва ин ареал -тагьа фах1фазгьа бима тах1пазу бигьи г1ибадака сса-лих1ина).

Цониги чиги ч1ужуги ругони щибаб къоялъ лъабкъоял-да анц1ул астагьфируллагь абурал. Аллагьас гьезул акьнусго мунагь чурула .

Рогьалилъ абун щивчи вугониги (Субх1аналлагьи ва бих1амдигьи) -абун азарц1ул аллагьасдаса жинца жиндир черх бичун босана гьес, къиямасеб къоялъги аллагьасул тархан чиги вук1ина гьев.

Палидасан бицана аварагас абунилан: (Лаилагьа ил-лаллагьул маликул х1акъул мубину) — абун щибаб къоялъ нусц1ул абуни пакъирлъиялдаса божаравлъун вук1ина, хобалда жанив рак1гьун х1инкъи гьеч1евлъунги вук1ина, гьесие алжаналъул микьабго рагьуги рагьила бокьаралъусан лъугьине.

— Имам Абух1анипаца абунила: дида бет1ергьан Ал-лагь ункъоялда анц1ила ич1ц1ул макъилъ вихьана абун. Цинги дицаго дида абуна, нусабилевги вихьани, дица гьес-да гьикъич1ого теларо абун, дур г1азабалдаса къиямасеб къоялъ г1адамал кин хъвасарлъулел абун. Цинги гьикъи-дал дида гьес абуна радал бакъанида, щибаб къоялъ гьаб абуравчи дир г1азабалдаса ворч1ула абун. Гьебги гьаб буго:

— Субх1анал абадиййил абад, субх1анал вах1идил ах1ад, субх1аналфардиссамад ,Субх1ана рафиг1и самаи бигъвай-ри г1амад, субх1ана ман басат1ал арза г1алал маил жамад, субх1ана ман халакъал халкъа ва ах1сагьум г1ададан, субх1ана ман къасамал арзакъа валам янса ах1адан, субх1аналлязи лам яттахиз ссах1ибатан вала валадан, субх1аналлязи лам ялид валам юлад валам якун лагьу куфуван ах1адун.

ЛЪАПАЛИЛ АВАЛАЛДА Ц1АЛУЛЕБ ДУГ1А БУГО ГЬАБ.

Соналъул авалалда гьаб дуг1а ц1алани щайт1аналъ абу-лила, нахъе хут1араб г1умруялда дидаса божаравлъун хут1анаха гьавчи абун, аллагьас гьев ц1унизе малаикзаби-ги толила. Ибну къатадат абулев чияс абунила: гьелдалъун васият гьабулеллъун шайихзаби т1аса инч1о абун. Соналъул авалги Мух1аррам моц1алъул т1оцебесеб къо буго. Гьелъул авалалда гьабулеб дуг1аги гьаб буго, гьабги лъабц1ул ц1алила:

— Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Вассаллаллагьу г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва ссах1бигьи ва саллам. Аллагьумма антал абадиййул къадимул аввалу ва г1ала фазликалг1азими ва карими жудикал муг1аввалу ва гьаза г1амун жадидун къад акъбала ас'алукал г1иссмата фигьи мина щщвайт1ани ва авлияигьи валг1авна г1ала гьазигьи ннапсил аммарати бисуи вал иштигьала бима юкъаррибуни илайка зульфа язалхалали вал икрами вас-салла ллагьу г1ала саййидина Мух1аммадин ва г1ала алигьи ва сах1бигьи ва саллам амина раббал г1аламина).

195-196

дидлукъува ва я щадидал, а г1азизу заллата лиг1иззатика жамиг1у халкъика икфини шарра жамиг1и халкъика, я мух1сину, я мужмилу, я мутафаззилу» я мунгТиму, я мук-риму, я ман лаилагьа илла анта ирх1амни бирах1матика я арх1ама ррах1имина. Аллагьумма бисиррил х1асани ва ахигьи ва абигьи важаддигьи ва уммигьи ва банигьи икфини шарра гьазал явми вама янзилу фигьи якафиял мугь-иммати я дафиг1ал балиййати фасаякфикагьуму ллагьу вагьува самиг1ул г1алиму ва х1асбуналлагьу ва ниг1мал вакилу ниг1мал мавла ва ниг1маннассиру вала х1авла вала къуввата илла биллагьил г1алиййил г1азими, вассаллал-" лагьу г1ала набиййина Мух1аммадин хвайри халкъигьи ваг1ала алигьи ва асх1абигьи ажмаг1ина-.

ХШНКЪАРАБ МЕХАЛДА Ц1АЛУЛЕЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ.

Цо х1инкъараб бак1алде кани зарарaлдаги х1инкъани мунги дуда цадахъ ругел гьалмагьлъиги г1одор ч1ела цо-цада мугьалги цун. Цинги гьезда сверун х1ущ хъвала, гьеб хъвалеб мехалъ анкьц1ул аллагьу лаилагьа иллагьува ц1алила, цинги хадуб гьал раг1абиги абила:

—Вала яудугьу х1ифзугьума вагьувал г1алиййул г1азиму ва х1ифзан мин кулли щщвайт1анин маридин ва х1ифзан залика такъдирул г1азизи г1алими ва х1афизнагьа минкул-ли щайт1анин ражимин, инна нах1ну наззална ззикра ва инналагьу лах1афизуна. Аллагьу х1афизун вама анта г1алайгьим бивакилин инкуллу нафсин ламма г1алайгьа х1афизун лагьу муг1акъкъибатун мин байни ядайгьи ва мин халфигьи ях1фазу нагьу мин амри ллагьи вама анта г1алайгьим бих1афизин балгъува къуръанун мажидун фи лавх1ин мах1фузун фаллагьу хвайрун х1афизан вагьува арх1аму ррах1имина фаин таваллав факъуль х1асбияллагьу лаилагьа иллагьува г1алайгьи таваккалту

вагьува ррабул г1аршил г1азими).

Цинги я х1афизу абила лъабц1ул, цинги гьабги абила:

—Ях1афизан них1фазна Аллагьуммах1русна биг1айника лляти ла танаму вакфина биканафика ллязи ла юраму я аллагьу, я аллагьу, я аллагьу.

Цинги к1алъач1ого руц1ц1ун ч1ела. Цинга дунял — г1алам дуда т1аде рач1аниги мун гьезда вихьиларо, дуде зарарги щвеларо, г1емераб х1ал бихьараб жо буго гьаб:

ШАГТБАН МОШ БАЩАЛЪАРАБ МЕХАЛЪ ГЬАБУЛЕЛ ЖАЛАЗУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Щаг1бан бащалъараб мехалъ гьабулеб дуг1а буго гьаб:

Т1оцебе " ЯСИН " ц1алила лъабц1ул. Т1оцебе г1умру халалъиялъул нияталда ц1алила, к1иабилеб балагь борхи-ялъул нияталда, лъабабилеб ризкъи г1ат1илъиялъул нияталда ц1алила; щибаб цоялда хадуб гьаб дуг1аги ц1алила;

Цо риваят буго анц1ул ц1алила абун.

— Илагьи жудука даллани г1алайка ва карамука авссала-ни ладайка ашку илайка мала яхфа г1алайка ва ас'алука мала яг1суру г1алайка изг1илмука бих1али якфиг1ан суали я муфаррижа курабил макрубина. фаррижг1анни ма ана фигьи лаилагьа илла акта субх1анака инни кунту мина ззалимина фастажабналагьу ва нажжайнагьу миналгьам-ми ваказалика нунжилмуъминина. Аллагьумма я залман-ни вала юманну г1алайгьи я залжалали вал икрами ва я затМавли вал инг1ами лаилагьа илла анта загьру ллах1ина ва жарулмустажирина ва маъманул хаифина ва кан-зут1т1алибина. Аллагьумма инкунта катабтани г1индака фи уммил китаби щакъиййан авмах1руман авмат1рудан авмукътарран г1алаййа фи ризкъи фамх1у аллагьумма би-фазлика шакъавати ва х1ирмани ва тТарди ва икътара ризкъи ва асбитни г1индака фи уммилкитаби саг1идан марзукъан муваффакъан лилхвайрати фаиннака къулта ва къавлукал х1акъкъу фи китабикалмуназзали г1ала лисани набиййикалмурсали ямх1улагьу ма яшау ва юсибту ва г1индагьу уммул китаби илагьи биттажаллил аг1зами фи лайлати нниссфи мин щаг1банал мукаррами алляти юф-ракъу фигьа куллу амрин х1акимин ва юбраму ан такпшфа г1аннал балаа манаг1ламу вама ла наг1ламу иннака антал аг1аззул акраму ва ссваллаллагьу г1ала саййидина Мух1аммадин ва г1ала алигьи ва ссах1бигьи ва саллам).

САПАРАЛДЕ ВАХЪУНЕБ МЕХАЛЪ БАЛЕБ КАК ВАГЬАБУЛЕБДУПА.

Сапаралде вахъараб мехалъ балагьалдаса саламалъизе бокьани к1иго ракагГат бала, цебесеб ракаг1аталда алх1амги къульяаййугьал кафирунаги ц1алила;

к1иабилелда алх1амги къульгьуги ц1алила, цинги салам кьун хадуб: лиилафи къурайшин ц1алила.Цинги гьаб дуг1а гьабила:

— (Аллагьумма анта ссахТибу фи сафари вал халифату филх1азари лил агьли вал мали вал валади фа ассбих1ни фи сафари гьаза бисаламати вал г1афияти ва ахлипни фи агьли ва мали ва валади бихвайрин я арх1ама ррахТимина).

САПАРАЛДЕ ВАХЪУНАГО ГЬАРУЛЕЛ ЖАЛ РУГО ГЬАЛ.

Рокъоса сапаралде вахъиналда цебе аллагьу лаилагьа ц1алила ва сапаралде гьев чиясе щибго зарар щвеларо.

Сапаралде вахъарав чияс хъван гьаб мугьру цадахъ босани свакаларо.

Цоги г1ажаибаб жо, х1елкил кваркьиялъулъ бугила к1иго борлъараб ракьа. Гьеб к1иябго цадахъ босани свак бук1инаро.

Ралъдада рек1ун вук1аго гама гьалаглъани гьал х1урупал хъван ралъдалъе рехани ралъад ч1ела. (Хавассул къуръан) абураб т1ехьалда имам Гьазалица бицана гьаб: гамидарек1унев чияс: Бисмиллагьи мажригьа ва мурсагьа абураб аят ц1алани гьанкъиялдаса божаравлъ-ун вук1ина аварагасул х1адис буго.

Бер кколев чи х1айваналде балатьараб мехалъ, я сих1ручияс сих1ру гьабулеб мехалъ, гьев таясул ц1ар ах1ани сих1руги хвела ,бер ккеййги хвела, х1ал бихьараб жо буго гьаб.

Гьал раг1аби лъабц1ул абуни:

—(Илайка расула ллагьи ашку наваиба минаддагьри ла якъва лагьал мутах1иммалу ва инни ла аржу аннагьа бика танжали фаиннака ли жагьун ва х1уснун ва маг1къалу).

Цинги гьалда хадуб азарц1ул гьабги абуни жиндир му-рад т1убала:

— (Я расула ллагьи анта г1умдати фа агъишни фи шидда-ти).

Пабдулкъадирил Гиланиясдасан накълу гьабун бицана гьаб к1иябго байт ункъоялда ункъц1ул ц1алани ургьел пашманлъи т1аса ина абун:

— Айудри ззаймун ва анта захирати, ва узламу фи ддунья ва анта нассири ва г1арун, иза ззаг1афил байра г1икъалу баг1ири.

—(Саламун къавлан мин раббин рах1имин) — гьал раг1аби азаралда ункънусиялда лъабкъоялда анц1ила ич1ц1ул абуни жиндир мурад т1убала, х1ал бихьараб жо буго гьаб.

Саламун къавлан мин раббин рах1имин-щуц1ул хъван ко-доб босани щибаб къоялъ микьц1ул ц1ализеги ц1алани, т1аг1ун вабаалдаса ц1унаравлъун вук1уна.

Х1АЖАТ Т1УБАЯЛЪУЛ КАК.

Хизри аварагас цо чиясда лъазе гьабураб х1ажат -т1убаялъул как буго гьаб, имам Щапиг1ил хат1алъ хъван батараб, к1иго ракаг1ат бала. Цебесеб ракаг1аталда алх1ам ц1алила, хадуб анц1ул къульяаййугьал кафирунаги ц1алила. К1иабилеб ракаг1аталда алх1амги хадуб анц1ила цо къульгьуги ц1алила. Цинги салам кьун хадуб сужда гьабила. Суждаялда анц1ул ссвалатги бит1ила:

—(Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи валаилагьа ил-лаллагьу валлагьу акбар. Вала х1авла вала къувата илла биллагьил г1алиййил г1азими) -абун абила. Анц1ул: раббана атина фиддунья х1асанатан ва филь ахи-рати х1асанатан вакъина г1азабаннари-абила, цинги жиндир х1ажат гьарила. Амма фукъагьааз

абула къуръан ц1алиялъулги щукруялъулги сужда гуреб сужда гьабизе х1арамаб буго абун. Х1ажат т1убаялъул какалда хадуб гьабулеб суждаялда цебе цо сужда бугеб аятги ц1алун, цинги гьабе сужда абун. Хварав чи макьилъ вихьизе бо-кьани богол какил суннат витруги бан,, хадуб ункъо ракаг1ат бала. Щибаб ракаг1аталъулъ алх1амги, хадуб алгьакумуги ц1алила. Цинги хадуб гьарила дуца дида ха-балъ вугев х1алалъ пуланавчи вихьизе гьаве абун. Цинги вихьила, гьелъул х1ал дицаги бихьана.

Вадуд абураб аллагьасул ц1ар хьван (Мух1аммадун расулюллагь) -ги хъах1аб дараялда щибаб цояб лъеберал-да щуц1ул алх1амдулиллагьги хъвани гъебгу лъеберaлдa щуц1ул рузман кьоялъ рузманалъул какда хадуб, цинги гьеб цадахъ баччани аллагьас гьесие т1аг1аталъе къуват кьела, г1адамада жанив гьайбатавлъунги вук1ина. Щибаб радал г1ужалъ гьелде балагьи даим гьабуни авараг макь-илъ вихьиги г1емерлъила.

Г1алахалде х1айван лъутараб мехалъ абулеб жо:

— (Я г1ибадаллагьих1ибсу я г1ибадаллагьих1ибсу)—гьа-ракьги биччан гьал раг1аби ах1ила: Мекълъараб х1айваналда г1инда жаниб гьал раг1аби абуни мекълъи хвела: — (Афагьайра дини ллагьи ябгъуна валагьу аслама ман фи самавати вальарззи т1авг1ан ва каргьан ва илайгъи туржаг1уна).

Жив жанив лъугьунеб бат1аяб росу бихьараб мехаль гьаб абила:

— Аллагьумма рабба самавати сабг1ин вама аззлална валь арзина сабг1и вама акълална ва рабба щаят1ини вама аз-лална ва рабба ррияx1и вама зарайна ас-алука хвайра гьазигьил къар-яти ва хвайра агьлигьа ва хвайра мафигьа ва наг1узубика мин шарригьа ва шарри агьлигьа ва шарри мафигьа).

Цо г1адамадаса х1инкъараб мехалъ гьезул квешлъиял-даса ц1унизе абила —(Аллагьумма инна нажг1алука фи нужуригьим ва наг1узубика мин шуруригьим).

Щайт1абазул руккалилъе ккараб мехалъ как ах1ани лъутила. Гьеб руккалилъе ккарав чияс гьал раг1аби аби-зеги лъик1аб буго: (Бисмиллагьи машааллагьу ла х1авла вала къуввата илла биллагьил г1алиййил г1азими).

Сапаралда вук1аго цо бак1алда решт1араб мехалъ абу-лел раг1аби руго гьал:

— Ат1узу бикалиматиллагьи таммати мин шарри маха-лакъа.

— Гьел раг1аби абуни гьеб бак1алдаса къокъинег1ан гьес-да щибго зарар хъваларо. -

—Пумарил вас Пабдуллагьица бицана сапаралда вук1аго сардилъе лъугьараб мехалъ гьал раг1аби абулаан аварагас абун:

—Я арзу рабби ва раббукиллагьу аг1узубиллагьи мин шаррики ва шарри ма фики ва шарри махуликъа фики ва шарри ма ядуббу г1алайки аг1узубика мин асадин ва асвая ва минал х1аййати валг1акъраби ва мин сакинилбалади ва мин валидин вама валада.

Сапаралдаса вусараб мехалъ абулеб жо:

—Аибуна таибуна лираббина х1амидуна-гьал раг1аби абулаан аварагас.

Сапаралдаса вусун рукъалъул агьлуялде рокъов лъугьараб мехалъ абулаан:

— Тавбан тавбан лираббина авбан ла югъадирух1убан.

Сапаралдаса вусарав чиясда абулеб жо:

— Алх1амдулиллагьи ллязи салламака ва жамагТа шамла-ка.

Х1ахалде чи нухда рег1унеб мехалъ абила:

—Заввадакаллагьу ттакъва ва важжгьака билхвайри ва кафакалгьамму.

Х1ажалдаса чи вусараб мехалъ гьал раг1аби абулаан аварагас:

—Къабилаллагьу хГажжака ва гьафара занбака ва ахлафа нафакъатака.

Аллагьуммагъфирлил х1ажжи ва лиманистагъфара лагьул х1ажжу — т1аг1ам цебе лъураб мехалъ абулаан аварагас:

— Аллагьумма бариклана фима разакътана ва къина г1азабаннари — квен цебе лъураб мехалъ кванил бет1ергьанас. Бисмиллагь лъей, кванай абизе суннатаб буго. Цо чияс рокъов лъугьунеб мехалъ, кваналеб мехалъ (Бисмиллагь) бахич1они щайт1аналъ абулила дир ч1ч1ейги дир квенги ножода ask1об буго абун, цадахъ жа-ниб лъугьун кваналила. Бисмиллагьалъул бищун дагьаб Бисмиллагьи абураб раг1и буго; гьелъул камилаб Бисмил-лагьи ррах1мани ррах1ими буго. Кванан вахъараб мехалъ абулаан аварагас гьал раг1аби:

—АлхТамадулиллагьи ллязи ат1г1амани гьаза мин гьвайри хТавлин вала къувватин.

Гьедин абуни, жинца гьабун щинаб мунагь чурила.

Гьал раг1абиги абулаан:

—Алх1амдулиллагьи ллязи манна г1алайна вагъадана ва ллязи ашбаг1ана ва арвана ва куллал их1сани атана, ал-лагьумма барриклана фигьи вазидна мингьу.

Чияр кванде ах1араб мехалъ гьабулел дуг1аби:

— Аллагьумма бариклагьум фима разакътагьум фагьфир-лагьум варх1амгьум афт1ара г1индакуму ссаимуна ва акала т1аг1амакумул абрару ва ссалат г1алайкумул малаикату.

Аварагас абуна:(Азибу т1аг1амакум). Нужеца нужерго квараб жо биине гьабе (бизикриллагьи)-аллагь рехсон (вассалати) -как бан (валатана муг1алайгьи) -кванил чахь-алги ц1ун нуж кьижуге, (фатакъсу къулубукум)-нужерго рак1ал риццалъулин.

Кванил суннатал, гьелъул адабал баян гьаризин. Т1адег1анав аллагьас абуна (къуль)-дуца абе Мух1аммад, (инкунтум) -нуж ругел ратани (тух1иббуналлагьа) -аллагь нужее вокьулевлъун (фаттабиг1уни)-дица абураб, дица бицараб, дир амруялда, нагь-юялда нахъ рилъа.

Аварагасда нахъ рилъин кинабго жоялъулъ аслу буго, щай абуни г1адатлъун бугеб жо аваравгвсда нахъ рилъинал-далъун г1ибадатлъун сверула. Гьев х1абибасул пишабазул дагъалги рицинин. Гьесул байрахъалда гъоркь, гьесул тип-

сиялда нилъго ккезе гьесда нахъ рилъиналдалъун.

Сундего байбихьилалде пебе ц1акъ жиндир маг1на хирияб буго гьаб:

(Субх1аналлагьи валх1амдулиллагьи валаилагьа иллал-лагьу валлагьу акбар, вала хГавла вала къувата ила бил-лагьил г1алиййил г1азими). Аварагасул х1адисал:

— Сабру иманалъул бащалъи буго.

— Сабру алжаналъул хазинабадаса хазина буго.

— Щукро гьаби иманалъул бащалъи буго.

— Аллагьасе бах1арчилъи бокьула.

Т1абиг1ат берцинавчи дунялалъулги ахираталъулги бут1а

щваравчи вуго.

КВАНДА АСК1ОР Т1УРАЗАРИЗЕ ККОЛЕЛ ПИШАБИ...

Бищун цебе т1адаб жо т1олавго муслимасда Рах1ман каримас кьураб квен кваназе лъай буго.

Цебе лъураб квенали кваналеб х1айваналъги Х1айванун нат1икъасе къвариг1ун буго паслу. Х1абибасул суннатал кванда жаниб ц1унани Какил г1адинаб.кири квананиланги щолеб. Ах1мадида нахъ рилъун г1адатлъун гьабунани Падатлъун бук1унаро г1ибадатльун сверула. Суннат т1адаб гьеч1илан т1ахьазда бугониги Суннаталда хlур ккани х1ижаб т1аса унаро. Нодо-наку багьиг1ан г1ибадат гьабуниги Х1абибасул ирсалде суннат тарав щоларо. Г1адамал рорчиялъе нух т1ахьаз биданиги Т1арикъаталда жаниб суннатги т1адаб буго, Анкьабго зобгиму-ракь кашпуялъ бихьаниги Суннат камиллъич1они иттибаг1 гьеч1онани. Къавлугун пигЬлуялда г1амалгун хьвадич1они Т1арикъаталъул макъам инсанасе щолареб. Ункъабго мазгьабальул г1азаимал ккуниги Т1арикъаталъул макъам т1убанго бахунареб Гьелда т1адги ах1мадил апг1алал ккевч1онани Т1арикъат чиййин абун гьесдаги абулареб. Суннат гуришан абун дуца суннат танани Истихпаплъун ккунани кколев мун купруялде Чорхол т1абиг1ат бак1лъун к1ох1аллъун суннат тани Алжанальул макъамал мукъсаналлъун ратулел.

Цин кваналалде цебе кверал гьит1иназ чуре Кванан хадуб байбихьи к1удиясдасан гъабе Кверал рац1ц1ад ругелан рехун биччаге суннат Суннат рехун биччарав суннатальги рехулин.

Цебе кверал чуридал кибго дуца рац1ц1унге Хадур чурарал кверал рац1ц1инги суннат буго

Кванан вахъараб мехалъ кверал дуца чурани Пакълу камиллъулила квешлъаби гъун унила.

Аллагь разилъулила кванда баркат лъолила Масканат пакъруялъул къварилъи щоларила Квен кваналелда цебе кванан вахъараб мехалъ Бац1ц1адаб ц1амалдаса дагъаб кТалдибе босе.

Лъабкъоялда анц1абго унтиялъе дарулъун Дарманлъун гьеб бугилан т1ахьазда бицун буго. Тибси устул бидг1айин гьелда т1асан кванаге Кванда гъорлъ супрат т1амун лагь г1адинан ч1ун кванай

Кваранаб бахъун ч1езабун квег1аб наку бегизабун Т1аг1атгун такъваялъе къуват щвезилан кванай.

Амма гьеб нияталъе дагъаб кванай шарт1 буго Чехь ц1езег1ан кванаялъ т1ад гьабулеб к1вах1 буго Бищун цебе баккараб бидг1аййин абун буго Чехьалда бак1лъизег1ан г1емерав чи кванаге. Х1укамаал данде гъун цо ханас гьикъанила Гьорлъ унти гьеч1еб дару шибилан ц1еханила Вакъич1ого кванаге къасгун квер нахъе босе. Гьелде бахараб дару гьеч1илан рекъанила.

Щиб сабаблъун хваралин хваразда гьикъанани Пемер кванан унти ккун хванилан абилила Квен кваналеб мехалда киналгоги данделъе Кверал г1емераб кванда баракат лъолин буго.

Гьит1инаб гьадридаги баркат гьеч1илан буго Ез-пахьалъул х1арччида жанисанги кванаге

Квен кваналелда цебе Бисмиллагь т1атун бахъе ТГолго гьалмагъзабаца рак1алдещун бахъизе.

Киналго лукъмабазде дудаго х1ал к1ванани Х1амдуллагьгин басмалат бегьизе гьабун кванай Пурч1инадул рекелал рекун цебе лъуниги Цебе лъураб кваниде калам дуца гьабуге.

Сиражул мунипалда г1емераб к1алъай буго Т1ад биччараб гьанлъун чед-чорок гьабуге абун Жиндицаго кваналеб чедлъун гьеб гьеч1онани Чорок гьаби хГарамаб абулел чаг1и руго.

Подоб бортун батараб бог1оллъи нахъе босе Гьарун щинал мунагьал чурулин абун буго. Цо к1удав шайихасда бихьараб кванил рекел Каки чурулеб мехалъ г1одобеккун батидал

Подоса нахъе босун т1аде лъимги т1ун чурун Дун лъуг1иг1ан кквейилан лагъасухъе кьунила. Каки чурун бахъиндал кьеян т1алаб гьабидал Дицаго к1алдиб рехун кванилан бицанила.

Мунагьал чураравчи лагълъун бегьиларилан Гьеб саг1аталда гьев лагь тархан гьавун танила. Дуда цебе лъун бугеб квандаса босун кванай Бак1-бак1алде квер бегьун кету г1адин вук1унге.

Квег1аб квераль кванаге квешаб щайт1ан г1адинан Кванда гъо^лъ къанц1а гьабе пакъру ине бокьани. Воре чед къот1ун кунге квеналъул адаб гьабе Кванил адаб гьабурав гьелда х1ажат толареб.

Чадида квер бац1ц1унге гьадрида гъоркь чед лъоге Данде жо гьеч1ин абун ч1ух1дарилев вук1уге. Сах1их1аб бекич1ого бекараб цебе кванай.

Рекун к1алдир лъолел жал г1исинал лукъмаби лье. К1алдиб лъолеб лукъмаби къулч1уге ч1амич1ого Лъик1 букъинеги гьабун къулч1ч1е х1исабги гьабун Квен кваналеб мехалда дове анив вусунге.

Каламги жибго тоге х1арамабги бицунге. Воре кверал чуруге килщал цин ч1ик1ич1ого Кибак1алда бугебни лъаларебин баракат. Кодоса г1одор гьарал г1исинал гарал рище.

Х1урулг1инил магьари гьебилан бицун буго Кодоса г1одор гьарал г1исинал жал рищани Пемерал гьарун арал мунагьал чурулила Ризкъи г1емерлъулила г1апият бук1унила

Пемерал баракатал боцlуде рештlунила. Кванан вахъараб мехалъ гlучl босун гlусал рикlкlе Почlоца бахъараб жо къулчlуге къватlиб рехе. Бакъараб гьой гlадинан кваналелъул хъантlуге.

Рокьи ккарай ясалда аскlов гlадинан кванай. Берцин гьабун назукго назапат тlалаб гьабун Тlаде балан бетlергьан вугев гlадинан кванай. Квен кваналелда цебе сивакги лъикlаб буго.

Лъикlаб нияталдалъун кваназе хlал кlванани. Кванан вахъараб мехалъ аллагьасе рецц гьабе Алхlамдулиллагь Аллагь шукру нигlматалдеян. Мунги кlочон чохьода хадур чlарал чагlилъун

Гьаруге Аллагьилан гьаре бетlергьанасде. Дур нигlматазде шукру гьабизе хlал кlоларел Хlалихьатал нижилан гlайиб гьабе напсалде.

(Ман дахала сукъа) - базар къотЬювелъугьун щив вугони-ги (факъвала) - жинцаги абуни (лаилагьа иллаллагьу вахТдагьула шарикалагьу лагьул мулку валагьул хlамду вагьува гlала куллишайин къадирун) - абун. (катабаллагьу лагьу) - аллагьас эсие хъвала (алфа алфи хlасанатин) -азарцlул азарго лъикlлъи (ва махlаллагьу гlангьу) - аллагьас эсдасаги ине гьабула. (алфа алфи саййиатин) -азарцlул азарго квешлъи (ва рафагlалагьу альфа альфи даражатин) - аллагьас эсие азарцlул азарго даражаги бор-хила. (Ва баналлагьу лагьу) - аллагьас эсиеги бала (байтан фильжаннати) - алжаналъуб цо рукъ.

Авараг вукlана (иза назара важгьагьу фильмир - ати) -гьумералде матlуялда жаниб балагьараб мехалъ (къвала) жинца абулаан (алхlамдулиллагьи ллязи савва халкъи фагlадалагьу ва каррама сурата важгьи фахlасанагьа ва-жагlалани миналмуслимина).

Лъар чlчlеялда аскlоб аятулкурсиййи цlалани гьелъие пай-далъун букlина.

ГlИНЗУНИБЕ САЛАХl ЩАЛИ...

Пинзунибе салахl цlалараб мехалъ нужер цо чиясул (фал'язкурни) жинца дун рехсе (вал-юсалли гlалаййа) ди-де свалатги битlе (вал-якъул) абизеги абе (закараллагьу) -аллагьас рехсейги (бихвайрин) лъикlалдалъун (ман зака-рани) жинца дун рехсаравчи.

Манавияс бицана гlинзуниб ссалахl цlалиялъе сабаб авара-гас цо чи Малаул агlлаялда рухlазда жанив рехсолевила. Цинги гьев чиясул рухlалде хабар щолила мун авагас ре-хсана абун. Цинги рухl бохув гъаракь гьабулила, гьеб гьа-ракьила нильеда рагlулеб гьаракь.

Жиндир бох цlунцlрахараб мехаль бищун жиндий вокьу-лев чиясул пlар ахlани цlунцlрахин ина.

Живдир бер ккеялда хlинкьараб мехалъ абулеб жо. Авараг вукlана (Иза хапа) Жив хlинкъарав мехаль (Ан юссиба шай-ан бигlайнигьи) щибниги жоялда бер ккеялда (къва-ла) живща абулаан (Аллагьумма барикли фигьи вала та-зуррутьу) — абун.

Аварагас абуна (Иза рая ахlадукум) нужер цояода бихьа-раб мехалъ (ма югlжибугьу) жинда лъшсl бихьараб жо (фи нафсигьи) жиндир чорхолъ (авмалигьи) я жиндир боцlулъ (фал юбаррик гlалайгьи) элда баракат лъейгиян гьаре (фа иннал гlайна хlакъкъун) бер ккей хlакъаб жо буго. Бер ккеялда хlинкъараб мехалъ гьал рагlаби абила:

(Аллагьумма хlассантукум билхlаййи ллязи ла ямуту аба-дан ва дафагГгу гlанкуму су абила хlавла вала кьуввата илла биллагьил гlалиййил гlазими).

Аварагас абуна рузман сордоялъ анцlул гьаб дlалани азарго кири хъвала, азарго квешлъи тlасаги инабула, гьедигlанго даражаги борхила, гьебги гьаб буго:

(Я даимал фазли гlалал барийяати ва ябаситlал ядайни билгlатlиййати ва яссахlибал ма вагьибисаниййати ссвалли гlала Мухlаммадин хвайрил вара сажиййатан вагьфирлана я залгlула фи гьазигьил гlашиййати).

Рузманаялда хадуб нусцlул къулгьу, цинги нусцlул свалатги битlани, цинги лъабкъоялда анцlул гьал рагlабиги абуни (Аллагьуммакфини бихlалалика гlан хlарамика ваагьнини бифазлика гlамман сивака).

Гьев чиясе аллагьас боцlи кьела.

Рогьалилъ радал (субхlаналлагьилгlазими астагьфирул-лагьа) абун нусцlул абуни ризкъи гlатlилъила, ризкъи кье-ла.

Аварагас абунила, двда Жабраилас лъазе гьабуна цо дару цоги даруялде хlажалъичlин абун, цинги Абубакар, Пумар, Пусман, Гlалицаги гьаранила, нижедаги малье гьеб абун. Гьес абунила цlадал лъим босе абун. Цинги гьелда тlадеги цlале къулгьу, къуль агlузаби аллагьу лаи-лагьаги щибаб цояб лъабкъоядца анцlул, цинги гьеб лъим радал бакъанида анкьго къоялъ гьекъела гьесда чорхолъ щибго унти хутlиларо. Цlакъ кlудияб гьаялдалъун гьедана авараг цlакъ халатаб бицен батидал хъвазе кlухlаллъана.

Гlус унтун бугони цо кванил лукъматалда тlад гьаб аят хъвала:(Афаамину ан яътиягьум гьашиятун мин гlазабиллагьи). Цинги гьеб унтараб гlусалда тlад лъела, биччизегlан тела. Цинги гьеб гьойде рехила, гlус лъикlльила.

—Аварагас абуна цо бакlалда чlани гьениб гаргарги гlемерлъани; цинги гьениса вахъиналде гьал рагlаби абуни, гьениб гьабураб мунагь чурила:

(Субхlанака аллагьумма ва бихГамдика ашгьаду ан лаи-лагьа илла анта астагьфирука ва атубу илайка)

Гъибат бегьун бугони гьал рагlабиги абила: (Аллагьу-магъфирлагьу вархlамгьу ва тажаваз гlангьу важгlал макъулна фигьи каффаратан лизунубигьи ва къурбатан ва зулфа бирахlматика я ярхlама ррахlимина).

Бетlер унтарав чияс гьаб сабаб хъван кодоб баччани, бетlер лъикЬгьила: (Бисмиллагьи ррахlмани ррахlими) Цинги алхlам, цинги (фаллагьу хвайрун хlафизан вагьува архlаму ррахlимина).

Цинги гьал раг1абиги хъвала:

—Я рабби раъси заррани,

Мин важаг1ин фигьи сакан,

Анта ллат1иф лиматаша,

Ва анта лавшиъта сакан,

Халакъта г1аршан фавкъамаъ. Бисмин лат1ифин къад сакан,

Фаг1афини вадавини,

Я ман лагъу ррих1у сакан ,

Валагъу ма сакана фи ллайли ваннагъари вагъува

самиг1ул г1алиму.

Цинги нусго свад хъвала. Цинги нусго дал хъвала. Цинги гьаб хъвала: Васваллаллагъу г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва сах1бигьи ва саллам.

Руччабаздаса вухьаравчи вичиялъе сабаб буго гьаб:

ц1ияб г1амалалде бегьизе гьабич1еб гьадаруялда хъвала я нах бахараб хъарщида хъвала, гьаб мугьру, цинги бух1араб зайтуналъул нахалъ т1аса ине гьабила, цинги гьеб нах к1иязулго пуружада бахина - иншааллагьу таг1ала гьев чи вичила.

ШАРИПАТАЛЪУЛ ВИРДАЛ.

Шайих гьеч1ев чиясул, шайих щайт1анин абун, агь-лу ттассаввуфалъул т1ахьазда г1емер буго. Гьал нахъа рицунел жал хьвадизарурал чиясул, устарлъ-ун жиндир имам вук1унин абун буго.

Дурго имам Щапиг1ил дуй тарбият бокьани, теч1ого хьва-дизаре шариг1аталъул вирдал, риязат г1емер гьарун гьава г1одобе рехун, г1адат тун черх квегъулев чилъун мун гьеч1онани, тТарикъаталъул вирдал дуца т1аде росуте, дуйго таклипги бакЬгьун гьалаклъиялде кколин, тТарикъаталъул вирдал т1аде росарал чаг1и, чара гьеч1о гьел ккола зах1магал умуразде.

Суннатаб жо т1алъула т1урукъал къварильула Рухсаби х1арамлъула х1алалаб тезе ккола.

Карагьат х1арамлъула х1арамаб г1емерлъула Дунял ахират бахъун хъат балеб бак1 т1аг1уна.

Аркан шурут1ал т1убан т1обит1е щуябго как Чияр дуда т1ад ругел х1укъукъалги т1орит1е. Агьлу-хъизан вацазулъ муг1ашарат льик1 гьабе Лъик1аб х1алалда хьваде бусурзабада жанив.

Эбел-инсул х1укъукъал гьелги нухда ккезаре Дур г1агарал чиязул г1агарлъи хурхинабе. Щунусго я азарго зикру камизе тоге Гьелъул хиральи бицун раг1алде бахиларо.

Къойилго нусго свалат х1абибасдеги бит1е Анкьнусго я азарго рузман къоялъги бит1е. Нусго астагьфируллагь я лъабкъоялда анц1го Нусго къульгъу ц1алига къойил камизе тоге.

Нусц1улго вах1дагъула нусго ла х1авла вала Суннатун муаккадал гьездаги т1ад ч1ч1ей гьабе. Ишракъ зух1а аввабин х1ал к1ванани тагьажуд Кинабго рузман къоялъ тасбих1алъул как тоге.

Х1алалаб бет1ер бахъи хъизамалъеги гьабе Гьалаклъулел жалазда жуба-гьубай гьабуге.

Алх1амдулиллагь аллагь т1олго рецц дуе буго Цинги свалатгун салам МухТаммадиде буго. Гьесда хадур хириял берцинаб агьлуялде Абубакаргун Пумар к1иявго валидазде. Г1усман хирияв Пали рац1ц1адал дурцабаде

Гьезда хадур хириял т1олго сах1абатазде. Шайих Ибну Х1ажарас Заважиралда жаниб К1удал мунагьалилан мунагьал рицун руго. Ункънусида лъабкъого гьелдасацин ц1ик1арал

Гьел мункаратал дина баян гьаризе руго. Гьезда гьорлъа мунагьал таржама гьарун рахъун

Хъван кодоб кьун ратидал Гьазимух1амадица Рек1елъ ч1езе бигьалъи гьабилин дица абун Назмуялда ах1ана цо г1ажизав г1абдалас.

Дин гьабулел чиязе чара гьеч1еб жо буго Квешаб тезе кканани цин цебе лъай щарт1 буго. Гьанже макъсуд бицине болжал нилъее щвана Щивав чияс г1ин т1аме г1асилъаби ршщнин.

Лъик1аб гьариялдалъун аллагь 1уре6 жо бокьи, Бат1улаб жоялдалъун ЦИЕ бахъулевлъун вук1и. Чияда бахъараб цин рек1елъ ккуравлъун вук1ин, Чияралдаса жиндир даража къадру бихьи. Бусурманав чиясе жах1да х1алхъушгьи гьаби, К1алалъ лъик1абги бицун рак1алда квешаб бук1ин.

Данде г1адамал ккедал х1акъир гьарун муть рехи, Чияр лъик1лъиялде жив хьулхьудулевлъун вук1ин. Цо сабабго гьеч1ого мискинлъиялда х1инкъи, Бичаскъадар гьабураб къадаралда цин бахъин.

Пакъир махсароде кквей бер хъант1аравлъун вук1ин, Аллагьас жиндий кьураб боц1иялдалъун ч1ух1и. Х1арамаб жоялдалъун лъик1 вихьи т1алаб гьаби, Жиндир диналда жанив жив заг1ипавлъун вук1ин.

Мункаралда рихьарав чи вихьидал вуц1ун ч1ей. Гьеч1еб сипаталдалъун хивго веццизе бокьи. Жиндир г1айибги бахчун г1адамазулаб ц1ехе. Аллагьас жиндий кьураб ниг1маталде шукру тей.

Дин гурибалъе гГолон яхГ гьабулевлъун вук1ин. Гьабураб лъик1лъи к1очой къазаадце ризакъ тей. Аллагьасул хГукъукъал к1варго гьеч1ого бихьи. Х1акъалдасаги вусун гьаваялда нахъ вилъин.

Х1иллаялъул нухалда дуниял т1алаб гьаби. Хирияв аллагьасул лагьзал махсароде кквей. Бусурманав вацасе квешаб жо щвезе бокьи. Х1акъалдехун къец гьаби мунагьаддалъун вохи. Бусурманав вацасул занну квешаблъун гьаби. , Аллагь гьапур вугилан мунагьазда даимлъи.

Аллагь ахират к1очон гьаплаталде ккун хьвади. Жиндир напсалъе г1оло г1адамада цин бахъин. Дунялалъе сабаблъун г1елму ц1ализе лъугьин. Х1акъав т1алибасдаса т1алъулеб г1елму бахчи.

Г1елмуялда гГалимав г1амал гьабичГого ч1ч1ей. Т1аг1ат г1елмуялдалъун живго вецизе бокьи. Дун г1алимчи къадийин кьуръан лъалев чийилан. Гьеб гуребги диналъулъ даг1бадулевлъун вук1ин.

Г1елму лъалел г1алимал г1одорг1аналлъун гьари. Аллагь аварагасде бокъун гьереси бицин. Бидг1агун квешаб г1адат гГадамазе нухлъун лъей. Пасикъ залимав вокьи лъик1ал г1адамал рихин.

Хирал вализабазе зиян бугеб жо гьаби. Гьезде тушманлъи гьабун гьибатал гьарун вук1и. Гьеб гьабулев чиясе квер бакъулевлъун вук1ин. Данде ккарав гуккизе гьереси г1арац кьот1и. Жиндир квешлъиялдаса г1адамал х1инкъилидахъ. Г1адамада жанив жив пасалъиялда хьвади. Къуръаналъул лъараб жо цо хГарпцин к1очон тейи. Диналъулъ къецен гьабун бергьенлъи т1алаб гьаби. Чури бихараб мехалъ истибраъ гьабунгут1и. Каки чуриялъул жиб т1адаб жо жибго тейи.

Цо зарурат гьеч1ого г1аврат бихьизе гьаби. Чияр г1авраталде жив балагьулевлъун вук1ин.

Как хварай ч1ужуялда чордег1ан жимаг1 гьаби. Пуж щвелалде как байи г1ужалдаса как нахъ бахъи.

Какил т1адал жалазул цониги жо жибго тей. ЧГужуялъ чияр гьалал живдир гъалазда рацТцЬш. Я жинца гьел рац1ц1ине т1алаб гьабулей йикГин. Черхалда т1анк1ал гьаби я гьельул т1алаб гьаби.

Гьурмадаса рас бет1и я бет1и т1алаб гьаби. Жиндир шарт1 батич1они какда цевесан вильин. Гьезий наг1ана кьурал х1адисал регьун руто. Гьелда ипгкал кканани заважиралде балай.

Т1олго росдал агьлуялъ цониги жамаг1ат тей. Хобалда т1ад как байи я гьелда т1авап гьаби. Паржадца х1инкъи бугеб къокъаб сапаралдацин. Ч1ужуялъ сапар гьаби гьебги гьорлъ рикЫун буго.

Рузманалъул как тейи толеб г1узру гьеч1они. Какда ругел чиязул гарбал мерхьун цеве лъин. Гьабураб х1алкъаялда бакьуль жив г1одовук1ин. К1удияб мунагьилан гьелдаги абун буго. Дарай г1арацалдалъун берцинлъи т1алаб гьаби. Бихьинчияс гьабуни гьебги к1удияб мунагь.

Ч1ужуялъул пишаби бихьинал чияз гьаби. Бихьиназул хасият руччабаз хьвадизаби. Г1адамада жанисан ч1ух1араб рильин гьабун. Ч1ух1дарилаго ч1ужу берцинлъув кьватий яхьин.

Т1ажу рет1ел къалазуль ч1ух1араб исрап гьаби. Бихьинчияс магжида ч1ег1ераб релъен гьаби. Балагь щвараб мехалда хачадун рет1ел бихъи. Маг1аби гъаркьал гьари гьабулелде г1ин т1ами.

Хварасул ракьа беки хобалда т1ад г1одов ч1ей. Руччаби хабалалъе жаназагун цадахъ ин. Аллагьасде данделъи рихуневчилъун вук1ин. Нисаб х1асул лъараца закатал рахъунгут1и.

Пузру гьеч1ого мехщун гьеб т1обит1и нахъ бахъи. Мискинавлъи лъалаго налъуласда х1ал гьаби. Садакъа закаталъулъ г1амил хаинлъун хьвади. Сордо къоялъ кваназе квен рокъоб бугев чияс. Чиядасан жо гьари кьураб жо бадиб ч1вайи. Жиндаса т1ок1лъараб льим мух1тахасе кьунгут1и.

Жиндир х1ажалъи ц1акъав г1агаравчи нахъ ч1вайи. Аллагьиин инсанасул ниг1маталде инкар ккей. Пузру батич1ев чияс рамазаналъ к1ал биччай. Цоги рамазан щвезег1ан хут1араб к1ал нахъе ц1ай.

Гьедин гьеб нахъе тани капаратги т1альулеб. Рокъов росги вук1аго гьевги разилъич1ого. Нахъа квезе бегьулеб к1ал руччабаца кквейи. К1ал биччанкъо ункъабго къурбанал к1алал кквейи.

Боц1уда х1ал к1олаго х1ажалде инч1ого ч1ей. Бичасул ц1аралдальун алжан гуреб жо гьари. Гьелдалъун гьараравчи жо кьеч1ого нахъе ч1вай. Россал разилъич1ого руччабаца х1аж бухьин.

Х1арамалда вугевас г1исс'яналда къасд гьаби. Ц1окониги т1ехьниги къурбаналъул жо бичи. Пужие х1айван гьейи гьелъул гьурмада г1уж бай. Гьан кваназе гурони ч1алг1аде х1айван ч1вайи. Гьеб хьвей лъик1 гьабунгут1и гьелъие г1азаб гьаби.

Бичасул ц1ар гурибаб х1айван хьолаго рехсей.

Би кванай, болъон кванай капурго хвараб жо кванай.

Хъубаб зиян гьабулеб жинда рак1 къалеб жо квин.

Риба квия, квине кьей, элъие нуг1лъи гьаби. Эб хьвай, хьвараб ц1али, элъие квербакъи гьаби.

Бихьинаб жо ц1уялда к1анц1изе биччангут1и. Пасадаб дармидалъун гГадамазул боц1и квин. Х1арамаб пиша гьабун маг1ишат т1алаб гьаби. Багьа бугеб мехалда т1орщел босун нахье тей.

Дагьабги багьалъигун г1адамазе бичизе. Гьебги к1удияб мунагь наг^ю хивда бач1араб. Муммайиизльун лъезег1ан эбел-т1инч1 бат1а гьаби. Жа мехтел гаабулесе лъалаго ц1ибил бичи. Ч1агур, гьумуз гьабизе г1адамазе ц1ул бичи.

Даран гьабураб мехалъ т1ад вахъун цо жо боси. Багьаялда рекьарал г1адамада т1ад вахъин. Даран базар гьабулел к1игоял ругеб мехалъ. Дица г1емер кьелилан багьа ц1ик1к1ине гьаби. Сундулъ бук1ананиги рек1к1 гьабун г1адан гуккн. Гьересиго гьедарун багьаялда хо бичи. Къали, ц1адираби, нат1 мукъсан гьабун вичари. Гьесие бицун буго к1удияб ц1акъаб мунагь.

Жиндие мунпаг1ат ц1ан рук1ит1а багьаялда. Г1адамазе жо бичи гьебги г1емер гьабула. Бец1иларилан абун рак1алъ ниятги гьабун. Щиб жо бук1ананиги рук1ет1а бичун боси.

Кьезе жо бугев чияс налъулав нахъе ч1вайи. Бесдал лъимадул боц1и г1узру гьеч1ого кванай. Х1арамаб бак1алдехун боц1и сверизе гьаби. Дур мадугьалзабазе зарар бугеб жо гьабги. Хур, милкалъул гГорхъаби рахъун хисизе гьари.

Падамазул рилъунеб нухлулъ тасарруп гьаби. Г1ахьалчиясул дуе изнуги гьеч1еб х1алалъ.

Пахьалаб къед т1охалда зиянаб квер багьари. Гьабизе х1ал кТолевлъун живгоги вугев х1алалъ.

Жив жинда гьоркь ч1ч1араб жо т1убазе гьабунгут1и. Вакил хаинлъун хьвади гьересиго мук1урлъи. Т1ад бугеб х1акъалдалъун мариз мук1урлъунгут1и. Заман лъугГаралдаса ц1араг1 х1алт1изе гьаби.

Х1алалъ чияр боц1и кквей дагьабго бугониги. Мухь кьелилан вачарав х1алт1ухъанасул ужра. Кьеч1ого нахъе бахъи гьебги к1удияб мунагъ. Бет1ергьанлъиго гьеч1еб лъимада кверщел гьаби.

Нухт1а вугев нухлулав лъедаса нахъи ч1вайи. Бет1ергьанчи лъан хадуб батараб жо бахчун ккей. Шурут1ал т1убазег1ан элъулъ тасаруп гьаби. Аманаталда жаниб дуда зиянат гьаби.

Зинаялда х1инкъадго ч1ч1ужу ячинч1ого ч1ей. Питнаялда х1инкъадго ч1ч1ужуялде балагьи. Аск1овчиги гьеч1ого чияр ч1ч1ужугун вукГин. Куц берцинав амрадги элдаго релъун вуго. Гьесде балагьи халват гьебги х1арамаб буго. Гьибат гьаби мац1 гьаби гьабулелда т1ад рекъей. Бокьулареб т1ок1аб ц1ар дула г1адамасда лъей.

Г1адамада жанив жив мац1 гьабулевлъун вук1ин. Чияй раг1и бицарай ч1ч1ужуялда т1ад вахин. Рос ч1ужуялъ жидерго бусадул пиша бицин. Жимаг1 гьаби къвал байи къочун реги г1адинал.

Нахъияб рахъалдасан ч1ч1ужуялда квалквади. Бат1иявчи аск1овгун элдасан пайда боси. Магьари лъеларилан рак1алъ ниятги гьабун. Цо чияс ч1ч1ужу яччин эбги к1удияб мунагь. Х1айванул сурат гьаби.

Ризаъ-пурман гьеч1ого чияде кваназе ин. Г1орц1аралдасаги т1ок1 гьоболасул квен кванай. Кванан гьекъон кеп гьабун квеналъулъ исрап гьаби. Цояй ч1ч1ужуялдаса цояй бергьине гьайи.

Ч1ч1ужуялъе т1адаб х1акь нахъе ч1валевлъун вук1ин. Лъабго сордо-къо гурелъ бусурманчигун барщи. Ч1ч1ужуялъ росасдасан ц1ар тГамейилан гьари. Росасе бокьич1ого гьоркьохъанлъи гьелъ гьаби.

Ражг1ияб ц1ар т1амурай жиндирго ч1ч1ухуялда. Ружут1 гьабилалдего ват1-угун жимаг1 гьаби. Ункъо моц1идасаги ц1ик1араб заманаялъ. Ч1ч1ужуялдаса лазат босиларилан гьеди. Жидер зина лъугьинчТел бихьинчи ч1ч1ужуялде. Зиначи, хъах1байилан гьересиго рогьоб бай.

Бусурманавчи каки живго жинцаго вецци. Эбел-инсуй наг1ана кьезе сабаблъун хьвади. Чияй наг1ана кьейи гьеб кьолесда т1ад рекъей. Гьуин мах1 гьабун ч1ч1ужу берцинлъун къват1ий яхъин.

Инсуца вас гурилан жиндир васасде аби. Пидца т1убанин абун ч1ч1ужуялъ ялгьан бицин. Пидда борхич1ей ч1ч1ужу ч1ч1езе кколеб бак1алда. Г1иддаго борхич1ого ч1ч1ужу къват1ие яхъин.

Рос хун хадуб ч1ч1ужуялъ ч1ег1ер бач1уго тейи. Рукъалъул агьлу рихун г1адада хвезе гьари. Эбелгиму инсуе г1акъуба къварилъи кьей. Х1ундул рахъун я х1анч1ун х1айваналъе г1азаб кьей.

Х1айванал рагьизари рагьулезухъ балагьи.

Аман нужеде бугев жугьут1 капурчи ч1вайи.

Я жинцаго живго ч1вайи г1адан ч1вазе квер бакъи.

Цо ч1валевчя вихьани х1алк1олаго гьев тейи.

Ярагь бахъун хеч тъесун г1адан х1инкъизе гьави. Пал т1ами эсухъе ин нужамалде балагьи. Пасикъав залимавчи умуразда т1ад гьави. Лъик1ав тГасаги рехун эсда вахинч1ев гьави. Падамал басра гьари х1ал к1олаго гьеб тейи. Залимал чидзде ин зулмуялъе квер бакъи. Залимзабазде т1аде бат1улаб босун хьвади. Кьабг1ун хьамун боц1и ккун чияда зулму гьаби.

Цо пасалъи гьабурал пасадал г1адямазе Жаза гьабугейилан гьарун шапаг1ат гьаби. Тушман капурчийлан бусурманасде аби Купруялде унареб куцалда абунани

Аллагьасул х1адцалда цебе шапаг1ат гьаби. Бичасул х1удудазда х1адцалдаса заг1иплъи Бусурманав вацасул пишаби живца ц1ехон Падамазе гьеб бицув гьезий гьев басра гьави.

Падамазда жанив жив лъик1ав чи г1адин хьвадун Живго цох1о хут1идал хиянат х1арам гьаби. Зинагун ливат1 гьаби х1айванадца квалквади Бихьинчияс чТужуапъ гьабулеб сураталда.

Цоцада жанир лъугьун руччабаз лазат боси Вали нуг1зал гьеч1ого магьарилъун жо гьаби. Ц1ц1угь гьаби, гьара гьаби нухлулан х1инкъизари Мехтел гьекъей, жа гьекъей гьеб жинца бичун боси

Гьелъухъ босараб мухьгин кинабго к1уда мунагь. Карт1у кьватГиялдасан чияр рокьов балагьи Балъгояб бицунелде балъго гьабун г1ин т1ами. Бихьинчияс ч1ч1ужуялъ балугъалде щун хадуб

Суннат гьабич1ого тей гьебги к1удияб мунагь Х1алк1олевги вук1аго амру нагь'ю жибго тей Мац1алъ бицаралдехун г1амал бащалъунгут1и Жив к1одо гьавун т1аде г1адамал рахьин бокъи.

Жиндий салам кьунани буссине гьабунгут1и Т1аг1уналдаса лъути, рагьда жаниса лъути Ч1ух1даего чу хьихьун бекеранхъизе гьаби Гьересиго жив гьеди, я г1емерав гьедари Рах1ман бет1ергьанасул ц1ар гуреллалъун гьеди Жиндирго напсалдасан хиянат бук1ин лъалев.

А1ълулъун жив гьеч1евчи росдае дибирлъун ч1ч1ей Гьединав г1адамасда дибирлъун ч1айин гьари Бат1улаб даг1баялъе квер бакъулевлъун вук1ин Бичасул один бахъунеб квещаб г1амалалдалъун.

Падамада жанисан разилъи т1алаб гьаби Х1акъаб рахъалдасахун бач1араб бугониги Т1ад ругел х1акимзабаз бач1араб ришват боси Бат1улалдалъун гъеб кьей гьеб босун гьоркьов хьвади.

Рекьарулел г1адамаз бащалъи гьабунгут1и Бат1улавлъун вук1аго я х1акъавлъи лъач1ого Даг1бадулавлъун вук1ин к1удияб мунагьила Багьа чияз гьабулеб багьа мекъиса гьаби.

Гьереси нуг1лъи гьаби гьеб жинца къабул гьаби Жиндий баянаб нуг1лъи г1адамадаса бахчи Пискъуялъул агьлугун мажлис цо гьабун вук1и Кагьат т1ами г1адинал махсаро хеч1ал гьари

Зурма, гъумуз, чагьана пуй, пулелде г1инт1ами Балагь квешлъи гьорлъ бугеб куч1дул ах1и г1ин т1ами Бусурманчи какараб кеч1 ах1и к1удаб мунагь Гьит1инал мунагьазда даимлъулевлъун вук1ин.

К1удиял мунагьазе тавбу гьеч1ого ч1ч1ейи Херал асх1абзабазде хьанде эзда г1айиб ч1вай

Гьебги к1удияб мунагь гьабурасда х1инкъараб. Гьал цере рицун арал киналго мунагьазул Мун хун хадуб льугьунеб бат1а бат1аяб сурат, Цояб аздагьу лъугьун дур горбода жемулеб

Цоязул лъугьунеб квещал г1акьрабал борхьал Цояльул закъум лъугьун дуе кваназе кьолеб Цоялазул лъугьунеб къат1раналъул рет1елал. Цоялъул х1амимлъугьун х1ал гьабулеб гьекъеян Цоязул дуй батулеб тату гьечГел г1азабал.

Тей г1аг1аян абуни г1исинльималаз толин Тезе мех щванин нилъей к1удиял мункаратал К1удиял мункаратал тун хьвадарал чиязул Писинал чурилилан решт1ун руго аятал

АВАРАГАСУЛ Х1АДИСАЛ РУГО ГЬАЛ:

(Куллу амрин) кинабго амру (зибалин) хиралъиялъул бет1ергъанаб (Лам юбдаъби бисмиллагьи) бисмиллагьал-далъун жинда байбихьич1еб (Фагьува абтару) баракатал-даса къот1араб бук1ина.

(Алькъуръану) къуръаналъ (юх1йил къалбал маййита) хвараб ракl ч1аго гьабула. (Кунту) дун вук1ана (набий-йан) авараглъун (Ва адаму байна т1т1инивал май) адам авараг ракьулъги лъелъги вугеб мехалъго (бияди) дида кодоб буго (Ливаул х1амди) х1амдалъул байрахъ (Вала пахра) гьелдалъунч1ух1игигьеч1о. (Масалу агьли байта) дир рукъалъул агьлуялъул мисал (Камасали сапинати Нух1ин) Нух1 аварагасул камил мисал буго. (Ман ракиба фигьа нажа) жинда рек1арав чи ворч1улеб (Ва ман тахал-лапа г1ангьа) жинда рек1инч1евчи (гьарикъа) гьанкъулев (Маг1рипату али Мух1аммадив) МухТаммадил агьлу лъай (Ва х1уббу али Мух1аммадин) Мух1аммадил агьлу бо-кьиги (жавазун г1ала ссират1и) ссират1алдасан ворч1и бу-го.

(Ман ют1иг1ил амира) т1ад вугев чиясде мут1иг1лъаравчи (пакъад ат1аг1ани) дида мут1иг1лъана гьев (Ва ман г1ассал амира) бет1ерасде г1асилъаравчи (факъад г1ассани) диде г1асилъана гьев (Ман агьана султ1ана) т1ад вугевчи г1одовег1ан гьавуравчи (Агьанагьуллагьу) аллагьас гьев г1одовег1ан гьавила (гьува щамсу къадран вал мулуку кавакибу.) гьувал бах1ру жудан валкираму жадавилу. (Ман аг1ана залиман) залимасе квер бакъаравчи (Сал-лат1агьуллагьу г1алайгьи) аллагьас гьев залимав гьесие зулму гьабизе виччала (иттакъу) нуж ц1уне (даг1ватал мазлу ми) мазлумасул дуг1аялдаса. (Намат г1уюнука валмазлуму мунтабигьу) Ядг1у г1алайка ва г1айнуллагьи лам тануби".

(Ман хlanapa биъран ли ахигьи) Жиндир вацпасе гвенд бухъаравчи (ва къаг1а фигьи) живго гьеб гвендиниве кке-ла.

(Ва аййумри ин ябгъи фазих1ата жаригьи) Саюф-зих1угьу ррах1ману фи жавпи даригьи" Инна ллагьа юх1ибушшужаг1ат" аллагьасе бах1арчилъи бокьула. (Къалав г1ала къатли х1аййатин) Борохь ч1вазе бугониги (ддуг1ау) дуг1а гьабе. (Силах1улмуъмини) Муъминнчия-сул ярагь буго.

(Яжуду г1ала агьлиннидаи бинафсигьи. Вама фавкъа базлиннафси жудун ли базили).

(Ла такъуми саг1ату) къиямасеб къо ч1оларо (Х1атта таксура ззала зилу ва тазгьаралфитану) дуньял багьари г1емерлъич1ого, питнабиги загьирлъич1ого.

(Атана ззаману ллязи хифафигь. Минал къазфи вал хасфи ва ззалзалагь) (Алфиру мимма ла ют1акъу) жинда х1ал к1олареб жоялдаса лъутеи(Мин сунанил мурсалина) аварагзабазул нухалдаса буго.

(Нафсука ла туликъагьа ила тагьлукатин я къариб) фаррука вакъталфирари мин сунанил мурсалина".

(Ман асслах1а байнаснайни) к1иго чиясда гьоркьоб рекъел гьабун щив вугониги (Иставжаба ажра шагьидин) Щагьидасул кири т1алъана эсие (Исслах1узатил байни) г1адамада гьоркьоб рекъел гьаби. (Щаг1батун мин щугТаби нубуввати) аварагльиялъул г1аркьалабадаса цо г1аркьел буго. (Инналфазаила куллагьа лавжумиг1ат ра-жаг1ат ила щай айни била щаккин вала майнин таг1зиму амриллагьи ва сагГю фи исслах1инзатил байни) (Ирза бима къасамаллагьу лака) Аллагьас дуй бикьараб жоялда мун разилъе.

(Такун агьнаннаси) г1адамазул бищун бечедавлъун вук1ина мун.

Х1АДИСАЛ:

(Накдул адиби ват1ибу г1айшил ах1макъи. Къад аршадака ила х1акимин камилин).

(Иза арадаллагьу инфаза къазаигьи) аллагьасе жиндир х1укму билъине бокьараб мехалъ. (Салаба мин завил г1укъули г1укъулагьум) г1акълуялъул бет1аргьабазул г1акълу ине гьабула.

(Альжаннату дарул асхияи)алжан сахаватал чиязул рукъ буго. (асахиййу фил жаннати) сахаватав та алжаналъув вук1уна. (Ва ана рафикъугьу) дунги гьесул гьалмагь вуго ва ана рафикъугьу-дунга гьесул гьалмагь вуго . (Ассабру ни-ссфул имани) сабру иманалъул бащадаб буго. (Ассабру канзун мин кунузил жаннати). Сабру алжаналъул хазина-бадаса хазина буго. (Апрцукру ниссфул имани) щукру гьа-

би иманалъул бащадаб буго.

(Ман лам яшкуриннаса лам яшкуриллагьа) г1адамазе

щукру гьабуларев чияс аллагьасеги гьабуларо.

(Палайка биссидкъи) вере дуца бит1араб бице. (Ва инзаррака) киг1андуегьелъзараргьабуниги". (Ваиййака валкизба) Воре дуца гьереси бицунге. (Ва ин напаг1ака) киг1ан дуе мунпагТат гьабуниги.

(Ла ястикъуму иману а'х1адикум) нужер цониги чиясул иман бит1иларо (Х1атта ястакъима къалбугьу) ракl бит1изег1ан. (Вала ястакъиму къалбугьу) ракl ги бит1иларо (Х1атта ястакъима лисанугьу) жиндир мац1 бит1изег1ан. (Палайка биссидкъил х1адиси) Воре дуца бит1араб бициналда т1ад ч1ей гьабе (Валвафаи билг1агьди) къот1и т1убазе гьабиялдаги (Фа иннагьа васиййатул ан-бияи) гьал жал аварагзабазул васият бугр.

(Ла имана лиман ла г1агьдалагьу) гьабураб къот1и т1убазе гьабуларев чиясул иман гьеч1о.

(Къаййид ватаваккал) гудур бай дуца таваккалги т1аме. (Аттаибу ми наззанби каман ла занбалагьу) му-нагьалдаса тавбу гьабурав чи мунагьал гьеч1ев г1адавчи вуго.

(Ман казама гьайзан) ццин къулч1ун пщвчи вугониги.

(Вагьува якъдиру г1ала инфазигьи) гьеб ццин босизе х1алги к1олаго (Малааллагьу къалбагьу амнан ва иманан) аллагьас гьесул ракl амну иманалъул ц1езе гьабила. (Ирх1ам) (нуж гурх1а (турх1аму) нужева гурх1ила" вагь-фиру" нуж г1адамаса т1аса лъугьа (Ягьфируллагьу лакум) аллагьас нужер мунагьал рахчила. (Инналх1алима) х1алимавчи (Када ан якуна набиййан) авараглъун вук1ине г1агарлъана.

(Инна рражула) г1адан (лаюдрику бил х1илми) х1илмуялдалъун жив щола. (даражата ссаимил къаими)

къад к1ал ккурав къаси т1аде вахъарав чиясул даражаял-

де. (Ман ,тавазаг1алиллагьи) аллагьасе г1оло г1одовег1анлъани (рапаг1агьуллагьу) аллагьас гьев т1адег1ан гьавили. (Алькъанаг1ату) жиндие аллагьас кьу-ралда разилъе (Малун ла янфаду) т1аг1унареб боц1и буго.

(Аввалума юзаг1у фил мизани) ц1адируялъуб т1оцебе лъолеб жо (Х1уснул хулкъи) т1абиг1ат берцинлъи буго. (Ман угЫима хаззагьу минаррифкъи) Мин хвайрайи ддунья вал ахирати" дунялалъулги ахиратальулги лъик1аб бут1а щваравчи буго.

КИЦИ БУГО;

Т1аг1ам ц1ек1лъи-калам ц1ек1лъиялдаса лъик1аб буго абун:

(Альх1аяу щаг1батун минал имани) нич иманалъул г1аркьел буго.

(Альх1аяул хайрун куллугьу) нич кинабго лъикГаб буго. (Альх1аяула яъти илла бихайрин) нич лъик1лъиялдалъун гурони бач1унаро. (Лассумту) вуц1ц1ун ч1ч1ей (х1икматун) г1елму буго (Ва къалилун фаг1илугьу) гьеб гьабулевчи дагьав вуго. <рах1ималлагьу) аллагь гурх1аги (г1абдан) лагьасда (къвала) хвайран" лъик1аб абураб (фагьанима) жинца давла босарав (авсаката) я вуц1ц1ун ч1ч1арав (Фаса-лима) жиф балагьал даса хвасарлъарав" аксаруннаси зуну-бан" бищун мунагьал г1емерав г1адан (аксаругьум каламан) (фима ла ят1нигьи) пайда гьеч1еб жоялъулъ калам г1емеравчи вуго. (Ма хаба манистахара) истихара гьа-буравчи мурадалда щвеч1ого хут1ич1о (Вама надима маниссташара) мушавар гьабуравчиги пашманлъич1о. (Вала саг1ида манистагьна бирайигьи) жиндирго гГак-ьлуялда лъун г1ей гьабурав чиги вохич1о. (Инна аб-гьа-за ррижали иллаллагьи) аллагьасул бищун ццин бахъунев-чи (Альхассимульаладду) жиндир даг1ба ц1акъав даг1бадулав вуго. (Алкаййису) гГакъил (Ман) гьевчи вуго (Дана нафсагьу) жинца живго г1одовег1ан гьавурав

(ваг1амила лима баг1дал мавти) къиямасеб къоялъеги жив

къач1арав.

ЩИГ1РУ;

Иза гьаббат рия х1ука фагьтанимгьа фаинна ликулли г1асифатинсукунан" (Палайкаминалумури) киналгоуму-разуль дуца т1ад ч1ч1ей гьабе (Бил авсат1и) гьо-ркьохъеб куцалда. (ддаллул г1алал хайри) лъик1лъиялде т1орит1улевчи" Кафа г1илигьи" гьабулев чиясда релъун ву-го. (Иза казибал г1абду) лагьас гьереси бицараб мехалъ (Таба г1адаг1ангьулмалаку) гьесдаса малик рик1к1альула (Мин натни мажаа мин г1индигьи) гьесдасан бахараб кве-шаб мах1алдалъун. (Ман кана злиса найни) к1иго мац1 бугев чи ь (фиддунья) дунялалда (Жаг1ала ллагьу) аллагь-ас эсие гьабула (Лисанайни миннанари) ц1адул мац1 (Ман такаббара) ч1ух1аравчи (Ва заг1агьу ллагьу) аллагьас жив басра гьавула (Ла факъра ашадду миналжагьли) жагьлуял-даса к1удияб пакъирлъи гьеч1о. (Иййакум ваг1акъукъал валидайни) эбел-инсуе къварильи гьабиялдаса нух ц1уне (Фа иннари х1алжаннати) алжаналъул мах1 (Южаду мин масирати хамсими ати г1амин) щунусго санал нухалъ рикЫаде батула (Вала яжиду рих1угьа г1акъун) Эбел-инсуе къварилъи гьабурав чиясда гьелъул мах1 батуларо (ри-заул валидайни) эбел-эмен разлилъияль (Язидул г1умра) г1умру халат гьабула (Ла яжтамиг1у шшух1х1у вал иману) иманги бахиллъиги данделъуларо" фи къалби г1абдин" Лагьасул рек1ель (абадан) кидаго (Хаслатанн) к1иго пиша (Ла яжтамиг1ани) жиб к1иябго данделъулареб (фи муъми-нин) муъминчиясул (Альбухлу) бахиллъи (васуулхулкъи) т1абиг1ат квешлъиги (кунфи ддунья) дунялалда мун вук1а (ка аннака) гьарибун" гъурбаталда вугевчи г1адин (авгТабири сабилин) я нух къот1ун унев нухлулав г1адин. (Изагьасибта) дур ццин бахъараб мехалъ фаску т мун вуц1ун ч1а алгьазбу- ццин бахъин мифтах1у кулли шаррин - кибго квешлъиялъул к1ул буго иттакъу нуж ц1уне гьелдаса.

МУХ1АММАДИЛ СИЯРАЛ.

Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Рак1 г1енекхун г1ин т1аме т1олго диналъул агьлу Мух1амадил сиярал сарин гьабун ах1изин Зобгин ракьалъул имам аварагазул хитам Мах1шаралъул таржуман т1агьаясул бицинин. Ах1мадие хадижат ячиналъул къиссаби Къварилъарал рак1азул х1алал ккезе рик1к1инин

Умматалъул хирияй Хадижат эбелалда Хайрул барият щцезе макьу бихьун бук1ана. Жиндир рокъоб решт1араб бакъул берцинаб нуралъ Макка шагьар гвангъизун цебе т1амун бук1ана Жлндир макьу бицине муг1бирасухъе индал Аварагасул ч1ужу йик1инин мун абуна.

Къурайшил тухумалъул Гьашимил кьибилалъул Мух1амадил хГалилат йинин мунан къот1ана Ц1акъго разильун йохун Хадижат рокъой щвана Къот1араб макьуялъул х1исаб г1емер гьабуна. Гьеб берцинаб бакъул нур кисандай баккилилан Мех-мехалда Хадижат хиялда йик1ана.

Ножой бокьун батани Мух1аммадил шапаг1ат Бит1е ножоца эсде г1ишкъуялдалъун ссалат. Мавла я ссалли ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хваърил халкъи куллигьин.

Цо къоялъ Х1абибулагь жиндир унтаг1алгин цадахъ Абут1алиб абулеб имг1аласда вук1ана Г1атикатин абурай инсул яцалъ абуна Гьанже нилъер Мух1аммад балугьалде вахана Гьасий ч1ужу ячине нилъер боц1и гьеч1илан Щибдай кандаян абун к1иялго гаргадана.

Г1атикатин абулей инсул яцалъ абуна Хадижатил ял бачун Шамалде ун лъик1илан Гьелдехун хурхурасе хайир Пемер щолилан Гьединаб к1алъай гьабун к1иялгоги рекъана.

Хирияв Ах1мадида гьелъул гергар гьабидал Къабуллъун къас гьабуна Шамалде ялгув ине Цинги г1атикат ана Х1абибулагьгун цадахь Хадижатил рокъой ун жиндир мурад бицана Хадижат разилъана гьесул х1исаб гьабуна.

Бихьун бук1араб макьу к1ут1ун рак1адде щвана Къураъшияв Маккияв Мух1аммадин ц1ар бугев Нахъ заманалъул расул гьавцин гуришан ккана. Гьашимил кьибилалъул гьадиг1анго гьаъбатав Гьав авараг вугилан х1исаб г1емер гьабуна

Адаб х1илму бергьарав гьаъбатлъи камиллъарав Киналго русулазул саййид ватилин ккана. Цинги га гьелъул х1алалъ Х1абиб жиндий вокьидал Х1асратаб г1ишкъуялъул г1араб шиг1ру ах1ана. Я къурайшазул асад саййидзабазул валад Мун вокьиялъул ц1аца ц1уна вихьигун керен Х1абибасде дун щвезе щиб х1илладай гьабила Гьиядаят бокьаразе сабаб щибдай батила.

Пашикълъи жаниб бахчун х1ал льазе биччач1ого Щаклъиялдаги х1инкъун Шамалде вит1ун ана Цинги Хадижат бика Патикатгун к1алъана. Рокъаего ун къач1ан Ах1мад къват1ив вит1еян

Кинавго ажирасе къо-къо месед бугилан К1икъоялда анц1абго Ах1мадие кьелилан.

Щакъго разилъун ехун Г1атикат нахъ юссана Гьелъ абухъе Мух1аммад къач1ан къват1ив вит1ана.

Хадижатил рагьда ч1ч1ун ц1акъго нечон пашмашгьун Бадиса маг1у чвахун Х1абибаулагь вук1ана Ар пакъирлъи мискинлъи жакъа дида бугеб къо Эбел-эмен анишан инароан дунялалъ. Гьесул пашманлъи бихьун чвахулеб маг1у бихьун Зодор малаикзаби гьесда гурх1ун г1одана.

Цинги ялалъул бет1ер Майсарат т1аде щвана Ял чиясул рет1елгун къач1ай абун абуна Квасул рет1елги рет1ун ял чиясул тТагъур лъун Шамалдехун балагьун вилъа абун малъана. Ножой бокьун батани Мух1амадил шапаг1ат Бит1е нужеца гьесде гЬшгкъиялдалъун свалат

Мавла яссали васалим даиман абадан г1ала Х1абибика хвайрил халкъи куллигьим.

Варанидул квелъги ккун Х1абиб нужде лъугьиндал Малаикзаби г1одана Ах1мадиде балагьун Нахъ вусунев лъаларев вусунарев лъаларев Ятим дие щиб льик1ан Ах1мадги къварилъана. Цинги Хадижат бика Майсаратгун к1алъана Ах1мадихъ балагьеян ц1акъ васият гьабуна

Маккаги тун Мух1аммад къват1ивехун лъугьиндал Берцинаб рет1ел рет1ун ваче абун малъана. Мух1аммадгун гьалмагьлъи ялгун къват1ир лъугьиндал Бач1ун раг1ад гьабуна хъах1аб нак1к1ул пачаялъ

Гьороца гьогьен гьабун нак1к1уца раг1ад гьабун Варaниялда рук1ун х1абиб нухда къокъана Гьедин къакъун унаро къапилат г1одор ч1ана Нухда бугеб гьвет1алъул раг1дукьехун руссана.

Т1аде вахъарав рагьим гьездахун балагьидал Гьаб г1аламат щиб абун г1ажаиблъи гьабуна

Гьадаб къапилаялъулъ авараг вугин абун Кванде рокъор ах1ана х1абибасул гьалмагьлъи.

Т1аде вахъарав рагьим х1алалде балашьидал Добаго ч1ч1у1гбихьана хъах1аб нак1к1алъул пачагь Дова тарав щив абун гьезда жинца гьикъидал Варани хъихьун тарав ятим аугин абуна.

Мух1аммадил рисалат рагьибасда бич1ч1идал Гьесул х1ал ц1ехезилан х1адурго т1аде ана Рагьиб т1аде вач1индал к1одогъавизейилан К1ут1ун т1аде вахъана Х1абибулагь Мух1аммад.

Т1аде щварав рагьибас бун салам гьабуна Икрам гьабун кверги ккун кванде рокъов вачана Хирияв Ах1мадида вилъине къас гьабидал Т1асан раг1адги гьабун нак1к1ул пачагь билъана.

Ножой бокьун батани Мух1аммадил шапаг1ат Бит1е ножоца эсде гЬппкъиялдалъун свалат Мавла я ссали ва саллим даиман абадан Г1ала х1абибика хвайрил халкйи куллигьим.

Рокъове щун авараг тибсиялда вук1индал Къват1иве вахъун рагьиб нак1к1алде балагьана Раг1ад гьабизе Х1абиб кидадай вахъинаян Кавудуд к1алт1а буго хъах1аб нак1к1алъул пачагь.

Жанив лъугьун рагьибас Ах1мадида гьикъана Наслу-тухум щибилан баян т1алаб гьабуна Къурайшил тухумалъул Гьапшмил кьибилалъул Макка шагьаралдаса Мух1аммадан абуна. Т1адги реч1ч1ун рагьибас баун салам гьабуна Шагьадат бегьизабун бусурманлъун вуссана

Цо г1аламат хут1ашш г1аламалъулго саййид Гьебги бихьизабеян Ах1мадида гьарана Т1аса гордеги бахъун мугъзаде балагьидал Бугьнал логода гьоркьоб чараб мугьру батана

Къудраталъул къаламалъ меседил мугьруялда Пазлу г1инаяталъул г1ажаибаб хат1 буго Табах-бах гьайсурилан таважжат х1айсу шиъта Фаиннака манссурин т1ад хъвараб раг1и буго Гьанжеги т1адги реч1ч1ун мугьруялда банна Рисалаталда щаклъи рагьибасе хут1ич1о Я дир хирияв саййид умматалъул мун Шапиг1 Къиямасеб къоялда шапаг1атан гьарана Цинги къокьун къапилат Шамалде щвараб мехалъ Шамалъул базаралда базар къват1иб бахъана К1удияб пайда бахъун хайир г1емераб щвана

Х1абибасул баркаталъ базар ц1акъго ц1ик1к1ана. Майсарат Абубакар Х1абибулагьги вачун Жугьут1азул г1идалде канисаялде канисаялде ана Канисалъул чирахъал чвархъан г1одор реч1ч1ана Чирахъазул силсилал сок1сок1ун г1одор ккана

Риххун ч1варкьун кафирал кашишзабахъе ана Гьаб г1аламат щиб абун ц1ехолдезе лъугьана Нахъ заманалъул расул вач1ун рагГулин абун Ротана валагьизе балагь щвеял кафирал.

Жидехъ кодов щванаыи ч1вач1ого теларилан Ч1ег1ерал тушманзаби ц1ехолдезе лъкгьана Абубакар Майсарат расулада х1инкъидал Х1абибуллагьги вахчун хекко рокъор руссана.

Анлъго сордоялъул нух Маккаялде хутГидал Роххел биц^чи вит1и г1адат билълъун бук1ана Роххалил хабар Qocy11 Хадижат бикаялде

Хирияв расулуллагь варанигун вит1ана Берцин гьабун кьач1араб вараниялда рек1ун

Къокъун ана авараг роххалил хабар босув Гьеб саг1ат Жибрия щвана жан Х1абибаоде т1аде Нух бухьине гьабеян аллагьас амру гьабун Исрапил кваранса ч1ч1ун Микаил квег1иса ч1ч1ун Хеккого жив ваккана Маккаялъул ракьалде. Къват1ий яхъун Хадижат нухдехун балагьидал Цо рек1арав вихьана варанигун вач1унев Жинда аск1ор рук1арал имаазда гьикьана Гьадавчиги щивдаян Шамалдасан вач1унев Мух1аммадан кколилан гьараващаз абидал

Гьират ц1акъай х1урулг1ин гьезде балан к1алъана Гьаб дир рак1алъул Х1абиб Мух1аммад дов ватани Дица нуж киналгоги тархун озден гьаруна Нухой бокьун бугони Мух1аммадил шапаг1ат Пемераб хьвадизабе эсул сияргун суннат.

Мавла яссали ва садлим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкъи куллигьи

Бакъ гТадиван авараг азбаралда решт1индал Икрам гьабун Хадижат хекко т1аде йильана

Х1абибуллагь рикЫалъун каранда баккараб ц1а Калам гьабизе щведал чуча-хухун т1аг1ана Ах1мадиде г1ашикълъун г1одобе т1ураб маг1у Мухтарасда бер ч1вайдал рохалица к1очана Жиндир калам лъуг1идал каранзул ц1а чучидал

Базаральул х1ал щибан Х1абибасда гъикъана Базаралъул х1ал ц1ехон Х1абибасда к1алъайдал К1ут1ун бахъун Х1абибас рохалил кагъат кьуна

Хадижат ц1акъ йохана Мухтаргун гаргардана Саламат Ах1мад шведал щукру бац1ад гьабуна

Гьоркь бук1араб варани т1адбугеб щинаб къайи Кинабго Ах1мадие их1идин къун биччана Г1емерал кват1ич1ого зиян-зах1мат ккеч1ого Хадижатил къапилат хеккого рокъоб щвана

Цо къоялда авараг Хадижатихъе ана Къвариг1ел щиб Ах1маданих1урулг1иналъ гьикъана Подов балагъун нечон Ах1мад данде к1алъана Жиндир бугеб Къвариг1ел къват1иб загьир гьабуна

Дие ч1ужу ячине къвариг1ун бугин абун Ункъалгиму имг1алас ужра кьеян вит1ана Цинги Хадижат бика Мухтарасда к1алъана Жиндир ничалъул пардав гьурмадаса борхана

Дунял ктунги кьоларев хазина гьав вугилан Хадижатица жиндир сирру загьир гьабуна Ужраялъул раг1ини бигьаяб жо бугилан Цоги дица гьарараб гьабилариш абуна.

Дица дуе ячинин къурайшиязул бика Ц1акъай дуе рекъарай къабуллъилариш Ах1мад Берцинаб суратальул сипат-лага рекъарай Кьоролльун йик1ин гуреб цониги г1айиб гьеч1ей

Маккаялъул ханзабаз хит1бат жиндий гьабурай Ханзабазул васазе абидал раг1и кьеч1ей БоцГи г1арац г1емерай г1арабустан урхъарай Къурайшазул ясазул сиядат жиндихъ бугей

Мун гьелда саг1ат т1аде язъун т1алаб дица гьабун

Гьаб саг1ат т1аде яхъун дица гьабила

Ножей бокьун батани Х1абибасул ниг1мат

Воре хьвадизе гьабе гьесул бац1адаб суннат.

Мавла яссалли ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкьи куллигьим

Гьелдехун жаваблъич1о ужра т1алаб гьабич1о К1ут1ун т1адеги вахъун имг1аласухъе ана Ункъалгиму имг1алас щиб кин абун ц1ехеъдал Махсароде ккунилан лъугьанщинаб бицана Махсароде ккунилан Ах1мадица абидал

Г1атикат т1аде ана один бахъун гаргадизе Боц1и г1емер бугилан махсароде ниж ккезе Бегьиларо Хадижат хайир гьеч1ел каламал Насаб лъик1аб бугилан ч1ух1ун мун ятанани

Дуралдаса къурабиш нижерги насаб бугеб Т1аде яхъун Хадижат Патикатгун к1алъана Г1узру бачун абураб уяб бугин абуна Дур васасул аманат шпкал гьеч1еб бугилъул Дунго ячин бокьараб бич1ч1мзабун бук1ана

Г1атикат ц1акъ йохана хит1баталде къасс лъуна Хадижат Ах1мадие ячине гьабуна Цинги Хадижатица хит1баталде къасстльедал Жиндие Х1абиб щвезе х1илла бицун к1алъана

Варакъатан абулев имг1ал квандеги ах1ун Кеплъизавун Ах1мадий дун гьареян малъана Абут1алибил рокъов Варакъат кванде ах1ун Ах1мадие Хадижат хит1бат гьабун к1алъана

Дунни рази вугилан Хадижат разилъани Хадижатида гьикьун Варакъат рокъов ана Ах1мадил хит1бат бицун Хадижатгун к1алъайдал

Ах1мадида разилъи загьир гьабун к1алъана Амма боц1и гьеч1илан имг1ал данде к1алъайдал Нилъер бугеб г1елилан Пайнаица абуна Гьеб саг1ат нахъги ву.ссун Абут1алибихъе ун Хадижат бикаялда квер укун магъари лъуна Хадижатихъе ине АхГмадие бокьидал

Абубакару ссидикъ ах1изе чи вит Гана Мисрияб чухъа босун чарма т1агьургун цадахъ Ах1мадица ах1идал Абубакар вач1ана Ах1мадгун Абубакар рач1ун т1аде щвелалде

Нусго гьулгун гьараваш к1алт1а ч1ч1езун рук1ана Г1арцул меседил ц1урал жавгьаралъул налбекал Кинавго ах1адасда кодобе кьун бук1ана Х1абибуллагь вач1индал т1аде хьвайййлан абун

Т1олавгоги чиясда льазе гьабун бук1ана Бакъ г1адинан авараг азбаралде вач1индал Г1арац месед т1аде хьван к1удаб роххел гьабуна Ах1мадгун Абубакар Хадижатихъе щведал

Бат1ияб т1аг1ам бугел т1ут1ал сок1ун ратана Цинги тГадеги яхъун Хадижат гаргадана Ах1мадиде балагъун лъик1аб раг1и бицана Т1олго г1арацгун месед киналго гьул гьаравш

Дун бет1ергьан щинаб жо дуе кьунин абуна Баркала дуй Хадижат хирияв расулуллагь Дуе г1адинаб давла г1адамасего щвеч1о Цинги барка х1урулг1ин х1абибасул сиядат Къурайшазул ясазе вас дуй г1адинав щвеч1о Аврагасда цадахъ къоло ункъо сон г1уна Парцултгарал г1адинал лъимал жинца гьаруна Къасум Зайнабгун Т1агьир Уммукулсум

Пат1имат цинги хадуб Рукъиййат

Тартибалда гьаруна

Гьал г1ажамал рахъарав пакъирав сшнъасе

Саййидат Хадижатил щапаг1ат щвезе гьабе

Гьаб раг1арал вацазе г1инт1имурал щиназе Щвезе гьабе магьпират мах1шаралде рахъиндал Ножей бокьун батани Мух1аммадил щапаг1ат Бит1е нужеца эсде гЬппкъиялдалъун ссвалат

Мавла я ссалли ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим

МАВЛИД

Алх1амдулиллагьи раббил г1аламина Аллагьума ссвалли ва саллим г1ала саййидина Мух1аммадин ва алигьи ва адама ва Йух1ин ва Ибрагьима ва Муса ва Писа ва ма байнагьум мина ннабиййина валмурсалина

ссалавату ллагьи таг1ала васаламугьу г1алайгьим ажмаг1ина амин. Ила х1азарати жамиг1игьимул Фатих1ат.

Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Инна ллагьа ва малаи-катагьу юссаллуна г1ала ннабиййк я аййугьа ллязина ама-ну ссваллу г1алайгьи ва саллиму ласлиман. Мавла я ссали ва саллим диман абадан г1ала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим.

Щибаб рецц Аллагьасе иманалда ратидал Ссвалат аварагасде асламалде ах1идал Иман-ислам малъизе расуллъун жив вит1арав Гьев Х1абибуллагьасул рехсезин фазаилал

Т1адег1анав халикъас халкъ загьир гьабулелъул Т1ацебе загьирлъараб Мух1аммадил х1акъикъат

Аллагьас хира гьавун халкъалде жив вит1арав Жиндий г1олон бижараб кинабгоги махлукъат

Паламалъе рах1матлъун рах1манас жив вит1арав Т1аса унареб аман умматалъе х1акълъарав Кинабго г1аламалъул гГулумал жинди кьурав Г1аршалде паршалде щун жиндир ц1ар машгьурлъарав.

Цересел ад-яназе насихлъун жив гьавурав Жиндир дин насху гьабун хадув расул вит1ич1ев

Инжил тавраталдаги тастикъ жиндий бач1арав Жиндир Къуръаналдехун къец гьабун бащалъич1е1 Аваргзабацаги жиндие рецц гьабурав

Жив загьирлъилалдего гьелги жиндихъ урхъарал Гьесул замана бач1ун ч1аго нахъе рутони Эсий квербакъилилан къот1и гьезулги ккарав. Жив хиралъиялдалъун умматги хира гьабун

Т1оцебе жиндир уммат алжаналъур лъугьунев Русулаца рисалат т1обит1ун бук1иналъе Бат1иял умматазде уммат нуг1заллъун ч1олев.

Мах1шаралъул агьлуялъ аман жинда гьарулев Кинавг1аги инсанас напси абулеб къоялъ Напсиян абич1ого умматиян абулеб Умматалда гурх1улев х1ажаталъув ватулев.

Жиндехун бохи ккарав щапаг1аталъ восулев Щапаг1аталъе изну аллагьасда гьарулев Гьеб къоялъул къварилъи жиндалъун бигьалъулев Кавсаралъул лъималде муъминзаби ах1улев.

Ливаалъул раг1дукье бокьанщинал раччунев Нилъей бугеб ургьел щиб жамаг1ат Щулияб рукнуялда квер базе щун бук1аго. Рохел кин кьабуларел киналго муъминзаби Т1еялда х1инкъи гьеч1еб х1аблу ккезе бук1аго

Бушралана маг1шарал ислами инналана Миналг1инаяти рукнан гьвайра мунгьадимин. Мавла я ссалли ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хайрил халкъи куллигьи

Саййид Ах1мадидасан асслабаде накълульун Эсул бац1ц1адаб насаб Пабдулагьиде щвана Пабдулагьас ячарай бичас к1одо гьаюрай Аминатил гьурмада гьайбатаб нур решт1ана. Паламалъул хирияв рах1муяльув хьихьана.

Рах1маталъул авараг ич1го моц1алъ ваччана Руччабазе бук1унеб бак1лъиги жинда лъач1о. Цогидазе батулеб унтиги жинда хъвач1о.

Баркала дуй Аминат Аллагьас кьураб талих1. Дуй г1адинаб хазина цогиялъего кьеч1о.

Жабраилас т1аде пун гьелдалъун х1амиллъарай Марьямиеги давла дуег1адинаб щвеч1о. Адамил лъималазул эбеллъун йигониги Дуца гурони ах1мад Х1авацаги гьавич1о

Хирияв т1агьасул т1алг1ат загьирлъулелъул Загьирал г1аламатал лъугьана дунялалда Эсул виладаталъе замана щвараб мехалъ Пажаибал умурал рихьана эбелалда.

Данделъана гьелъухъе алжанул х1урулт1ивал Х1ассурлъана сверухъе зодосан малаикал Т1алкъалъе къвариг1унеей къабилат йигониги Къававилаллъун ч1ана рац1ц1адал равх1аниял

Дагьаб къечалъул асар Аминатиде щведал Щвараб кьуна гьекъезе гьанжелъит1ан бихьич1еб Рахьг1ан хъах1аб гьуинаб алжанул т1аг1ам бугеб Цех1ен жинда х1ухьбани т1олго нуралъул ц1олеб

Ссадапалда жанисан жавгьар лъугьунеб г1адин Эбелалда жанисан Ах1мад къват1ив лъугьана Жавгьаралъул черхалда чуризе жо гьеч1ого Жиндир нурaниябзат бакъ г1адин загьирлъана Эсие икрам гьабун Аллагьасе рецц гьабун Гьанже т1аде рахъинги рекъараблъун гьабуна.

Мархl1абан я марх1абан я мархТаба Марх1абан жаддал Х1усайни мархТаба Я х1абиби я Мух1аммад, дуде к1удияб садам Дур к1иявго гьудуласде гьездеги буго салам.

Ашракъал бадру г1алайна фахтафат мингьул будур Мишла х1усник мара айна къатЫу яважгьа сурур. Бакъгиму моц1 ц1агиму канядур нуралъ гвангьарав Т1олго кавну кинабго жо дур паййизалъ хьихьарав

Анта шамсун анта бадрун анта нуру павта нур Анта иксирун ва гьали анта миссбах1у ссудур.

Бакъги моц1 вуго Мух1аммад моц1ги дур гьумер

буго

Бакъ моц1алъ т1ад рет1арабги дур хираб халг1ат

буго

Я Х1абиби, Я Мух1аммад я г1арусал хапикъайн Я муаййад я мумажжад я имамал къиблатайн

Я нижер хирияв саййид саййидзабаз лъолеб таж Мах1шаралъул таржуманун х1азраталъул бах1арав

Манра а важгьука ясг1ад я каримал валидайн Х1авзука ссапил мубаррад вирдуна явма ннушур Дур гьумер бихьарав щинав бахьибугевлъун лъулев Дуде вуссун ссух1бат ккарав мужтагьидлъун лъугь-унев

Мара айнал г1иса х1аннат бисура илла илайк

Вал гъамамат къад азаллат вал мала ссваллу

г1алайк.

Я нижер мун к1удав имам анбияаз т1ад лъолеб таж Напсиян гьез абулелъул умматиян ах1улев Ва атакал г1удуябки ва тазаллал фи ядайк Вастажарат я х1абиби г1индаказзабью ннапур

Я Х1абиби я Мух1аммад мархlабан я мархlаба Щапаг1ат т1алаб гьабунин т1олго ниж духъ рач1арал Пинда ма шаддул мах1амил ватана дав ли ррах1ил Жиътугьум ва ддамг1усаил къулту къипли я далил

Я Х1абиби я Мух1аммад мархlабан я мархlаба Нижер мурад т1убач1ого т1ад руссун ниж рит1уге Мархlабан я мархlабан я мархlаба я нижер хирав авараг мархlаба Мархlабан жаддалх1усайни мархlаба Мархlабан нуралкавнайни мархlаба Мархlаба мун гурх1а Х1абиб мархlаба Мархlабан я мустафа я муртаза

Аллагьу аллагьу аллагь , аллагьу раббуна Аллагьу аллагьу аллагь , аллагьу х1асбуна

Гьанже хирияв аллагь ниж дудехун руссана Къабул гьареян гьарун гьапудахъе к1анц1ана Явалиййал х1асанат я рапиг1аддаражат Каффир гГанниззунуб вагьфирг1анни саййиат

Чам бат1улав ,чам т1екъав, чам г1ажизав,чам заг1ип, Дур г1ат1идаб к1алт1аса г1апву щун нахъ руссарал Анта гьаффарул хат1ая ва ззунубал мубикъат Анта саттарулмасави ва мукъилул г1асрат Чам мунагьал гьарурав гьой г1адин жив хьвадарав Дур гъафудахъе щведалгьуфранщун берцинлъарав Г1алиму сирри ва ахфа мустажибу ддаг1ават Рабби фархТамна жамиг1ан Вамх1уг1анна саййиат Гьабе нижейги г1афву г1амалал къабул гьаре

Къиямасеб къоялъул къварилъи бигьа гьабе Бац1ц1адаб тавбуги кьун тавфикъги даим гьабе Х1уснулхатиматги кьун хвалда рит1ун ккезаре

Аллагьумма ссвалли васаллим ва барик г1алайгьи Бакъ баккидал къад г1адин къаси баккараб нуралъ Къайсар ханасул сиял Маккаялде рихьана Гьавураб саг1аталда самаалде ворхана Хадуб суждаялда ккун Аллагьасде к1алъана АлхТамдулиллагь абун санаъ берцин гьабуна

РахЬмакаллагьилан малаик данде ч1вана Цинги гьабизе кколеб жиндирго хъулухъ гьабун Берцинго къабилаталъ къач1ан бусада лъуна Беразе х1ижаб гьабун х1инкъи рук1елъе т1амун Х1азраталда рук1арал рак1 сагьилльун лъугьана

Ах1улеб гьаракь буго вихьуларев шахсасул Вачийила гьев Х1абиб магьрибгун машрикъалде

Кинабго г1аламалда хиралъи загьир гьабун Т1ад вуссинеги гьаве жиндирго агьлуялде Самаияб арзияб кинабг1аги г1аламалъ Икрам тах1иййат гьабуы Х1абиб нуха рег1ана.

Мар1аба Х1абибуллагь х1акъав бичасул расул Я акрамал халкъилан къадру к1одо гьабуна Муг1хизатал г1емерав г1аламатал загьирав Пазимул хулукъилан халикъасги абурав

Дин малъизе аллагьас илчизаби рит1идал Т1олгоязул хаташгьун хадув ккезе гьавурав Аввалалда вижарав ахиралда вахъарав Умматалъе бигьаяб дин мальизе вач1арав

Жанисанги т1асанги т1абаиг1ал берцинав Т1асан вищун аллагьас Х1абибилан ц1ар тарав Фагьва ллязи тамма маг1нагьу вассуратугьу Суммасст1афагьу Х1абибан бариуннасами Мавла я салли васаллим даиман абадан Пала х1абибикахвайрил халкъи куллигьим

Рабиг1ул авалалъул анц1ила к1иабилеб Итниялъ загьирлъана гьев Х1абибасул нурал Ах1бараца бицунеб расуласул х1акъикъат Х1акълъун бугин гьанжеян т1ибит1ана хабарал

Бусурманал жундупа цоцаде хабар бит1ун Рохел гьабун бицунеб бак1 бак1алда раг1ана Зодисан хабар ц1ехон эхей рачТунел жундул Ц1а рехун рух1изарун гьениса нахъе ч1вана

Зодихъ ругел ц1вабиги т1аде далун рач1ана Дунялалъул ат1рапал эзул нуралъ гвангьана Капурзабаз бет1ер ч1ван хъулухъ гьабулел хъанчал Бут1рул г1одоре гьарун гьурмада ккун ратана

Ч1ух1арал ханзабазул т1ад рук1унел тахбак1ал К1алагьоркье ч1ваялда цТакъго гьелги х1инкъана Азарго соналъ ссвинч1ел пурсазул ц1аял Севана Т1асан гамул хьвадулел г1оразул лъимал къвана

Кисра ануширванил щулияб хъалаялъул Анц1ила ункъо мучу бихун г1одоб реч1ч1ана Паламатал т1атана, низаматал хисана Хаварикъул г1адатал г1емерал загьирлъана

Абана мавлидугьу г1ант1ини г1унссуригьи Я т1иба мубтадаин мингьу ва мухтатами Мавла я салли васаллим даиман абадан Г1ала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим.

Аллагь гуресе т1адаб х1акъ жинца ккунгут1изе Эбелалда ургьивго эменхун ятимлъана Анлъабилеб соналде хадуй эбелги хвана Хахарай эбелалда ц1ар Х1алимат бук1ана.

Ятим хахиялдасан хайирго щвеларилан Хахулел руччабазул вачине къасго лъеч1о Хахизе лъимал кьолел цогидал г1адамазе Пакъирай йигин абун Х1алимат къабуллъич1о.

Исламалде т1ойит1ун саг1адат ризкъилъарай Саг1диязул Х1алимат Х1абибгун данделъана Нухги бит1ун рак1 бохун хирияб жавгьарги щун Щукруялда Х1алимат разилъун нахъ юссана.

Ч1ун бук1араб х1амаги х1амузда цебе ккана Х1алакъал лемагазул рахьги г1емер бахьана Паламалъул хирияс рахь жиндаса гьекъедал Жийги жиндир агьлуги рахьалдалъун г1орц1ана Бет1ер бахъи т1еренаб ракъараб сонги бук1ун Рукъалъул рее къот1иялъ къварилъи ккун бук1ана

Х1абиб кодове вачун керен хахаралдаса Кинабгоги рахьалъан баракат г1емерлъана. К1иго соналъги хахун хадуб моц1алги рахъун Нахъе къезе мех щведал г1емерго зах1малъана.

Киг1ан зах1малъаниги зарар ккеялда х1инкъун Ц1унизе к1веларилан к1удав инсухъе кьуна К1удав эмен хвезег1ан гьес капалат гьабуна. Гьев хун хадуб имг1алас аск1ов вачун хьихьана.

Гьит1инав мехалдаса халват т1аса бищана Халкъалдаса ват1алъун т1аг1аталде вуссана. Пибадат гьуинлъана г1адат сурун бихьана Падамас малъич1ого адаб жиндаго лъана.

Кафака билг1илми фил уммийии муг1жизатан Фил жагьиллииййати ваттаъдиби фильютуми Мавла я ссалли ва ссаллим даиман абадан Пала х1абибика хайрил халкъи куллигьим. Алц1ила к1иабилеб соналде щварав мехалъ Вахъана Абут1алиб эвгун цадахъ Шамалде Жиндирго къапилагун къач1араб бизаг1атгун Равах1илалгун щвана Шамалъул улкаялде. Буссраялда ватарав цорагьибас гьикъана

Гьав цо бат1аяв валад щиб агьлуялъулилан. Церегусел т1ухьдузда сипат жиндир батулев

Ахир заманаялъул наби гъав ватилилан.

Бугьнал логода гъоркьоб мугьруялде ваккидал Анбияазул хатам гьав вугилан абуна. Ягьудияздa лъани зарар гьабилебилан Загьирго гьавич1ого нахъ вуссине гьавуна. Кьоло щуго соналде щварав заманаялда Вит1ана цоги нухалъ Хадижатил базаргун

Цо решт1араб бак1алда эсде раг1ад щвеч1елъул Гьвет1алъ раг1ад гьабуна гьет1ун т1адеги бач1ун. Эсие раг1адалъе т1ад нак1к1 бук1унаан ч1ч1ун Киве эв ананиги цадахъ билъун унаан

Балагьарав цо ратъиб гьедана диналдалъун Гьадаб къафилаялъулъ набиййуллагь вугилан. Гьеб нухалъ базаралъе хайирги г1емерлъана Цинги Хадижатица хит1бат т1алаб гьабуна

Эсул аманат лъайдал т1оцебе иман лъуна Жиндирго ц1одорлъияль ц1илъи эсул босана. Меседг1адал авладал эсдасанги гьаруна Авараглъиялъул лъим к1алч1ван гьекъезе лъарай.

Г1ела дуе Хадижат закаалъул камиллъи Багьаияб канзалда квершел батун бугелъул. Щвана саййидат дуе нисааде пахрулъи Исламияб диналъе х1алае чи щвеч1елъул

Живго хирияв Х1абиб х1ираулде унаан. К1икього сон базег1ан г1ибадаталда ч1ч1ана Гьабулеб г1ибадатги пикрияб бук1унаан. К1икъого сон т1убайдал т1аде вах1ью решт1ана

Жабраилул аминас икъраилан абуна. Жабраил решт1иналде х1ал щулалъун бук1ине Цин цебе макъу бихьун къуч1 т1амунги бук1ана. Гьел сирриял хабарал Хатижатий рициндал

Аллагьасул ц1об бук1ин абширилан абуна Вах1ьюясул х1акъикъат хТакъаб куцалда лъазе Чохт1о нахъег1ан ц1ан рас баккизе гьабуна Гьеб х1алалъулъ Жабраил аск1оса рик1к1алъана

Гьелдалъунги Хадижат якъиналъулъ т1ок1лъана. Цинги расулуллагьас рисалагь т1обит1ана Купру рек1елъ босарал исламалде ах1ана Аллагьас т1орит1арал исламалде рачана Абужагьалил Карман купруялдаго ч1ч1ана.

Даг1а ила ллагьи палмустамсикунабигьи Мустамсикуна бих1аблин гъвайри мункъ асими Мавла я ссаллин ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хайрил халкъи куллигьим

Миг1ражалъул сордоялъ султ1ан нилъер авараг Анкьабго зобги рагьун вахъана аг1лаялде. Т1адег1анав аллагьас Жабраил вах1ью гьавун Жиндир хирияв Х1абиб ах1ана х1азраталде Миг1ражалъул хабарал г1адамазе рицани Жагьилав уммиясул иманалда х1инкъила. Т1адег1анаб бак1алда бет1ергьан ч1олевилан Тах1аюз рак1алдеккун г1акъидат мекъса ккела.

Макка х1арамалдаса Масжидул акъссаялде Бакъалдаса хехунеб буракъалда рек1ана Масжидул акъссаялда анбияал данделъун Эз жив иманлъун гьавун жамаг1атгун как бана

Гьенисаги Жибрилас Миг1ражалде вачана ВахГю решт1унеб нухалъ зобалазде вахана. Сидраталде щвезег1ан Жибрилас нух бачана Гьанже дун ч1олеб макъам гьаб бутилан абуна.

Жалалиял х1ужубал Х1абибасе рорхана Удну Мух1аммадилан живго цох1о ах1ана. Сирияб калам гьабун керен асраразул ц1ун Рек1елъе х1икматал т1ун т1ад вуссунги вачана.

К1икъоялда анц1го как сордо-къоялъ т1ад лъуна Щугоялде ккезег1ан гьарун т1аса рехана Пикраби г1ажизлъулел г1ажаибал рихьана Пакълаби х1айранлъулел х1икматалде ваккана

Алжан-жужах1 бихьана жаниве балагьана Сордо рогьиналдего Маккаялдеги щвана.

Сарайта мин хГарамин лайлан ила х1арамин Кама саралбадру фи дажин мина ззулами Мавла я ссвалли васаллим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим

Рак1аз къасават гьекъон къосарал капурзаби Мухтарасе зиянаб макруялъе ургьана Бет1ергьанас изну кьун гьижра гьабун вахъана Жиндир к1удияв асх1аб Ссиддикъги гьалмагьлъан;

К1иясго лъабго сордо савруялда рогьана Хадуб ккараб ах1иги хьул къот1ун нахъ руссана. Г1анкабуталъ речараб нуси сабаблъунги ккун Миккиялъ макру гьабун маккиял нахъе ч1вана Рек1ун хадув вач1унев суракъатил чол х1ат1ал Ракьалда кквезе гьарун аманилан ах1ана.

Рехъад ине к1олареб Уммумаг1бадил лемаг Х1абибасул квер хъвайдал гамущ г1адин биччана Анц1ила ункъо къоялъ къубаалда хут1ана Такъваялда кьуч1 т1амун масжид базе лъугьана.

Мадинаялъул агьлу данде рач1ун вачана Дида решт1инаришан щивав цояс абуна. Къассваалъул квелъ чучун бокьухъе биччан тана Саййид абу Аюубил азбаралда решт1ана.

Мадинаялъул агьлу исламалде ах1ана Анссарияз квер бакъун купру х1ат1икь т1амуна Аллагьасул диналъухъ инсул росу бичарал Мугьажирал данделъун диналъе патхГулъана.

Къойидаса къойиде ислам т1адег1анлъана Микъабилеб соналде Макка шагьар бахъана Каг1ба ц1урал хъанчалги рахъун г1одор реч1ч1ана Хъанчил агьлуялъулги аслу къине гьабуна.

Хирияв расуласул сиярал рицанани Цо чиясул г1умруялъ рицун гьел лъуг1иларо. Киналго муг1жизатал кагьтида хъвазе ккани Эзул тафасилазе таптаралги г1еларо

Падамалги жиналги данделъун ургьаниги Эсул хиралъи бицун раг1алде бахирало

Паинна пазла расулиллагьи лайса лагьу Х1аддун фаюг1риба г1ангьунат1икъун бигьами Мавла я ссали ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим

Маг1навиял х1исиял г1аризиял затиял Киналго ахлакъазул мах1асинал росарав

Малаикас керен ссун ханиса рак1 бахъарав Жабраилас Мугьру ч1ван рек1ель сирру ц1унарав

Бихьинаб гьумералъул гьоркьохъеб лагаялъул ХъахЬгьиги баг1арлъити данделъараб кьералъул Парабияб мац1алъул бац1ц1адаб аслуялъул Насаб къурайшиязул Гьашимил кьибилалъул

Нижер аманат дуде аллагьасул мушаффаг1 Ургьалабазул къоялъ гьабе дуца шапаг1ат. Агьвалазул зах1малъи нижеде щвараб мехалъ Аман дуде я расул гьабе нижее ххаят

Я акрамал халкъи мали ман алузубшъи Сивака г1инда х1улулин х1адисил г1амами Мавла я ссалли ва саллим даиман абадан Пала х1абибика хвайрил халкъи куллшъим.

АВАРАГ ХВЕЯЛЪУЛ Х1АКЪАЛЪУЛЪ.

Расулуллагь хвеялъул х1исаб гьабун бихьани, х1ал бак1лъарал балагьал бигъаяллъун лъугьуна.Х1абибулагь къанщараб къисса баян гьабуни, гьал рицатал рак1азе ка-миларо цо пайда. Маг1ида бахиллъарал рахъаял нилъер берал дагьал сахаватлъани хвелароан даража. Ину масг1уд абарав ссах1абияс абухъе, бицизин гьесул хулил хал гьабун бихье вацал. Хирияв Ах1мадие къокъизе къоял щве-дал, къадирасул рахъалде вахъинзе мех г1унт1идал, Пайишатил рокъоре жинцаго аварагас, киналго асх1абзаби данде рак1аранила. Эзда бадив балагьун бералъ маг1у т1унила, вере аллагь гурхТаял аллагьасдаса хЬшкъа, Мархlаба вацалилан васият гьабунила.

Аллагьасде мут1иг1лъун т1аг1аталде машгьуллъе. Гьан-же дун бат1алъизе замана г1унт1ун буго, аллагьасде вусси-зе саг1ат г1агарлъун буго, бичасул чапар вач1ун черхалъул

рухl босидал, пазлу усаматаца лъим т1ун Палица чуре, чурун хадуб мусру бай дирго рет1ел т1ад рет1е, ялъуни ямانияб хъах1аб х1ебет т1ад жеме. Гьедин къач1ан хадуса лах1дуялъул раг1алда, дирго тахалдаги льун нуж дагьал нахъе къае. Т1оцебе дидасан как, жив бет1ергьанас бала, бет1ер гьанас бан хадуб цинги Жибрилас бала, цингиги Микаилас цингиги Исрапилас, цингиги Пизраилас жин-дир боязгин цадахъ, цинги нахъидал щинал малаикзабаца бала, цинги нужецаги бай къукъа къукъа т1аделъун. Ава-рагас жид еда гьеб хабар бицун хадуб, цо гьарай т1аманила т1олго асх1абзабаца рихун-тархун тамахлъун х1асраталъул маг1у т1ун, Т1агьаясде балагьун гьабунила цо к1алъай. Гьай аллагьасул расул ниж ккурав нижер Султ1ан, мунги цевеса ани лъидаха ниж руссинел, гьезие жаваб гьабун авараг к1алъанила, дица нуж толел ругел хъак1аб диналдайилан. Нужее ваг1заялъе к1иго жо толе-била, к1алъалеб къуръан цояб, кТалъалареб хвел цояб.

Нужер диналда жаниб щибниги ишкал ккани, къуръа-налде руссе суннаталде балагье. Рек1елъе къасват лъутьун такъваялда хьагь бани, пикру гьабе, балагье хвалил мехтелабазде. Цинги аварагасда сапарул ахи-ралъулъ, бот1ролъе унти бач1ун ч1ванила хвалил унти.Анц1ила микьго къоялъ бигьаго хут1анила, жамаг1ат как гьабизе кинниги к1варабила, жив гьавураб вит1араб хирияб итни къоялъ.Щ1ик1к1ун танила унти х1абибасул черхалда, хъах1лъи байдал рогьидал Билалица как ах1ун, Ах1мадил гьапуде ун Ах1мадий салам кьуна, Бат1иматид абуна авараг льик1 гьеч1илан, жакъа живго жиндагу маш-гъуллъун вугевилан. Бат1иматид абураб жинда баянлъ-ич1ого, Билал мажгиталге ун цо дагьав тарханила. Мач1лъи рехун хадуса Билал т1аде вахъана, цин жувги гьапуде ун Ах1мадий салам кьуна. Гьеб нухаль Билалил сас Ах1мадида раг1ана. Жанив ах1ун аск1ов ц1ц1ан Билалица абана, жакъа

дирго черхалда машгъуллъун вугин Билал, унтиги бакЬгьун бугин вахъизе х1ал лир гьеч1ин,абе Абубакарида имамльи гьабейилан.

Гьадин дунги вугелъул жив цеве лъугьайилан, Бет1ерадца кверги ч1ван керен заруца чух1ун, Чвахулаго маг1угун Билал къват1ив лъугьана, Вай лир хьул къот1анилан дир муть беканилан, Вай гъаб балагь щибилан гьабуна к1удаб гьарай. Вай лун вижич1ев ани эбелалъ гьавич1ев ани, Жакъа къо бихьизег1ан хун г1аги тарав ани. Гьеб х1алаль Билал будун мажгиталге к1анц1ана. Абубакар дудайин аварагас абараб, Имамлъи дуца гьабун гьал нухда т1амейнлан. Жив вахъине чара гьеч1ин черхалда маппъул вугин. Жакъа жиндир бак1алда цеве мун лъугьайилан, Абубакар балагьун мих1рабалда бер ч1вайдал, Ах1мад жанив гьеч1ого ч1обогольун бихьидал, Черх бак1аризе к1вeч1о, к1удаб гьаракь борч1ана, Т1олго г1акълуги биххун тамахлъун г1одов кканин, Асх1абзаби г1одана, г1емерго хъуй бахъана. Жидер г1одулеб гьаракь х1абибасда раг1ана.

Бат1иматида вуссун аварагас гьикъана,

Гьаб хъуй сундул Бат1имат, гьал гьаркьал щиб Бат1имат?

Бат1иматица абана асх1абзаби ругилан,

Мун камидал квеш бук1ун г1одун гьаркъал гьарулел,

Ах1мадид Пали ах1ун Пабасил паззму вач1ун, Юиясдаго т1аде ч1ван, вахъана мажгиталде. Асх1абзабазда 1урх1ун, рак1ал чучизе, Гьеб х1алалъ цеве лъугьун как бана Ах1мадица. Как бан хадусалаги асх1абзабаде вуссун, Эзий хабар бицана, васиятал гьаруна. Гьай буссурбанаб агьлу исламальул жамаг1ат, Дица нужер аманат аллагьасде т1амараб. Аллагьасдаса х1инкъун такъваялда даимлъи, Дунял бат1улаб жойин т1аг1аталье ц1акъ бахъе,

Дунги дунялалдаса жакъайин бат1алъулев, Гьанже нужей къо-мех лъик1 асх1абзабазул къукъа Гьеб к1алъай гьезда гьабун Ах1мад рокъов вилъана, Малакулматасухъе бичас вах1и вит1ана, Решт1а мун маликулмат берцинаб сураталда, Дий хирав х1абибасде гурх1ел гьабун рухl босде, Разилъун изну къуни т1аде лъугьун рухl босе, Изну дуе кьеч1они рухl бахъи тун нахъ вусса. Бичасул амру щведал малакулмат решт1ана, Парабияв чиясул цо берцинаб сураталъ, Ах1мадил гьапуда ч1ун малакулмат к1алъана, Салам кьун изну гьарун адабалда квалана, Бат1иматида раг1ун элъ эссий жаваб кьуна. Авараг жиндаго машгьуллъун вугин абун, КТиабизе т1ад вуссун малакулмат к1алъана. Дагьаб гъаракьги борхун нахъго изну гьарана, Гьай бичасул авараг аварагасул агьлу, Бичасул салам лъеял, изну бугиш лъугьине, К1иабизе ах1араб Ах1мадида раг1ана, Нуц1ихъ вугев щивилан Загьраида гьикъана. Загьраица абана имсуе жавабалъе Цо г1арабияв вугин гьапуялда эхетун. Цин ах1ана к1алъана дур бугеб х1ал бицана, К1иабизеги ах1ун нахъаги жаваб кьуна, Цинги гьев г1арабияс дида цо берал ч1вана, Эс дида берал ч1вайдал дир чорхол т1ом бук1к1ана. Чорхолъе сурхи ккана, рек1елъе х1инкъи ккана, Лугбузда сири бана сагьвилъиялде ккана. Дуда

эв лъалишилан аварагас гьикъана, Лъаларилан Бат1имат имсудахун к1алъана. Аллагьасул ц1об лъеяв аварагас абана. Гьевин дир яс, Бат1имат лаззатал риххулев чи, Шагьватал къот1улев чи, данделъарал т1олев чи, Рукъзаби хараб гьарун хобал ц1акъ г1унц1улев чи, Гьеб мехалда Бат1имат ц1акъго къварилъанила, Вай къиямасеб къо щиб дида т1аде г1унт1араб.

Мурсалиназул саййид сапаралдайиш вугев Асспияазул ассил ах1ун уневиш вугев, Анбияазул хатам, холев х1акьабиш бугеб. Х1акъавчиясул Х1абиб къанщолеб уйиш бугеб, Аткъияазул къут1бу къокъизе къойиш щвараб, Шапаг1аталъул султ1ан т1ерхьине г1ужиш гъараб, Зодосан щолев вах1ю вах1ай къот1униш кколев, Дур хираб садам калам камунишха дий толеб, Цинги салам рештТаяв аварагас абана Вере дир яс Бат1имат мун г1емерай г1одуге, Гьаб нщгьер агьлуялъул дида нахъ г1унт1улезул Бищун цеесай мунин къварилъоге Бат1имат. Цинги жинда ц1об лъеяв аварагас изну кьун Салам кьун малакулмат рокъове лъугьанила. Салам буссине гьабун Ах1мадица гьикъана Зиярталъиш щварав, рухl босизейиш вач1арав? Малакулмат к1алъана зияраталъ щванилан, Дур изну батанани рух1ги босун телилан, Изну дуда кьеч1они, кьурун нахье вуссина, Мун рази гьеч1еб х1алалъ рухl дица босиларо. Ах1мадица абана Жибрил кив таравилан? Малакулмат к1алъана гьоркьа зодов танилан, Анкьалго зобал Ц1урал малайкзаби данделъун Жибриласде зигара гьабулеб бугебилан. Гьеб саг1ат Жибрил вач1ун къаданив решт1ун ч1ана. Хвел г1унт1араб лъач1ипшн Ах1мадица гьикъана Лъалин аварагилан Жибрилас жаваб кьуна, Дий роххелго гьеч1ишан аварагас гьикьана Жабраилас абана зобал рагьун ругилан, Дур рух1алде х1асралъун малайкзаби ругилан. Алжаналъул гьапуби киналго рагьанилан. Т1олго х1урулг1инзаби балагьи ккун ругилан, Гьелдаги щукру гьабун аллагьасе рецц гьабун Аварагас абана Жибрил малаикасда. Умматалъул роххелин дица т1алаб гьабулеб Т1аде рахун хадуса щиб х1ал эзул бук1унеб,

Жабраилас бицана аллагьасул рахъалъан, Т1оцере алжаналде нуж лъугьине ругилан. Мун жанив лъугьич1ого анбияъ лъугьинаро, Гьанже мурад т1убанин аск1ов г1агарлъийилан. Малакулматасдехун Ах1мадица абана, Г1агарлъун рух1 босизе Малакулмат лъугьана. Ц1иналдухъе рух1 щведал цо зигара баккана Хвалил кьог1льи щибилан Жибридасда к1алъана, Балагьизе к1веч1ого Жибрилас хьибил кьуна, Дир гьурмаде балагьи рихуниш ккарабилан Жибрил малаикасда Ах1мадица гьикьана, Жабраилас абана хирияв Ах1мадида Дур гьурмаде балагьи киссан дий рихxун кколеб, Хвалил мехтелалъулъе мувти лъугьун вук1адго. Дур гьурмаде балагьун ияx1 лъица гьабулеб. Гьедиг1ан жив къвак1арав, жаниса рак1 щулатав Балагьизе х1ал к1олев щивин абун к1алъана, Аллагьасул авараг холелъул аск1ов ч1ч1арав Анасица абана аллагь разильи щваяв, Ах1мадил хирияб рухl каранде щвараб мехалъ, Какил аманат гьабун авараг к1алъанила, Палицаги абана Абут1алибил валад, Аллагь жинда разилъун ризванул акбар щваяв, Бищун нахъасеб х1унхьал Ах1мадид бахъулелъул КТиябго к1вет1 багьарун г1ин к1алалде ккунилан, Уммати умматийлан унеб гьаракь батана. Уммат гуреб цоги жо гьеб мехальги гьарич1о. Гьеб рехсараб итни къвалъ рабиг1ул авалальулъ, Ана бичасул расул пирдавсалде балагьун. Цониги махлукъасе дуньял даимаб ани Аллагьасул авараг даимавлъун телаан, Чуризилан Палица тахалда т1ад жив лъедал Гьеб рукъалъул бок1нильан цо гьаракь баханила. Г1енеккун хал гьабидал гьабулеб гьаракь буто. Гьев т1агьирун мут1агьгьар Мух1аммад чуругийлан. Чурийилан т1агьаяс т1ад бухьарав Палица

Дагьаб саси бегьана щив мунилан гьикъана, Гьелда хадуб борхатаб цоги гьаракь бахъана Ц1акъ к1удияб баянаб чуре аварагилан. Цебе гьабураб гьаракь илбисалъул бук1анин Ах1мадида х1асудлъун х1илдаялье лъугьараб. Чурич1ого Мух1аммад хабалъ лъезе бокьараб Х1ал хъупаб щайт1ан бугин чурийилан абана. Гьеб хадусаб раrlуе Палид жаваб гьабуна, Раг1ул бет1ергьанасе лъик1аб дуг1а гьабуна. Иблисалъул х1иллаби нижей загьир гьарурав, Мунго щивилан абун т1адвуссунги гьикъана, Дун Хизри вугин абун ах1ун жаваб гьабуна. Жаназалъул как базе щун вугилан абана. Жив т1агьаяс абухъе Палица жив чурана, Пазлуусаматица чурулелъул льим т1уна. Жабраил Малаикас алжанул х1енех1 кьуна. Мах1 гьабизе х1уризе х1арун къач1ан бач1ана. Гьеб х1урун мусруги бан восун авараглъуна Г1аишатил х1уржанив хоб бухъун вукъун тана Вукъараб заманаги арбаг1 сордо бук1ана Давлат сордойил абун цо-цояпа абана. Яхъун Паишатица дагьаб маг1ил букъана. Хабал раг1алде лъугьун рак1 чучизе к1алъана, Гьай тамахаб бусада хьибил лъеч1ев авараг, Гьай г1едерабил абун дарай рет1ич1ев т1агьа. Гьай бац1ц1ад гьухъил чехь г1орц1ич1ев авараг, Гьал ч1ух1ал тахаздасан туртал рокьарав Мухтар, Дунялалъул рах1атал х1ат1икь т1амурав т1агьа Т1ерхьаниш мун ракьалде таниш пана дуниял, Бух1айгиха гьаб дунял лъийгоги даимлъич1еб, Гьев халкъалъул саййидги, хун цевеса щинк1араб. Вере дир диналъул вац ссалат г1емераб бит1е. Нилъейго баркат щвезе, щафаг1атльун росизе. Мавла я ссалли васаллим даиман абадан Г1ала х1абибика хвайрил халкъи куллигьим

Ссвалатгин салам лъеги абадияб даимаб Аллагь дур Х1абибасда халкъалъулго хирияв.

ГУРХ1А АЛЛАГЬ НИЖЕДА.

Дунял берцинльун бихьун

Щайт1ан гьаваги бергьун

Мунагьал г1емерлъанин

Гурх1а Аллагь нижеда. Хвалидаса гьафуллъун Лах1ту к1очон тун кканин Лах1ту г1ат1идаб гьабе Пафву к1удияв аллагь1

Хабал г1азабалдаса

Х1инкъич1ел пакъиразе

Гьабе дуца щафаг1ат

Хирияв расулуллагь1 Къиямасеб къоялъул Къварилъи лъаларизе К1удияв Абубакар Гьабе дуца щафаг1ат.

Памал цГалел ц1адраби

Нижеда к1очониги

К1очон тоге дуда ниж

Тулпар хатТабил Пумар. Ссират бахъун рорч1изе Сабаб т1амураб къоялъ Къвал бан дур ч1езе гьаре Жанбег г1аффанил Пусман.

Жиб х1ехьезе к1олареб

Жужах1алде кканани

Дуца щафаг1ат гьаре

Гьалбац1 Муртазаг1али. Къечон чара бух1арал Х1амим гьекъезе кьуни

Дур инсуда мун х1еле Х1абибасул Пат1имат

Х1абибасе хириял

Хадижатгун Паишат

Нужеда божи бугин

Воре ях1 рехун тоге.

КЪУЛЬГЬУЯЛЪУЛ МАГ1НА.

Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими.Къуль-дуца абе авараг, гьуваллагьу-дов аллагь, ах1адун цо вуго, Аллагьу-аллагь, ассамаду-щибаб жо даимго жинде х1ажалъулев вуго, лам ялид-жинца лъимер гьабич1о, валам юлад-жуги гъавич1о, валам якунлягьу-жиндиеги гьеч1о, куфуван-даража бар-щадав, ах1адун-цоцин вацалъулев чи.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Лам якуни ллязина кафару-капурзаби рук1инч1о, мин агьлил китаби-жугьут1алги эрмениялги, вал мушрикина-цогиял капуралги, мунфаккина-жал капурлъиялдаса рич1улел гьеч1о, х1атта таътиягьуммул баййинату-жу-дехъе далил щвезег1ан, расулун-илчийин эвги, минал-лагьи-аллагьасдасан-ятму ссух1уфан-жинца къуръан ц1алулев, мут1агьгьарата-жал батГулаб жоялдаса рац1ц1адал, фигьа-жудеда жанир ругел, кутубун къайим-матун-хГакъаб бицун хварал жал ругел, вама тафарракъа ллязина тул китаба-жудехъе т1ехь бач1арал чаг1и куфру-ялдаса рижич1о, илла мин баг1дима жа атгьуму-жудехъе бач1индал гурого, баййинату-нугЬгьун авараг, вама уми-ру-жудеда малъич1о эл цересел т1ухьдузги, илла ли-яг1буду-ллагьа-аллагьас лагълъи гьабеян гурогун, мухлиссина лагьу -жиндие жудеца бац1ц1ад гьабун, адди-надии, хТунафаа-жал рит1аралльун, ваюкъиму ссвалата-

жудеца какги бит1изе гьабейилан, ва залика-эб жудохъе кьураб дин, динулкъаййимати-бит1араб шариг1аталъул дин гьебилан, инна ллязина кафару-гьел капурзаби, мин агьлил китаби-т1ехь решт1арал, валмушрикина-цогидал капуралги, фи ннари жагьаннама-жужах1алъул ц1адар рук1ина, халидина фигьа-жал жанир даимлъун, улаика-гъел чаг1и, гьум шаррул барияти-хадкъалъул квешалин, инна ллязина аману-жудеца иман лъурал чаг1и, ваг1амилуссалих1ати-лъияб г1амалги гьабураб, улаикагь-ум-гьел чаг1и, хайрул бариййати-халкъалъул лъиял руго, жазаугьум-жудее жаза, г1инда раббигьим-жудер бечеяс-да, аск1об буго, жаннату г1аднин-г1аднин абурал алжа-налъурго, тажримин тах1тигьал ангьару-жудер гьут1бузда гъоркьан г1орал рилъунел, халидина фигьа-жанир даимлъун рук1ина, абадан-кидаго, разияллагьу г1ангьум-бечед жудеда разилъила,варазу г1ангьу-жал эсдаги разилъила, залика- гьеб жаза, лиман хашия раббагьу-бечедасдаса х1инкъарасейин.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХШМИ.

Иза зулзилатил арзу-ракь багъаризе гьабураб мехаль, зилзалагьа-жиб цГакъ багъаризе гьабиялъ, ва ахражатил арзу-ракьалъ къват1иреги рехараб мехалъ, аскъалагьа-жинда жанир ругел хварал, вакъалал инсану-г1адамасги абураб мехаль, малагьа- гьалъие щиб абун, явмаизив-гьеб къоялъ, тух1аддису-жинца бицина доб ракьалъ- ахба-рагьа-жиндир хабар, бианна раббака-жиндир бечеяс-жиндихъе бицейилан вах1и вит1ун, явмаизин-гьеб къоялъ, ясcдуру ннасу-г1адамал ричина хабалъан, астатан-бат1а гьарун, лиюрав-жудеда бихьизе гьабизе, аг1малагьум-жу-дер г1амалазул жаза, наман яг1мал-щив чияс гьабуниги, мискъала зарратин хайран-зарраг1анаб лъияб г1амал,

ярагьу-жинда элъул кири бихьила, ва ман яг1мал-щив чине гьабуниги, мискъала зарратин шарран-зарраг1анаб квешаб г1амал, ярагьу-жинда элъул жаза бихьила.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХШМИ.

Валг1адияти-гьазаваталде рекГун хетулел чуязх1а абун гьедула аллагь, забх1ан-жал пунхъулаго хетулел, палму-рияти къадхТан- х1ет1е кьабун жудеца ц1а пирхизе гьабу-лел чуязх1а абунги гьедула, фалмугьиратти ccубх1ан-рогьалил г1 ужаль жал гьараялъ т1аде к1анц1улел чуязх1а абунги гьедула, фа асарна бигьи накъг1ан-жудеца жал хетулеб бак1алда х1ур багьаризе гьабулел, фавасат1на бигьи жамг1ан-эб х1урги багьаризе гьабун капуразул бакьулъе к1анц1улел чуязх1а абунги гьедула, иннал инса-на лираббигьи лаканудун - г1адамил, лъимер бечеясде г1ассияб жо буго, ва иннагьу г1ала залика лашагьидун-ин-сан живгоги нуг1 вуго элъие, ва иннагьу лих1уббилхайри лашадидун-мал бокьиялъеги ц1акъав вуго жив дов инсан, афала яг1ламу-жинда лъаларебиш, иза буг1сира мафил къубури-хабалъ ругел щипал рахъине гьаруpaб мехалъ, ва х1уссила ма фи ccудури-рук1елъ ругел щинал жал т1атинеги гьаруpaб мехалъ, инна раббагьум-жудер бечед вукГин, бигьим-жудер г1амалал, явмаизин - гьеб къоялъ, лахабирун-ц1акъ лъалев вук1ин.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХШМИ.

Алкъариг1ату-къиямасеб къо, Малкъариг1ату-къияма-себ къо щиб, вама адрака-дуда щиб лъалеб, малкъа-риг1ату-къиямасеб къо щибали, явма якунуннасу-г1адамал рукТунеб къойила, калфараши мабсуси-т1ибит1араб гарц1ил бо г1адин, ва такунулжибалу-муг1рулги лъугьу-

неб, калг1игьнил манфуши-дингьараб панпа г1адин, фа амма ман сакъулат мавазинугьу-жиндир ц1адираби бак1лъаравчи лъунани, фагьува-эв чи, фи г1ишатин раз-иятин - разияб бет1ербахъиялда вук1ина алжаналъув, ва амма ман хаффат мавазинугьу-жиндир ц1адираби мукъ-санлъаравчи лъунани, фа уммугьу гьавиятун-жив ч1олеб бак1 жужах1 буго, вама адрака-дуда щиб лъалеб, магьия-тун щиб эб гьавиятали, ннарун х1амиятун-ц1акь бух1араб ц1айила эб.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Алгьакуму-нуж машгьул гьаруна т1аг1аталдаса, ттака-суру - боц1и, лъимал кьибил-тухумалдалъун ч1ух1иялъ, х1атта зуртумул макъабира-нуж хвезе гьарун хабалъ рукъизег1ан-калла-гьедин гуру ч1ух1изе ругел, савфа таг1ламуна-нужеда нахъа лъала ч1ух1иялъул г1акъуба, сумма калла савфа таг1ламуна-цинги нахъа лъала нужеда эб, калла лав таг1ламунат-нужеда лъалеб ани, г1илмал якъини рак1 ч1еялдальун т1аг1аталдаса нуж машгьуллъи-лароан, латаравуннал жах1има-аллагьасх1а нужеда жужах1 бихьилила, сумма латаравуннагьа г1айнал якъини-якъинаб бихьиялъ нужеда бихьилила, сумма латус-алун-на явмаизин-цинги нужеда гьикъила гьеб къоялъ, г1аниннаг1ими-дунялалда бихьараб х1алхьи ниг1маталдаса.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Валг1ассри-бакъанил какалх1а абун гьедула аллагь, ин-нал инсана-г1адамил лъимер, лафи хусрин-къосиналда вуго, илла ллязина аману-жидеца иман лъурал чаг1и хут1ун, ва г1амилу ссалих1ати - жидеца лъиял г1амалалги

гьарурал, ватавассав-жидеца цоцадаги малъарал, билх1акъи-иман лъейилан, ватавассав би ссабру-сабри-гьабейиланги васият гьабун малъарал.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Вайлун-жужах1алъул к1к1ал, ликулли гьумазатин лу-мазатин-кинавг1аги жиндир гьвел гьибат г1емерав чиясе къачТан буго, аллязи жамаг1а малан-жинца боц1и данде гьабурав, ваг1аддадагьу- жинца эбги рикМарав, ях1сану-жинда рак1алде ккун, анна ма лагьу-жиндир боц1иялъ. ахладагьу-живдуниялалдадаим гьавилевилан, калла-гье-дин гуро, лаюнбазанна филх1ут1амати-х1ут1аматалъуве рехила жив, вама адрака-дуда щи& лъалеб, малх1ут1амату-х1ут1амат щибали, наруллагьил мукъада-ту-аллагьасул боркьараб ц1айила, лляти тат1т1алиг1у г1алал аф-идати-жиб рекГельан баккулеб, иннагьа-эб ц1а, г1алайгьим муъссадатун-жидеда т1ад т1алъел лъун бук1ина, фи г1амадин мумаддадатин-ц1адул халатал х1убазда жанир.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Аламтара-дуда бихьич1иш авараг, кайфа фаг1ала раб-бука-дур бечеясс кин гьабунаяли-би ассх1абил фили-пи-лалъул бет1ергьабазе каг1ба бухГизе рачараб мехалъ, алам яжг1ал кайдагьум-жидер макру гьабич1иш, фи тазлилин-бат1ул гьабун, ва ареала г1алайгьим-бечеясс жудет1е рит1ана, т1айран абабила-х1анч1ч1азул бо, тармигьим-жи-деца жудеде рехизе, би хГижаратин мин сижилин-щег1 лъугьараб ракьул гамач1, фажаг1алагьум-жинца эл асх1абул пилал гьаруна дов аллагьасс, каг1ассфин маъку-лин-х1айваназ квараб накку г1адин.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХШАНИ РРАХ1ИМИ.

Яиилафи къурайшин-къурайшиял ругьунлъиялъе г1оло, илафигьим жал ц1акъ ругьунлъиялъе г1оло, рих1латашшитаи вассайфи-хасало яманиялде риидал ша-малде хьвадиялда ругьунлъиялъе г1оло, фал-яг1буду-жи-деца лагьлъи гьабе абе, рабба гьазалбайти-гьеб каг1ба рукъалъул бет1ергьанасе, аллязи ат1г1амагьум мин жуг1ин-жинца жудее ракъидал квен кьолев, ва аманагьум мин хавфин-жинца жудее х1инкъидал божи гьабурав.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХШМИ.

Араайта-дуда вихьаниш авараг, аллязи юказзибу бид-дини-х1исаб суал гьереси гьабулев чи фазалика ллязи ядугЫул ятима ятимасул х1акъ нахъе ч1варав чийин гьев, валаях1уззу-жиндир гьисил гьеч1ев, г1ала т1аг1амил мис-кини-мискинасе т1аг1ам кьеялде, фа вайлун-жужах1алъул к1к1ал буго, лилмуссаллина нагьум г1ан ссвалатигьим сагьуна-жидер какалдаса жал гьафулал кЛарчанал чаг1иязе, аллязина гьум юрауна-жудеца рихьдаелъун какги цогидаб жоги гьабулел, ва ямнаг1уналмаг1уна-г1аршквар, рухьен гГадинаб жо жидеца нахъе ч1валел.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХ1ИМИ.

Инна анзалнагьу. Бисмиллагьи ррах1мани ррах1ими. Инна анзалнагьу филайлатил къадри.Ва ма адрака малай-латул къадри, лайлатул къадри хайрун мин альфи шагь-рин.

Таназалул малаикату ва ррух1у фигьа биизни ррабигьим мин кулли амрин. Саламун гьия х1атта мат1лаг1ил фажри.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХМАНИ РРАХШМИ.

Инна аг1т1айнака-дица дуе къуна авараг, алкавсара-кавсар абураб алжаналъул г1ор, фассвалли лираббика-ду-ца дур бечеясе г1идалъул как бай, ванг1ар-дуца къурбанги хъве, инна шаниака-мун рихаравчи, гьувал абтару-бар-кат бахъарав, лъик1лъиялда къот1арав чинила.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХШАНИ РРАХ1ИМИ.

Къуль-дуца абе авараг, я аййугьал хафируна-я гьал капурзаби, ла аг1буду-дица гьаб х1алалъ лагьлъи гьабила-ро, матагТбудуна-нужеца лагьлъи гьабулел хъанчазе, вала антум г1абидуна- нужецаги лагьлъи гьабуларо гьаб х1алалъ, ма аг1буду-дица лагьлъи гьабулесе, вала ана г1абидун-нахъаги лагьлъи гьабиларо лица, ма г1абадтум-нужеца лагьлъи гьабуразе, вала антум г1абидуна-нахъаги нужецаги лагьлъи гьабилару, ма аг1буду-дица лагьлъи гьабулесе, лакум динукум-нужер дин нужее буго, валия дини-дир дин дие буго.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХМАНИ РРАХ1ИМИ.

Изажаа нассрулагьи-аварагасде аллагьасул квер бакъи бач1араб мехалъ, валфатх1у-Макка бахъиги, вара айтан-наса-дуда гГадамалги рихьараб мехалъ, ядхулуна фи ди-ниллагьи-аллагьасул диналде лъугьунел, афважан-къукъа къукъагун, фасаббих1-дуца субх1аналлагь абе, бих1амди раббика-дур аллагьасе х1амд гьабун, вастагьфиргьу-дуца астагьфируллагь абе, иннагьу кана таввабан-эв аллагь вуго лъана жинца мунагьал рах-чулев тавбу къабул гьабулевлъун.

БИСМИЛЛАГЬИ РРАХ1МАНИ РРАХШМИ.

Таббат яда аби лагьабин-абула гьаб к1иябго кверaлдаса баркат бахиги, ва табба-бахизеги бахана, маагьна г1ангьу малугьу вама касаба-жиндир боц1иялъ лъималаз жиндаса г1азаб нахъе ч1вазе г1ей гьабиларо жиндие, саяссла наран зата лагьби- лагьараб ц1адаве жив нахъа лъугьина, ва амраатугьу-жиндир ч1ужуги лъугьина, х1аммалатулх1ат1аби-авараг мажгиталде унеб нухде базе баччулей йик1арай, фи жидитъа-жиндир габуниб бук1ина къиямасеб къоялъ, х1аблун мин масадин-ц1адул рахас.

КЪУЛЬАПУЗУЯЛЪУЛ МАГ1НА.

Къуль-дуца абе Мух1аммад авараг. аг1узу-дица ц1уни гьарула.

Бираббилфалакъи-рогьел бижарав аллагьасдалъун. миншарри махалакъа-жинца бижараб жоялъул квешлъи-ялдаса.

ва миншарри тъвасикъин-сордоялъул квешлъиялдасаги. изавакъаб-жиб бец1лъараб мехалъ. ва мин шарри ннаффасати фильг1укъади-гарц1азулъе пун аварагасе сих1ирлъи гъабулел руччабазул квешлъиялда-саги.

ва мин шарри х1асидин-х1ал хъубасул квешлъилдасаги ц1уни гьарула.

иза х1асад-жиндир х1ал хъублъи т1атараб мехалъ абун гьари

КЪУЛЬАПУЗУ БИРАББИННАСИЯЛЪУЛ МАГ1НА.

Къуль-дуца абе МухТаммад авараг аг1узу-дица ц1уни гьарула

бираббиннаси-г1адамал рижарав гьезул малик жив вугев аллагьасдалъун

маликиннаси-г1адамазул маликлъун жив вугев илагьиннаси-г1адамазул жинде лагьлъи гьабулев алла-гьасдалъун ц1уни гьарула

миншаррил васвасил ханнаси-рак1 васвасдизе гьабулеб жоялъул квешлъиялдасаги

аллязи ювасвису фи ссудуриннаси-г1адамазул рак1алъе вас-вас ккезе гьабулел миналжиннати-жинал руго эл, ва ннаси-г1адамалги руго.

МЕХТУЛЕБ ЖО ГЬЕКЪЕЗЕ Х1АРАМЛЪИЯЛЪУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ.

Жиб сундасан бахъараб бук1аниги бат1алъи гъеч1о г1аракъи бук1а чагьир, qlar1a бук1а жиндалъун г1адан мех-тулеб жо риччарал ракъварал бат1а гьеч1о, мах1 сунт1изецин х1арам гьарун руго шариг1аталда. Амма ун-тарав чиясе даруялъе бегьилин хъван буго, элдалъун дару бук1и жидедаги лъалеб бугони.

Жа абулеб жо жиндалъун г1адан мехтулеб жо ккола. Гьелъул лъар г1адин сверизабун лъел лъар гьекъани гьебги х1арам гьабун буго чанго х1адисаль.

Китабул г1илалилан абулеб т1ехьалда бицун буго гьа-динаб хабар:

Нух1ил гамидаса гъоркье решт1анила щайт1анилан гьенисан ц1олбол гьвет1ги бикъун. Гьель цо бак1алда

ракъуль ч1ч1анила гьеб гьвет1. Цин болъон, цин гьве, цинги маймалак хъун гьезул бица лъалъанила щайт1аналъ гьеб гъвет1. Гьедин нажасал жалазул бияз лъалъан бук1иналъ гьезул асар щолила жа гьекъарасеги, маймала-кил г1адинаб бук1унила пишаги, гьведул г1адаб ццим бахъиги бук1унила мехтарасулъ.

Кант1иялъе бачинин гьанибго цойги мисал:

Масала, жадул ц1ураб цо лълъар ралъдалъе тТуни ва гьеб ралъдал лъим т1ирун ракъдаде щвани, гьеб ралъдал т1ири щвараб бак1алда херги бижани, гьеб хер кварaб г1иялъа жоги хъун гьелъул гьан жинпа гьабзазе рехили-лан абунила Асх1аб Палица.

Гьедин жиндиего гьеб х1арамлъун гьабунила Асх1аб Палица.

Тавбуги гьабич1ого гьекъолдухъаби хвани гьел реху-лила жужахТалъул борхьазе.

Нахъегих1адисалъулъ бач1араблъун буго капурзабазул г1азаб кьоларилан муъмин чиясе , амма жа гьекъаразе кьолила гьеб г1азабгиян. Мехтел х1арамлъиялда ишкал гьечГеб нужее ч1аг1а, г1аракъи, пиваялъулъ бат1а гьеч1о х1арамлъи.

Пакълу чаг1азе мехтелалъул заралал ва г1ассилъалаби рихьизе ва гьезуд пикру гьабизе мисалал г1емер руго гьаб дунялалда аск1обги рик1к1адги.

Шариг1аталъ т1адаблъун гьабуна гьекъон мехтун щи-нахъе гьев чиясе таг1зир гьабизе.

Гьебги к1икъого т1ил къаби буго.

Г1АЖАМАЛДА ГЬОРКЬОРЕ ККАРАЛ Г1АРАБ ЛУГЪАТАЗУЛ БАЯН БУГО ГЬАБ;

Пара-абулеб жо Аллагьас гьабизе т1ад гьабураб жо буго, тезе бегьулареб тани г1акъубаялъулъ т1амулеб.

Суннатаб-абулеб жо аварагасдасан бегьареб жо буго, пари-заяб туреб, жиб гьабуни ц1ик1к1араб кири бугеб, аварагас гьабураб бугониги, геабулесда разильун жиндир заманаялъ гьабизе тараб бугониги.

ХГарамаб-абулеб жо жиб гьабуге абун аллагьасул шарг1алъ гьабизе нахъе ч1вараб жо буто, жиб гьабуни бунагьги бугеб, ХГалалаб-абулеб жо гьабизе нух кьураб жо буго, гьабизеги бегьулеб тезеги бегьулеб.

Карагьатаб-абулеб жо жиндаса нагью гьабураб, гьаби кака-раб жо буго, гьабиялъул бунангьги гьечГеб. Парззукипаят-дъун бугеб жо щибаб росульги к1удияб шагьаральул щибаб мах1лаялдаги жиб гьаби т1ад гьабураб жо буго, цо-цониги чияс гьабуни киназдасаго бунагь бихь-улеб цониги чияс гьабич1они киналго бунагьалъе кколеб. СсарихГ-абулеб жо жиб цо маг1наялье гурони бегьулареб жобуго

Кинаят-абулеб жо бат1аяб маг1на букьизе бегьулеб жо буго.

Рукну-абудеб жо гьабулеб гГамалалда гьоркьоса жо буго, жиб гьабич1ого г1олареб, жиб гьабич1они гьабураб г1амал бац1ц1улареб.

ШяртТ-ябулеб жо гьабулеб г1амалалда жанисса гуреб къватГибхун ккараб жиндаса чара гьеч1еб жо буго. Жиб гьеч1ого гьабураб г1амал бегьулареб. Тартиб-абулеб жо цебесаб цебе нахъасаб мизаналда жо гьаби буго.

Имам-абулев чи - цебе как балевчи вуго. Маъмум-абулевчи - хадуб как балевчи вуго. Ниссаб-абулеб жо - бахъизе г1олеб щолеб боц1ц1ул къадар буго.

Ижаб-абулеб жо - щибниги дарам г1акъад гьабулев чиясул бичана хисана абураб г1адинаб раг1и буго. Къубул-абураб жо - дандияс жавабалъе абулеб босана, къабул гьабуна ,абураб г1адинаб раг1и буго. Витруялда-абулеб жоялъул маг1на тек х1исабалда абураб маг1на буго цо г1адинаб, лъабго г1адинаб щуго г1адинаб,

гьедигьединаб.

ТагТликъ-абулеб жо цо щибниги г1амал щибниги жоялда бухьине гьаби буго, гьедин лъугьани гьабила абун. ГГаин-абулеб жо черх бугеб жо буго жиб бихъулеб. Зиммат-абулеб жо жиндир черхалда цо х1акъ т1алъи буго, гьедин т1алъараб жоялде досул зимматалда буго абула. ХГаззар-абулеб жо сапаралъул хирап буго сапаралда гьечТев чиясда х1аззаралда вуго абула.

АБУИСХТАКЪ ИСМАГШЛИЛ КИГ1АБИГИН АДАБАЛ:

Х1укамааз рицарал кицабигин адабал, Рицизин г1ажамалда г1инт1амея г1адамал Т1адег1анав бичасе цо жиндир лагь вокьани, Эв лъик1лъиялде т1амун т1овит1и лъик1 вихьани Таг1ат ракГалда рекъон пакъру берцин гьабила. Диналда гъорлъ лъайги кьун лъик1аб якъин т1амила. Т1ок1лъи ц1ик1к1иналдасан дурусабго маг1ишат Лагьасе берцин гьабун гьабила гьесий г1азаб. Амма эв лагь рихани г1амал г1аксалда ккела, Боц1и берцинлъун бихьун хьулал халат гьарила, Дунялалда машгьуллъун щайт1аналъул нух кквела. Халкъалда зулму гьабун пасадалда рек1ила. ^\ллагьасдахун боржел беццараб г1амал буго. Эсде таваккал т1ами т1убараб г1амал буго. Диналдасан ваг1за гьеч1, ваг1забазул пайда гьеч1, Пасадлъиялъ вохарав вахъулелъул бут1а гьеч1, Кинасго бикъан щинаб жинца жинца бецТула. Щивас гьабун щиналъе релълъун жаза гьабула. Черх ссих1аталда теялъ воре гуккизе ч1оге, Сон къо саламатлъиялъ рек1к1 гьабизе вук1унге, Пумруялъул замана г1емердагьаб жо буго, Даимго сахго хут1и бат1улаб амру буго. Гьаваялда мут1иг1ас дин кьун дуньял босула, Лъаралда г1амал гьаби г1илмуялъул пихълъула.

Къот1уда разиясда чиял ццим бахъунаро, Кьуралда разиясул рек1елъ х1асад кколаро. Падамазул хирияв шагьваталъ дин бахич1ев, Халкъалъулго вищарав жиндир рек1елъ хьул гьеч1ев. Гьаваялде халипав халикъасде мут1иг1ав, Гьев вихьи дуй багьадур, багьа жиндир ц1ик1к1арав. Х1акъалъе кумек гьаби камилаб шарап буго, Бат1улалъе квер бакъи какараб исрап буго. Рак1 бахилав хайир гьеч1, ниг1матазул дежурна, Кверал къокъав инпакъ гьеч1 варисасул кархана. Жиндир рек1елъ хьул бугев вараг1 бахъун хут1ула. Халкъалдаса нич ани балагьал т1ад решт1уна. МунпагГат гьеч1еб г1илму г1ей гьеч1еб дару буго. Дунял гьава берцинлъи баянаб жагьлу буго. Замаялъул къоял лъабго батГиял руго. Цо бусси свери гьеч1еб цебе араб къо буго, Цоги мун жанив вугеб даимлъи гьеч1еб буго, Цоги х1ал-куц лъалареб т1аде бачГунеб буго. Ниг1матал гГсмсрльимлъ гшкьлу гьеч1ев ч1ух1ула Балагьал т1ад т1ирит1уы цо къоялъ къварилъула Васият гьабич1ого воре сордо рогьунге, Г1ат1илъи сахлъиялда киг1ан мун вук1аниги. Квешасе ваг1за гьаби гьорой берцинаб гьабун. Берциналде т1овит1ун бит1араб гьудуллъи ккун, Воре-воре нахъе ц1ай лагьвияб раг1удаса, Рик1к1алъи т1алаб гьабе т1ок1аб хабаралдаса. Гьелъ рек1ел г1уюбал къват1ир загьир гьарула, Гьудуллъиялде ккараб тушмавлъи ц1и гьабула. Ццим бахъарав вохичГо, хехлъарасе т1ок1лъич1о, Ч1арг1ине гьабурасе гъудул гьалмагъ ватичТо. Ният-къасд берцин гьаби баг1зул г1ибадат буго. Г1одов ч1ей берцин гьаби г1айну сиясат буго. Ахлакъазулъ ц1ик1к1арав бут1аялъулъ дагьлъула. Заманалда борхани элъ хиянат гьабула. Гьуинлъигин мах1абат халкъалъе берцин гьабе,

Бач1унеб ункъо пиша чорхолъ гьеч1ев чиясул, Т1убай камиллъи гьеч1о гьесул бугеб диналъул, Цо чияр жоялда'сан хьул къот1аравлъун вук1и, Цоги жинда хьамани хьихьун ч1ей сабру гьабун, Цоги жиндий бокьулеб чида-чидайги гьаби. Цогиги халикъасул къотГабазда боржун ч1ей, Воре х1асад рик1к1ад те элъ мун гьалаг гьавила, Дур дин пасад гъабила якъин заг1ип гьабила, Бах1арчилъи х1ал к1велъи к1абго къезе гьабила. Пурмадул кьер хисила басраяб мугьру ч1вала, Жиндиего рецц гьаби лагьасда рекъоларо, Киг1ан бит1арабниги бици берцинаб гуро. Вуц1ц1ун вук1ине лъарав саламатго хут1ула, Лъик1лъи гьабун хьвадарав хиралъиялде ккола. Сахаватлъи гьабурав к1одолъиялде щола. Щукруялда хьвадарав ц1ик1к1аралде вахуна. Жиндир тадбир квешлъарав гьалаклъиялде ккола Жагьлуялъул пайда пихъ басралъи хвей бук1уна. Къуваталъул цо балагь тушман загГипго вихьи. Ниг1маталъулги балагь кьураб жо бадиб

бихьи. Берцинаб занну гьаби гьабураб квешлъул балагь, Кидаго гьапулго ч1ей балагьал регьулеб рагь. Пакълуялъул бет1ераб васвас гьеч1еб ч1анк1араб. Тохлъи тушманзабазул зараралъул ц1ик1к1араб. Х1иллатун г1одов ч1арав балагь щведал вохула. Тушман вихьун кьижарав рек1к1 гьабидал ворч1ула. Кирамал нахъе рехун риххиг1анал кодор ккун Инсан басралъулеб жо воре ц1акъ рик1к1ад гьабе. Г1апву-ссапх1у гьабурав хиралъиялде ккола, Хекко цим бахъарасе бичас х1елму т1амула, Х1елмуялъул тай щварав сабуралда хьвадула, Сабуралда хьвадарав мурадалда вахула. Ццим бахъидал х1инкъидал хьул лъедал черх квегьарав, Гьев вихьи дуй ц1акъавчи ц1адуй лага х1арамав. Дуняллтун дин гьабурав к1абго рокъов т1ок1лъула. Динтун дунял ккурасе к1иябгоги борч1ула.

Инсанасул жавабалъ жиндир г1акълу бицуна Берциналда къокъ гьабун те къимат дурго бук1ине, Раг1иялъ г1адан лъала г1амал бихьун рехсола, Бит1араб бицине ккеяа, беццараб кквезе ккела. Жинцаго жив квегьарав каламалъулъ ц1унарав, К1вар гьеч1еб рехун тарав, чиядасан к1алъач1ев, Гьевги дуй ц1ик1к1арав чи саламатлъи даимав, Папманлъи рек1к1 рик1к1унарев рек1екълъи бихьуларев Воре калам дагь гьабе дуйго ц1уни бук1ине. Ц1акъго рит1ухълъи гьабе т1оклъи хйралъи щвезе. Раг1и гТемерав г1акъил г1адамазда ч1арг1уна, Ч1арг1аде гьардолевчи гьаб халкъалъе рихула, Г1адамал тЬшго рихьи живго тГинлъулеб ссанг1ат, Т1ад вугесда къец гьаби гьалаклъун холеб хаслат. Мадугьал басра гьавун инсан гьеч хиралъич1о. Ихванал мах1рум гьарун саг1адат насиблъич1о Гьарилалдего щвараб щукруялъе рекъола. Бищунго мустах1икъав гьари гьеч1ев вук1уна, Жиндир вац1ц1алъи т1ок1ав т1аса вищизе х1акъав, Х1акъаб нух хьихьун ч1арав хьибил кквезе рекъарав, Къабих1аб хьами гьабун пдим бахъизе гьабуни Гьабурасул х1ал ц1уни х1елму бугеб батани Жиндирго черхалдасан боц1ц1и хирияв^ахил Жив хун лъадул росасе бусси лъаларев жагьил, Дуца гьабураб лъикЬгьи лъазе теч1ого ц1уне, Дуйго гьабураб ккани гьабе дуца т1атине. Хириязда боржел бай боржел дуйго бук1ине, Лиамазда мугьал бай мунго х1алккун хут1изе, Жиндир аслулъиясул лъимал ц1акъал рахъула. Лъик1лъи лъалареб чорхой рехун тей ц1акъ рекъола. Жинца кьураб бадиб ч1ван шукруялде щвеларо, Гьабуралдаса ч1ух1ун кири камиллъиларо. Жиндирго квешлъиялда живго разияв инсан, Аслу басраявилан нугЪтъи гьабурав тушман Кьураб нахъе босарав басралъиялде ккола. Къимат эхедег1анав халкъалъе к1одолъула.

Г1амал т1аг1 квешлъарасе ризкъи мукъсан гьабула. Раг1у ль вит1ун ч1арасе к1одолъи лъай ц1ик1к1уна. Жиндий боц1и учузав халкъалъе хиралъула. киналго рахъаздасан хьулал эсде руссула. Боц1ц1удалъун чумартав чидае к1одолъула Чорхол г1уюбал т1ок1ав г1адамазда рихула. Боц1ц1ул лъик1аб х1алалаб х1ажатасе пай щолеб. Гьелъул квешаб х1арамаб х1арамалде буссула, Х1ал ккарасе квер бакъи къваридасде балагьи, Бищун ц1ик1к1араб лъикГлъи гъеб буго дуй валлагьи. БахТарчилъи х1ал к1олъи к1иябтоги т1убалеб, Гьаб ункъо пиша бугеб дудаги лъазе кколеб. Дуйго чорхой лъик1алъе х1акъабги кГочене тей, Чорхой маззарраталъе х1акъаб жо рак1алде щвей. Дудасанто лъугьараб квешльи к1одолъун бихьи. Чиддасан бегьараб гьит1инаб жолъун бихьи Хиралъабазул т1ок1аб х1ал к1олев т1аса дъугьин. Бегьулаго к1олаго ццим босич1ого вук1ин. Сахаватлъи гьабиялъ чи вокьи т1ад гьабула Бахилльиялъ хъарциялъ рокьаралги кьаллъула, Дуй лъикЬгьи гьабурасе квешлъи гьабун хьвадуге, Ниг1мат кьурав чиясе воре наг1ана кьоге, Зулму х1алав х1ал хъупав гьалаглъиялде ккола. КЛарчамлъаби теч1есе тушманзаби ц1ик1к1уна. Залимасе х1ал кьурав х1акъавчиясул тушман Мазлум виххи гьавурав гьевги цо квешав тушман. Чидае гвенд бухъани бухъарав жанив ккела, Бахъун хвалчен кьунани кьал бугес ч1ван рехула. Гурх1ел-рах1му гьеч1они ниг1мат т1аса ччук1ула. Хушт1и, тали х1аллььани х1ал к1олъи т1аса уна. Дуда курщел гьабулев мун х1инкъулев чиясда Х1ужжа къот1ун къел бух1ун къацандуге мун эсда. Нахъа мун папгманлъулеб к1алъаялдасан лъик1аб, Мунго саламатлъулеб вуц1ц1ун вук1ун ч1ей бугеб. Рекъеч1еб бицарасда бокъулареб раг1ула Хвалчал ругъуналдаса раг1ул ругъун унтула.

Жаваб тей г1адаб, жаваб лъай гьеч1есе бук1инаро, Эсси тунки щолеб жо, элде щвараб ккеларо. Гьава хвезе гьабурас иях1 ч1аго гьабула. Жиндир квер халалъарав халкъадда машгьурлъула. Тавба къабуллъич1есул бунагь хат1а ц1ик1к1уна. Рак1 бац1ц1аго гьабичТев гьардолаго хут1ула. Воре-воре къосунге къосани виххилъула, Г1умру ажал элъ кванан квешлъиялде т1амула, Гьабулеб лъик1лъи хайир халиплъи к1удаб буго. Халкъалда гъоркьор чаг1и чанги бат1аял руго. Цоял лъик1лъи гьабулел г1ивазалде хьул гьеч1ел. Хиралъи сахаватлъи жидей нисбат гьабурал, Цоги жидей гьабидал гьабуралъухъ гьабулел Рит1арал чаг1ийилан хидеда ц1ар ах1улел, Цоги чи мах1рум гьарун лъик1лъаби нахъе ч1валел. Къосарал чаг1ийилан чияца жал рехсолел. Цоги жидер лъик1лъаби к1удияллъун рихьулел, Риххиг1анлъи бахиллъи жидей сипатлъун ккарал Лъик1лъиялде вуссарав давла шун разилъула. Сордо борч1ун хьвадарав хьуллъараб щун воххула. К1ох1аллъун г1умру арав г1адада къоял хварав, Хьуллъунщинаб борч1арав гьай вужурав гьаримав. Къасдаяде ваханиги хехлъарав хат1алъула. Квешлъиялде кканиги куч1ч1арав вит1ун ккола. Г1адамазде кьал ах1и ах1макъльиялъул аят. Гьудул квешавлъун лъугьи талих1 къиналъул х1икмат. Гурх1елгин рах1му гьабий ризкъиялъул к1ул буго. Нахъехун пикри гьаби балагьал гьукъи буго. Жавабалъулъ хехлъарав бит1аралъулъ т1екълъула. Хехлъиялда рек1арав хъушт1иялъулъ х1аллъула Жиндир лъай заг1ипасул тупманзаби ц1акълъула. Хиралъабй ц1акъасул санаг1атал т1аг1ула, Бокьащинаб гьабуни квешалда данде ч1вала, Ч1арг1итун пикри ц1ц1ани ц1ан бит1аралде ккола. ИяхТалда х1алт1ани х1ал хъупасда бергьуна. Тадбиралда хьвадани дагьабги г1емерлъула.

Пакъилавчи щущидун щаклъун жинца бицараб. Ах1макъас рак1 ч1езабун бицаралдаса кьуч1аб, Дагьаб боц1и беццула жиндир г1акьибат льияб. Г1емераб боц1удасан г1акъибат жиндир квешаб. Дур гучалда х1инкъарав мун хвеялде хьул лъола. Лъай гьеч1есда ургьани ургьелалде т1амула, Жиндийго жив г1акьилав г1акълу кТудав чиясе. Чамга тушман вук1уна рак1к1 ккурав пакъирасе. Памалгиму т1абиг1ат

т1аса бицун ккеч1есе, Т1ад вук1и карасатлъи, кинго щулареб эссий. Воре дурго заг1иплъи тушманасда бицунге, Эв воххулеб хат балев хабар дуца биччаге, Жиндийго гьавудич1ев гьаб халкъалъе х1алт1ула. Зах1мат къабул гьабич1ев гьабич1ев гьеч1олъигин хут1ула. Бальгоябги ккуларев, жаниса жив къваридав, Гьевги вуго цо кьабих1 къват1ив ч1ч1ейи г1емерав Нахъе бахьун иш теч1ев, щвараб щулат гьабурав, Гьевеле вит1аравчи забт1алда т1аде ккарав. Батулареб щолареб щвезе т1алаб гьабурав, Гьевихьи хьулал халат хьитал хвей хайир бугеб. Воре гьапу рич1унге гьанкан чияца къалеб. Воре ч1орги рехуге нахъ буссун дуда щолеб. Жиндирго тадбир квешлъи квешлъи т1аде ц1алеб жо. Тадбиралъулъ камиллъи караматлъи щолеб жо. Мац1алдул х1ал к1олаго к1удиялда квалуге. Каламалъ рехулаго хвалчада квер бегьуге. Жагьил гьудул гьавулев, жагьиласда гьвел гуро. Жагьилав гьалмагьлъун кквей г1аккъиласул лъай гуро Кинабго щайъ щибаб жо жиндир жинсалде уна. Жинс гуреб жоялдаса буссун нахъег1ан къала, Къадар балагь решт1ани ц1уни гьуни т1аг1ула, Т1аде г1ажал щванани щибго х1илла лъуг1ула. Ворч1и т1алаб гьабидал гьалаглъарав г1емерав. Хьулалда хадув ккедал хвел г1унт1арав чамгидав. Цо-цо тушман камарав бах1арчи вук1унарев. Гьедул гьалмагь т1аг1арав цониги ватуларев.

Чидай х1елияллдаса пакъру берцин бихьула. Гьересияв гьоролчу чидае басралъула. Бит1араб бицидалги боржел гьеч1ев вук1ула. Бералъе ц1уни гьеч1ев гьалаглъиялде ккола. Ч1аголъиялъ воххич1ев хвелалде г1ашикълъула. Бицун ц1ик1к1араб г1айиб г1уюбазда разилъи. Бунагьал берцин рихьун г1исс'яналда даимлъи. Инсанасе хиралъи хвараздалъун щоларо. Къимат эхеделъани виххи ккезе толаро, Лиамал т1аде ккани кирамал гьалаглъула. Гьуби бут1руллъун тани гьалбац1ал паналъула. Ахлакъал квепгав гипш камизе ц1акъ рекъола. Рекъараб г1амал ккурав г1адамазе вокьула, Зах1мат жапа г1емераб г1агаргу ч1ей рехула. Рурсси бац1ц1алъи щолеб рик1к1алъи бокьула. Инсанасул к1алдиб'мац1 рек1араб хвалчен буго. К1алдисан пулеб гьури гьалаглъулеб ч1ор буго. Мадугьал тохаб мехалъ вахъун т1аде мун унте. Эсул пардавал рехун рахчарал къват1ир ч1ваге. Падамазул лъай гьеч1ев рит1ухълъи дагьав вуго. Жиндийго жив берцинав бецав къабих1ав вуго. Амру нагь'ю г1емерав г1амал т1абиг1ат квешав, Гьевихьи дуй мунапикъ жиндаго жив к1очарав. Боржун аралда угьде ургьиб хулулеб хаслат. Балагьазда зигарди зинлъи буссулеб ссанг1ат, Боц1ц1и-ризкъи г1емерлъи хиралъи т1ок1лъи гуро, Т1абаиг1ал берцинлъи бицун кколеб рецц гуро. Чорхол гьава ц1ик1к1ани бах1арчилъидагьлъула. Рек1елъе щайт1ан ккани, щущий жаниб ц1ик1к1уна. Цо жоялдалъун лъарав элде нисбат гьавула. Цо ишалда ругьунав гьелде жив хьулхьулдула, Даг1баялде ккедалго г1адамазул х1ал лъала, Лъик1ав, квешав хираяв хекко бат1а гьавула, Нахъе бахъун кванарас кванил лазат босула, Кват1идал кьижарасда макьил гьуинлъи лъала, Давлаталда хвей лъияб хиралъуда ч1ей лъияб,

Дур ч1аголъиялдасан басралъиялъуль бугеб. Мискинлъуда данде ч1вай дур баг1араб хвел буго. Г1адамазда гьари бай гьай халкъалъул г1ар буго. Зарар балеб х1акъаб жо х1акъикьаталда лъияб. Бат1улаб жоялдасан мун воххизе гьабулеб, Квешлъи зарар г1емераб чам жо жинда хьул лъолеб. Чам-чам мунпаг1атаб жо жиндаса чи т1урулеб. Нухда г1адам г1алт1ани хlerle хъушт1ун хут1ула. Мац1 хъушт1арасул ниг1мат хъвашт1ан т1аса борхула. Махсара хоч1 х1аллъани х1ал квешлъи т1ад гьабула. Гьури хТалго пунани пасадлъи г1емерлъула. Воре х1елму х1ал гьабий гьелъ мун к1одо гьавулеб. Дин бич1ч1и т1алаб гьаби гьелдалъун деве т1олеб. Пакъилзабазда жувай, жаниб рак1 г1унц1ц1улеб жо Жах1да х1асад г1одоб тей дурго дин рорц1ц1улеб жо. Цо-цо жоялда жаниб бецавги т1овит1ула. Жиндир канлъи камилав мех мехалда хъушт1ула. Чидай х1елиялдасан х1алхьун вук1и рекъола. Х1алхьун хьул къот1ун вук1и къур'аналъги беццула. Г1ажаиблъи гьеч1ого гьимщунги мун велъуге. Х1ажат гьеч1ев бак1алде рак1 сук1иналъ т1амула. Мац1идалъун кьаллъула кьерилазе кьог1лъула Г1акъиласда ургьарав т1овит1ун нухда ккола Жиндирго г1акълу г1урав г1адада хун хут1ула. Хьуллъараб жо жибго тей бищщун к1удаб бечелъи Хьул халалъи лагьлагьди ц1акъ какараб мискинлъи Манзил къокъав къваридав агьлуялда рихххуна, ГЬудуласда х1асудав рукъи дагьав вук1ула. Жиде-жидерго г1акълу г1адамазе бокьула Пайибал лъазе ккани чиялаб ц1акъго лъала. Буц1ц1алабго дур дун'ял мун жанисаб г1уж буго. Нахъ бач1унеб борч1араб лъалеб лъалареб буго. Падамазул г1айибал воре загьир гьаруге. Дур г1айибалгун квешлъи лъалин г1адамаздаги. Какараб рухссуй гьабун халкъалда лъаялдаса Лъач1ого вахчун вук1и лъик1аб т1ок1аб элдасан,

Г1едег1иялъ хехлъиялъ пашманлъи т1ад гьабула. Сабру х1илму х1ал гьаби х1ал хьаравлъун вук1ила. Аслу лъияв чиясул рак1 т1еренаб бук1ула, Бот1ролъ г1акълу дагьасул ч1ух1и хекко баккула. Цо-цо г1ужалда занну бит1раблъун батула. Мехмехалда х1ал кТалъан к1алзул хабар хакъ ккола. Жиндийго жив к1одолъи г1акъиласул иш гуро. Ч1ух1и чорхолъ бугисе гьудул гьалмагь вук1ларо. Сапаралъ вахиналде гьалмагьасул х1ал гьикъе Рукъ т1алаб гьабилелде мадугьал гьикъе-бакъе. Щивниги чиясдехун тушманлъиго гьабуге, Палим вук1а, чи вук1а чиялгин кьал axlyre. Г1алимасул х1икматалъ х1алалда мун теларо. Жагьиласул жагьлуялъ жаниб рак1 рорц1иларо. Дин г1емерав г1одулев г1амал к1удиясдаса Мунагьазда мук1урлъун велъулев лъик1 эсдасан. Дуниял къваридасе къаникь лъей рах1ат буго. Рах1ат хвараб черхалъе хабалъ лъей х1алхьи буго. Воре цо чи талани тункун раг1и бицунге, Эсул лъугъараб хат1а хвашт1ан бадиб кьабуге. Дудалъун эвкант1ила, квешлъи дуе гьабула, Дудасан г1акълу щвела, тушманлъун мун гьавила. Воре бичасда нучуй, чи какуге рик1к1адав, Аск1о вук1арав ани ц1акъго дуца веццулев. Жеги нучуй чияда чи веццуге х1аззирав Рик1к1ад вук1арав ани какун калам гьабулев. Жиндий мунпаг1ат щвани щаклъи гьеч1о вокьула Кьог1лъи ззарар хат1ани ццим бахъула рихула, Хилиплъани т1урани т1ей рикЫалъи беццула. Нахъ вилъани цолъани цолъи элъ т1ад гьабула, Г1адлуялда квалани, курмул г1ат1ид гьарула, Зулмуялда рек1ани ракТал батТалъун ккола. Т1абиг1ат берцинлъани рак1 т1ами т1ад гьабула Гьелъул

хилапалдалъун т1ей т1орит1илъунин кколеб. Падамазул рак1 гьола, гьолъ восун чи вугони, Чияца рехун тола нахъасан ккве бугони,

Ч1ух1ани ццим бахъуна х1елани к1одолъула, Бахиллъани какула, квер халалъун веццула. Подов чТеялъ, ч1ух1иялъ камурав г1емер ккола, Васвас гьечеб гьеч1еб тадбиралъ разилъиялде щола. Щунун вук1ине лъарав саламатго хут1ула. Тадбир гъабизе лъаялъ ризкьи ииг1мат ц1ик1к1ула, Х1исабалда х1алт1ани мат1яубал бигьалъула. Чиялгин х1ал льикЬгьани мах1абат т1ад гьабула. Бет1ер т1инго хьвадани рак1 гьейдудасан щола. Гъумер т1абиг1гин бет1ер бахъи лъикЬгьула. Падам басра гьавиялъ рик1к1алъи т1ад гьабула. Вуц1ц1ун вукЬше лъарав лъийгоги гьайбатлъула. Бит1ун кГалъай гьабиялъ к1одольи т1ад гьабула. Барщалъи гьабунаг1ан гьуивлъи ц1акь ц1ик1к1ула. Чидай льикЬгьи гьабиялъ къадру к1одо гьабула. Т1абиг1атал лъикЬгьани аг1малал рац1ц1альула Х1ажатал жал т1урани т1аде ккарал рихьани, К1одольи т1ад гьабула гьезда мун ругьунлъани. Ах1макъасда х1алимлъа х1алай чи дуй ц1ик1к1ила. Гурх1ел рах1му х1ал гьаби к1одольи дуй х1акьлъила. К1вар гьеч1еб щинаб тани к1одолъийлде щола. Ашрапазул гьалмагьлъун гьелдалъун мун вук1ила, К1одолъиялъ халкъалъе хиралъи т1ад гьабула, Гъудуласда х1асудлъи басраяблъун бихьула. Нахъехун пикри ц1арав хвасарлъиялде щола. Х1илмутун кьварильарав къо щведал пашманлъула. Сабруялда хьвадарав давла щун разилъула, Вуц1ц1ун вукЬше лъарав саламатго хут1ула. Хал гьабуни бихьула бихьарасда бич1ч1ула. БичГч1арасда жо лъала лъарав чи вит1ун ккола. Гьаваялда мут1иг1ав кьосаравлъун вукГула. Хехлъиялдасан щолел пашманлъаби рук1ула. Подов виччан х1алт1арав хТакъго саламатлъула. Роль бикъарас хуриса роххел нахъе бецула. Пакълуялъул бет1ергьан х1асад гьеч1ев вук1ула. Лъай гьеч1есулгин дослъи ссукай, гукки бук1ула.

Лъалареб ккани гьикъе, хъушт1ун тани т1ад вусса. Къосун тани вуссунтун тавба гъабизе дуца. Киналто муруатал г1акълуялда нахь руго. Раъйуги х1ал бихьун лъан х1асуллъараб жо буго. Пакълуялъул асяуги вит1уда хьвади буго. Элъул бугеб пайда саламатльун ккей буго. Т1олалго г1амалалги кьадаралда нахъ руго. Ихтияр лагьасе кьун къадарги батун буго. Пуламаал рекъана ункъо калимаялда Ункъабго т1ехьалдасан т1аса бщцун ккеялда. Тавраталде балагьун бищана гьез гьелдаса. Хьул къот1арав талег1 гьеч1ев г1орц1арав вук1илилан К1иабизе босана Писал Инжилалдасан Падамаздаса т1урав хвасарлъун хут1илилан. Лъабабизеги ккуна Забуралда жанисан. Жив вуц1ц1ун вук1арасе саламатлъи щолилан. Ункъабизе хал гьабун хираб къур'аналдасан. Цоги раг1и босана маг1на г1емерабилан. Аллагьасдалъун ц1уни т1алаб гьабурав инсан Жив бит1араб нухалде т1овит1арав вугилан. Параб г1ажамиязул х1укамаал данделъун Цоги ункъо калима ккуна эз т1аса бищун. Баччизе х1ал к1вей гьеч1еб гьир черхалда т1амуге. Мунпаг1ат гьеч1еб г1елму г1агарлъизе биччаге, Ч1ч1ужуг1адамалдалъун 1уккизеги вук1унге, Киг1ан г1емерлъаниги боц1иялда божуге, Пакъилзабаз рицарал гьал биценал кицаби Кващухъе ц1алич1ого рич1ч1изе т1алаб гьаре. Парабалдаса босун Мустат1рапалде ваккун, Бихьун кьураб таржама тоге вацал лъач1ого. Гьелда хадуб дуг1адул дир нужеда боржел. Дунги аллагьасул лать Абуисх1акъ Исмаг1ил.

Т1ехьалда руго:

1. Иман-исламалъул х1укмо ....
2. Суалал ....
3. Лъиябдуг1а ....
4. Тавбу ....
5. Иманалъул анлъго рукну буго ....
6. Аллагьасе ч1езаризе т1адал сипатал .....
7. Аллагь цо вук1иналъе далил ....
8. Аллагьасе нахъе ч1варал сипатал ......
9. Паламалъулъ нилъер имам ....
10. Иманалъул к1иабилеб рукну ....
11. Иманалъул лъабабилеб рукну ....
12. Иманалъул ункъабилеб рукну ....
13. Аварагасул уму мал, гьесул лъимал' . . . . .
14. Аварагзабазе т1адал сипатал ....
15. Иманалъул щуабилеб рукну ....
16. Иманалъул анлъабилеб рукну ....
17. Абулх1асанил мазгьаб ....
18. Агьлу суннаталъул иг1тикъад ....
19. Удуратил ваг1заялъул турки ....
20. Щибаб къоялъ ах1ани алжаналде хьул бугеб турки ....
21. Камилаб иманалъул арканал ....
22. Г1алих1ажиясул турки ....
23. Жидедалъуп асар гьаби г1адат билъарал жал
24. Иманалъул бет1ер, рак1, черх ....
25. Китабул тГагьарат ....
26. Х1алт1изе х1арамаб т1аг1ел ....
27. Сивакалъул пайдаби ....
28. Хьвадизаризе рецщарал пишаби ....
29. Каки чури бихулел жал ....

30. Чури бихиялъул адабал ....
31. Каки чуриялъул параизал 52
32. Каки чуриялъул 52
33. Каки чуриялъул шурут1ал 52
34. Черх хъуплъарав чиясе хТарамал хал 53
35. Черх чури т1ад гьабулел жал 55
36. Черх чуриялъул пурузал 55
37. Магьари лъолеб куц 56
38. Щa-ригьин гьабиялъул баян 57
39. Никах1 ч1ч1олеб жоялъул баян 58
40. Бертин гьабиялъул баян 61
41. БоцГи кьун ц1ар т1амиялъул баян 62
42. Росас жиндир лъади ячине бегьуларей г1адамалда релълъине гьабиялъул баян 63
43. Хахиялъул баян буго гьаб 64
44. Черх чуриялъул суннатал 64
45. Хъубал жалазул бицен 68
46. Хъублъараб хо бац1ц1ад гьаби 68
47. Масх1у гьаби 69
48. Таямум гьаби 70
49. Таямумалъул шурут1ал 72
50. Таямумалъул арканал 72
51. Таямумалъул суннатал 72
52. Таямум бат1ул гьабулел жал 73
53. Руччабазул как хвей 73
54. Какбай 75
55. Как ах1иялъул суннатал жал 80
56. Будунасул шурут1ал 81
57. Какил ах1камазул баян 82
58. Какил арканал 84
59. Какил шурут1ал 93
60. Рагьда как баялъул баян 97
61. Къуръан ц1алиялъул щукру 99
62. Суннатал какал ....
63. Истихаралъул как ....
64. Жамаг1ат гьабун как бай ......
65. Жамаг1ат бегьизе ккани ......
66. Имам ....
67. Жамаг1аталъул суннатазул баян
68. Как къокъ гьабиялъул баян ....
69. Как данде боси ....
70. Дуг1а. ....
71. Бакъ-моц1 ккввеялъул как .....
72. Ц1ад гьариялъул как ....
73. Вай аман хвел... ....
74. Жаназа къач1ай ....
75. Жаназаялъул как бай ва гьеб букъи
76. Пажам ТГалкъин ....
77. Параб ТТалкъим ....
78. Дуг1аялъе ц1алулел суратал ....
79. Закат бахъиялъул баян ....
80. К1ал кквеялъул баян ....
81. Лайлатул къадри ....
82. Суннатаб к1ал ....
83. ХТажалдеин ....
84. Х1ажалде унезда гьабураб щиг1ру .
85. Х1айван хъвеялъул баян ......
86. Кваназе х1алаллъулеб жо .....
87. Г1акъикъаталъул баян ....
88. Даран-базаралъул баян ......
89. Гьоркье жо лъеялъул баян .....
90. Налъулав чи ....
91. Вакил теялъул баян ....
92. Ц1а-раг1алъе жо кьеялъул баян . .

93. Х1алид жо кквеялъул баян .....
94. Ижараялъул баян ....
95. Жаг1алаялъул баян ....
96. Вакъпуялъул баян ....
97. Аманат гъабиялъул баян ....
98. Васияталъул баян ....
99. Рибаялъул баян ....
100. Аварагас нагъ'ю гьарурал жал ....
101. Цере гьарун арал мунагьал ....
102. Рак1 Бух1ана Аллагь. ....
103. Ч1ваге Аллагь них нахъе ....
104. Как тГалъулел чиязулги сунатал каказулги баян ....
105. Аварагас абунила... ....
106. Лъаг1алил авалалда цГалулеб дуг1а ....
107. Лъаг1алил ахиралда ц1алулеб дуга ....
108. Ахирул арбаг1 къоялъ балеб как .....
109. ХЬгакъараб мехалда ц1алулел жал ....
110. Щаг1бан моц1 бащалъараб мехалъ ....
111. Сапаралде вахъунеб мехалъ балеб как . .
112. Х1ажат т1убаялъул как ....
113. Кванда аварагас гьабураб дуг1а ......
114. Кванда аск1ор т1уразаризе кколел пшпаби
115. ГГинзунибе садах1 ц1али ....
116. Аварагас абунаанила ....
117. ШаригГатальул вирдал ....
118. Аварагасул хТадисал ....
119. ЩигГру. ....
120. Мух1аммадил сиярал ....
121. Мавлид ....
122. Авараг хвеялъул х1акъалъулъ ....
123. Гурх1а Аллагь нижеда ....
124. Къульгьуялъул ва цощцалги бисмилабазул маг1наби 260
125. Г1ажамалде гьоркьоре ккарал раг1абазул баян 269
126. Абуисх1акъ Исмаг1илил кицабигин адабал ………….. 271